# МАХ ДУГ

## АЛАНИЙЫ ИСТОРИОН ÆЦÆГДЗИНАДЫ СОЙТÆ

7
2024

МАХ ДУГ
7
2024



*Ирыстон цурыстон нæ уыд, –*
*Ирыстон мин рыстæн хъæцыд.*
*Уыдысты йе знæгтæ æрдзæ,*
*Уæддæр цæры æмæ цæрдзæн!*

***КЪАДЗАТЫ Станислав***



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Диана АЛБОРОВА
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Борис ХОЗИЕВ, Станислав КАДЗАЕВ,
Клавдия ДЖУСОЕВА, Борис ГУСАЛОВ,
Анатолий КУСРАЕВ, Анжела КУДЗОЕВА,
Руслан БЗАРОВ, Зелим ВАТАЕВ

Владикавказ,
2024

# МАХ ДУГ

**7**
**2024**

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ



**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ÆЛБОРТЫ Дианæ
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
ХОЗИТЫ Барис, КЪАДЗАТЫ Станислав,
ДЖУСОЙТЫ Клавæ, ГУСАЛТЫ Барис,
КЪУСРАТЫ Анатоли, КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ,
БЗАРТЫ Руслан, УАТАТЫ Зелим



Дзæуджыхъæу,
2024

# НОМЫРЫ ИС:

**ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ** ... 5

**ÆЛБОРТЫ ХАДЗЫ-УМАР: 85 АЗЫ**

ÆЛБОРТЫ Хадзы-Умар. Хъæуы нæ дзырд – мыггагау æй куыд тауæм. *Æмдзæвгæтæ* ... 8

ÆЛБОРТЫ Хадзы-Умар. *Радзырдтæ* ... 13

ГÆБÆРАТЫ Юри. Цардмæ зæрдæйы цæстытæй кæсгæйæ. *Уац* ... 16

**ДЖУСОЙТЫ МАРАТ: 65 АЗЫ**

ДЖУСОЙТЫ Марат. Фæлладæй сфардæг дæн хъæмæ. *Æмдзæвгæтæ* ... 24

**ПРОЗÆ**

ХУЫГАТЫ Сергей. Арвы нæмыг. *Роман. 2-аг хай* ... 31

**«МАХ ДУГ»-Ы ПРЕМИЙЫ ЛАУРЕАТТЫ СФÆЛДЫСТАД**

ДЖУСОЙТЫ Нинæ. Æрæджиауы фæсмон. *Радзырд-æцæг хабар* ... 84

ЦХУЫРБАТЫ Жаннæ. Галаты Барис – фыццаг ирон профессионалон композитор. *Уац* ... 109

**АИВАД, КУЛЬТУРÆ**

УАНИОН. Уд æмæ зондæй йæ фыдæлты уидæгтимæ баст нывгæнæг-философ ... 112

**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**

**ÆРТÆ РАДЗЫРДЫ**

ÆЛБОРТЫ Беллæ. Мады фарн ... 114

**ХÆЗНАДОН**

Зонды ныхæстæ чырыстон цардæй ... 123

**НÆ УИДÆГТÆ**

ХЪАЙТТАТЫ Сергей. Азат бæх. *Радзырд* ... 128

**ХЪÆЛДЗÆГ ХАБÆРТТÆ**

Цыргъзонд фарстæн – цыргъзонд дзуапп ... 138

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ... 143

# ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ



## СФÆЛДЫСТАД – ФИДÆНМÆ ФÆНДАГАМОНÆГ

Арæх мæ ахæссынц мæ хъуыдытæ нæ дзыллæйы раздзæуæг æмæ сæрылхæцæг Хетæгкаты Къостайы дугмæ. Йæ ном ын æмбæлгæ бæрзæндмæ исынхъом стæм, йæ уацмыстæн ын аккаг аргъ кæнæм æви нæ? Уæлдай актуалондæр ацы хъуыддаг йæ юбилейон азы у. Фæнды мæ, цæмæй, уый йæ адæмы куыд уарзта æмæ сын лæггад кæнынæй куыд нæ фæллад, афтæ абон махæй дæр алчи йæхи бынаты куы тырнид æхсæнады цард фæхуыздæр æмæ фæрайдзастдæр кæнынмæ.

Згъæм, æнæмæнг хъæуы нæ нывгæнджыты Къостайы номарæн куыстытæй стыр равдыст саразын. Бирæ сты куыд Ирыстоны, афтæ дунейы алы рæтты музейты, уыимæ дзы кæцыдæрты уынгæ дæр ничи фæкодта, афтæмæй æвæрæнты æфснайдæй лæууынц. Хорз ма уаид, Къоста Ирыстоны алы рæтты йæ нывтыл куыд куыста, ууыл цæст ахæссын, уыцы бынæттæм сфæлдыстадон балцыты ацæугæйæ. Æмбæлы ма Къостайы сфæлдыстад хуыздæр зоныны конкурс расидын. Нары та хъуамæ уа истори, литературæ æмæ аивады æцæг бæрæгбон!

«Фæнды мæ, мæ бон у, æмæ сарæхсдзынæн!» – ацы ныхæстæ равæрдтон ме 'рмадзы æрыгонæй æмæ уыдонмæ гæсгæ архайдтон. Алчи дæр йæхицæн зонды хосæн ахæм исты хъуыдытæ равзарæд æмæ хорздзинад кæнæд йæ райгуырæн бæстæйæн.

Æхсызгон у, нæ нываивад кæй рæзы, алы кары фæлтæры дæр нæм аккаг нæмттæ кæй ис. Бедойты Шалва, Джыккайты Мурат, Абысалты Юри, Лотиты Игорь, Есенаты Æхсар, Мæргъиты Таймураз, Басаты Олег – цал æмæ цал номы ис ранымайæн! Æнæхъæн дуне йæ кувæндон чи схуыдта, уыцы Къоста уыдоныл дæр бандæвта, æмæ дзы бузныг сты. Бæргæ, уый хуызæн гуманисттæ фылдæр куы уаид, уæд дуне æдзух хæсты арты нæ судзид…

Нæ нывгæнджыты куыстытæ адæм цæмæй хуыздæр зоной, ууыл дæр активонæй бакусын æмбæлы. Журнал «Мах дуг» йæ хуызджын уæлæмхасæнты ууыл бацархайы, æмæ йæ редакцийæн уый тыххæй бузныг зæгъын.

Нæ цин æмæ нæ сагъæс у нæ мадæлон ирон æвзаг, æмæ та ам дæр нæ фысджыты, нывгæнджыты, композиторты сфæлдыстад цас хуыздæр зонæм, уыйас ын фылдæр рæзты фадæттæ аразæм. Не 'взагыл куы дзурæм, цы удварны хæзнатæ йыл сфæлыстæуыд, уыдонæн аргъ кæнынхъом куы уæм, уæд ма уымæй хуыздæр фæрæз цы ис, Ирыстоны ирон ныхас цæмæй зæла, уымæн?! Уæдæ нæ культурæйы алы къабазы архайджытæ дæр се сфæлдыстадон фæлтæрæнты национ хæдхуыздзинад куы 'вдисой, уæд нæ фидæнмæ нæ бон уæндон æмæ ныфсджынæй кæсын уыдзæн.

Тыхсын ма мæ кæны, Аивадон советтæ кæй нал ис, уый. Цы театры репертуар фидаргæнгæйæ, цы иу кæнæ иннæ чиныг уадзгæйæ, хъуамæ специалисттæ, уыимæ театралон æмæ литературон критиктæ дæр, сæ хъуыды зæгъой. Уый пайда уаид ног курдиатджын нæмттæ гом кæнынæн, аивад æмæ литературæ уарзджытæ æцæг аккаг уацмыстæ уыниккой æмæ кæсиккой, æхсæнадæн та сфæлдыстад уаид фидæнмæ фæндагамонæг.

*ЧЕЛÆХСАТЫ Магрез,*
*Уæрæсейы адæмон нывгæнæг,*
*Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат*

# ÆЛБОРТЫ ХАДЗЫ-УМАР: 85 АЗЫ



**(1939 – 2011)**

*Дзæгъæлы сты, дзæгъæлы сты æппæт дæр:*
*рæсугъд сæнттæ,*
*æлвæст дзырдтæ,*
*æрттивгæ кад,*
*куынæ кæной дæ бирæ-бирæ фæллæйттæ*
*хуымгæнæджы фæллад кæрдзыны ад.*

*ÆЛБОРТЫ Хадзы-Умар*

# ХЪÆУЫ НÆ ДЗЫРД – МЫГГАГАУ ÆЙ КУЫД ТАУÆМ

## ФÆЛÆ ЗÆРДÆ – МÆ ИРЫ

Мæнæ аргъæутты æвæджиаг бæстæ,
Мæнæ зæрдæйæн дзæнæты æнцойад.
Ам нæ фендзынæ зымæг дæ цæстæй,
Тайы хурзæрин къуыбыртыл сойау.

Ам нæ акалы дидинæг уарди,
Афæдз уарзæттæн судзы цырагъау.
Алкæм ацы къуым дисæн ыссардтой,
Курынц ардыгон лимон зынаргъæн....

О, дæ зæрдæ куынæ ‘хсайа дардмæ,
Хорз у, удæнцой ам уæд фæцæрай.
Уый дын баззайдзæн мысынæн царды
Буцæй, къорд бонты, фæлæ, мæ хæлар,

Æз Ирыстонæй ардæм куы цыдтæн,
Уæд нæ хæхтыл уыд митæй хъæпæнтæ,
Æз сыл фыны дæр никуы хъæцыдтæн,
Æмæ атахтис хæхтæм мæ зæрдæ.

* * *

Хур ацыд, йе ‘хсæв хуыссæнмæ фæхæссы,
фæстаг хатт ма бæрзонд цъуппыл ыссыгъд.
У быдыр цыма урс гæххæтты сыф, –
йæ рухс мæ уатмæ фæрссагæй лæдæрсы...

Ныр къудзиты зæйц хъæццулы бын сиутæ,
уæрагмæ митæй зæхх фæци æмлæгъз.
Кæд дæ фæнды, рæнхъæй-рæнхъмæ сæ кæс
сæ къухфыстытæ миты уæлæ цъиутæн.

Нæ хъысмæтæн кæд бауарза йæ цæст,
кæд уазал сыфы бауадзон æхсар уд,
уæд цъиутæ хъуамæ иугуырæй ысзарой,
æмæ мæ зарæг аивыл фæхæст.

Фæлæ кæм ысты сусæджы дæгъæлтæ! –
кæй уарзын, уый хуыз нæу æнцон фысгæ,
æмæ, æнæфыст гæххæтмæ кæсгæ,
мæ уд кæны фыр адæргæй дзæгъæлтæ.

## СЕКЪАЙЫ ФÆСТАГ БАЛЦ

Цæуон фæстæмæ, –
кæцæй æрцыдтæн...
мæ мад, мæ фыды уæзæгмæ,
мæ зынтæ, мæ ристы авдæнмæ...
Ганис!.. Ганис!..

Дæ айнæджы цыргъытæ – мæ ныфс, ме ‘хсар.
Дæ суадæтты мæцъæл
ысдзæбæх кæндзæн
мæ хъæдгæмтты æрхæм...

Уайгæ, мæ бæхтæ!
Кæд нал уынин ацы сау лæгты,
кæд нал сæин ацы сау тары
хæрам зæрдæты уазалмæ.
Уым цъититы хъарммæ батавдзынæн
мæ дæрзæг æрмттæ,
мæ уæзæг зæрдæ,
мæ æрнæг уд...
Ганис! Ганис!..
Згъоргæ, лæппу, разæй!
Хæрзæггурæггаг мæм здæх
Бæрзæфцæджы цъупмæ –
Ганис не сивта йæ зæрдæ мæнылl..
Ганис –
ме ‘нусон маст, мæ рис,

Ганис –
мæ фæсмон...
Цы хорздзинад мæ скъæфы, цымæ, размæ?..
Кæд байгом ме ‘цæг фæндагæн йæ райдайæн ам?..
Æви... мæ хъаймæт?..

Цæмæн мыл рацыдыстут сайдæй, мæ бæхтæ?
Ныр ацы сау лакъон
кæйонг хæсдзынæн мемæ?!
Уым ныссыгъдæг уыдаин, уым...

Ганис!.. Ганис!..

Цæмæн мыл рацыдыстут сайдæй,
мæ кусæг, мæ дарæг бæхтæ?!.

## УИДÆГТÆ

Æрластой сугтæ
æмæ сæ машинæйы гуыффæйæ
уынджы хъæбæрмæ
æнæвгъау æркалдтой, –
ставд бындзæфхæдтæ
æмæ рæхснæг къабæзтæ...

Уидæгтæ баззадысты хъæды.
Уидæгтæ
фæрæты тæссаг хъæлæба фехъуыстой
æмæ удаистæй
афардæг сты зæххы...

Æвдудонтæ...
Бонасадæн кæнынц мæйдары –
кæд фæуыдзысты фæрæттæ сæ куыст,
кæд æрæнцайдзæн уæлалфамбылай дуне...
Æмæ та ног дæлзæххæй
сæ цагъд бæсты уæзгуытыл
хъуызгæ сдардзысты сæ сæртæ
уæлæмæ, рухсмæ.

# СЫГЪДИ АРТ
# ТАЛЫНГ ÆХСÆВ БЫДЫРЫ

Сыгъди арт...
Цæхæр арт сыгъд æгас æхсæв.

Сугтæ йæм калдтой стъалытæ,
мæй йæ схъаудта –
зæронд мæй,
йæ лæдзæгæй.

Æхсæв ыл уагъта йæ сау писи,
æмæ сыгъд,
цъысцъысгæнгæ,
къæрцкъæрцгæнгæ.

Дзæгъæл быдыры сыгъди арт.
Нæууыл рухсы фæлхъазæнтæм
кафыдысты æхсæвы сывæллæттæ.

Галæгон хæцыд сæ къухтыл:
хиталæгæй – сæ къæхтæ,
хиталæгæй – сæ цæнгтæ.
Сæ кæл-кæл худтмæ
æхсидæвтæн цæхæрыл
се 'ртхутæг згъæлд.

Дæрддзæф æхсæвы æндæргтæ
рацу-бацу кодтой сæ сау бæхтыл,
сæ сау нымæттæ – сæ уæлæ.

Æхсæвы дзыдзыдатæ
ферттив-фембæхстæй хъазыдысты
рухсы арæнвæдыл.
Сыгъди арт,
дзæгъæл быдыры дзæгъæл арт.
Сыгъдысты æхсæвы дзондзитæ...

Бондзир-дзурты
барджытæ фæтъæбæртт ластой,
фæфардæг сты хæхтæм.

Æхсæвы сывæллæтты Галæгон
кæрдæджы сыфты бын фембæхста,
йæхæдæг æхсæры къутæрты ацыд уынæргæнгæ.

Фæстæмæкъахджын дзыдзыдатæ
къæмбырты, байбынты бамбæхстысты.

Сæуæхсид зæхмæ æрхизынмæ хъавыд.
Арв ныйирд,
скæсæнæй йыл рухсы уылæн рацыд.

Сау зæххыл – сау стъæлф, –
æхсæвы æртхутæг.

* * *

Сыфтæрты бын,
чъызгæ-хъуызгæ,
цæуы дон,
чысыл дон.

Афтæ цæуы, цæры
хъуызгæ
сыфтæрты бын.

Чысыл дæр
куы рагудзи кæны æддæмæ, –
сæрдæй хуры цæст схуыпп кæны,
зымæг ыл ихфæзгъæр
йæ дзæмбыйæ ныллæууы.

*ÆЛБОРТЫ Хадзы-Умар*

# НУЦАЙЫ ХЪАЗТÆ

Нуца быдырæй рагацау хæдзармæ ратындзыдта. Нырма хур арвыл уыд, æмæ хæдзары кусинæгтæй кæд истытæ абæстон кæнид, – хъуыды кодта йæхинымæр. Кæрты дуар куыддæр бакодта, афтæ джихæй аззад: йæ хъазтæ – мадæл хъаз, йæ фæдыл дыууадæс лæппыны – æдзæм мардæй амыты-уымыты хуыссынц. Уыдæттæ фенгæйæ, йæ бон сдзурын ницыуал бацис. Æрæджиау хъарæггæнæгау азæлд: «Булитæ, мæ бонып, мæ дзæбæх булитæ, цы уыл æрцыд, цы фыд уыл сæмбæлд?!» Сæ цурмæ бацыд, æргуыбыр кодта, куы сæ иуы, куы та иннæйы бауигъы. Марадз зæгъ, йæ къах дæр сæ ничи атылдта, йæ цæст дæр сæ ничи æрныкъуылдта. Мард цы вæййы, уый уыдысты хъазтæ дæр.

Фæмаст кодта, уæдæ цы, Нуца йæ хъазты сæфтыл. Дыууадæс хъазы, – æртындæсæм та сæ мад, – фæллой кæм нæ уыдысты. Фæлæ ма мастæй дæр цы рахастаид? Æвæццæгæн, загъта йæхицæн, кæмдæр мысты хосыл бандзæвыдысты йе та æндæр истæуыл дæр. Хъаз та дын йæ бырынкъ кæм нæ фæцæвдзæн.

Дæлбазырæй тæскъ райста æмæ сæ иугай уырдæм арæхстгай æфснайы, цыма йæ мард хъазтæн фæриссынæй тарст, уыйау. Стæй тæскъ йе уæхскмæ систа. Фыр мæстæй дзы йæ уæрджыты фæллад дæр æрбайрох, афтæмæй кæрты дуар бакодта æмæ уынджы араст. Ахызт хъæуы кæронæй. Ададжы былмæ æрцыд. Уым фæкъул кодта йæ тæскъ, æмæ кæрæдзийы фæдыл мард хъазтæ ададжы бынмæ ныттылдысты. Йæ цæст сæм кæсын дæр нал бауарзта. Афтид тæскъ йе уæхскмæ баппæрста æмæ хæдзармæ рараст.

Æхсæв мæстджынæй ныххуыссыд. Дыууадæс хъазæй – æртындæсæм сæ мад – æваст æнæ хъазæй куыд аззад, ууыл йæ мидзæрдæйы нырма дæр нæ сахуыр.

Райсом раджы фестад йæ хуыссæн уатæй, æмæ дын мæнæ диссæгтæ. Йæ цæстытæ йæ сайынц, æви йын исчи хинтæ кæны? Уæртæ йæ хъазтæ – дыууадæс лæппыны – сæ мады алыварс тъæпæнæй бадынц кæрты астæу. Куы йæ ауыдтой, уæд сфиу-фиу кодтой, сæ бынæттæй фестадысты. Дысонизæр сæ ададжы куы акалдта, мард куы уыдысты, уæд ныр удæгас куыд фестадысты?

Уайтагъд йæ зæрдæ цæмæдæр фæкъæпп кодта. Дæлбазырмæ ба-

уад, кæсы, – арахъхъаджы сæр гом, арынджы алыварс арахъхъаджы уадзæнтæ калд. Цы бамбарын ма йæ хъуыд, хъазтæ арахъхъаджы уадзæнтæй сæхи хорз федтой, æмæ сыл расыг фæтых.

## ПАРАЛИЧ ÆЙ НЫЦЦАВТА

Зæронд лæг Ногбоны размæ Цхинвалмæ йæ чызг Асинеты бабæрæг кæнынмæ ацыд. Баззадис дзы æртæ боны. Æртæ боны дæргъы Ногбоны фынг нæ равдæлон Асинеты хæдзары. Уазджытæй-иу иутæ ацыдысты, иннæтæ æрбацыдысты. Зæронд лæджы иутимæ дæр хъуыд фынгыл бадын æмæ иннæтимæ дæр.

Цыппæрæм бон æй афæндараст кодтой. Йæ чызг Асинет æй ахæццæ кодта автостанцæмæ. Билет ын райста, фæлæ нырма автобусы цæуыны рæстæг нæма уыд, æмæ станцæйы агъуысты хибар ран æрлæууыдысты. Æваст æнæ иу хъыпп, æнæ иу сыпп зæронд лæг йæ мидбынаты куырисы хауд æркодта. Лæджы мардæй баластой йæ хæдзармæ. Æнæнхъæлæджы хабар адæмыл уайтагъд айхъуыст, æмæ æрæмбырд сты зианджынтæм. Зæронд лæджы алыварс лæууынц йæ зæнæг, йæ зæнæджы зæнæг, хъæубæстæ. Кæуынц ыл. Зæрдæбын хъарæг кæны йæ цардæмбал, кæуынæй йыл йæхи мары. Уæд æм чидæр æргуыбыр кодта æмæ йын афтæ: «Уанцон нæу, дæхи кæуынæй куынæ амарай, уæд æнæ уый нæ амæлдзынæ?» Æмæ йæ марды цурæй рахибар кодтой.

Сылгоймаг йе ‘муд куы ‘рцыд, уæд йæ хистæр фырты фырты афарста:

– Тотыр, зæгъ-ма мын, цы, дам ыл æрбамбæлд, цæмæй, дам, амард? Ардыгæй йæ дзæбæхæй куы арвыстам...

– Гыцци, паралич, дам æй ныццавта.

Ус фергъуыйау:

– Цы? Æмæ арвæй зæххы ‘хсæн махонæй фæлмæндæр адæймаг куынæ уыд, уæд æй куыд цавта, цы йæ хъыгдардта? Науæд Асинет йæ цуры нæ уыд? Цæмæн æй бауагъта цæвын? – æмæ та ногæй йæ зæрдæ бауынгæг зæронд усæн.

## МАСТИСÆГ

Доны хæдзарады инспектор Ботаз æмæ уыцы куыстуаты машинæты диспетчер Сандыр райсом куыстуаты кæрты цæуылдæр фæхъæлæба

сты. Ботаз Сандырмæ йæ къух систа – йæхи нал баурæдта. Фæлæ Сандырмæ разынд йæхиуыл фæхæцыны хъару. Сæ алыварс чи уыд, уыдон æнхъæл уыдысты, Сандыр уыцы æфхæрд нæ ныббардзæн, закъонмæ йæ ратдзæн. Фæлæ та Сандырмæ уыцы хъару дæр разынд, æмæ Ботазы закъонмæ нæ радта.

Бонтæ цыдысты, æмæ дыууæ лæджы бафидыдтой. Сандырыл Ботазæй цыма æппындæр ницы æфхæрд ауад, афтæ æвдыста йæхи, ноджы тынгдæр сæнгом сты. Ботазы номыл Сандыр йæ хæдзары фынгтæ дæр æрæвæрдта. Æмæ уæд адæм бынтондæр загътой, Сандырæй йæ маст байрох.

Фæлæ Сандыр  ницы ферох кодта. Йæ маст йæ хъуыры æвæрдæй дардта æмæ æнхъæлмæ каст йæ сæххæст кæныны æмгъуыдмæ. Йæ цæсты дзаг дзы куыд ракастаид, афтæ йæ фæндыд йæ маст райсын. Йæхиуыл дæр тынг уымæн æрæууæндын кодта Ботазы. Æмæ мæнæ диссаг, æрцыд уыцы рæстæг.

Дыууæйæ дæр бадынц Сандыры хæдзары дзадджын фынджы уæлхъус. Горæты доны хæдзарады хистæры æндæр бынатмæ аивтой æмæ йын йæ бынатмæ снысан кодтой æвзонг, хъаруджын лæппу Ботазы, райсом æй сфидар кæндзысты. Гъе æмæ ацы æхсызгон хабар куыд нæ хъуамæ сбæрæг  кодтаиккой дыууæ хæлары! Йæ сæнтæн сæ тæккæ хъаймагъдæры равзæрста æмæ йæ фынгмæ æрхаста Сандыр. Ахæм сæн тынгдæр æртæфсы фæндагыл. Ноджы йын дзы уæлдæйттæ дæр бануазын кодта.

Æмбисæхсæв Сандыр Ботазæн фæндараст куы загъта, уæд баздæхт йæ уатмæ, йæхиуыл дуар рахгæдта æмæ телефонæй æрвонггæнæнмæ бадзырдта: ахæм æмæ ахæм адрисыл фæцæуы æнæсæрфат расыг, чысыл ма бахъæуа, æмæ мын мæ фатер ныппырх кæна. Цалынмæ стырдæр фыдбылыз нæ ракодта, уæдмæ йæм тындзгæут. Ма базивæг кæнут, уæ хорзæхæй, æмæ фыдбылыз ма 'рцæуæд!

– Багъæц, кæддæра дæ ныр куыдæй фенин, доны хæдзарады хистæр! – йæ урс дæндаг хин зыхъхъыр фæкодта йæ былы кæронæй æмæ къулмæ рухс хуыссынгæнæнмæ бавнæлдта: – Ныр ын мæ бæсты уыдон хос кæндзысты! Æз та райсом, кæдæм хъæуы, уырдæм бадзурдзынæн...

# ЦАРДМÆ ЗÆРДÆЙЫ ЦÆСТЫТÆЙ КÆСГÆЙÆ

*Уац*

Бонхуыздæрмæ бæлгæйæ бонвыддæрмæ цæуæм, уый зæгъын знаджы цæст дæр куыд хъуамæ бауарза, фæлæ, кæй ихсийæм, нæ хуыздæрты-хуыздæртæй кæй сфæлахс стæм, уый дæр куыд æмбæхсæм – уæд ныл, йæ мады мард кæмæн нæ хъæр кодтой, уый æмбисонд цæуы… Æниу, Къостайы загъдау, кæуынæй дæр кæй сайæм?.. Уæддæр нæ исты амæлттæ агурын хъæуы, афтид цы дзырдаивады дæснытæй абадтыстæм, уыдоны рæнхъытæ баххæст кæнинаг сты. Фæлæ…

*Кæм сæ агурæм, кæмæй сæ курæм?..*

Ирон литературæйы зиууæтты нымæц курдиатджын фæсивæдæй фæхъæздыгдæр ивгъуыд æнусы 50 – 60-æм азты. Уыцы азтæй фылдæр фысджытæ никуы фæзынд нæ дзырдаивады. Уыдонæй алчи дæр ныууагъта йæхи фæд ирон литературæйы, чи арфдæр, чи уæлæнгайдæр, фæлæ се 'ппæтæн дæр бантыст сæ размæйы æмæ се 'мдугон хистæр фæлтæры традицитæ рæсугъдæй адарддæр кæнын, ирон дзырдаивад фæцардхъомдæр кæнын. Уыдоны 'хсæн йæхи сæрмагонд æрмдзæф ис поэт, публицист, литературон критик, тæлмацгæнæг æмæ зонадон кусæг Æлборты Хадзы-Умарæн дæр.

Ирыстоны хуссар хайы рæсугъддæр къуымтæй иу – Сарабучъы – райгуырд æстай фондз азы размæ. Уым базыдта цардæн йæ хъыгтæ дæр æмæ йæ цинтæ дæр. Сидзæры уæззау ном æмæ зæрдæрыстимæ бацыд йæ лæджы кары. Йæ сидзæры хъысмæт æй сахуыр кодта царды уæз хæссын, фыдæбон цардæн йæ иунæг фæрæз кæй у, уый йын раджы бамбарын кодта. Æмæ никуы фæтасыд царды уæззау æмæ дæрзæг æфсондзы бын, йе 'ргъомбасты цы хъысмæт уыд, уый хаста ныфсджынæй, йæ фидæны нысанмæ тырнгæйæ, лæгдзинад йæ царды сæйраг æмбæлццоныл нымайгæйæ. Цард æй фаг кæй нæ барæвдыдта, ууыл тæргай нæ кодта, фæлæ йын йæ зæрдæйы цы риссаг фæд ныууагъта, уый уæддæр арф хъæдгомæй баззад йæ мысæнуаты:

*Дард сабийы бонтæ...*
*Хъуыды ма кæныс, ме 'фсымæр,*
*уыцы уалдзæджы фыццаг хуры тынтæ?*
*Нæ фыды ног уæлмæрды обауыл*
*хуры хъармæ тавтам*
*нæ бæгъæввад къæхтæ.*

Царды уæз ын йæ фæлвых уæхсчытыл цы уæззау уаргъ сæвæрдта, ууыл цыма тæргай нæ, фæлæ саби-зондæй цин кодта, ахæм хуызы йæ равдыста йæ лæджы кары:

*Урс-урсид фæндаг...*
*Изæрмилтæ...*
*Салд мит дзоныгъы бын хъæрзы.*
*Мæ къобор галты*
*хъарм комы тæфмæ*
*ме 'ргъæвст æнгуылдзтæ тавын.*

Уæддæр йæ ныхыфыстыл хъæцыд, æвзонджы бонты æнæмæт царды æхцондзинад кæй нæ банкъардта, уый йæ нæ фæиппæрд кодта царды раст фæндагæй. Ацы æмыдзаг дунейы йын æппæтæй зынаргъдæр уыд йæ райгуырæн Ирыстон, уæлдай адджын та – йæ фыдыуæзæг, фыццаг къахдзæфтæ кæм акодта, уыцы фæрныг хъæу. Хъæбулы лæггадæй цух никуы ныууагъта, йæ ацыд, йе 'рбацыдыл ын чи нæ хъæцыд, уыцы сидзæргæс мады. Мады уарзт иууыл бæрзонддæр уарзт кæй у, уый дæр æмбæрста æмæ, хъæбулæн та ныййарæгæн балæггад кæнын иууыл бæрзонддæр хæс кæй у, уый дæр:

*Фенон искуы*
*де 'мгæртты хъæлдзæгæй...*
*мæ мад, мæ ныййарæг мад,*
*фæллад æмæ фæлмæцыд,*
*æдзух мæ зæрдæйы*
*уырдыг фæлæууыс.*

Мæгуырыл, дам, дур хæрдмæ тулы, амонд та йæм хæстæг нæ цæуы, фæлæ рох кæнын нæ хъæуы, иу ныфссаст дæлдонгæнæг Хуыцауæн

куы лæгъстæ кодта, уæд æм Хуыцау цы æрдзырдта, уый дæр… Фæхæцæг дыл куынæ уа, уæд царды аккаг бынат не ссардзынæ, зæгъгæ, кæй фæдзурæм, уый дæр алы хатт раст нæ вæййы. Хадзы-Умар хуымæтæджы хъæуккаг лæппу уыд, уымæйдæр – сидзæр, нæ йын уыд хъæздыг ныййарджытæ, нæдæр бæрзонд æмæ пайдаджын бынæтты бадæг хæстæджытæ, фæлæ йæхи уды тыхтæй рахаста йæхи, рацыд адæмы рæгъы. Райдайæн скъола сæхи хъæуы бакаст, астазон скъола та – Уанаты. Уый фæстæ – Цхинвалы педагогон ахуыргæнæндон. Уæлдæр ахуырад дæр райста нæ уæды педагогон институты. Фæстæдæр каст фæцис аспирантурæ. Бахъахъхъæдта диссертаци дæр æмæ ссис филологон зонæдты кандидат.

Институт каст фæуыны фæстæ бирæ бæрнон бынæтты фæкуыста: Хуссар Ирыстоны «Мыхуырцæдис»-ы, газет «Советон Ирыстон»-ы литературон кусæгæй. Бирæ азты фæкуыста Хуссар Ирыстоны зонадиртасæн институты, уыд Фысджыты цæдисы литконсультант, журнал «Фидиуæг»-ы хайады редактор, фæстæдæр ссис ацы журналы сæйраг редактор. Уый æмрæстæджы лекцитæ каст Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты ирон литературæйы историйæ. Цалынмæ йын æгъатыр низ йæ цæрдхъом уæнгты хъару нæ бакъаддæртæ кодта, уæдмæ та куыста Цæгат Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон университеты литературон сфæлдыстады кафедрæйы.

Хадзы-Умар ирон литературæмæ æрбацыд 50-æм азты æмбисы. Пединституты студент ма уыд, афтæ айхъуыст йæ поэтикон барджын хъæлæс. Йæ фыццаг чиныг рухс федта 1964 азы, «Фæдисон», зæгъгæ, ахæм номимæ. Йе сфæлдыстадон авналæнтæй, йæ курдиаты цæрдхъомдзинадæй уайтагъд йæхимæ аздæхта поэзийæн табугæнджыты æмæ литературæиртасджыты æргом. Никæимæ йын уыд фæивддзаг кæнæн, æдзæстуарзон критик дæр дзы нæ загътаис, стæй, искæй ссадвæдыл цæуы кæнæ искæй фæзмы, зæгъгæ, дæр.

Йæ поэзийы тематикæ та алывæрсыг æмæ алыгъуызон у, царды хуызтæй иуы иувæрсты дæр нæ ахызт, æнæсгæрст кæмттæ, æнæконд хуымтæ йын нæ баззад. Йæ поэтикон уацмыстæ ирон литературæйы хъæздыг къæбицмæ барджынæй бацыдысты сæ арф мидис æмæ оригиналондзинады фæрцы. Куыд алы ирон поэты, афтæ Хадзы-Умары сфæлдыстады дæр сæйраг у Фыдыбæстæмæ æнæкæрон уарзондзинад, зæрдæйы рæбынтæм райгуырæн уæзæджы комулæфты æнкъарынад. Йæ

алы рæнхъ, йæ алы дзырд та – уырзæвзæрст: ницы сæм бафтаудзынæ, ницы сæ аппардзынæ. Цард уыдта зæрдæйы цæстытæй æмæ йæ рухс кодта йæ уд æмæ йæ зонды рухсæй, аивдæр æй кодта йæ курдиаты цæхæрæй.

Хадзы-Умар журнал «Фидиуæг»-ы сæйраг редактор куы ссис, уæд æм бирæ рæсугъд фæндтæ уыд журнал фæхъæздыгдæр æмæ фæаивдæр кæныны тыххæй, æмæ йын уый, дыууæ дуджы астæу сæвзæргæ æгъатыр цæвæнтæм нæ кæсгæйæ, æнтысгæ дæр бакодта. Фæлæ ис зæгъæн: уыцы уæззау хæс æм æрхауд, Ирыстоныл иуыл уæззаудæр бонтæ куы скодта, уыцы рæстæг. Йæхæдæг цæйау зæгъы:

*Æмбисæндтаг, кадæггаг, зарæггаг*
*æмбойны æрбадæ,*
*мæ адæм.*
*Уæ, мæ Фыдыбæстæ!*
*Кæцæй дæм кастысты*
*бæстыдзаг фыдбылызтæ?*

Стыр поэт æнæхъуаджы нæ загъта, сармадзантæ куы фæнæрынц, уæд музæтæ кæй ныммыр вæййынц, фæлæ Хадзы-Умармæ асæттыны, фæтæрсыны хъуыды нæ уыд. Цыфæнды амæлттæй дæр архайдта журналæн дзыхыакæнинаг æрмæджытæ агурыныл, Ирыстон æмæ ирон адæмы рыст равдисыныл. Уымæн агуырдта уыцы рыст фæрог кæныны амæлттæ, уымæн райхъуыст йæ уды лæгъстæ:

*Фидар лæуу, Чъреба,*
*фидар лæуу, дæ рынтæ!*
*Уастырджи уæд де ʻмбал,*
*знаджы та – дæ зынтæ!*

Фæлæ иуæн дыууæ – æфсад. Тугмондаг гуырдзиæгтæ нын цы æнæмсæр хæст расидтысты, уым æгæр кадавар разындысты нæ тыхтæ, кæд Ирыстоны сахъгуырдты хъæбатырдзинад æрдхæрæйнаг фæцис, уæддæр. Æмæ та райхъуыст поэт-патриоты уды фæдисхъæр, йæ рыст зæрдæйы уынæргъын:

*Омæ гыццыл куы дæ, Ирыстон,*
*уæд куыд ыстыр у дæ маст?!*

Карды бын та уæууытæ нал вæййы. Ныфсы уидæгтæ агурын хъæуы. Дывыдон, цыфыддæр уавæры бахауæг адæмы ахæм рæстæджы хъæуы кæрæдзийы æнцой балæуууын. Æлборты Хадзы-Умар уымæн зæгъы:

*Лæууæм, цæуæм*
*нæ кæрæдзи æнцæйтты...*
*Нæрынц, бырсынц,*
*гуымсытæгæнгæ, зæйтæ.*
*Нæннæ,*
*нæ нæ абырсдзыстут æнцæйттæй, –*
*цæуæм, хæцæм*
*дæларм-уæларм нæ цæнгтæй...*

Уыцы уæззау бонты, цардæй мæлæты ‘хсæн æрдуйыл ауыгъдау куы уыдыстæм, уæд Ирыстоны разагъды лæгтæ – нæ интеллигенцийы минæвæрттæ, – сæйраджыдæр, фысджытæ, катай кодтой, чидæртæ сæ дзыхты дон кæй бакодтой, царды тæбæгъ чердæм фæкъул уыдзæн, уымæ æнхъæлмæ кæсгæйæ, знаджы ныхмæ, нацийы сæрыл сдзурынмæ сæ ныфс кæй нæ хастой, дывыдон арты судзæг Ирыстоны кæуинаг хъысмæтмæ куырм цæстæй кæй кастысты, ууыл. Ахæм æнхъæлмæкæсджыты Æлборты Хадзы-Умар фæрсы:

*Кæсут æнхъæлмæ.*
*Цымæ, цæмæ?*
*Цы хабармæ?*
*Цы ‘нхъæлмæ?*
*...Ызнон – дзыхджын,*
*гуылæвзагæй дæр – æвзаджы къæбæл,*
*абон – мынæг,*
*Æртхутæгнорст, æвзалы.*
*Афтид – дæ къуым,*
*кæимæ дзурай – нæй,*
*дæ фырттæ, стæй уыдоны фырттæ дæр дын –*
*æрвыст, æфснайд.*
*Дæ фæллой – ласт.*
*Мыййаг дæ ахæм цард хъуыди?*

*Кæцæй! Нæ хъуыд. Фæлæ у хæст.*
*Æмæ кæсут æнхъæлмæ:*
*цæмæ?*
*Цы хабармæ?*
*Цы ‘нхъæлмæ?*

Дзуапп дæр сын дæтты йæхæдæг: кæд Ирыстон фæуæлахиз уа, уæд хойдзыстут уæ риутæ, уæд дзырды бар никæмæнуал дæтдзыстут, кæд гуырдзыйы фæндиаг фæуæм, уæд та нымудзгæ – æмгæртты дæр, хæлæртты дæр, æгæрыстæмæй Фыдыбæстæйы дæр. Знагæн йæ ном йæ уæлæ ис, хæрзæбонмæ æнхъæлмæ кæсæн æм нæй, фæлæ, дæ Фыдыбæстæмæ дæхæдæг кæсай знаджы цæстæй, уый риссын кæны, уый æвдæрзы поэты зæрдæ:

*Не знæгтæ сау хинтæ*
*мах сæртæн уафынц,*
*иу фыдгæнд иннæ*
*фыдгæнды æййафы...*

*– Афтæ куы цæгъдой нæ,*
*зæххыл цæмæй нал уа*
*махæн нæ хъæстæ, –*
*чидæр æрбадзырдта, –*
*дур дзы-иу дурыл дæр*
*мауал баззайæд нæ фæстæ!*

Поэтæй, æцæг поэтæй афтæ зæгъæн нæй, уыцы дуджы тыхджындæр уыд, уыцы дуджы та – лæмæгъдæр. Поэт кæддæриддæр поэт у, йæ дуджы фæдисон, йæ дуджы зарæггæнæг, æмæ, фыдызнаджы-иу бахъæуæд, фæлæ куы бахъæуа, уæд – хъарæггæнæг дæр. Хадзы-Умарæн йæ поэтикон уацмыстæ семыдзаг уымæн сты сæ дугты цинтæ æмæ хъыгтæй. Уымæн та ирд æвдисæн – йæ поэтикон æмбырдгæндтæ: «Фæдисон», «Мæ зæрдæйы хуызтæ», «Хуры хъæбултæ», «Уидæгты зарæг», «Бæрзонд къæвда», «Æз уыцы ‘хсæв чысыл саби уыдтæн», «Ныфсы уидаг» æмæ æндæртæ.

Хадзы-Умары æрмæст зынгæ поэтыл нæ нымайæм, стыр æмæ ахадæн нысаниуæг уыд йæ зонадон куыстæн дæр. Публицистикæйы жанры нæ

иуукыл дæсныдæр æмæ профессионалондæр публицисттæй иу кæй уыд, уый дæр дызæрдыггаг нæу. Уæлдай тыхджындæр уыд йæ диссаджы рæсугъд æмæ нуарджын ирон æвзагæй, цæуыл фыссы, уымæ бæстон цæстæй ныккæсын кæй зыдта, йæ арф зонындзинæдтæй парахатæй кæй пайда кодта, уымæй. Ирон литературæзонады рæзтæн къаддæр ахъаз нæ фесты йæ бирæнымæц зонадон уацтæ, йæ литературон-критикон уацмысты чингуытæ дæр: «Ирон литературон критикæ 30-æм азты», «Уидæгтæ æмæ къабæзтау», «Æлборты Барысби» æмæ æндæртæ.

Дзырд дæр ыл нæй, сфæлдыстадон куыстæй дæр æмæ лæджыхъæды фарнæй дæр Ирыстон кæмæй фидыдта, уыцы фидауцты-фидауцджындæртæй иу кæй уыд Æлборты Хадзы-Умар. Нæ дзырдаивады рæзтæн ахъазгæнæг кæй уыд, йæ Фыдыбæстæйæн – аккаг хъæбул, æмгарджын, лæгуарзон, не 'хсæндзарды активон архайæг, æппæт уыдæттæй. Фæлæ йын нæ бантыст, мæрдтæм дæр уырaугæ-дзыназгæйæ цы гыццыл Ирыстоны стыр маст ахаста, уыцы Ирыстонæн йæ уды авналæнты бæрц æмæ йæ зæрдæйы уарзты фаг балæггад кæнын. Уæззау низ ын нæ радта уый фадат. Фæлæ нын ныууагъта хъæздыг сфæлдыстадон бынтæ æмæ, ферохгæнæн кæмæн нæй, ахæм рухс ном.

Хадзы-Умарæн хорзæй æмæ арфæйагæй цы нал бантыст, уый Стыр Хуыцау бантысын кæнæд йæ уарзон æмкъай Челехсаты Галинæйæн, йæ тæхудиаджы хъæбултæ Æхсæртæг, Агуындæ, Ацырухс æмæ уыдоны хъæбултæн. Хæрзаудæн кæнæд йæ бинонтыл æмæ, йæ удæй фылдæр кæй уарзта, уыцы Ирыстоныл.

*ГÆБÆРАТЫ Юри*

# ДЖУСОЙТЫ МАРАТ: 65 АЗЫ



**(1959)**

*Рухс агур, цалынмæ дæ гуырæй*
*Дæ бон нæ базыдтай, уæдмæ.*

*ДЖУСОЙТЫ Марат*

# ФÆЛЛАДÆЙ СФАРДÆГ ДÆН ХЪÆМÆ

* * *

Цæрын нæ базыдтон фæрныгау,
Мæ бон нæ базыдтон нырмæ.
Æрттывтой рухс фæндтæ æрвыгау,
Уыдтæн мæ сагъæстæй хъуырмæ.

Цы сты лæджы фыртæн йæ зынтæ,
Куы ахса сусæг мыртæ хъус.
Цы хуынтæ раивтон фыдфынтæй!
Æрмынæг тар цæстыты рухс.

Æз та æндæр амонд нæ зонын,
Нæ домын иу хорзæх æндæр.
Кæм дæ, зæрдæйы рухс? Мæ боныл,
Сыгъдоны агурын цæхæр.

Уæддæр æнæсæттон уæгъуыræй
Фæхæт æдзæм тары æмæ
Рухс агур, цалынмæ дæ гуырæй
Дæ бон нæ базыдтай, уæдмæ.

* * *

Тар æгъуыз мигътæ хох нызмæстой,
Арв нæ равзардзынæ цъыфдзастæй,
Бон – фæныкхуыз æмæ фæлурс.
Удмæ никуыцæй кæлы рухс.

Зæрдæ фесхъиуы уæд: дзæнгæрæг, –
Фестад дзыппы телефон хъæргæнæг.
Уæлдæф адзæнгæл кæны уаст, –
Ног та халон йе уоны каст.

Рухс æнæ зæгъгæ чи цæуы хистæй,
Хъæуы, горæты нал баззад хистæр.
Нал нæ хъуысы чындзæхсæвы хъæр,
Нал у арæх дзæбæх кæстæр.

Æрджынарæгæй дзыхъмæ бахиз, –
Ир фæлхасгæнджыты бар бацис.
Бонтæ ‘хцатыл фæвæййынц хардз,
Æмæ адæмæй рауад бардз.

Дзурынц: хъал у мæгуыр йæ фыны,
Уæд фыдфынтæ æдзух цы уыны?!
Æхсæв даргъ у – мæрдсым, хæнтсау,
Æмæ ма нынниу уæд куыдзау…

## РАГБОНТÆ

О, цал рацыди афонтæ
Мæ фæллад удыл, цал!
Мæ худгæ хуртæ – рагбонтæ,
Уæ рухсæн нæй æмбал.

Хæрзфынтæ æмæ аргъæуттæ
Уыдыстут кæд æрмæст.
Бæгъæввадæй уæ къахвæдтæ
Куы нал ары мæ цæст.

Мæ цины сонт цæдисонтæ –
Фыдуаг лæппутæ, хъал,
Фæхастой уæ фæдисбонтæ:
Чи дард у, чи та – нал.

Цæй царддомд дæ, цæй рагон дæ,
Куыд дæ ныздыхта цард.
Мæ цæсты рухс – мæ рагбонтæ,
Цæй дард ыстут, цæй дард!

Мæ рагбонтæ – мæ рог фынтæ,
Мæ аргъæуттæ – æцæг.
Мæ царды иннæ афонтæ –
Дзæгъæйлаг æмæ мæнг.

*2002*

* * *

Нæ хуссары сау хъæд у конд хуымау,
Урс дары цæгатаг фахс,
Дæ къухæй йæм баххæсдзынæ цыма,
У зымæг афтæ æввахс.

Нæма фæци фæззæгæн хардз йæ хъарм.
Æрхæссы йæ уазал мит.
Йæхимæ ма дары йæ арæхст арм,
Æрмæст æм нæ хъуысы сидт.

Хъуымæй хъауджы змæстæй ныллæг арв нæу,
Æвдæлд бон кæсы æнкъард.
Нынныгъуылди мæры зæлдаг цъæх нæуу.
Мæ уалдзæг – æгæрон дард…

* * *

Рагон сусхъæд адджын хæрздæф уадзы,
Уддзæф ын æрызгъалы йæ дидин.
Уарзонад цы цин æрхаста раджы,
Абон уый кæд сусæг мастæй фидын.

Рагбонты зæдбадæн къуым, нымд бæстæ,
Асæй дæр лæгæн æхцон кæм вæййы,
Фесхъиудта дзы рохст зæрдæ дæ фæстæ,
Сонтау дзы зæрдæдзургæ фæвæййын.

Хæлуарæг нывæфтыд гауыз уафы,
Хуры тынтæм алы хуызтæй ивы.
Ехх, уæддæр мæ мидвыны – мæ тарфы –
Арæх мæн дæ цæстæнгас фæливы.

Ацыдис æвзонгдзинад дæ фæстæ,
Уарзонадæн ахастай йæ рухс цин.
Сусхъæдæй æрызгъæлдис рæудидин,
Дымгæ йын ныффæйлыдта йæ хæрздæф.

*1993 аз*

* * *

Фæллад хур æфцæгыл фæхизы,
Æрхызтæн суадонмæ æз дæр.
Мæ дойны басастон. Дæлдæр
Æфсæст фос хъæуы кæрон хизынц.

Æз – сугдзау – тар хъæды æртыдтон
Сырхмæтæг – артæнгæс йæ хуыз.
Мæ къухы уаз цырагъау сыгъд,
Дæлæмæ афтæмæй æрцыдтæн.

Мæ сины рог фæрæт æрсагътон,
Мæ бæндæн – ме уæхскыл æмæ
Фæлладæй сфардæг дæн хъæмæ,
Мæ сырхмæтæг та уым ныууагътон.

Изæр æд гогон дæу æдзухдæр
Фæхъæуы суадонмæ цæуын.
Сырхмæтæг ауындзынæ уым
Æмæ йæ сисдзынæ дæ къухмæ.

Нæ йыл фæкæндзынæ дызæрдыг,
Æз æй кæй æрхастон дæуæн.
Дæ мидбыл худдзынæ фæлмæн,
Æмæ йæм райдзæни дæ зæрдæ.

* * *

Мæцъæл у цъала, хуссар – хус.
Уæззау фæцæуын хæрды.
Цъæх арв – сыгъдæг æмæ фæлурс,
Йæ рухсæй дзаг у зæрдæ.
Цы мæт, цы рыстæй уыд уæззау, –
Зыбыты рох дзы фесты.
Ысуагътой раг бæллицтæ тау, –
Æбæрæгæй сæфт не сты.
Зæлдаг къуыбыртыл тулы хур,
Рæусатæг дымгæ схойы.
Зæронд кæрдæг нæу иууыл бур, –
Бынæй йæ цъæх рæхойы.
Æгас хъæд цъиуты сайд фæцис,
Фæдис кæнынц сæ зардæй.
Мæ уд мын нал агайдта дис, –
Æрыздæхтис мæм дардæй.
Дзывылдар, сауцъиутæ тæхынц,
Зæрдæйы фæндтæ здæхынц.
Ныв бонтæ амæндтæ хæссынц,
Фæтых вæййынц фыдæхыл.
Æмæ цæуыл кæнæм фæсмон,
Цы нæ бафты нæ къухы,
Гъе уый нын уалдзæджы цъæх бон
Рæдауæй ног æнтъухы.

*2008 аз*

* * *

Ныдзæвынц арвы ривæд мигътыл фæхстæ,
Ивæзы комы знæт доны уынæр.
Уыдис ам хъæу, ам цардысты кæддæр...
Æрдæгхæлд мæсыг, калд систæ, зæппæдзтæ.

Ныллæууыд ам æгомыг дурау рæстæг,
Нæ хъуысы таурæгъ Ныхасæй изæр,

Нæ цæгъдынц фос уæрæх кæрты сынæр,
Йæ тарф æрхуым Хуыцауæн хъары бæстæ.

Мæ уды бацыд рох бæсты æрхæндæг.
Фыдæлтыккон тызмæг хъæуы пырхæнтæ
Мæ зæрдæйæн – æнæкæрон æввахс.

Цыма кæддæр мæ уалдзæг ам æрвыстон,
Цыма дзы тохы судзгæ зæлтæм хъуыстон,
Цыма дзы баззад рагбонтæн сæ тавс.

*1988 аз*

## АРВЫ РУХС

*(Н. Бараташвилийæ)*

Арвы рухс, æрвон цъæх рухс
Рагбонтæй – мæ цæсты рухс.

Басгуыхт хъоппæгцæст тырæн
Дис-тæмæссæгты гуырæн.

Æмæ ныр, куы ‘руагътой – кæс –
Цард-цæрæнбонтæ сæ уæз,

М‘ ахуырст н‘ аивтон уæддæр,
Кæд цъæх адардта мæ сæр.

Хъулондæр хуызтæй мын – цъæх,
Сонтæй йыл мæ уд ныцъцъæх.

Уый уæлæрвтæн у сæ хыз,
Де ‘нæбын цæстыты хуыз,

Уыдоны æрвон æрфæн
Æмæ ‘нæхуысгæ тæмæн.

Уый – нæ бæрзæндты фæлыст,
Рухс мæ бæллицты æрфыст.

Уыцы рог æрвгъуыз тæнгъæд
Ивылы зæххыл æппæт.

Уый – фæхицæны цъæх бон,
Мæтæй фервæзтæ бынтон.

Уый – ныгæнæн боны зын
Æмæ хиуæтты кæуын.

Уый цъæхбын халас вæййы –
Чырс мæ ингæны къæйыл.

Уый – зымæгон тарф цъæхвæлм
Уым мæ рох номыл мæнæн.

*ХУЫГАТЫ Сергей*

# АРВЫ НÆМЫГ*

*Роман*

## 4

Тинатин, дам, тыны тын у. Тын йæхæдæг нæ, фæлæ, тынæй цы тын ратæхы, уый. Гъеныр ма уымæй диссагдæр исты уа: æнæуи чызджы ном у Тинатин, Руставелийы кадæджы цы чызджытæ ис, уыдонæй иу афтæ хуыйны. Æмæ, дам, ирон дзырдтæй арæзт у уыцы ном. Ахæм диссæгтæ сты, æмæ сыл адæймаджы зонд æххæсгæ дæр нæ кæны. Æмæ йын йæ ахуыргæнæг фæдзуры уыцы диссæгтæ, Гасбол. Нырма æрыгон у, Æзнауырæй кæд уа нымадæй цалдæр азы хистæр, æмæ – кандидат! Цы архивты нæ фæбадт, цы чингуытæ нæ фæфæлдæхта! Уым ын, стыр дуарыл куы бахизай, уæд фæсдуар иу гыццыл хатæн ис хилдасæны тæккæ фарсмæ, æмæ дзы чиныгæй бацæуæнтæ нæй. Куыд æм æрхауд уыцы къуым, уыл арæх фæхъуыды кæны Æзнауыр. Кæд ын, кæм цæра, уый нæй, æмæ йын æй уымæн радтой, æмæ уæд æхсæв дæр уым вæййы, æвæццæгæн.

Уырдæм æм бауайы Æзнауыр, æмæ йыл бацин кæны Гасбол. Æмæ йын цы хабæрттæ нæ ракæны! Руставелийы кой дæр ын арæх ракæны, Тинатины кой дæр ын уый ракодта. Куыд дзурынц, афтæмæй, дам, цалынмæ уыцы кадæг нæ фæзынд, уæдмæ Гуырдзыйы бæсты уыцы ном нæ уыди, æмæ, дам, йæ рацæуæнтæ ирон сты уыцы номæн. Уырнгæ дæр тынг нæ кæны Æзнауыры – уæдæ уанцон тыны тын нæу! Фæлæ, иуæй, Гасболыл тынг æууæнды, иннæмæй та йæ тынг фæнды, афтæ куы уаид, уый. Æмæ йæхи феууæндын кæны, афтæ кæй уыдзæни, уыл. Стæй йæхицæн дзурын байдайы, уыцы дзæбæх ном цыма ном нæу, фæлæ æрдынбос у. Цæмæн æм афтæ касти, уыл никуы ахъуыды кодта – нæ йæ ʻвдæлди уыл ахъуыды кæнынмæ.

Ныр ма йын йæхи куы зонид Гасбол! Йæ кой йын ракæнынмæ фæхъавы, фæлæ йæ йæ цæст нæ бауарзы.

Ныр цыди Æзнауыр, иу уынгыл-иу ссыди æмæ-иу иннæ уынгыл æрыздæхт. Афтæ дзæбæх цыди, афтæ дзæбæх ракæс-бакæс кодта, æмæ йын исчи дунейы хæрзтæй исты исыны бар куы раттид, уæд цыма уы-

*Дарддæр. Райдайæн 2024 азы 6-æм номыры

мæй раздæр ницы равзарид – афтæ рацу-бацу кæна ацы уынгты æмæ афтæ ракæс-бакæс кæна хæдзæртты дуæрттæм. Фæлæ иу хъуыддагæй тарсти, æмæ тынг тарсти уыцы хъуыддагæй: искуы йæм иу уынджы куыйтæ куы ралæбурой, куы йыл нымбырд уой, æмæ йæм сыхбæстæ фæдисы куы фæцæуой. Уæд æй афтæ ничи бафæрсдзæн: чи дæ æмæ цы агурыс?! Цы сын хъуамæ зæгъа уæд?! Куыйтæ та алы уынджы дæр – фагæй фылдæр. Æмæ йæ зын – сæ иу срæйа! Стæй йæм иннæтæй чи кауы сæрты гæпп кæндзæн, чи кулдуары бынты лæсдзæн, чи сæ бæласы бын аууоны фæуадздзæн йæ хуыссæн.

Уымæй тарсти æмæ, йе уæнгтыл дзæбæх схæца, уый нæ уæндыди – куы базмæлой куыйтæ! Иубон иу уынджы кæронмæ куы схæццæ, уæд кæсы, æмæ мæнæ уыцы дзæбæх тымбыл обау. Цъæх-цъæхид обау, зæдбадæн кæй фæхонынц, ахæм обау, æмæ йæм кæсгæйæ баззад Æзнауыр, мæнæ цыма йæм ныртæккæ зæдтæ пæрпæргæнгæ тæхын куыд байдайдзысты, уый йын куы аирвæза æнæ фенгæ, уымæй тарсти. Уæд фæфæнд кодта: цæй æмæ ам абада иугыццыл! Фæллайгæ нæ бакодта, æмæ уый тыххæй нæ, æнæуи, рæсугъд кæй уыди обау, уый тыххæй. Æмæ йæм бараст, йæ сæрмæ не ссыд, фæлæ йæ рæбыны уыцы нæууыл æруагъта йæхи. Йæ уæрджытыл æрбахæцыд æмæ сыл йæ сæр æрæвæрдта. Стæй йæ цæстытæ бацъынд кодта, æмæ йæ цæстытыл уади Тинатин. Йæ уæлæ, уæд-иу ыл быдыры цы дидинæфтыд къаба уыди, уый. Уым чызджытыл иууылдæр ахæм хъулон къабатæ уыди, æмæ-иу нартхоры хуымы куы апырх сты, уæд цыма нартхоры хуым нæ уыд, фæлæ дидинджыты хуым уыд, уыцы быдырон уддзæф йæ фæлмæн улæфтытæй кæуыл рахъаз-бахъаз кодта, ахæм дидинджыты хуым. Уæддæр Тинатины къабайыл фылдæр дидинджытæ уыди иннæ чызджыты къабатæй. Æмæ-иу æм кæсыныл куы фæци, уæд-иу йæ цæстытыл уыцы иугъæдон тыбар-тыбур бафтыд. Стæй йæм рынчындонмæ куы ссыд, уæддæр ыл уыцы къаба уыд, – быдырæй йæм ссыд, æмæ йын æндæр къаба кæм уыдаид! Рынчындоны дæр ыл афтæ фидыдта уыцы къаба, афтæ! Æмæ йæм уæд æрцыд уыцы хъуыды уым, уыцы обауы рæбын бадгæйæ. Нæ, цæугæ-иу æм уый размæ дæр æркодта, фæлæ йæм уæды хуызæн æввахс никуы æрцыд: искæй бафæрса. Бафæрса искæй, ам Росебтæ кæм цæрынц, уымæй бафæрса искæй! Æмæ сæм бацæуа, сæ дуарыл сын бахæца, сæ кæрты дуарыл, æмæ сæм бацæуа! Цы и уым, цы не ’рцыд, ахæмæй! Æмæ алыг кодта – гыццыл ма абада

ацы дзæбæх ран, стæй сыстдзæн æмæ ацæудзæн. Ацæудзæн æмæ, фыццаг кæуыл сæмбæла, уый бафæрсдзæн: ам уæ колхозы сæрдар кæм цæры? Æмæ йæм уый, фыццаг кæуыл амбæла, уый æрлæудзæн æмæ йын бацамондзæн, – йæ цонг дæр адардзæн – мæнæ ацы уынджы куы ныууайай æмæ цæхгæрмæ уынгмæ куы ныххæццæ уай, уæд уым... Раст уæд æрцыд йæ хъустыл – нæдæр ныхас уыд, нæдæр уынæргъын уыд, нæдæр кувын уыд, афтæмæй дзы ныхас дæр уыд, уынæргъын дæр æмæ кувын дæр:

– Гъæ, зæдтæ дæм сæ урс базыртæй пæрпæргæнгæ фæтæхой æмæ дыл ахстæттæ фæкæной!

Æмæ фестъæлфыд Æзнауыр, афтæ фестъæлфыд, æмæ, йæ къæхтыл куыд алæууыд, уый не 'рхъуыды кодта. Лæууыд æмæ касти лæгмæ, уыцы урс лæгмæ – йæ сæрыл урс нымæтхуд, йæ рустыл урс хил ныффæлдæхт, – цыма хæрзæхсад æмæ хæрзфаст уыди, афтæ зынд, йæ уæлæ уыд урс кæттаг иуцъарыг, йæ къухы урс-урсид даргъ лæдзæг, мæнæ фыййæутты хъазт кæй хуыдтой, – фондз, дæс, фынддæс – уымæй-иу чи хъазыд, уыдонмæ дæр-иу ахæм даргъ лæдзджытæ уыди.

Æзнауыр æм касти æмæ дис кодта, кæцæй фæци уыцы урсæй æмæ чи у?! Æмæ бафиппайдта, лæдзæджы æххуысхъуаг æппындæр нæу, æнæуи йæ хъæуы, æвæццæгæн, цæмæндæр.

– Обаумæ фæдæн, æмæ мын бахатыр кæн. Цæугæ дæр уымæ æрбакодтон, – загъта лæг æмæ комкоммæ бакаст Æзнауырмæ. – Стæй дæ фынæй фенхъæлдтон, æмæ дæ райхъал кæнон, уый мæ нæ фæндыди.

– Нæ, фынæй нæ уыдтæн, – загъта йæхи растгæнæгау Æзнауыр.

– Бирæ цæр! Æмæ кæй лæппу дæ?

Фæтарсти уыцы фарстæй Æзнауыр: ныр куы байдайа фæрсынтæ! Æмæ йæм бадзырдта, цыма дзы хатыр куырдта, уый хуызæн:

– Æз а хъæуккаг нæ дæн. Æз цъуйджыйнаг дæн.

– Æмæ цыдæр агурыс?

Уæд бынтон фæтыхст Æзнауыр: ныр ын райдай дзурын, райсомæй сæ хæдзарæй горæтмæ йæ ахуыры хъуыддæгты æфсон куыд рацæуы æмæ ам, Комгæроны уынгты, куыд фæрацу-бацу кæны, кæд искуы Тинатинылл сæмбæлид, зæгъгæ. Æмæ ницы дзырдта. Лæг æм иу æнæмбаргæ каст бакодта æмæ, кæм лæууыд, уым æрбадти. Стæй йæ зæнгтæ адаргъ кодта æмæ сын йæ лæдзæг сæ фарсмæ æрæвæрдта,

цыма, йæ зæнгтæй лæдзæг цас даргъдæр у, уый базонынмæ хъавыд. Æмæ та бакасти Æзнауырмæ.

– Гæды мын ма зæгъ, фæлтау мын мацы зæгъ. Гæды ныхасæй мæ зæрдæ цъæх у.

Æмæ йæм комкоммæ бакаст Æзнауыр æмæ бафиппайдта – лæгæн йæ цæстытæ уыдысты сыгъдæг, кæугæ чи фæкæны, уымæн куыд сыгъдæг вæййынц йæ цæстытæ, афтæ.

– Адæм цыма гæды ныхас кæнынмæ рацæуынц райсом сæ хæдзæрттæй, уыйау бон-изæрмæ кæнынц гæды ныхас. Иу нæма фæвæййы йæ гæды ныхас конд, æмæ йæм иннæ бахъав-бахъав байдайы – кæд фæуыдзæн уый, æмæ йæхæдæг кæд райдайдзæн. Ахæм диссаг нæма уыд зæххыл.

Æзнауыр йæ уæрджытыл йæхи æруагъта æмæ комкоммæ касти лæгмæ. Афтæ кæсын не 'мбæлд, уый æмбæрста, фæлæ йæ, цы 'мбæлы 'мæ цы не 'мбæлы, уыдæтты мæт нал уыди – адæм, дам, бон-изæрмæ гæды ныхæстæ кæнынц кæрæдзийæн! Æмæ кæд уый æцæг афтæ у, уæд бæстысæфт куы 'рцыди! Æмæ уæд хицауад кæдæм кæсы?! Æмæ йын уæд Гасбол куыд никуы ницы загъта, кæд афтæ у, уæд?!

Касти лæгмæ æмæ хъуыды кодта: фыццаг æм зæронд цæмæн фæкасти, æппындæр зæронд куынæ у, уæд? Кæд йæ урс хилы тыххæй, йæ рустыл уыцы дзæбæх чи ныффæлдæхт, уый тыххæй? Кæнæ йæ даргъ лæдзæджы тыххæй? Фæлæуу, æмæ зæронд лæгмæ даргъ лæдзæг куынæ вæййы. Зæронд лæгмæ цыбыр лæдзæг куы вæййы, уæле къадзони кæмæн вæййы, ахæм лæдзæг. Фидаугæ дæр ахæм лæдзæг кæны зæронд лæгмæ. Æмæ бацин кодта, лæгмæ даргъ лæдзæг кæй уыди, уымæй дæр урс-урсид кæй уыди – уæдæ уæд зæронд нæма у, æппындæр нæма у уæд зæронд, гъæйтты лæг цы вæййы, ахæм лæг у!

– Æз Гихатæй дæн, – загъта уæдмæ лæг. – Мæ ном Гисо хуыйны. Æз ардыгон дæн, æмæ мæ æгъдау афтæ домы, цæмæй дын мæхи бацамонон.

Æзнауыр ахъуыды кодта: уый та цы ми хъуамæ бакæна? Фæлæ ницы æрхъуыды кодта æмæ загъта:

– Бузныг.

Йæхи амонынил ын не схæцыди, уæд æм афтæ зынди, цыма йæхи дæр уый æмсæр æвæры, æмæ йæм уый раст нæ касти. Стæй æнæуи дæр йæ тыхст нæма æрцыд.

Уæдæ, дам, адæмыл гæды ныхас бафтыд? Æмæ ма уæд куыд цæр-

дзысты адæм? Стæй, раст ныхас цы фæуыдзæн уæд? Æмæ куыд фæуæлахиз и гæды ныхас раст ныхасыл?!

Æмæ, цыма, хуылыдз цъыхырыты балæгæрста, æмæ йæм цъыхырыты хуылыдз уазал бадардта, афтæ касти Æзнауырмæ.

Гисо бахудти, æмæ æхсызгон уыд Æзнауырæн, кæй бахудти, уый.

– Хæхтæм фæлыгътæн адæмæй, сæ гæды ныхасæй æмæ сулæфыдтæн – лæг гæды ныхас куынæ хъуса, уæд цы цæрын хъæуы! – дзургæ-дзурын æрбакаст Æзнауырмæ. – Дæ ном мын загътай æви мын æй нæ загътай?

– Нæ дын æй загътон, – бахудти Æзнауыр. – Мæ ном Æзнауыр хуыйны.

– Кæмæй дæ?

– Ацыгатæй.

– Хуыздæр фæу, – загъта Гисо, стæй йæ худ систа æмæ йæ сæры фахсыл йæ тъæпæн арм æрхаста, цыма рæвдаугæ кодта йæ сæры фахс, уый хуызæн.

– Æмæ йæ азар мæн басыгъта: цæрдтæй фæхаудтæн, мæрдтæм нæ фæхæццæ дæн æмæ цæрдтæй мæрдты ’хсæн хъеллау кодтон. Мæнæ ацы обау нæ уыд – мæнæй лæг пайда нал уыди. Ардæм-иу æрбацыдтæн æмæ-иу ам бадтæн. Мæ хъæстытæ иу кодтон, цыма уд уыди обауы, æмæ мæм хъусгæ цыма кодта.

Гисо йæ ныхасæй фæлæууыд, бакаст Æзнауырмæ. Æзнауыр йæ зонгуытыл лæууы, уый куы федта, уæд æм бадзырдта:

– Бадгæ цæуылнæ кæныс?

Æзнауыр йæ сынæг æруагъта нæумæ.

– Цæй азарæй, зæгъыс?

– Гæды ныхасы азарæй. Ныр æй цал хатты радзырдтон æмæ йæ ноджыдæр куы дзурин, алы æмбæлæгæн дæр æй куы дзурин, алы хæдзармæ дæр куы фæцæуин! Уæддæр ын йæ диссаг не сфæразин зæгъын. Ам нæм иу сæрдар уыди. Нæхицæй нæ уыд, кæнгæ нæм æй æркодтой кæцæйдæр. Ныр ыл туг куы ныууарыдаид, уæддæр раст ныхас не схаудтаид йæ дзыхæй. Иухатт æм бафтыдтæн. Цæвиттон, нæ дыгæрдгуытæй цалдæр заинаг разынд. Хæрзхаст уыдысты æмæ схъазыдысты, афон сын нæма уыд, афтæмæй. Мæн ардæм цæуын хъуыд, æмæ мын Сеуа бафæдзæхста, – Сеуа нæ фермæйы хицау уыди, зоотехник – Биганозæн, дам, зæгъ, æмæ, дам, дыгæрдгуыты иннæ фыццагзæддæгтимæ баиу кæной, кæннод, дам сæ ам уæнгуытæ нæ

уадздзысты, æмæ, дам сæ исчи фефтаудзæн. Æз Биганозы бынатмæ фæцæйцыдтæн, уый мыл тыргъы хæрхæмбæлд фæци æмæ мæ йæхи хатæны фæмидæг кодта. Фæрсы мæ:

– Ам цы ми кæныс?

Æз ын дыгæрдгуыты хабар ракодтон. Уый бахудти, æмæ йæм кæсгæйæ баззадтæн – мæ цæргæ-цæрæнбонты афтæ бахудгæ никуы никæй федтон. Мæнæ цыма æнæхъæн бахудтæн æвгъау кодта æмæ йын йе ‘рдæгæй бахудт, стæй дзурынмæ фæци:

– Æмæ æз Сеуайæн дæр раджы куы загътон æмæ Биганозæн дæр, уыцы дыгæрдгуыты уырдыгæй радде кæнут, зæгъгæ, уæд сæ хъустæ хизынмæ уыдисты?!

– Кæд сын загътай? – фæтыхстæн, куыд нæ фæтыхстаин.

– Уартæ кæд æмæ кæд.

– Æмæ заинаг сты дыгæрдгуытæ, уый ырма æндæрæбон куы базыдтам.

– Кæд, зæгъыс, кæд?

– Æндæрæбон, знон нæ, фæлæ æндæрæбон.

– Куыд æй базыдтат æндæрæбон?

– Куыд вæййы, афтæ. Дыгæрдыгæн йæ фæздон æрысгар æмæ, кæд фертæмдта, уæд заинаг у.

Ныр ма цы зæгъа, уый нал зоны, афтæмæй йæ уд схауы исты гæды ныхас зæгъыны мондагæй – зыны йыл. Фæлæ ахæмæй ницæуыл фæхæст æмæ загъта:

– Ныр уыдоны сæ куыстæй фæтæр сæ дыууæйы дæр, уæд сын нæ хъæуы!

– Цæмæн сын хъæуы? – мæхи йæм нал баурæдтон.

– Уæдæ сын æз афтæ загътон...

– Ницы сын загътай! Афтæ дæр сын нæ зæгътай æмæ уфтæ дæр!

– Куыд нæ сын загътон!

– Куыд сын хъуамæ загътаис, кæд æмæ дыгæрдгуыты хъуыддаг бæрæг нæма уыди. Кæд Кæсæджы молло басгуыхтæ?

– Уый та цы хоныс, Кæсæджы молло?

– Кæсæджы иу молло уыд æмæ æмбисæндтæ кодта. Развæлгъау-иу базыдта хъуыддæгтæ иуулдæр.

– Стæй цы фæци?

– Моллойæ мæ фæрсыс?

– Моллойæ дæ фæрсын, уæдæ дæ пехуымпар Мæхæмæтæй фæрсын!

– Амарди.

– Иу сæ йæ куысты уæлхъус балæууа, уый нæ зоны, хъуамæ сæ алкæй йæ хъусæй бакæнай, галты куыд бакæнынц сæ хъустæй æфсондзмæ, афтæ, – дзуры йæхицæн дзурæгау, фæлæ хъæрæй. Моллойы кой ныууагъта æрдæгыл, ме ’рдæм фездæхт: – Цал сты?

– Фараст, – загътон æз.

– Фараст не сты, фылдæр сты.

– Цæмæй йæ зоныс, фылдæр сты, уый?

– Банымадтон сæ, æмæ уымæй.

– Кæд сæ банымадтай?

– Уым куы уыдтæн, уæд.

– Кæд уыдтæ уым?

– Айразмæ, – дзуры æмæ фæйнæрдæм æнæмæт ракæс-бакæс кæны.

Мæ маст нал баурæдтон, фестадтæн.

– Ардæм дæ гæды ныхас кæнынмæ сæрвыстой, чи дæ сæрвыста, уыдонимæ кæрæдзимæ хус дзæкъултæ фæхæссат.

Уый хус дзæкъулы койæ цæмæйдæр фæтарст, æвæццæгæн, фестад йæ бынатæй æмæ лæугæйæ аззадыстæм нæ дыууæ дæр – уый уыцы фарс стъолæн, æз – ацы. Стæй йæ цонг дуары ‘рдæм фæцарæзта.

– Федде у, æмæ дæ мæ цæсты кæронæй дæр куыд никуыуал фенон!

Æмæ йæм багуыбыр дæн стъолы сæрты, хъуамæ йын йæ хæдон æрфаринтæ кодтаин, йæ фæрсчытæ гомæй куыд аззадаиккой, фæлæ æдде æрбакалдысты нæ хъæрæй ныхасмæ æмæ мæ сæ разæй рахастой.

Уыйадыл мæ куыстæй систа, æмæ мыл бон æхсæв нал кодта, æхсæв – бон. Æгуыстæй бадын мæ сæрмæ нæ хастон, уæдæ мæ, æнæ азымæй мæ кæй систа, уый дæр куыд нæ тыхсын кодта! Æмæ сагъæссаг кæд исчи фæци, уæд – æз. Цы ми бакæнон, бинонты мæхимæ ныккæсын кæнон, уый дæр мæ нæ фæндыд. Ардæм-иу æрбацыдтæн æмæ-иу ам бадтæн, æмæ йæ диссаг уый мидæг уыд, цыма обауы бын нæ бадтæн, фæлæ обауимæ бадтæн. Дæумæ, чи зоны, худæг фæкæсой мæ митæ. Уæдæ йæ зонд йæхимæ кæмæн уа, уый куыд хъуамæ бада обауимæ æмæ йемæ куыд ныхас кæна! Æниу æз, чи зоны, æрмæст обауимæ нæ ныхас кодтон, чи зоны, æнæуи ныхас кодтон, чи мæ зоны, уыдонимæ ныхас кодтон, чи зоны, стæй мæ, чи нæ зоны, уыдонимæ дæр ныхас кодтон, чи зоны – дуне мæхимæ куы æрыхъусын кодтаин, афтæ мæ фæндыд,

чи зоны! Уæдæ ма искуы ахæм диссаг æрцыд, æмæ гæдыныхасгæнæгæн йæ гæды ныхасыл ма бацин кæнай, æмæ дæ уый тыххæй дæ куыстæй сиса?! Æмæ куыст дæр цыфæнды фæуæд! Мæн мæ куыстæй систа, уый афтæ стыр диссаг нæу; стыр диссаг уый у, æмæ, дуне йæ царды æгъдау раппæлинагæн кæмæн хæссы, æмæ, дуне йæ царды æгъдаумæ кæмæ бæллы, уыцы бæстæйы ахæм æнæгъдау митæ кæй цæуы, æмæ дзы ахæм хицæуттæ кæй ис. Уый гыццыл хицау у – колхозы сæрдар! Фæлæ дзы кæд стыр хицæуттæ дæр ис ахæмтæ? Уæдæ дзы стыртæ куынæ уаид ахæмтæ, уæд æм гыццылтæ кæцæй æрхаудтаиккой ахæмтæй?! Æмæ æхсæв фынæй нал кодтон, афтæмæй, æхсæв куы фæуыдаид, уый дæр мæ нæ фæндыди.

Правленимæ балæвæрдтон хъаст. Сыбыртт дæр никæй суагъта правленийы уæнгтæй. Уый, дам, змæнтæг у, æмæ, дам ын бынат нæй нæ дзæбæх колхозонты ‘хсæн. Æмæ йæм афтæ ничи бадзырдта: нæу змæнтæг! Афтæмæй иууылдæр зыдтой, змæнтæг кæй нæ дæн, уый. Æмæ ахæм лæгтимæ цæр стæй, сæ къухтæ сын ис æмæ сын арфæтæ кæн! Райкоммæ бахæссон мæ хъаст, афтæ дæр-иу ахъуыды кодтон. Фæлæ тарстæн – райком дæр уый фарс куы фæуа! Æнæуи райком цæсгом сыгъдæггæнæг у. Фæлæ уæддæр æмæ уæддæр тарстæн. Мæхицæн ницæмæй тарстæн, райкомæн тарстæн – цы нæ вæййы, сæрдары ном бахизыныл куы ныллæууа – цæсты ма бафта, хицау у æмæ... Стæй, кæд уырдæм дæр, райкоммæ дæр байдыдта ирвæзын, йæ гæды ныхас йæ былалгъыл чи дары, уыдонæй? Тас у, быны тас у!

Æмæ нæ балæвæрдтон мæ хъаст райкоммæ. Æмæ æгадæй-æгаддæр кодтон мæхи цæсты мæхæдæг. Уымæй фыддæр ма исты æрцæудзæн лæгыл – дæхи цæсты æгадæй-æгаддæр куы кæнай? Адæм-иу рацу-бацу кодтой дыууæрдæм, æз сæм кастæн æмæ сæм тæхуды кодтон кæмдæр мæхимидæг, цыма мæнæн рацу-бацу кæныны бар нал уыди, афтæ. Здæхгæ мæм сæ никуы ничи æрбакодта, мæ фарсмæ сæ никуы ничи æрбадт, æмæ мын хъыг нæ уыди – тæрсгæ кодтон, исчи мын сæ гæды ныфсытæ æвæрыныл куы схæца! Чи зоны, сæхæдæг дæр уымæй тарстысты.

Æзнауыр бадти æмæ хъуыды кодта – ацæуа, бацæуа Росебмæ æмæ йæм бахата, цæмæй Гисойы фæстæмæ йæ куыстмæ айса. Кæд æм нæ байхъуса Росеб, уæд райсом райкомыл рацæуа æмæ сын фæкæна Гисойы хабæрттæ. Æмæ бафарста Гисойы:

– Уæ колхозы къантор дард у ардæм?

– Дард нæу, фæлæ хæстæг дæр нæу. Æмæ дæ исты хъуыддаг и колхозы? Багъæц, мæнæ машинæ æрбацæудзæн, æмæ иумæ ацæудзыстæм.

Æмæ кæсгæ дæр нæ бакодта Гисомæ, афтæмæй бафарста:

– Кæй машинæ æрбацæудзæн?

– Нæхи машинæ. Уым, хæхты чи вæййы немæ, уыцы стыр машинæ. Знон дзы фыдызгъæл æрластон. Уым гал æргæвстам, æмæ дзы нæхицæн цы фæуагътам, иннæ ардæм раластон.

Æмæ йæм чъызгæ-чъызгæ бадзырдта Æзнауыр:

– Бахатыр кæн, фæлæ, куыстæй ист дæ, нæ загътай?

Гисо бахудти, афтæ хъарм худт бакодта, æмæ иннæрдæм хызти лæджы.

– Аивгъуыдтой уыцы фыдбонтæ. Уæдæй нырмæ нæм æндæр сæрдар куы и. Фæлæуу-ма, цъуыйджыйнаг куы дæ, уæд æй куыд нæ зондзынæ, уым парторгæй куы куыста колхозы.

– Зонын æй, – загъта Æзнауыр.

– Росеб, Росеб, Хасабитæй. Зондзынæ йæ, куыд нæ йæ зондзынæ, – загъта та Гисо.

– Зонын æй, куыд нæ йæ зонын, – загъта та Æзнауыр дæр.

– Æмæ, дам, иу лæг ницы у! Уæдæ мæ кæд фæрсыс, уæд цард аразгæ дæр иугай лæгтæ кæнынц æмæ халгæ дæр. Нæ колхоз ма тыхулæфт кодта, йæ гæндзæхтæ цæгъдын райдайа, уымæ йæ бирæ нал хъуыд. Ныр йæ хуыз скалдта – колхоз дæр йæ хуыз скалдта æмæ хъæу дæр. Нæ уасджытæн дæр фендæр ис сæ уаст: уыцы хъæлдзæг хъихъыри куы райдайынц, иутæ ацырдыгæй, иннæтæ уыцырдыгæй, уæд кæд лæджы, бахъырна сын, уый нæ бафæнды! Слæуу искуы иу хибар ран æмæ хъырн!

– Цы хорз уаид! – загъта Æзнауыр.

– Хорз уаид, хорз, – загъта Гисо дæр. – Стæй йæ риуы дзыппæй иу æмдынбыл сахат систа, æркасти йæм. – Уæдмæ машинæ дæр зындзæн.

Æзнауыр æнæмæт кæстытæ акодта йæ алывæрсты.

– Æмæ дæм уæхимæ бацæудзæн машинæ?

– О, нæхимæ. Стæй ацæудзыстæм къæбицмæ, уым халсартæ, ноджы макъаронтæ-йедтæ бавгæндзыстæм æмæ анцайдзыстæм хæхтæм.

– Æмæ дард цæрут ардæм? – бафарста Æзнауыр, цæмæн бафарста, уый нæ зыдта, афтæмæй.

– Нæ цæрæм дард, – йæ къухæй ацамыдта Гисо. – Уартæ тигъæй куы анымайай, уæд фæндзæм хæдзар – мах, – уым бахудти Гисо, афтæ бахудти, лæг йæхицæн куыд бахуда, афтæ. – Дыууæ хæдзары нын дзы уыди, иу дæр нæ фæлæ. Сæ иу зæронд хæдзар уыди, иннæ ног хæдзар, æмæ зæронд фехæлдта нæ гуырд.

– Куыд æй фехæлдта?

Гисо та бахудти, афтæ бахудти, æмæ, гыццыл раздæр куыд бахудти, уымæй зæхмæ мур нæ уагъта.

– Зонын æй, фырдзырд мыл бафтыди, æмæ дæ тухæнæй амардтон. Фæлæ хабар хабар у, æмæ, иугæр хабар у, уæд æй кæнын хъæуы. Ам уыцы гæды бындарæн куывд кæнын æрымысыдысты, райгуырæн боны куывд. Æгас колхозы разамынд атымбыл сты уалæ Урсдоны былмæ. Нæ сыхаг Дзудзули сын хистæрæн бадт, æмæ мын уый кодта хабæрттæ. Систой дзы, зæгъы, æппæлынтæ, систой, æмæ лæг загътаид: уый арвæй æруадзгæ зæд куы у! Ныр уый дæр уым, мах лæппу дæр, уалæ халсарты куыстгæнæг бригады хицау у. Æмæ мæ зæрдæ ма ахсайа: кæд дзы уый дæр æппæлыд? Æмæ мыл ахъаззаджы кæл-кæл ма ныккæна Дзудзули, уый, дам, се ‘ппæты дæр амбылдта. Æмæ загъта, абоны бон иннæ бонты ‘хсæн, уалæ арвыл стъалыты ‘хсæн Боброн куыд бæрæг дары, афтæ бæрæг дардзæни, гъе! Æмæ, дам, цы нæ дзырдта! Стæй ма загъта Дзудзули, æвæццæгæн мын мæ былтæ айсæрдыны тыххæй загъта:

– Афтæ дзырдарæхст æнхъæл нæ уыдтæн Гадзыбайæн.

Бон-изæрмæ мæстæй фæсыгътæн. Изæры куыстæй æрцыди ‘мæ йæхи æхсынил багуыбыр хихсæны бын. Æз æм, кæд фæуыдзæн йæхи æхсад, уымæ дæр нал фæкастæн.

– Ды цытæ лæхурдтай, мæнæ лæппу, уыцы æнаккаджы куывды?

Уый калы дон дыууæ армыдзаггай йæ цæсгомыл, йæхи ницыхъусæг скодта. Æрæджиау раст слæууыд, хисæрфæн райста телæй æмæ йæхи сæрфы.

– Кæцы æнаккагæй зæгъыс? – йæ мидбылты худы.

– Хорз æй зоныс, кæцы æнаккагæй зæгъын, уый.

– Гъæ-гъæ, сæрдарæй зæгъыс? Æмæ йын уæдæ йæ райгуырæн боны куывды фидистæ кодтаин?

– Фидистæ дæ чи кæнын кодта?!

– Уæдæ?

– Дæ дзыхыл хæцыдаис.

– Гæр æмæ уый хуызæн фынгыл куы бадай, ноджы Урсдон дæ фæрсты зарджытæгæнгæ куы згъора, уæд æнцон у дзыхыл хæцын? Ноджы ерысы бацыдысты – чи хуыздæр зæгъа!

– Æмæ ныр исчи йæхи былæй æппары, уæд дзы хъуамæ ды дæр арæцугъай дæхи?!

– О! Иу исчи нæ, фæлæ адæмæн сæ фылдæр куы калой сæхи былæй, уæд хиуыл фæстæмæ хæцæн нал и. Адæм цы кæной, уый кæнын хъæуы, уый мын дæхæдæг амыдтай. Стæй уыцы гæды ныхасы ныхмæ цы растадтæ æд хотыхтæ! Гæды ныхас дæр хъæуы кæмдæр. Калмы марг дæр ма куы хъæуы.

– Калмы марг хосæн хъæуы!

– Гæды ныхас дæр хосæн хъæуы, æвæццæгæн.

Æз æм ницыуал сдзырдтон, мæ хуыссæнтæ мæ дæларм бакодтон æмæ зæронд хæдзармæ ацыдтæн.

Гисо Æзнауырмæ бакасти, бахудти йæм, афтæ зынд, уый дæр куы бахудид, Æзнауыр дæр, афтæ йæ фæнды.

– Стæй сæ рахæсс-бахæсс байдыдтам – æз сæ изæры зæронд хæдзармæ хастон, уыдон сæ райсом ног хæдзармæ хастой, æфсин дæр семæ фембал и, афтæмæй. Нырма дæр афтæ кæниккам, æвæццæгæн, – бахудти та уыцы худтæй Гисо, – фæлæ уыцы бон дæлæ Хæмпæлгоммæ зианмæ ацыдтæн. Лæппу йе ‘мбæлтты рамбырд кодта æмæ райхæлдтой хæдзар. Йæ агъуындæн дуртæ йын иуæрдыгæй ацамадтой, йæ самандуртæ – иннæрдыгæй, йæ бынат афтидæй аззад. Нырма дæр мæм дзы цыма хъарм фæцæуы, куы дзы æрлæууын, уæд...

Уыцы рæстæг дæлæты кæйдæр бæрзонд кауы рæбынты æрбацæйцыдысты дыууæ лæджы. Обауы ныккомкоммæ куы ‘рбахæццæ сты, уæд сæ иу иннæмæн йæ цонгмæ бавнæлдта æмæ, куы æрлæууыди иннæ, уæд æм бадзырдта, хъæрæй йæм бадзырдта, уæзхъусмæ куыд фæдзурынц, афтæ:

– Бугъайы зианы дæ нæ федтон. Нæ дзы уыдтæ?

Æмæ йæм бадзырдта иннæ – уый дæр хъæрæй, цыма йæм хыл кодта, уый хуызæн:

– Кæм дзы уыдтæн, кæ?! Уæд мæм чи нæ фæбæрæг кодта, уыдон Бугъайау фæуæнт!

– Агуырдтон дæ, æзын иумæ алæууæм, бадгæ дæр иу ран æркæнæм, æмæ – нæй.

– Ныббогъ ма кодтон, куы йæ фехъуыстон, уæд, стæй ставд цæссыгæй фæкуыдтон. Æндæр ма цы мæ бон уыди!

Стæй та базмæлыдысты лæгтæ. Гисо сæ фæстæ æнкъардæй касти, цыма, фæстæмæ куы нæуал раздæхой, уымæй сын тарсти. Уæдмæ тигъæй азылдысты, æмæ загъта Гисо:

– Хъусыс? Нæ, дам мæм фæбæрæг кодтой. Стæй иу богъ дæр нæ ныккодта уыцы Бугъайыл æмæ дыууæ богъы дæр. Æмæ, дам дæ агуырдтон! Цæмæн æй хъуамæ агуырдтаид?! Хистмæ чи æрцæуы, уый æмбæлттæ фæагуры мæрддзыгойы ’хсæн?! Æрцыдтæ зианмæ æмæ кæмфæнды æрлæуу, бадгæ дæр, кæимæ дæ æрæййафа, уыимæ æркæн. Æфсымæр дзы куынæ кæндзынæ, кæимæ æрбадай, уымæй. Фæлæ гæды ныхасыл афтæ сахуыр сты, æмæ раст ныхас ницыуал ад кæны сæ дзыхы. – Гисо басабыр æмæ, дыууæ лæджы кæуылты ацыдысты, уыцырдæм касти æнкъардæй. Стæй аздæхти Æзнауырмæ. – Ныхæсты бын дæ фæкодтон, зонын æй, фæлæ мæ зæрдæ афтæ загъта, æмæ зæрдæйы ныхмæ æрлæууын тæригъæд хъуыддаг у. Æнæуи дæр хабар у, æмæ йæ хъуамæ ракæнай искæмæн. Хъæугæ кæнынц адæмы кæрæдзийы хабæрттæ. Æндæр кæрæдзи нæ фæрсиккой, цы хабæрттæ дæм и, зæгъгæ. Æмæ, кæй бафарстæуа, уый хъуамæ багуыбыр уаид æмæ ракæнид йæ хабæрттæ. Афтæ уыди царды æгъдау. Ныр фехæлд уыцы æгъдау. Фæрсгæ ма акæнынц кæрæдзи, афтæ уæлæнгай фарст, фæлæ ничидæр хабæрттæ кæныныл схæцы, ничидæр йæ разы хъусынмæ æрбады. Афтæ ацæуынц фæйнæрдæм, кæрæдзийы хабæрттæн ницы базонынц, афтæмæй. Мæгуыр сты уыдон – йæ хабæрттæ чи нæ ракодта, уый дæр æмæ йын чи нæ байхъуыста йæ хабæрттæм, уый дæр.

## 5

Царды уылæнтæ иудадзыг дæр змæлды мидæг сты. Æмырæй лæууæн сын нæй. Куыд хъуамæ лæууой æмырæй, уæд ма цæй уылæнтæ сты?! Фæлæ лæджы цæст нæ хæцы се змæлдыл, нæдæр æй йæ хъуыды ахсы лæгæн. Афтæмæй иумæ цæуынц: уылæнтæ цæуынц, адæм дæр цæуынц. Æцæг уылæнтæ алы хатт иуæрдæм нæ цæуынц. Æниу адæм дæр нæ цæуынц алы хатт иуæрдæм. Æнæуи се ‘ргом размæ дарынц, афтæмæй арæх, тынг арæх, цæугæ фæстæрдæм кæнынц адæм. Цæуынц, цыдæртæ хæссынц: чи уæззау цыдæр хæссы, чи – рæуæгдæр цыдæр.

Фæлæ æппын чи ницы хæссы, ахæмтæ дæр бирæ сæпп-сæпп кæны семæ. Æмæ, цыдæр чи хæссы, уый кæдæмдæр цæуы, йæ хæссинаг кæм æрæвæрдзæн, ахæм кæдæмдæр. Фæлæ хæсгæ чи ницы кæны, уый æнæуи цæуы, кæдæм цæуы, уый нæ зоны, цæмæ дзы цæуы, уый дæр нæ зоны, уымæн æмæ дзы, цы æрæвæра, уый йæм нæй. Æмæ уыцы æнæуи цæуджытæ, исты чи хæссы, уыдонæй куы фæфылдæр вæййынц, уæд адæмыл фæстæмæ цæуын бахæцы.

Æмæ рахаста бæстæйы хицауад уынаффæ, цæмæй фæстæзад колхозтæм æрвыст æрцæуой зæххы куысты дæснытæ, ахуыр кæмæ и уыцы куысты фæдыл, фæлтæрд чи у уыцы куысты. Уынаффæ газеты уыди, æмæ йæ Æзнауыр касти иуизæр сæ тыргъы; бакасти йæ, иннæ хабæрттæ куыд бакасти, афтæ, æмæ, иннæ хабæрттæ куыд баззадысты кæмдæр хъуыдыты фæлмы, уыцы хабар дæр баззади афтæ.

Уыцы изæрæй иу мæй рацыдаид кæнæ нæма, æмæ Росеб Цъуйджыны куы балæууид, йемæ районы хицауадæй цалдæр лæджы. Хъæу базмæлыд, клуб байдзаг адæмæй; чи дзы нæ бацыд, уыдон дзыгуыртæ-дзыгуыртæй лæууыдысты клубы гом дуæртты раз æмæ сæм мидæгæй цы хъуысти, уымæ къæппæй лæууыдысты.

Æзнауыр баирвæзти мидæмæ æмæ бахизæны лæууыд, клубæн йæ рахиз фарс цы дуар уыд, уый бахизæны æмæ хæстæгæй-хæстæгмæ хъуыста, Росебæй куыд æппæлыдысты, уымæ. Иугай цыдысты, сценæйы кæрон цы радзурæн лæууыд, уырдæм æмæ дзырдтой æмæ дзырдтой, фарон, дам, иу фæллойбоны хыгъдмæ мæнæу дæс килæйы байуæрста колхоз, картоф – æртындæс килæйы, нартхор та – фынддæс килæйы. Ацы аз дæр, дам, фылдæр цы ʻрхауа фæллойбонмæ, æндæр, дам, къаддæр ницæй тыххæй æрхаудзæн. Мæнæу, дам сæм фаронæй фылдæр æрцыд, уæдæ, дам, сæ картофы æмæ сæ нартхоры хуымтæ адæймаджы дисы æфтауынц сæ бакастæй.

Росебæн ныхасы бар нæма хъавыдысты дæттынмæ, æвæццæгæн ма дзы аппæлынвæндтæ кодтой, фæлæ сыстади Росеб, лæгтæй хатыр ракуырдта æмæ радзурæнмæ нæ бацыд, фæлæ сценæйы былыл слæууыд æмæ уырдыгæй адзырдта адæммæ:

– Æгæр мæ æппæлынц, æмæ, æгæр кæмæй феппæлынц, уымæн, дам, йæ бинаг был фæзылын вæййы. Æмæ уæ цæмæн хъæуы зылынбыл сæрдар? Адон ацæудзысты, – ацамыдта уазджытæм Росеб, – фæлæ сымах алы бон мæнмæ кæсын хъæудзæн.

Стæй бахудти, цыдæр хионы худт бакодта, хъарм худт, æмæ дзы цыма адæмæн се уæнгтæ айтынг сты, уыйау æхсызгон улæфтытæ райхъуыст фæйнæрдыгæй.

– Æз ацы адæмы хорз зонын, уæдæ мæ уыдон дæр куыд ферох кодтаиккой. Нырма, махмæ-иу куыд дзырдтой, афтæмæй, далæ Ацыгаты Митъусæн цы хæдзар ауæй кодтон, мæ къогъозийы зæрæдтæ уый дæлбазыр лæууынц ауыгъдæй. Æз ам куыстон, æз дæр хицау уыдтæн – парторг номы тыххæй нæу. Фæлæ колхозы хицау колхозы сæрдар у. Æмæ иуæй-иутæм афтæ зыны, цыма, искæмæ куы байхъуса, уæд йæ кад дæлдæр кæны. Кæд худæг у, уæддæр, кад мæнæ-мæнæ дзæвгар кæмæн нæ вæййы, сæ кадæн уыдон фæтæрсынц æрхауынæй. Нæ бадти нæ ныхас кæрæдзийыл Арысманимæ, уæхæдæг дæр æй зонут, æмæ ма уын æй цы сусæг кæнон! Æз урс цæмæй загътаин, уый уымæй хъуамæ загътаид сау, мæнæ йæ цыма исчи фæдзæхсгæ бакодта – мацæмæй сразы у йемæ!

Æзнауыр хъуыста Росебмæ, куыннæ йæм хъуыста! Фæлæ та-иу, кæс-кæс, æмæ нымайыныл бацайдагъ: цымæ цал азы фæцардысты Комгæроны? Куы алыгъдысты, уæд Тинатин цыди æстæмтæм. Уый та – дæсæмтæм, Æзнауыр. Уый фæстæ цыппар азы институты, ныр кусгæ та кæны… æмæ та-иу анымадта, азтæ цас рауадысты? Нæй, йæ зæрдæ-иу фехсайдта – раст нæ банымадта. Æмæ та-иу ногæй райдыдта нымайын. Æмæ худти йæхимидæг йæхиуыл. Æмæ йын æхсызгон уыди, кæй нæ фæрæзта уыцы азтæ банымайын, уый, æмæ йын æхсызгон уыди, кæй худти, уый. Æвæццæгæн, æгæр тагъд кодта, Тинатин ныр кæм хъуамæ уа, уый базоныныл, стæй, Росеб сæрдарæй кæй кусдзæн, ууыл та æгæр цин кодта! Тынг цин кодта ууыл. Æмæ дзæбæх дзырдта Росеб, мæнæ цыма хохаг дуртæй къул амадта æмæ алы дур дæр йæхи бынаты æвæрдта. Æмæ фидаугæ дæр тынг кодта уыцы дзургæ-дзурын – бæрзонд, фындзджын æмæ роцъоджын, йæ уæлæ – æлыггъуыз гæлифе æмæ, хæсты командиртæ цы кителтæ дардтой, ахæм кител. Йæ сæрыл, – бæрзонд ных кæмæн ис, ахæм къепджын худ æмæ йæ ныхыл стъалы, сырх стъалы худæн.

– Ныр хицауады уынаффæ рацыд, уæлахиз уæд нæхи советон хицауад! Фæлæ куынæ рацыдаид уыцы уынаффæ, уæддæр мæ зæрдæ ардæм æхсайдта, ацы хъæумæ, ацы колхозмæ. Æмæ мæм афтæ кæсы, мах нæ рæттæ куы балвасæм, уæд, цыдæриддæр нæм къуылымпыйæ уа, нæ разæй сæ айсдзыстæм æмæ сæ таппызары хай бакæндзыстæм.

Стæй чидæр нымдзæгъд кодта, æмæ, цыма уымæ кастысты, уыйау се 'рмттæ кæрæдзийыл ныххостой уыйæппæт адæм, æмæ рабырста уыцы зæрдиаг æмдзæгъд клубы гом дуæрттыл. Уæд æдде чи лæууыд, уыдон дæр февнæлдтой æмдзæгъд кæнынмæ, æмæ дуне байдзаг æмзæгъдæй.

Æзнауыр ныр та уый рабар-бабар кодта йæхимидæг: цымæ, ракæндзæн Цъуйджыны колхоз дæр размæ, Комгæроны колхоз куыд ракодта, афтæ? Æмæ йæ куыд ракæндзæн, цымæ? Цæмæй йыл рахæцдзæн, цымæ? Æмæ йæ бауырныдта, тынг æй бауырныдта: рахæцдзæн уыдоны колхозыл дæр. Æмæ йæ æрфæндыд, – уыцы тæккæ уысм æй æрфæндыд – куы йæм бацæуид æмæ йын йæ къух куы райсид, куы йын райсид йæ къух æмæ йын æй зæрдиаг æлхъывд куы ныккæнид. Фæлæ йæм нæ бацыд æмæ йын нæ нылхъывта йæ къух – йæ ныфс нæ бахаста.

Уæдмæ райхæлди æмбырд, æмæ адæмы гуылфæн йемæ рахаста Æзнауыры. Æрхызти уыцы фæрссаг дуары асиныл æмæ бынæй бæлæсты бын æрлæууыд.

Уæдмæ къæсæрæй рахызт Росеб йæхædæг. Уым æрлæууыд асины сæр æмæ радзырдта уырдыгæй:

– Гъæуым-ма акæсут, иу лæппу никуы зыны?

Æмæ та ныр дæр фæфæнд кодта Æзнауыр: схиза йæм уырдæм, асины сæрмæ æмæ йын райста йæ къух. Нæй, нæ та фæцарæхст æмæ уæд æнæуи сдзырдта Росебмæ:

– Цы хуызæн лæппу дæ хъæуы?

– Дзæбæх лæппу, æнæзивæг лæппу.

– Æз не сбæззин?

– Ды кæд æгæр дæ?

– Нæ дæн æгæр.

– Уæдæ уæртæ мæ бæхыл абад, кæд æгæр нæ дæ, уæд æмæ мын нæхицæй мæ пæлæз æрдав. Уым чызгмæ бадзурдзынæ, æмæ дæм æй радæтдзæн. Кæм æрцардыстæм, уый зоныс?

Æзнауыр фæтыхст: кæм æрцардысты, уый нæ, фæлæ ам æрцардысты, уый æнхъæл дæр куынæ уыди. Уымæ афтæ касти, йæхædæг уал иунæгæй ссыди Росеб. Фæлæ «нæ зонын» куыд загътаид æмæ скъæрцц кодта:

– Зонын!

Росеб фæстæмæ баздæхт клубмæ. Æзнауыр лæугæйæ баззад, фæйнæрдæм ракæс-бакæс кодта – кæй афæрса? Стæй ма йæ уый дæр агайдта – куыд раджы слыгъдысты? Фыццаг уал æй хъуамæ равзæрстаиккой,

стæй слыгъдаиккой. Уый та нæма æвзаргæ ракодтой, нæ æндæр, афтæмæй рахæцыд йæ бинонтыл. Фæлæ уым йæ зæрдыл æрбалæууыд, уæд сæ тыргъы цы уынаффæ бакасти, уый. Æмæ уый хицауады æрвыст лæг куы у, Росеб: уый хъуамæ равзарой, æнæмæнг æй хъуамæ равзарой. Стæй йæ æнæуи дæр ардæм фæндыд, æвæццæгæн. Ам царди, æмæ йæ ныр дæр ам цæрын фæндыд. Æмæ бафарста уæд Æзнауыр, кæй фарста, уый бæрæг нæ уыди, афтæмæй:

– Æмæ кæм æрцардысты?

Лæгтæй чидæртæ бахудтысты, чидæртæ та сæ æнæуи бакастысты Æзнауырмæ, уæдæ кæдæм тагъд кæныс, бафæрс æй, кæм æрцардысты, уымæй, æмæ уа!

Æмæ йæм уæд Бодзыбо бацыд йæ ирон хъусджын дзабырты, уыцы æнæ уынæрæй йæм бацыди æмæ йын фыццаг йæ арм йæ риуыл æрæвæрдта – ахæм æгъдау уыди Бодзыбомæ: кæимæ ныхас кодтаид, уый йын кæд хионад кодтаид æмæ кæд уымæй, Бодзыбойæ, къаддæр уыдаид, уæд ын йе уæхскыл æвæрдта йæ къух, кæннод та – йæ тарыл. Æмæ йæ бафарста:

– Уалæ Бидзалаты Самсо кæм царди, уый нæ зоныс?

– Куыд нæ йæ зонын?

– Уæдæ уым агур Росебы пæлæз.

– Æмæ сæхæдæг цы фесты Самсотæ?

– Сæхæдæг далæ Сындзысæрмæ алыгъдысты.

– Цæмæн? – сонт фарст акодта Æзнауыр.

– Цæмæн, куы зæгъай, уæд уым сæхиуæттæй чидæртæ цæры, æмæ йыл сæхирдæм ахæцыдысты. Стæй уым хъæздыг колхоз ис кæмдæр. Самсоты размæ дæр ма алыгъди чидæртæ Сындзысæрмæ.

Бæх сæпп кодта, æмæ Æзнауыр æнахуырæй фесхъиу-фесхъиу кодта бæхы рагъыл. Йæ хъуыдытæ-иу йемæ асæпп-сæпп кодтой. Стæй та-иу фæсте аззадысты. Цымæ, æлхæнгæ бакодтой Самсоты хæдзар æви йæ æхxуырсгæ бакодтой? Æмæ йæ кæд æлхæнгæ бакодтой, уæд дæлдæр цæмæннæ æлхæдтой искуы? Æмæ дзы кæд ничи уæй кодта дæле, уæд дзы куыд хъуамæ балхæдтаиккой?! Стæй дзы, чи зоны, æнæуи æрцардысты, рæстæгмæ.

Бæх æрлæууыд, йæхæдæг æрлæууыд, æмæ бадис кодта Æзнауыр – куыд тагъд ацахуыр и йе 'рлæууæн бынатыл? Касти Æзнауыр бæхы рагъæй уыцы хуымæтæг, уыцы хъæууон бæстон арæзт каудуæрттæм,

уисбыд каудуæрттæм, æмæ сыл цин кодта – афтæ дзæбæх кæй уыдысты, ууыл дæр цин кодта, стæй сæ ныр уыдон кæй ракæн-бакæн кæндзысты, Росебты бинонтæ, ууыл дæр. Уæрдон батулæн – фæтæндæр каудуар, адæймаджы бацæуæн – нарæгдæр. Сæ кæрæтты – цыппæрдигъон амад цæджындзтæ, каудуæрттæ сыл уæрдæх цæгтæй хæст. Касти сæм Æзнауыр æмæ цин кодта, афтæ бæстон арæзт кæй уыдысты, ууыл. Дуæрттæн сæ быны гыццыл хъæдын цæлхытæ конд, дуæрттæ чи гом кæна, уымæн сыл уæлæмæ хæцын куыд нæ хъæуа – афтæ йыл бахæц, æмæ цалх йæ быны тулыныл фæуыдзæн дуарæн.

Касти каудуæрттæм Æзнауыр æмæ йæ цæсты тигъæй уыдта – уартæ тыргъы чидæр цæуылдæр лæууы æмæ ахорæн цъылынæг схæсс-схæсс кæны рудзынджы фæлгæты уæллаг ныхмæ. Цæстытæ каудуæрттæй фæхицæн сты æмæ уымæ сарæзтой сæхи, рудзынджы фæлгæт чи ахуырста, уартæ тыргъы цæуылдæр лæугæйæ, уымæ. Æмæ йæ зæрдæ ныссæххæтт кодта Æзнауырæн – уый Тинатин куы у! Тинатин куы у уый! Æмæ куыд фидыдта йæ къухы уыцы цъылынæг! Афтæ дзæбæх-иу æй фæцæйхаста, æмæ ныллæуу дæ бынаты, дæ цæнгтæ дзуарæвæрд скæн дæ риуыл, стæй дæ улæфт ныууром æмæ кæс! Кæс, цалынмæ баталынг уа, уæдмæ, стæй, куы баталынг уа, уæд дæр кæс – уый талынджы дæр ма зына, уый гæнæн нæй – уыцы къух уыцы цъылынæг куыд фæцæйхæссы, уый.

Фæлæ, кæмдæр ис Росебы пæлæз, кæмдæр ис Росеб йæхædæг. Æмæ ныр, цымæ, пæлæз ныххæццæ кæн Росебмæ, стæй фездæх, ам слæуу æмæ кæс! Фæлæ æндæр ран лæугæйæ афтæ куы нæуал зына, ныр бæхы рагъæй кæсгæйæ куыд зыны. Уартæ Джокондæ дæр алы ранмæ иугъуызон куынæ зыны – иу ранæй йæм бакæс, æмæ афтæ худы, иннæ ранæй йæм бакæс, æмæ афтæ нæ худы. Уый Гасболы дуарыл уыди дуары ӕрдæджыйас Джокондæ. Уым æм уыцы гыццыл хатæны уал ранæй кæсæн нæ уыди, фæлæ афтæ уыди, уый зыдта Æзнауыр. Æмæ цас нывтæ уыди уыцы къултыл æмæ уыцы бæзджын чингуыты! Мæнæ цыма цард-цæрæг уыдысты: исты йæм сдзур, æмæ дæм сдзурдзæн исты, йæ гом уæхскмæ йын бавнал, æмæ фестъæлфдзæни йæ гом уæхск. Уымæн гом уæхск нæ уыди, уымæн гом цонг уыди. Æмæ-иу фæцæйхаста уыцы цъылынæгыл уыцы ахорæны тæпп. Æмæ-иу хатт иу цъылынæг нал уыди, цалдæр цъылынæджы-иу фестади. Стæй таиу дзы иу цъылынæг дæр нал аззад, æмæ-иу уыцы цонг фæцæйцыди уæлæмæ, фæцæй-иу цыди, фæцæй-иу цыди...

Стæй ауыдта Тинатины цæсгом, хæстæгмæ йæ ауыдта, хæрз хæстæгмæ, афтæ хæстæгмæ йæ куыд ауыдта, уымæн ницы базыдта – йæ былтæ змæлыдысты, иугъæдон змæлд кодтой йæ былтæ, æвæццæгæн-иу цыдæр дзырдта. Загъта-иу уыцы цыдæр æмæ-иу æй загъд куы фæци, уæд та-иу æй ногæй загъта. Æмæ раппæрста йæхи бæхы рагъæй Æзнауыр, кæрты смидæг, тыргъы балæууыд. Æмæ æруагъта цъылынæг йæхи æмæ йæ уадулыл дæргъæццон фæд фæуагъта Тинатинæн, цыма йыл бæрæг кодта, уый хуызæн.

Æмæ нæ лæууынц æнæзмæлгæ царды уылæнтæ. Уартæ незаманты дуг куыд раздæхти фæстæмæ æмæ, астæуккаг æнустæ кæй хонынц, уыдон куыд ныррухс кодта! Ныв кæнынæй зæгъай, литературæ, театр, музыкæ – æмæ кæм не ссыгъдысты уыцы æртытæ! Æмæ сæ рухс нырма дæр рухс кæны, ныры рухсæй тынгдæр рухс кæны нырма дæр.

Афтæ арæзт у царды уагæвæрд. Иу ранæй уылæн кæны иннæ ранмæ, стæй, кæм хъæуы, уырдæм æмæ, кæцæй хъæуы, уырдыгæй! Ахсджиагдæр кæм хъæуы, уыцы ранмæ. Æмæ кæд Росебы дæр уыцы уагæвæрдмæ гæсгæ æрбахастой царды уылæнтæ? Уымæн æмæ дзы хъæугæ кæны Росеб. Æмæ Тинатин дæр хъæуы. Тинатин ныр Тинатин нал у, ныр тыны тын у, тын йæхæдæг нæ, фæлæ, тынæй цы тын ратæхы, уый.

## 6

Ахæм мæйрухс никуыма уыд, æвæццæгæн, зæххы цъарыл. Нарты Сатана-иу æртæ мыдамæзты ракодта æмæ-иу Стыр Хуыцаумæ скуывта, цæмæй, æнæхъæн мæй цы мит уаринаг у, уый уыцы æмæ уыцы æхсæв ныуура. Æмæ-иу æрцыд йæ куывд – залты мит-иу ныуарыд. Ныр дæр цыма Сатана скуывта, цæмæй, æнæхъæн мæй цы рухс кæсдзæни, уый уыцы æхсæв ныккæса. Бæстæ тæмæнтæ калдта, æмæ зонд не ‘ххæссыди уыцы тæмæнтыл. Дæ разы судзин куы фæуыдаид, уæд йæ сæрты нæ ахызтаис, æргуыбыр æм кодтаис æмæ йæ систаис.

Цыдысты Сатанайы куывдтытæ. Æмæ, цымæ, цæмæн цыдысты иннæ нæртон устыты куывдтыты уæлдай? Йесо Чырысти-иу мæлæг уды рабадын кодта йæ уатæй. Æмæ уый, адæмы бирæ кæй уарзта, уый руаджы уыди афтæ фæрæзджын. Бирæ у, тынг бирæ афтæ уарзтæй уарзыны бон. Æмæ афтæ уарзын æрмæст Чырыстийы бон уыди. Сатана та Уырызмæгæн хо баххæсыди, – иу мадæй гуырд уыдысты,

афтæмæй йæ бон баци йæ хинтæ æмæ йæ кæлæнты руаджы, цæмæй Уырызмæджы ус бакæна йæхи. Æмæ йын уыцы æнæгъдау миты тыххæй афтæ узæлыд йæ куывдтытыл Стыр Хуыцау? Йæ цæсгом та ма куыд хъæцыди Хуыцаумæ бакувын?! Нæ, нæ, цыдæр рæдыд æрцыди кадджыты – кæнæ чидæр раст нæ радзырдта, кæнæ чидæр раст нæ ныффыста. Уæдæ æхсаргарды фарсау йæ сыгъдæгæй цæхæртæ чи калы, уыцы кадджыты ахæм æбуалгъ ми разынæд!

Æмæ-иу йæ зæрдæ куыд схъиудта Æзнауырæн уыцы хъуыддагæй, æмæ-иу йæ сæрыл схæцын куыд нæуал уыд йæ бон! Æмæ-иу ныфсытæ куыд æвæрдта йæхицæн: нæ уыдаид афтæ, нæ бакодтаид афтæ Сатана. Нарты дуне, æппæт цæсгомæй барст кæм цыди, уым нæ уыдаид ахæм хабар. Нарты дуне, йæ сыгъдæгæй къæс-къæс чи кодта, уым куыд æрцыдаид ахæм æлгъаг хъуыддаг! Æмæ, дам, загъта Елдæйæн, дæ бæгæны, дам дын сæнхъизын кæндзынæн, æмæ, дам... Пуй, уæ цæсгæмттæ уыл æрлæбырæнт! Æмæ ма диссагæй цы кæныс! Уыцы æвзæр æвзæр куыд нæ фæкасти, кадджытæ чиныджы чи уагъта, уыдонмæ?! Хæрæгыл æй абадын кодта фæстæрдæм, ома йæ чъылдым размæ, æмæ йæ уынгты аралас-балас кодта. Уый – Уырызмæджы, Нарты чъирикувæджы, Нырты стыр Ныхасы йæ дзырд æрвнæрæгау кæмæн нæрыди, Нартæн хæтæны цæуын æмæ фос кæнын чи амыдта, уыцы Уырызмæджы. Абадын æй кодта хæрæгыл фæстæрдæм!

Институты куы ахуыр кодта, уæд сæ адæмон сфæлдыстад æмбырд кæнынмæ арвыстой, куыд фервитынц студентты, афтæ. Æзнауыр, уартæ Гуырдзыйы цы ирон хъæутæ ис, уырдæм ахауди. Æмæ йын иу къаннæг хъæуы дыууæ лæджы, дзырд кæрæдзийы дзыхæй истой, афтæмæй ракодтой, цинæй кæуыл амарди, уыцы кадæг. Уым, уыцы кадæджы, Уастырджи Дзерассæйы нæ рабадын кодта йæ нымæтын ехсæй, фæлæ Сасанайы. Æмæ диссаджы кадæг уыди уый.

Цæвиттон, цардысты ‘мæ уыдысты Нæртон ус æмæ лæг – Сасана æмæ Армагар. Армагар уыди, адæм æмбисондæн кæй хастой, ахæм куырд. Уый ахæм æрттигъæтæ арæзта, æмæ йæ цы фатыл бакодтаис, уый ивгъуыйгæ нæ кодта. Йæхæдæг та дæсныйы куыстыл хæст уыди Сасана, афтæмæй уыди фыдрæсугъд, æмæ йæ йæ фыдрæсугъд нæдæр æрбадын уагъта иу ран, нæдæр – æрлæууын. Æмæ Нартæй Чынтæм ахæм уæзæг нæ баззад, Сасанайæн хæзгул кæм нæ уыд. Æмæ хæзгултæ кæй дардта, уый æмбæхста йæ дæсныйы куыстæй. Йæ рувасдзарм дзæкъул

йæ цонгыл ауыгъд, афтæмæй-иу куы фæцæйуади, уæд афтæ зынд, цыма йæ фæстæ рухсы цъыртт нал баззад, цыма, цыдæриддæр рухс уыди, йемæ йæ фæхæссы. Йæ дзæкъулы цы хъулон-мулон тыччытæ дардта, уыдон, уартæ, Сырдонæн дон цы хуым фæласта, уый былтыл æруыгъта æмæ дæсны уыдонæй фарста. Йæ даргъ раздарæн чи уыд, йæ тымбыл зæнгты рæсугъд ын разæй чи æмбæхста æмæ йын æй фæсте дывæрæй чи æвдыста, уый-иу фелвæста, айтыгъта-иу æй, дуртæ-иу ыл апырх кодта, стæй-иу тугтæ дæр калдта йæ хъомхæссæны тымбыл былтæй.

Уыцы бон Армагар хъуамæ балцы ацыдаид. Йе 'рттигътæ бабирæ сты, æмæ сæ хъуамæ уæймæ ахастаид, æмæ Сасана Чебаты цæфхад-садзæг Зæриманæн йæ дыууæ хъоппæг цæстæй ацамыдта. Фæлæ Армагар балцы нæ ацыд, йæ уаргъхæссæн бæхæн йе рагъ хæлд разынд – кæмдæр иу æнæрайы ран йе рагъыл стылди, æмæ фæхъæдгæмттæ ис йе рагъ. Армагар нæ ацыд, фæлæ Зæриман æрбацыд. Сасана Армагарæн ронджы дурын бадардта, æмæ, сæ фæтæн тæрхæгыл уæлгоммæ куы ахъил Армагар, уæд сæхицæн тыргъы зæххыл бауат кодта Сасана. Зæриман уат кæнынмæ дæр нал хъæцыд, æнæрдызт байрагау мырмыргæнгæ йæ алыварс рауай-бауай кодта Сасанайæн.

Куыддæр сæхи æруагътой уыцы дзæбæх уаты, афтæ арв æмæ зæхх кæрæдзи хойын ма райдайой, ма! Арв цыма йæ маст калдта – куы-иу кæцырдыгæй ныггыбар-гыбур кодта, куы – кæцырдыгæй, стæй та-иу нырриуыгъта зæхх, афтæ-иу æй нырриуыгъта, æмæ-иу йæ хъеллауæй зæхх нал æнцади. Афтæмæй, куыддæр сæ удуадзæн цинтæм бахæццæ сты Сасана æмæ Зæриман, афтæ нырриуыгъта хæдзар, афтæ йæ нырриуыгъта, æмæ дзы дур дурыл нал баззад, хъæд – хъæдыл. Армагар, цы 'рцыди, уымæн зонгæ дæр ницыуал бакодта. Зæриманы фæтæн чъылдымыл цыдæр уæззау æрхауди æмæ йæ тæркк змæлд æрдæгыл аскъуыд. Сасана йæхи куы æрæмбæрста, уæд тыхтæ-амæлттæй ра-бырыд Зæриманы бынæй.

Уый фæстæ Нартæй Чынтæм ахæм нæ баззад – нæдæр ус, нæдæр лæг – Сасана ма куыд аирвæзти, уымæй чи нæ бафарста, æмæ кæй нæ бафарстой уымæй. Фæлæ зæрдæзæгъгæ дзуапп ничи никæмæн радта. «Хуыцауы хъуыддæгтæн чи цы бамбардзæн?!» – ууыл-иу æрлæууыд, кæй фарстой, уый дæр æмæ, чи фарста, уый дæр. «Гъомæ, æмбаргæ дæр цæмæннæ, фæлæ гæнæг Сасана уыди, мæгуыр Армагарæн та йæ уд аскъуыд, уæд уыдон цы хуызæн митæ сты Хуыцауæн дæр!» –

хъуыр-хъуыр-иу кодтой лæгтæ, зæхмæ-иу кастысты, афтæмæй. Фæлæ алчи йæхи хызта, уыцы ныхæстæм исты бадзура, уымæй – тарстысты Хуыцауы азарæй.

Æмæ-иу æнæхæдзар Сасана куы кæй зæппадзмæ бабырыд æхсæвиуат кæнынмæ, куы кæй. Афтæмæй Сатана уымæй райгуырд, уыцы Сасанайæ. Æмæ цас фæцин кодта Æзнауыр – ныр фервæздзысты Нарты кадджытæ уыцы æбуалгь хъуыддагæй. Куыддæр æрцыди йæ балцæй, афтæ фæфыста Сасанайы хабæрттæ, газеты сæ рауагъта, ныр хъуамæ Дзерассæйы сыгъдæг уд сыгъдæгæй баззайа, æмæ ноджыдæр сфидауой Нарты кадджытæ! Нæй, цыма ницы ныффыста æмæ ницы рауагъта газеты, уымæй уæлдай сыбыртт никуыцæй райхъуыст. Уæд æй, наукон институт кæй хонынц, уырдæм бахаста, уыдон ыл бацин кодтой, стæй йæ кæмдæр скъаппы бавæрдтой æмæ йыл дуæрттæ сæхгæдтой.

Цыди уыцы мæйрухсы Æзнауыр æмæ уыцы цæугæ-цæуын иу фæндыл ныллæуыд: ратæлмац кæна йæ уац уырыссаг æвзагмæ æмæ йæ далæ Уæрæсейы рауадза искуы. Уæд æм кæд уырысы 'рдыгæй исчи æрдарид йæ хъус. Кæннод уыцы æнæгъдау хъуыддаг уыцы æнæгъдауæй кæдмæ разын-разын кæндзæни Нарты кадджытæй?!

...Уыдон уайтагъд ацыдысты. Æртæйæ ацыдысты, уартæ сæрдыгон дарæнтæм ацыдысты. Росеб йæхæдæг, зоотехник Биганоз æмæ фермæйы хицау Хада. Сæ бæхтыл абадтысты æмæ ацыдысты, сæ цæфхæдты къыбар-къыбур сæ фæстæ зади бæхтæн. Æзнауыр уырдыг лæууыд æмæ сæ фæстæ касти æмæ, Бодзыбо йæ фарсмæ куыд балæууыд, уый нæ бафиппайдта.

– Ссардтай сæ? – бахудти Бодзыбо.

– Ссардтон, – загъта Æзнауыр.

– Хæдзар ницы ахæм у, фæлæ дзы цæхæрадон хорз и, æмæ, хæдзарæн цæхæрадон куынæ уа, уæд кæйфæнды уæд. Гъеныр дæлæ мах, æмæ нæ цæхæрадонæй цæрæм.

Æзнауыр бахудти, афтæ йæхицæн бахудти, фæлæ Бодзыбо базыдта, Æзнауыр бахудти, уый æмæ йæм бадзырдта:

– Уæд æз амæлон, афтæ у!

Æзнауырæн та цæхæрадоны коймæ Бодзыботæн сæ сыхæгты кæрдо бæлас æрбалæууыд йæ зæрдыл, Годжиаты бæлас, æмæ ууыл бахудти. Диссаджы бæлас уыд, æмæ йæ диссагæн хастой æгас хъæубæстæ. Бæлас Годжиаты уыди, уыдоны цæхæрадоны зад, афтæмæй се 'мбонды сæрты

цæхгæр куы бакъæдз уаид цæвæджы хъæды хæцæнау æмæ Бодзыботы цæхæрадонмæ куы бахизид, цы уыди, уымæй. Йæ уидæгтæ куыд хæцыдысты, куыд урæдтой уыцы стыр бæлас, уый стыр диссаг уыди.

Ныр, йæ тонынафон куы ‘рцæуы бæласæн, уæд сæ даргъ асин раккой кæнынц Годжиатæ, Бодзыботы кæртыл бахизынц æмæ цæхæрадоны астæуты бараст вæййынц кæрдомæ. Æртонынц æй, уыцы даргъ асинығ слæууынц æмæ йыл гага нал ныууадзынц. Стæй асин æмбондмæ сæвæрынц æмæ къалатитæ кæрдотæй цъуппамадæй ныддæттынц æмбонды сæрты сæхи цæхæрадонмæ. Уый фæстæ уыцы даргъ асин раккой кæны сæ исчи æмæ йæ фæстæмæ рацæйхæссы, кæуылты йæ бахастой, ууылты! Уæд асин дæр цæмæннæ ныддæттынц къалатиты фæстæ, уымæй сæ ацу æмæ бафæрс.

Кæддæр Бодзыбо Годжиайæн бауынаффæ кодта:

– Ныр, цымæ, æмбонд æрыхал æмæ дзы дуар сараз, уæд хуыздæр нæ уаид?

Годжиа йæ пырх къух йæ цæсгомыл бафæлдæхта, йе ‘нгуылдзтæ йæ цæстытыл бахъилтæ кодта, афтæмæй фæлæууыд, фæлæууыд, стæй загъта:

– Фæндæй æвзæр фæнд нæу дæ фæнд, фæлæ æвгъау нæу, уый хуызæн бæрзонд æмбонд æмæ йæ нычъчъеппытæ кæн! Стæй бæлас дæр куы фæчиуа исчердæм. Ныр дзæбæх лæууы æмæ...

Æмæ-иу хъуыды кодта Æзнауыр: дунейы ахæм хабар никуы æрцыд, æвæццæгæн, ам йеддæмæ! Уый ирон хабар у, сыгъдæг ирон хабар, афтæ сыгъдæг ирон у, æмæ йыл иннæ адæмтæй худгæ цы бакæна исчи, æндæр дзы зæгъгæ ницы кæндзысты. Уæлæнгай сæм фæкæсдзæн. Фæлæ уæлæнгай нæу, дзæбæх æм æркæс, уæд йæ бын зынгæ дæр нæ кæны. Æмæ ирон хабар у, Иры дзыхъхъы чи уыд, ахæм хабар. Æмæ æрмæст Иры дзыхъхъы фидауы. Тынг хорз фидауы Иры дзыхъхъы.

Цыди уыцы даргъ уынджы уæлæмæ Æзнауыр æмæ цин кодта, уынг афтæ даргъ кæй уыд, ууыл. Ноджы ма даргъдæр куы уыдаид, уæд цу æмæ цу! Æнæуи дæр цас цæсгом скодтаид лæг йæхицæн – ацы стыр дунейыдзаг мæйрухс ныууадз, дунейы дæр, чи зоны, нæ цæуы, чи зоны, кæлы кæмдæр дунейы былтæй дæр – ды та ацу дæ хæдзармæ æмæ дæхиуыл дуар бахгæн!

Æмæ ссæудзæн, иу цыд фалæмæ акæндзæн сæ рæзты, иу цыд ацырдæм æрбакæндзæн æмæ рацæудзæн. Уым фылдæр рацу-бацу кæнæн

нæй. Ацы мæйрухсы, цæмæйзон, кæдæмыты уыны лæг! Æмæ йыл уæд та искæй цæст æрхæцыд, уæд афтæ нæ зæгъдзæн, ай сайд фæци?! Цы фæндæгтæ нæмы кæйдæр уынджы! Æмæ æрмæстдæр иу цыд – фалæрдæм, иу цыд – ацырдæм.

Уæдмæ æрхæцыдысты йæ цæстытæ: хæдзарæй чысыл æддæдæр уынджы хъæбæрыл лæууы хосæй цъупдзаг уæрдон. Æрдæбон дзы ахæмæй ницы федта, æвæццæгæн æй уый фæстæ æрласта сыхæгтæй чидæр æмæ уым суагъта йæ галтæ кæнæ йæ бæхтæ. Уым сæ цæмæн суагъта, хæйрæг æй базонæд! Хосы тæф, уыцы рæууон хосы тæф стади уæрдонæй æмæ бырста фæйнæрдæм. Æзнауыр æрлæууыд уæрдоны цур – сулæфа хосы тæф! Æмæ раст уæд уартæ кæрты рæбынæй куы райхъуысид:

– Цы лæууд фидыс, дæлæ чызг!

Уæдмæ азылди уæрдоны фæрсты Æзнауыр, æмæ – уæртæ Тинатин! Лæууы, каудуарыл ранцой кодта. Æмæ хъыг уыди Æзнауырæн, кæй йæм рахъæр чындæуыд, уый – уæдæ уыцы хосы тæф, уыцы мæйрухс, уыцы сабыр изæр – уадз æмæ лæууа!

– Æз кæмæ дзурын? Дæ цай ныууазал и, æмæ та уый тыххæй арт кæндзыстæм?

Æмæ бадис кодта Æзнауыр: цымæ, мæйрухсы ныхас дæр хуыздæр хъуысы? Уæдæ йæм уартæ, цæмæйзон, кæцæй дзуры, æмæ цыма йæ фæстæ лæууы, чи йæм дзуры, уый, афтæ дзæбæх хъуысы йæ ныхас. Æмæ бахудти чызг æмæ дзуры хъæрæй уыцы худгæ-худын:

– Охх, Æдзи, куыд мæ хъыгдарын байдайыс, куы фæзарын, уæд!

Æмæ бахудти Æзнауыр дæр, æмæ чи фæлæууыдаид æнæ бахудгæ уыцы бахудт æмæ уыцы ныхæстæм! Ноджы ма кæмдæр куы фехъуыста уыцы ныхæстæ Æзнауыр. Ахæм кæмдæр сæ куы фехъуыста, бæлвырд кæмдæр! Уæдмæ бахæццæ ис каудуармæ æмæ æрлæууыди йе ’ддаг фарс. Æмæ цыма æрдæбонæй нырмæ дæр ам уыди, æмæ иумæ ныхæстæ кодтой æрдæбонæй нырмæ дæр, уыйау бадзырдта Тинатин Æзнауырмæ:

– Цы дзæбæх лæг уыдис Капиев, нæ?!

– Дзæбæх лæг уыди Капиев, тынг дзæбæх лæг, фæлæ мæм дис кæсы – сæхи æвзагыл цæуылнæ фыста? Уырыссаг æвзаг фæхъæздыгдæр кæнынмæ хъавыди!

Æмæ фестъæлфæгау кодта Тинатин.

– Фæлæуу-ма, кæдæм мын фауыс мæ цæстыты раз Капиевы?! Стæй йæ ды та цæмæй зоныс?! – йæ уайдзæф афтæ зæрдæйæ нæ уыди, фæлæ

йæ фарст зæрдæйæ уыди тынг. Æзнауыр æм бакаст, æмæ йæм афтæ фæзынд, цыма йæ зæгъинæгтæй ницы баззад æнæ загъдæй, æмæ йын хъыг уыди. Уæддæр хорз уыди, æмæ йæ мидбылхудт хъазыди йæ былалгъыл. – Æмæ йæ ды та цæмæй зоныс?

– Æмæ йæ ды цæмæй зоныс?

– Æз ын бакастæн йæ чингуытæ. Йæ боныг дæр ма йын бакастæн.

– Æмæ сæ дæу йеддæмæ кæсын никæмæн уагътой?

Тинатин исдуг кæсгæйæ баззад Æзнауырмæ, стæй хъæрæй ныххудт.

– Ацы мæйрухс мын мæ сæр разилын кодта – æцæг мын хъыг уыди, æцæг, ды дæр кæй зоныс Капиевы, уый.

Æмæ дзурынмæ фæци Тинатин, уыцы зæрдæбын æмæ нымдгæнгæ дзырдта æмæ дзырдта: «Бады Сулейман сæ ныллæг тыргъы – æрдæгæй дæлæмæ дурæй амад, æрдæгæй уæлæмæ – бынтон гом – æмæ кæсы, æдде лыстæг æртахæй куыд уары, уымæ, æмæ та йæм радзуры мидæгæй йæ бинойнаг: «Хæринаг уазал кæны, Сулейман!» Сулейман не змæлы – цæй хæринаг æмæ цæй цыдæр! Уый къæвдамæ кæсы æмæ къæвдамæ хъусы, уыцы лыстæгæртах къæвдамæ. Æмæ та уæдмæ ногæй райхъуысы: «Сихорафонæй ахызт, Сулейман!» Сулейман бады, не змæлы Сулейман. «Цы фæдæ, цы Сулейман?» Æмæ йæ сæр батилы фæйнæрдæм Сулейман: «Охх, ацы зæронд, куыд мæ хъыгдарын байдайыс, куы фæзарын, уæд!»

Тинатин афтæ цин кодта, цы дзырдта, ууыл, æмæ Æзнауыр дæр райдыдта цин кæнын. Æмæ загъта Тинатин – йæ цин æй дзурын кодта, æмæ уымæн загъта:

– Гъæ, Сулейманты фæкæнай, кæд куыд дзæбæх ныхæстæ загътай. Æвæццæгæн, дунейы дзурджыты æрæмбырд кæн æмæ сын ерыс расид, уæддæр сæ афтæ хорз ничи зæгъид – адæймаджы цинып дæр æфтауы, æмæ дзы кæцæйдæр æнкъард улæфт дæр хъуысы.

– Æмæ, Сулейман цæуыл зарыд, уый раиртасдзысты ахуыргæндтæ, фæлæ, ды цæуыл зарынвæндтæ кодтай, уый цы бауыдзæн, уый?

– Уый дæр уадз æмæ иртасой ахуыргæндтæ, – бахудти та Тинатин. – Æниу æй цасфæнды куы иртасой, уæддæр сæ бон ницы бауыдзæн.

Нæй, уæддæр ма цыма цыдæр аззади йæ зæгъинагæй æнæ загъд. Уæртæ йæ былтæ кæрæдзийыл куыд абадтысты, уымæй бæрæг у. Æмæ дзы, цымæ, цæуыл фæхæцыдаиккой фæстæмæ уыцы зæгъинагæй? Æмæ йыл цæмæн фæхæцыдаиккой фæстæмæ? Фæлæ йæ рафæрс-бафæрсыл не схæцыди – хорз æй зыдта, уæддæр ын ницы бæлвырд зæгъдзæн,

цалынмæ йæ æрфæнда, уæдмæ. Æмæ лæууыд, æмæ йæ бирæ лæууын нæ бахъуыд.

– Ацы мæйрухсыл, æндæр цæуыл! Искуы уыйбæрц рухс ныккæлгæ уыди?! Акæсæд-ма йæм исчи, кæддæра кæуылты ахаста йæхи! Кæуылты сæх-сæх кæны уыцы урс æхсæрдзæнтæй!

Æмæ Æзнауыры зæрдыл æрбалæууыд, Козьма Прутковы чиныджы фæсивæд куыд цин кодтой мæйыл, уый.

– Козьма Прутковы чиныджы куыд дзырдтой мæйы тыххæй, уый нæ хъуыды кæныс?

– Æмæ чи у Козьма Прутков, æз ын йæхи дæр куынæ хъуыды кæнын?

– Уыд, растдæр зæгъгæйæ та, уыдысты. Кæд нæ рæдийын, уæд æртæ уыдысты, æмæ сæ фыстытæ уыцы иумæйаг номимæ уагътой. Æмæ сæ чингуытæй иуы фæсивæды ‘хсæн ныхас рауади – фæсивæд æнæмбаргæ-исты, мыййаг, нæ уыдысты. Чи зоны, æгæр æмбаргæ дæр уыдысты. Æмæ, дам, мæй куыд хорз у, нæ фæлæ! Ныр, дам, мæй куынæ уаид, уæд, дам, мæйрухс дæр нæ уаид, æмæ, дам, дуне мæйдары мидæг нæ аныгъуылид?! Æмæ, дам, мæйæн аргъ нæй. Æмæ, дам, дуне фидаугæ дæр мæйæ кæны. Æмæ уæд иннæтæй чидæр йæ ныхас куы баппарид: «Уæд хур та, хур?» Æмæ йæм фæкъæпп кодта фыццаг: «Хур цы?! Бон æнæуи дæр рухс вæййы!»

Æмæ ныххудти Тинатин. Худти æмæ худти, æмæ йын мæйрухсимæ куы баиу уа уыцы худгæ-худгæ, уымæй старсти Æзнауыр.

Æмæ та райхъуысти уæдмæ мидæгæй:

– Ныр кæдмæ лæудзынæ уыцы ран иунæгæй? – ацы хатт цыма уайдзæфы улæфт дæр уыди ныхасы.

Æмæ бадзырдта мидæмæ худгæ-худын Тинатин:

– Иунæгæй нæ лæууын, Æдзи!

– Уæдæ дæ хæйрæджытимæ лæуыс?

– Нæгъ. Мæ хæйрæджытимæ нæ лæууын.

Стæй аздæхти Æзнауырмæ:

– Ай, мæнæн кæмдæр хæйрæджытæ дæр ис.

Æмæ йæм бадзырдта Æзнауыр дæр:

– Хæйрæджытæ алкæмæн дæр ис.

– Дæуæн дæр ис?

– Æмæ алкæмæн куы ис, уæд мæнæн цæмæннæ хъуамæ уа иу-дыууæ дзæбæх хæйрæджы!

– Æмæ кæд демæ не сты дæ хæйрæджытæ, уæд бавдæл æмæ нæм мидæмæ рацу. Кæннод Æдзи афтæ фенхъæлдзæн, цыма æцæг хæйрæджытимæ лæууыдтæн, – бахудти та Тинатин.

– Мидæмæ? Æмæ æнцон бацæуæн у мидæмæ?

– Æмæ дын афтæ чи зæгъы, æнцон бацæуæн у?! Æмæ иууыл æнцон бацæуæнтæ кæм и?! Стæй дзы, ды куыд зæгъыс, афтæ зынæй дæр ницы и. Бацу æмæ, афтид бандон кæм фенай, уым ыл æрбад, – дзургæ-дзурын, лæгдзæуæн каудуар цæджындзмæ цы уæрдæх-цæгæй иугонд уыд, уыл схæцыд уæлæмæ Тинатин æмæ, дуары бын цы гыццыл цалх уыди, уый тулынмæ фæци, æмæ йæ уæлæ дуар дæр уыцы дзæбæх ахæцыд йæхиуыл.

## 7

Мад цыма цæмæйдæр Росебы хуызæн уыди, афтæ зынд Æзнауырмæ. Æмæ та-иу æм аивæй бакасти: бæрзондгомау, саулагъз. Уыцы уырдыг лæудæй-иу алæууыд, цыма æнæвдæлон уыд, цыма йæм кæмдæр æнхъæлмæ кæсынц. Сæ нæмттæ дæр æм æмхуызæттæ зындысты цæмæйдæр. Росеб æмæ Русу. Уæвгæ Русу æххæст ном нæу мадæн. Уый йын цыбыр фæкодтой йæ ном, цæмæй æнцондæр дзурæн уа, уый тыххæй. Уый йеддæмæ Русудан хуыйны æххæстæй йæ ном. Стæм ном у Русудан Ирыстоны. Гуырдзыйы арæхдæр у, æвæццæгæн. Аланты паддзæхтæй, дам, иуы усы ном Русудан уыди, Худаны бинойнаг, Гуырдзыйы номдзыд ус-паддзах Тамары фыдыхо. Уый дæр Русу хуыдтаиккой Нузалы сылгоймæгтæ. Гуырдзыйы ахæм æгъдау нæй, æвæццæгæн. Нæ, нæ дзы уыдзæн, æндæр Бурдуханы ном дæр фæцыбыр кодтаиккой, фæлæ цыма никуы баззад уыцы ном цыбырæй. Æниу сын цыбыр кæнын комгæ дæр нæ бакодтаид уыцы нæргæ ном. Йæ нæртон арм æмæ йæ бирæ арфæйаг хъуыддæгтæй скодта йæ ном афтæ нæргæ; уæды Гуырдзыйы уæздæттæ йын йæ ном сæ былалгъыл дзæгъæлы куынæ дардтой. Фæлæ, дам, Тамар цыма лæппутæм бакæс-бакæс уарзта. Стæй, дам-иу цыма æрмæст бакæс-бакæсыл дæр нæ баззад. Уыдæттæ дæр ын Гасбол дзырдта Æзнауырæн. Æмæ йын тынг хъыг уыди, фæлтау ын æй куынæ радзырдтаид. Тæригъæд кодта Сосланæн, йæ сæр-иу фæйнæрдæм тылдта æмæ тылдта. Цыма афтæ нæ уыдаид, уый зæгъынмæ хъавыд. Кæд ыл уæлæхох кодта Тамар?

Кæд æй йе ‘мсæрыл нæ нымадта? Кæд ын сæрыхицау нæ уыди Сослан, иронау куыд вæййы афтæ? Кæд йæхæдæг уыди сæрыхицау Сосланæн?

...Фæлæ уæддæр цыма цæмæйдæр уыди Росебы хуызæн. Стæй йæм æнæуи дæр афтæ зынди Æзнауырмæ: ус æмæ лæг хъæрмудæй куы цæрой, уæд цæмæйдæрты ма бахуызæттæ уой, уый гæнæн нæй. Кæд бирæ цæмæйдæрты нæ, уæддæр гыццыл цæмæйдæрты. Кæсгæ никуы ницы бакодта уый тыххæй, хъусгæ дæр никуы ницы фæкодта – уый йæхæдæг хъуыды кодта афтæ. Уæдæ куыд и уый гæнæн, æмæ дыууæйæ фæрсæй-фæрстæм æрвитой сæ царды бонтæ æмæ æхсæвтæ, иу мæтыл мæт кæной, иу циныл цин кæной æмæ æмхуызæттæ мацæмæй кæной?! Фыййау бирæ чи фæцæуы, уый ма фысы хуызæн дæр куы свæййы цæмæйдæрты. Дæлæ сæ дæллаг уынджы цы Тутули цæры, уый цæрæнбонты фыййау фæцыд, æмæ Æзнауырмæ кæд фысы хуызæн нæ фæкæсы – уыцы гуыбыр цæсгом, уыцы æппæрст уæхсчытæ. Сæ сисрæбын бадгæ йæ куы ауыны Æзнауыр, уæд кæд нæ фестъæлфы – уæртæ кæйдæр фыс бацыди æмæ Тутулийы бадæны сбадти! Æмæ йын æндæр гæнæн нæй: уал æмæ уал азы – фысты ‘хсæн! Иуæрдæм акæс, æмæ – фыстæ, иннæрдæм акæс, æмæ уым дæр – фыстæ!

Æмæ та-иу æрхаста йæ цæстытæ Русуданыл – уыцы дзæбæх бадти пецы фарсмæ, цыма арт уыди пецы æмæ цыма йæхи тавта. Уым сæ хæрзæфснайд мæнгагъуысты рæбын цы цыбыркъах зест пец уыди, уый фæйнæфарс бадтысты. Тинатин рауай-бауай кодта, æвæццæгæн, фынгмæ цы æрдава, ууыл архайдта. Русудан ныхасæй не ‘нцад, æмæ йæм хъуыста Æзнауыр, тынг æхсызгонæй йæм хъуыста. Кæд уыдысты хæрз æмбæлттæ Зазионимæ, Æзнауыры мадимæ! Æзнауырæн ма хо дæр кæй уыди æмæ æфсымæр дæр, уый дæр зыдта æмæ, йæ кæстæртæ кæй сты, уый дæр. Сæхи лæппу хистæр кæй у Тинатинæй æмæ кæмдæр Уырысы æфсæддон скъолайы кæй ахуыр кæны, уыдæттæ дæр ын фæдзырдта.

– Иухатт уартæ, Цирхъæнгæс хох кæй хонынц, уый бынмæ ацыдыстæм, уым давон раздæр фæзыны, æмæ уæд давон æмæ хуыскъæлæй нæ уыди нæ хард! Мах Зазионимæ иу дæлвæзмæ бафтыдыстæм. Ныр дзы давон сбырста, сбырста, æмæ йыл лæг цинæй зæрдæдзæфтæ кодта. Багуыбыр стæм къахыныл. Бон махмæ нæ кæсы, уый нæ рох дæр фæци. Афтæмæй дын изæрмилтæ нæ уæлхъус куы ‘рбалæууыиккой. Февнæлдтам ма нæ къæссатæм, нæхи ма раппæрстам, фæлæ ма нын цы ’нтысти! Нæ удтæ

ма удтыл гыццыл хæцыдысты, афтæмæй рахæццæ стæм. Хæдзæрттæй ма кæмæй зынди рухсы тæпп, кæмæй – нал. – Русудан бахудти, бынтон худты хуызæн нæ рауад йæ бахудт. – Æмæ дын нæ диссаг нæ загътон: цæуын-иу куы нæуал фæрæзтам, уæд-иу куы нæ иу февнæлдта ныфсытæ æвæрынмæ, куы – не ‘ннæ. «Гъæтт, бирæ нæ нал хъæуы!» – загътаид нæ исчи, æмæ та-иу агуыбыр стæм нæ уæззау къæссаты бын. Фæлæ цасы фаг уыдаид уыцы ныфсæвæрд! Æмæ та-иу нæ зæнгтæ нæ быны дыдæгътæ кæнын байдыдтой. Æмæ та-иу нæ уæд загътаид исчи: «Гъæтт, куыйты рæйын хъуысын байдыдта». Цыма æнæ куыйты рæйд нæ зыдтам, кæйонг рахæццæ стæм, уый! Уартæ Кæрæдждзын обаумæ куы фæхæрд кодтам, уæд алы къахдзæфыл дæр дæндагæй хæцын райдыдтам, размæ нын ницыуал æнтысти, æмæ дын уæд Зазион ма скъæрцц кæна – уыцы тых ма йæм кæцæй æрцыд, ууыл дисæй амардтæн: «Гъæтт, не знæгты фæндиаг нæхи ма фæкæнæм!» Æмæ дын нæ кæл-кæл ма ссæуа нæ дыууæйæн дæр, æмæ дын кæрæдзийыл ма бахауæм æд къæссатæ! Уæдæ нын цæй знæгтæ уыди! Фæлæ нын тыхы хос фæци уыцы хъæр, нæ худыны къуди нал аскъуыди уым ацырдæм. Æрцардта нæ уыцы сидт.

Æмæ та бахудти Русудан, æмæ йæм кæсгæйæ аззади Æзнауыр: уый у, уый, уыцы бахудт, уый сæ æмхуызон кæны Росебимæ! Æмæ æрдæбон асины сæрæй куы радзырдта уымæ, уæд æм афтæ куы бахудти уый дæр. Æмæ йæ нæ фæлæ куыд æрæгмæ æрцахста, цæмæй æмхуызон сты, уый? Сæ бахудтæй! Æмæ сын уыцы бахудт æмхуызон кæны сæхи дæр. Æмæ, æвæццæгæн, бахудынæй хуыздæр ницы равдисдзæн, æмхуызон чи вæййы, уыдон æмхуызон кæй вæййынц, уый.

Уыцы рæстæг Тинатин сæ рæзты æрбауад, йæ къухы – цалдæр уæлæнгай тæбæгъы. Бахудти, уыцы сыгъдæг худт бакодта, урс-урсид худт, æмæ бадзырдта Æзнауырмæ:

– Æдзи иунæгæй аззайы, æмæ йæ дзуринæгтæ бамбырд вæййынц, фæлæ фидар лæууу.

Æмæ йæм ницы сфæрæзта дзурын Æзнауыр. Кæсгæйæ йæм аззади, æмæ ма йæм куыд сфæрæзтаид дзурын! Æмæ йæм цы сфæрæзтаид дзурын, бынтондæр тыны хуызæн куы уыди, тыны тыны хуызæн! Æмæ, тыны тын цы хуызæн у, уый нæ зыдта, фæлæ Тинатин тыны тыны хуызæн уыд, уый зыдта.

– Афтæ у, афтæ, – бахъæлдзæг и Русудан, æмæ афтæ зынд, цыма, йæ дзуринæгтæ кæй бамбырд вæййынц, уымæй бахъæлдзæг и. – Чызг

у æмæ горæты вæййы, лæг у æмæ, цæмæйзон, цафон æрцæуы. Æмæ, дзурын куы нæуал базонон, кæд уымæй не стæрсын! Ныр ма дæ иу цæмæйдæр хъавын афæрсынмæ, стæй мæм хатгæ куы бакæнат, уæддæр мæ сыбыртт нал фехъусдзыстут. Ахуыргæнæгæй, дам, кусыс, æмæ мын ахæм æхсызгон уыди, æмæ дын æй куыд зæгъон! Хæрзаг Зазион сулæфыди, мæгуыр. Æмæ, кæддæра, зæгъын, ды та цы амоныс скъолайы?

– Ирон æвзаг амонын, æмæ йæ кæмæн фæзæгъын, уый мæм йæ чъылдым фездахы, æвæццæгæн, ома ирон æвзаджы ахуыргæнæг та цæй ахуыргæнæг у!

– Æмæ æз ууыл нæ тыхсын! Цæмæн нæ бахъуыд, адæмы ‘хсæн кад кæмæн нæй, ахæм ахуыргæнæг?! Æмæ уый тыххæй нæ ныммадзуратæ стæм! Нæй! Йæхи фæнд атардта. Æмæ уый ахæм чызг у, æмæ махмæ ма байхъуса! Кæд æм мæ зæрдæ хингондæй нæ фехсайдта!

Æзнауыр уыргъуыййыл бафтыд. Фæцæйстади æмæ нæ сыстади, Русуданмæ бакасти æмæ йæм нæ бафæрæзта кæсын. Йæ цæстытæ пецмæ фæцарæзта æмæ уæд загъта:

– Æмæ кæдæм бацыди стæй?

– Уырдæм, уырдæм! – цыма фыдæнæн дзырдта, афтæ хъæрæй загъта Русудан. – Ирон æвзаджы ахуыргæнджытæ кæм уадзынц, уырдæм.

– Тинатин?!

– Тинатин, уæдæ дын кæй кой кæнын!

– Диссæгтæ! – фæстæмæ ма бæргæ фæхæцыд йæ ныхасыл, фæлæ сирвæзти, æмæ зылынджыны ракæс-бакæс акодта фæйнæрдæм Æзнауыр.

Æмæ та загъта Русудан:

– Æнæуи хорз у ирон æвзаг, хуыздæр ма цы фæуа! Уый куыд сфидауа адæймаджы æвзагыл, афтæ йыл, дунейы æвзæгтæ куы æрæмбырд кæнай, уæддæр никæцы сфидаудзæн.

Æзнауырæн йæ хъусты гуыв-гуыв кодтой Русуданы ныхæстæ. Уæдæ ма исчи акæсæд Тинатины митæм! Æмæ уæд куыд никуы ницы ской кодта. Нæ быдыры æнæкæрон тæхæнтæ æмæ зæгъæнты, нæ уым, скъолайы рацæуæнты æмæ бацæуæнты! Æзнауыр уырдæм цæудзæн, уый зыдта, уый иууылдæр зыдтой. Æмæ дзы уæд куыд никуы ницы схауди. Уый дæр, ирон æвзаг æмæ литературæ кæм ахуыр кæнынц, уыцы факультетмæ цæудзæн?! Никуы æмæ ницы. Йæ цæстыты дæр никуы ницы разынд ахæмæй, афтæмæй алцы зынд уыцы цæстыты. Æмбæхсгæ йæ кодтаид æмæ йæ æмбæхсгæ дæр цæмæн кодтаид? Науæд

æмбæхсгæ цы кæнай, уый ноджы хуыздæр куы разыны. Диссæгтæ, æндæр ницы, стыр диссæгтæ.

Æнæуи фидаугæ кæндзæни урокты. Æвзаджы урокты дæр фидаудзæн, литературæйы урокты дæр. Кæсдзысты йæм скъоладзаутæ. Хъусдзысты йæм. Æмæ-иу сын дзурдзæн Тинатин, уыцы дзæбæх-иу сын дзурдзæн, æмæ иу афтæ зындзæн, цыма иууыл нæ загъта йæ зæгъинаг, цыма дзы цæуылдæр фæстæмæ фæхæцыд. Цыма дзы амбæхста цыдæр йæ былты кæрон. Уæвгæ, уый скъоладзаутæ нæ рахатдзысты. Уый иннæтæй дæр нæ хаты алчи. Кæм æй хаты алчи! Æмæ йæ цæмæн хъуамæ хата алчи? Æмæ Русуданмæ бакаст Æзнауыр.

– Уæд Васо куыд нæ фегад и, цымæ?

– Кæй Васойæ зæгъыс?

– Абайты Васойæ.

– Мæнæ ахуыргонд Васойæ?

– О.

– Æмæ цы кодта?

– Цы кодта, цы, ирон æвзаг амыдта уый дæр.

– Уый дæр?

– О.

– Кæм?

– Уартæ сæхимæ Къобы. Æмæ йæ уым сывæллæттæн амыдта, афтæмæй бамбæрста, цы рагон æмæ цы æнахуыр æвзаг у, уый. Æмæ уæд далæ Бетъырбухмæ фæцыд. Уым рагонфыст æвæрæнтæ æмæ чиныгдæтты сбæрæг кодта, ирон æвзагæн йæ ратæдзæнтæ кæцæй сты, уый дæр æмæ йæ рацæуæнтæ кæуылты уыдысты, уый дæр. Афтæ уырнинагæй сæ равдыста, æмæ сæм дунейы стырдæр ахуыргæндты æркæсын кодта. – Æзнауыр фæлæууыд йæ ныхасæй, арф ныуулæфыд. – Уый æндæр адæмы æвзаг куы уаид, уæд ын кувæндæттæ скодтаиккой, нæ фыдæлтæ сæ табуйаг дзуæрттæн куыд кодтой кувæндæттæ, афтæ. Мах уæлиæутты кæсын уарзæм. Æмæ, уæлиæутты чи кæсы, уый йæхи нæ уыны. Уæлиæутты кæсы æмæ, кæм цы фена, уый фæзмы, цы фæзмы, уый фæзминаг у æви нæу, ууыл хъуыды кæнын йæ бон нæу, афтæмæй. Æмæ уыцы фыдбылызтæ æййафы не 'взаг. Иуæй йæм фæдджийæ хæссæгау хæссæм уырыссаг æвзаджы згъæлæнтæ, иннæрдыгæй, нæ алыварс чи цæры, уыцы адæмты æвзæгты тигъджын æмæ сиукъджын мыртæ. Мах æвзаджы æппындæр чи нæ фидауы, ахæмтæ, тых тъыст ын сæ кæнæм йæ сыгъдæг, йæ риссаг

буары, – фæхъæдгæмттæ ис йæ буар, йæ туг тæдзы. Не ‘взаджы дæснытæ кæй хонæм, уыдон фæдисхъæр кæныны бæсты сæ дымст пъартвелтæ – цæмæй дымст сын сты, уый хæйрæг базонæд, – рахæсс-бахæсс кæнынц горæты уынгты. Цыма, дымст пъартвел куыд рахæсс-бахæсс кæнын хъæуы, уый амонынц горæты цæрджытæн.

Æмæ нал баурæдта йæхи Русудан:

– Гæр æмæ сæм исчи афтæ куыд нæ бадзуры: цы ми кæнут, арв уæ ныццæва!

– Ничи сæм дзуры. Хицауады æвзаджы мæт нæй. Уыдоны далæ кæцыдæр колхозы кабачкиты хуымы мæт тынгдæр и æвзаджы мæтæй. Хъуамæ афтæ уаид, æмæ хицауадæн йæ сæйраг тыхтæ арæзт уаиккой æвзаджы дзæбæхмæ, йæ сæйраг табу хъуамæ æвзагмæ арæзт уаид. Уымæн æмæ нæ дарæг-нæ уромæг не ‘взаг у. Уый та, ома хицауад, куыд фæзæгъынц, искуы æвзаг и, уый зонгæ дæр нæ кæны.

– Мæнæ Хуыцауы диссæгтæ, мæнæ! – ахъаззаджы улæфт ныккодта Русудан.

– Хуыцауы диссæгтыл ма сыкъатæ вæййы? Уынгæ йæ кæныс, зонгæ йæ кæныс, афтæ раст нæу, раст мæнæ афтæ у, æмæ йæ амонын дæр афтæ хъæуы! Нæгъ, раст куыд нæу, афтæ йæ амон! Æмæ дæ дæндæгты хъыррыст цæуæд, афтæмæй йæ амон, амон, раст цы нæу, уый! Уымæй ма стырдæр хъизæмар баййафдзæни адæймаджы уд?! Æмæ бирæ ахуыргæнджытæ хъæуы, ирон æвзаг йæ ис-йæ бон кæмæн у, ахæм ахуыргæнджытæ. Уыдон хъуамæ сæ дзырд баиу кæной æмæ, мæнæ паддзахы заманы цы куыстурæдтæ кодтой, ахæм куыстурæд скæной. Æмæ ирон адæмы ирон æвзагмæ æркæсын кæной хицауæй дæр æмæ æндæрæй дæр.

– Алæ, мæ уд дын амæлæд, стæрсын мæ кодтай!

– Тæрсын дæр хъæуы, стæй афоныл хъæуы тæрсын дæр.

Уæдмæ Тинатин фынг æрæвæрдта, Русудан пецæн йæ кæцы фарс бадти, уым. Фыццаг бахудти, стæй загъта:

– Уазæгæн йæ фæллад сафы не ‘ртæкъахыг фынг.

Æмæ йæм скасти Æзнауыр, афтæ йæм скасти, куыд бадти, афтæ уæлæмæ æмæ загъта йæхицæн: тæхуды, мадæй ма æфсæрмы кæн æмæ дæумæ кæс æмæ кæс. Сдзурынмæ дæр æм схъавыд цыдæр, фæлæ йæхæдæг фæразæй и Тинатин:

– Кусарт – иннæ хатт.

## 8

Сабаз иуæрдæм ацыд йæ арæхстгай къахдзæфтæй, иннæрдæм æрбацыд – афтæ зынд, цыма баргæ кæны, кæдæм ацыд æмæ кæцæй æрбацыд, уый; æмæ йын цал къахдзæфы рауади, уый нымадта, æмæ йæ раст куынæ банымайа, уымæй тарст. Æзнауыр æм каст – уымæ нæ каст, æнæуи касти, фæлæ уый уыдта, иуæрдæм куыд ацыд, уый дæр æмæ, иннæрдæм куыд æрбацыд, уый дæр, стæй, куыд æрлæууыд, уый дæр. Æмæ, куы æрлæууыд Сабаз, уæд загъта – мæнæ-мæнæ æцæгæй нæ загъта, фæлæ хъазгæ дæр нæ кодта цыма:

– Ныр, цымæ, амбырд у æмæ уыцы цæсгомджын лæджы дуармæ балæууыд, уæд куыд уаид?

Æмбырды фæстæ уым баззадысты, клубы. Æвæццæгæн, æмбырд кæй ницæуыл фæци, уый тыххæй баззадысты, уæдæ куы равзæрстаиккой хъæуыхицау, уæд ма дзы цæмæ лæууыдысты?! Æмæ сæ, æрлæуу уал, ничи никæмæ бадзырдта. Афтæ æрлæууыдысты, алчи йæхæдæг æрлæууыди. Хæдзæрттæм нæ тагъд кодтой – райсом сæ куыстмæ цæуын нæ хъуыди.

– Ардæм æм фæдзырд куы уыдаид, уæд бæргæ хуыздæр уыдаид, – загъта Хаби, уæртæ посты хицау. Нæдæр йæ куыстмæ æрцыд æвнæлд, нæдæр йæхимæ, æмæ цыма удджындæр фæци – уыцы сæрæндзæф кæстытæ-иу систаид фæйнæрдæм. Кæм хъуыди, уым дæр æмæ, кæм нæ хъуыди, уым дæр.

– Уым хуыздæр разындзæн, цы Дaредзан у, уый.

– Ам нæ разындзæн, цы Дaредзан у, уый?

– Ам дæр дзы бынтон мацы разына, цы Дaредзан у, уымæй, уый гæнæн нæй. Фæлæ уым, йæ дуармæ, салд зæххæй хуыскъæл куыд сыгъдæгæй рагæпп кæны, афтæ сыгъдæгæй ралæудзæн нæ разы, куы нæ фена уалæй, уæд, æмæ йыл бæрæг уыдзæн, цас Дaредзан у, уый.

– Æмæ цас Дaредзан хъуамæ уа? – фарста ‘мæ фарста Хаби.

– Хъуамæ тынг Дaредзан уа, – бахудти Сабаз, афтæ бахудти, æмæ йæ йæхæдæг дæр нæ базыдта, бахудти, уый.

Хаби дæр цыма хъавыд бахудынмæ, фæлæ нæ бахудти.

– Хъæуыхицау æмæ хæдзары хицауæн иу гакк и. Хъæуыхицауæн стырдæр у йæ гакк, хъæу йæхæдæг стырдæр куыд у, афтæ.

– Уый раст у, – загъта Мосе. – Лæгæн йæ къæсæртæм бакæс æмæ базондзынæ, цы лæг у, уый.

– Уæдæ мах цæуæм Даредзаны гакмæ бакæсынмæ, – бахудти та Сабаз.

– Уый раст у, – бадзырдта Мосейы ‘рдæм Зæрисæр. – Афтæ раст у, æмæ, зæххыл цыдæриддæр растæй и, уыдон æрæмбырд кæн, æмæ сæ къæдзтæ-мæдзтæ разындзысты.

Æзнауыр Зæрисæрмæ бакаст, – йæ пæлæз ссады урсæй урс дардта Зæрисæрæн, æмæ хицæн кодта иннæтæй, æмæ йæм цыма исты бадзурын хъуыд, афтæ зынд Æзнауырмæ, æмæ йæм бадзырдта, бахудти, афтæмæй:

– Афонмæ кæд дæ куырой фезгъæлдта, æмæ кæсæгтæ кæйдæр нартхорæй дзæрнайаг уидзынц сæ фæдджитæм, уæд ды та ам раст æмæ зылын кæрæдзийыл барæгæй ныллæуу!

– Афонмæ куырой байбай кæны, кæсæгтæ та фæрчитыл бадынц æмæ кæрæдзийæн аргъæуттæ кæнынц.

– Цæуыс Даредзантæм?

– Цæуын. Рагæй йæ нал федтон.

– Лæг йæ къах иу æвæрд кæм æркæна, уым дæр ма куы баззайы йæ фæд, уæд, лæг бон-изæрмæ кæм змæла, уым куыд нæ зайы йæ фæд? Æмæ фæд та алцæуыл дзурæг у, лæджы фæд.

Мосейæн йæ галиу цæсты гагуы йæ бынатæй иртæст уыди гыццыл, æмæ, цыфæнды куы дзырдтаид, уæддæр афтæ зынд, цыма хылкъахæн кæны. Афтæмæй хæрззонд æмæ хæрзæгъдау лæг уыди. Колхозы къæбицгæсæй куыста, уыйæппæт хордæттæ æмæ æвæрæнтæ йæ къухы уыдысты, æмæ сæ уаг æмæ æгъдау уыди кæддæриддæр.

Уым ныхасы балæууыд Цакъо дæр:

– Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ Хаби раст зæгъы. Афонмæ æрцыди хъæдæй, æмæ йæм ардæм фæдзырд куы уаид. Кæннод, иу чидæр йæ хæрæгæн дон куыд дардта, уый æмбисонд ныл куы ‘рцæуа.

Æмбырды цы ныхас ракодта Цакъо, уый гыццылгай йæ зæрдæмæ цыди æмæ цыди, æмæ дзы фæстагмæ буц кæнын дæр байдыдта йæхи. Стæй йæм афтæ кæсын дæр байдыдта, цыма адæмы зæрдæмæ дæр фæцыд йæ раныхас. Æрбакæстытæ-иу æм кодтой, бахудтысты-иу. Чъули чи у, уый та йæм йæ къух дæр ныттылдта, ахъаззаджы тылд æм ныккодта йæ къух, разыйы тылд.

Лæгтæй дзургæ ничи ницы бакодта Цакъомæ, кæсгæ дæр æм сæ чи бакодта, чи – нæ; ома цæй хæрæг уыди, цæ? Науæд нæ, чидæр йæ хæрæгæн дон куыд дардта, уый тынг бахъуыди ацы дæргъæй-дæргъмæ æмбырды фæстæ?

– Бирæ куы уат æмæ сæ куы батыхсын кæнат, – загъта Бачче æмæ Бехъомæ бакасти. – Æццæй, Бехъо, раст уыдзæн уалæй искæй дуармæ балæууын?

Бехъо лæугæ кодта. Йæ тъæпæн æрмттæ йæ раздарæныл æруагъта.

– Æмæ ма цы зоны лæг, раст цы у æмæ, раст цы нæ уыдзæн, уымæн. Æнæуи хæдзармæ лæджы йæ къах нæ хæссы, ацы æмбырдты ма фенæм кæрæдзи. Æмæ сын цы уыдзæн, куы балæуууой сæ разы, уæд дæр?!

Цакъойæн хъыг уыди, лæгтæ йын йæ ныхасмæ сæ хъус кæй не 'рдардтой, уый, æмæ фæфæнд кодта – хабар сын ракæна. Æмæ, куыддæр фæлæууыд Бехъо, афтæ дзурынмæ фæци:

– Йæ хæрæг дойны уыд, æмæ йæ донмæ аласа æмæ йын дон бадара, уый йæ зонд не 'рцахста, фæлæ йыл бидонтæ сæвæрдта æмæ йыл æрбампъыхта дон, стæй кæрты æрæргъæвта йæ бидонтæ æмæ йын бадардта дон.

Нæй, уæддæр ын ницы бæрæг æрдардтой сæ хъус йæ раныхасмæ. Мосе йæм касти, касти, цалынмæ дзырдта, уæдмæ, стæй йæм нал касти. Хаби та йæм дзургæ дæр бакодта. Афтæ йæм бадзырдта:

– Стæй цы фæци?

Æмæ йæм тигъмæ бакаст Цакъо.

– Чи?

– Чи нæ, фæлæ хæрæг?

– Цæмæйзон, цы фæци, – бабустæ йыл кодта Цакъо æмæ тамако сдымдта.

Æмæ та загъта Бачче, йæ рихитæм дæр сæвнæлдта, æрлæгъзытæ сæ кодта:

– Кæддæры дуг ма куы уаид, уæд бæргæ, фæлæ ныр адæм сæхимæ хъусыны фагæй фылдæр не сты.

– Гъемæ йæхимæ куыд хъусы, уымæ дæр байхъусдзыстæм. Кусарт кæнын æй нæ бауадздзыстæм.

Уæд Æзнауыр Сабазмæ аздæхт.

– Æвæдза, кусарт кæнын чи сфæнд кæна, уый бакъуылымпы кæнын тæригъæд хъуыддаг у. Стæй уазæг уазæг у æмæ хъуамæ йæ уазæджы бынаты бада.

– Дæ ныхæстæ мын мæ ных ныддых-дых кодтой, мæнæ Нарты Сосланы ных Балсæджы цалх куыд ныддых-дых кодта, афтæ, æмæ мæ ных цæхæртæ акалдта, сыгъдæг ирон цæхæртæ, – бахуд-

ти хъæрæй Сабаз, цыма исты ракъахынмæ хъавыд йæ бахудтæй, уый хуызæн.

Стæй амбырд сты, амбырд уыдзысты, уый æнхъæл нæ уыдысты, уæддæр амбырд сты. Иууыл нæ ацыдысты. Æниу, чи ацыд, уыдон дæр нæ зыдтой, цæмæ цыдысты, уый. Афтæ ацыдысты.

Изæр нæма уыд, фæлæ боны фæдджитæ сæхиуыл арвы кæрæттæм ахæцыдысты.

– Бинонтæ йын и? – дзæбæх куы айтынг сты уынджы, уæд бафарста Сабаз. Комкоммæ никæй бафарста, афтæ бафарста.

Хаби йæхи фæдзуапдæттæг скодта:

– Мад ын ис, фыд нæй, дыууæ хойы, чындзыцыд хотæ. Йæхæдæг нæма бакодта бинонты кой.

– Æмæ йын афон нæма у?

– Афон ын бæргæ у.

– Уæдæ ма цы боны хорзмæ кæсы?

Æмæ Æзнауыр цæугæ-цæуын бадзырдта Сабазмæ:

– Ау, боны хорз нал фендзыстæм амæй уæлдай?

Æмæ цæугæ-цæуын бадзырдта Сабаз дæр Æзнауырмæ.

– Æз афтæ куынæ загътон.

– Бынтон афтæ нæ загътай, фæлæ афтæ дæр загътай. Ацы фыдрæстæг æй æрæййæфта. Бирæ цæлхдуртæ нытътъæппытæ кодта адæмы раз, сæ сæрты ахизæн кæмæн нæй, сæ фæрсты – азилæн, ахæм цæлхдуртæ, æмæ сæ зонгуытæ сæ быны ацавтой адæм. Уæд, фæндагмæ хуыр æрызгъæлди уæлвæндагæй, рауидз сæ дæ раздарæнмæ æмæ сæ дæлвæндагмæ акал. Адон æнæхъæн хох æрыхæлдтой æмæ йæ быны фесты сæхæдæг дæр. – Æзнауыр та бакаст Сабазмæ. – Æниу, ды хицауады кусæг дæ, æмæ дын, чи зоны, ацы ныхæстæм хъусын зын у.

Стæй та цыдысты. Сындæг нæ цыдысты, фæлæ тагъд цыдысты, афтæ зæгъæн дæр нæ уыди. Мæнæ æндæр хъæуæй зианмæ чи æрцæуы, уыдон, цы автобусы æрцæуынц, уымæй зианджынты размæ куыд фæцæуынц, афтæ цыдысты уыдон дæр.

Æзнауыр фæстæмæ акаст, цыма, цал сты, уый базонынмæ хъавыд, стæй Сабазы ‘рдæм бахæцыд йæхиуыл.

– Дис мæм кæсы иу хъуыддаг, æмæ мæм рагæй дис кæсы, скъолайы лæппу ма куы уыдтæн, уæд мæм фæзынди уыцы дис. Исчи дæ куы ныццæва, уæд дын рисдзæн, цалынмæ йæ ды дæр ныццæвай уæдмæ, стæй дын æрсабыр

уыдзæн дæ рыст. Уый цы у? Цы æрцæуы адæймаджы буары, адæймаджы зонды, адæймаджы дунейы боныфæстагмæ? Цæмæй базоны уыцы риссаг ран, ды дæр æй ныццавтай, уый? Намæ йæ зонгæ дæр бакæнæд, уæддæр цы фæвæййы рыст? Æмæ, цæмæй дæ цæф мауал рисса, уый тыххæй ды дæр хъуамæ ныццæвай, чи дæ ныццавта, уый. Æмæ кæд уыдзæн уый, æмæ, уыцы мæгуыр адæм, æнæ Цæдис чи фесты, уыдон кæд ныццæвдзысты, сæ Цæдис сын чи фехæлдта, уыдоны, цæмæй, цы фыддзæф фесты, уый сын мауал рисса?! Уартæ фыццаг уырыссаг революционер Плехановæй райдай æмæ мæнæ махыл фæу – цас адæмы фæкодтой фыддзæф! Дунейы чи нæ цæуы, ахæм фыддзæф! Сæ цæф сын ныууадзой, уый гæнæн нæй. Уæд хъуамæ уыйбæрц адæм сæ цæфыл хæцой, чи йæ иу къухæй, чи та йæ дыууæ къухæй дæр. Æмæ афтæмæй цæрæн куыд и?!

Сабаз хъуыста Æзнауырмæ, æмæ-иу йæ цыд фæсабырдæр – лæг загътаид, æрлæудзæн. Фæлæ-иу не 'рлæууыд Сабаз.

– Фæлæуу, æмæ скъолайы лæппуйæ ахæм хъуыдытæ кодтай?

– Кодтон. Цæуылнæ кодтаин хъуамæ? Скъолайы лæппуйæ фылдæр кæмæ цæуы хъуыдытæ?!

– Æз æй куыд æмбарын, афтæмæй, цы цæф баййæфтой адæм, фæстæмæ дæр уыйас цæф никкæной искæй, ахæм фадат сын нал æрцæудзæн. Иннæ хъуыддаг та ахæм у, æмæ, махæн социализм чи арæзта, уыдон дæр куы ныццавтой кæйдæр. Æмæ уыдон куыд ныффæрæзтой уыцы цæфæн?

– Уыдон туг цъырдтой, æмæ цæф уымæн фесты.

– Æмæ, цæф кæм фесты, æмæ сын рисгæ кæм кодта, уый цæмæй зыдта, афтæ 'мæ афтæ, туг цъырдтой æмæ цæф уымæн баййæфтой?! Стæй, туг кæй нуæзтой, уый тыххæй сын къаддæр рыст большевикты æнауæрдон цæф?!

– Хъуамæ сын къаддæр рыстаид кæнæ та сын æппындæр ма рыстаид хъуамæ, уымæн æмæ, сæ туг кæмæн нуæзтой, уыдон сæ ныццавтой, æмæ сын сæ туг кæй нуæзтой, уымæн сæ ныццавтой. Сæ туг сын кæй нуæзтой, уымæй сын уыдон цæфы бынат уыдысты. Æмæ сæ уыцы цæфмæ никкодтой уыцы цæф.

– Уыдон тугцъиртæй райгуырдысты æмæ хъуамæ туг цъырдтаиккой, афтæ сын амыдта царды фæтк.

– Уæд сæ хатыр курын куы хъæуы, сæ туг цъирыны фæтк сын кæй фехæлдтой большевиктæ, уый тыххæй.

Сабаз бахудти.

– Ӕгæр рæбынил чъеппытæ кæныс, уæллæгъи! Бæгуыдæр æгæр цæхгæр ныззылди цард, афтæ цæхгæр ныззылди, æмæ йæ чъылдым здæхтæй аззади адæммæ. Нырма дæр æй нæ бамбæрстой адæм, куыд ныззылди, стæй йæ рæхджы нæ бамбардзысты. Уым бирæ хъуыддæгтæ ис, бамбарын кæй хъæуы, фæлæ бамбарæн кæмæн нæй, ахæм хъуыддæгтæ.

Уæдмæ схæццæ сты æмæ ралæууыдысты хæдзары раз, æмæ æрлæууыд сæ ныхас дæр семæ. Кастысты хæдзармæ, йæ разы цы ныллæг æмбонд уыд, уый сæрты. Хæдзар раздæры азты арæзт уыд, æвæццæгæн, агуыри дур ма стæм куы уыди, уæд – æрмæст йæ фисынтæ амад уыдысты агуыри дурæй, уыцы фидар лæууыдысты, кæс æмæ сæм кæс! Ӕмæ ноджы рудзгуыты фæлгæттæ. Иннæ къул цы уыди, уымæй уыд хырыз дурæй – дæргъæццæттæ æмæ тымбыл дуртæ. Ӕмæ фидыдта къул, фидыдта хæдзар æгасæй дæр.

Лæууыдысты æмæ кастысты хæдзармæ, æмæ сæм касти хæдзар дæр – æвæццæгæн, рæгъæй кæй ралæууыдысты, уымæн сæм касти. Ӕмæ ма кастаиккой хæдзармæ – уыцы æхсызгонæй йæм кастысты – фæлæ уæдмæ уартæ Даредзан хæрæг æрбакæны. Хæрæгыл цы дзылары босæй хæцыд, уый нæ уыдтой лæгтæ, æмæ сæм афтæ зынд, цыма æнæуи æрбацæйцыдысты хæрæг æмæ Даредзан фæрсæй-фæрстæм, дыууæ лæджы куыд фæцæуынц, афтæ, цыма ныхæстæ дæр акæнынц.

– Кæс-ма, йæ дойны хæрæгæн дон хæссынил не схæцыд, фæлæ йæ донмæ акодта æмæ йын уым бадардта дон. Гъеныр, мæнæ Цакъо кæй кой кодта, уыцы лæджы цур æнæхъæн хъæуыхицау нæу? – йæ цæстытæ лæгтыл ахаста Сабаз.

Лæгтæ базмæлыдысты, сæ рæгъæй лæуд фехæлди. Даредзан дзылары бос каумихыл баппæрста. Лæгтыл азылд, сæ къухтæ сын райста.

– Чындзхæсджыты лæуд ракодтат, æмæ мæ зæрдæ фæкъæпп кодта.

– Чындз хæссыны размæ хæдзар уынæджы цыд вæййы, уый дæ ферох и? – дзырдта хъæрæй Сабаз æмæ комкоммæ каст Даредзанмæ.

– Уæд хæдзар мидæгæй уынын хъæуы, æмæ – мидæмæ!

Дзебысон тыргъы сæ размæ фæци, ныццинтæ сыл кодта, стæй арвмæ аздæхта йе 'ргом:

– Табу Дын уа, стыр Хуыцау, кæд мын цас уазджытæ бауарзта Дæ цæст! – дзургæ-дзурын фездæхт Даредзанмæ Дзебысон: – Мидæмæ

сæ акæн, æз чызджытæй искæмæты адзурон, куы ничи мæм фæкæса, уæд кæд уыдзынæн!

Бахызтысты Даредзаны фæдыл мидæмæ æмæ æрбæдтытæ кодтой. Сæ иутæ, къулрæбын цы хъулонцъар диван уыд, ууыл, сæ иннæтæ – стъолы алыварс тæнæгбын æмæ тæлыварс къæлæтджынтæ уыд, æмæ – уыдоныл. Сабаз диваныл рæбынæй æрбадт æмæ загъта:

– Гъеныр бавдæлæм æмæ не ʻмбырдæн сæрдар равзарæм. Æмæ, кæд йæ ныхмæ йæ къæхтæ ничи ныццæвдзæн, уæд уыцы куысты хорз уаид æмбал ахуыргæнæг.

Æмæ базмæлыд Æзнауыр.

– Кæдæй-уæдæй ма фехъуыстон уыцы дзырд. Мæ хъустæ йæм кæд хъилæй нæ аззадысты! Диссаг нæу, ахæм дзырды хицау уай, æмæ йæ мауал дзурай! Адæмы æмæ адæмты кæрæдзийыл чи бæтты, сабыр куысты дæр сæм размæ чи сиды æмæ хæстон ныббырсты дæр, цард цæрæццагдæр æмæ цæлæццагдæр кæмæй кæны! Æмæ цы нæ фæзæгъынц йæ бæсты?! Мæнæ наййаг чи у, уый, найгæнинаг куы фæлæбыры, уæд хормæ йæ мукъу куыд ныйиваз-ныйиваз кæнын байдайы, афтæ йæм ивазынц сæхи, фæлæ йыл цыма табу и, уымæй уæлдай йæ дзургæ ничи кæны. Уæллæгтæ йæ нæ дзурынц, æмæ ныры дæллæгтæн сæ сæйраг куыст уæллæгтæм кæсын у.

Зæрисæр йæ дыууæ цонджы размæ асхуыста.

– Гъомæ йæ куыд дзурой? Уым æмбæлттæ нæй, уым ис æмхафынатæ. Æмæ дзургæ дæр хъуамæ афтæ кæниккой кæрæдзимæ: «Æмхафына Сусукин, æри-ма тамако». Æмæ йæм бадзурид Сусукин дæр: «Æмхафына Бабакин, томако дымыс æмæ балхæн! Æз дæр мæ сывæллæтты хурхыл ныххæцыдтæн». Æмæ йæм хъазгæмхæсæнты дзурид Сусукин: «Тамако æри! – уый дын ныххæцыдтæ! Кæй хурхыл ныххæцыдтæ, уый æз хорз зонын».

Зæрисæры ныхæстæм чидæртæ бахудти, чидæртæ – нæ. Йæхæдæг дæр нæ бахудти.

Æмæ та загъта Æзнауыр:

– Æмæ куыд æхсызгон хъуыди хæсты бонты! Æмæ уый куынæ уыдаид, уыцы фарны дзырд, уæд куыд дзырдтаиккам Сталинмæ?! Кæм и æндæр ахæм дзырд, æмæ Сталины номимæ афтæ дзæбæх чи сфидыдтаид?! Æмæ йæ азар дæр йæхи хуызæн стыр у æмæ йæ фыдæх дæр, æмæ сæ сæ сæртæ баййафдзысты, бауадз сæ! – афтæ куы загъта

Ӕзнауыр, уæд Даредзанмæ аздæхти: – Ныр дæм мах нæ хъæуыхицау æвзарæн æмбырдæй рабырстам, цæмæй дæм, цал стæм, уалæрдыгæй бакæсæм, кæддæра бæззыс хъæуыхицауæн.

Даредзан бахудти, чи рамæсты вæййы, фæлæ ма йæ маст уромын йæ бон кæмæн вæййы, уый куыд бахуды, афтæ.

– Уый кæй зонды равзæрди, уымæ æгъуыссæг æмхиц ма уа, уый гæнæн нæй.

– Ӕгъуыссæг не 'ппæтмæ дæр æмхиц у, æмæ, цæмæй бынтон ма фæхауа не 'хсæвхуыссæг, уымæн æрхъуыды кодтам иу æвæджиауы хос, зæххыл чи нæма уыд, ахæм хос – хъуамæ хъæуыхицауæй равзарæм, нæ хъæуы æппæты цæсгомджындæр чи у, уый. Уыцы хъуыддаг нæ къухы куы бафта, уæд, цин дæ удæн фенон, иннæ хъæутæ дæр мах фæзмын куыд байдайой! Стæй горæттæ, стæй бæстæтæ. Уый диссаг уаид, стыр диссаг уаид уый! Ӕниу дзы уадиссагæй ницы ис, уадиссаг нæ, фæлæ дзы æппындæр ницы ис диссагæй, – уый афтæ хъуамæ уаид, афтæ хъуамæ уыдаид нырмæ дæр. Уымæн æмæ афтæ хъæуы, афтæ æмбæлы.

Даредзан та-иу бахудти, лæг цалдæр хатты цы худæгыл бахуды, афтæ, æмæ та-иу фæурæдта йæ худын.

– Ӕмæ афтæ уыдаид, афтæ ма уыдаид, уый мæ нæ уырны, уартæ фыццагон адæм, къордгæйттæй цардамæлттæ кæнын æнцондæр у, уый куы бамбæрстой, уæд ма 'рцыдаиккой уыцы хъуыдымæ, уый гæнæн нæй! Разæй чи цыдаид, уый цæсгомджындæр хъуамæ уыдаид иннæтæй. Нæ ацыдаиккой, сæ зæрдæ кæуыл худтаид, уый фæдыл. Зæрдæ та, йæ цæсгом сыгъдæг кæмæн нæ вæййы, ууыл бахуды. Ӕмæ йæ нæ ауагътаиккой сæ разæй. Уæд гæды митæм здæхт нæма уыдысты адæм, цурон æмæ цæстмæ митæм.

– Нæма уыдысты, уæдæ! – загъта Сабаз. – Уæдæ нæм кæцæй æрцыдысты гæды мийæ дæр æмæ æндæрæй дæр! – Сабазмæ хорз касти уыцы ныхас, æмæ, куынæ фæуыдаид, уый йæ фæндыди. Йæ ныхас дæр уымæн баппæрста.

Ӕзнауыр йæ сæр батылдта.

– Цæугæ нæм не 'ркодтой гæды мийæ дæр æмæ æндæрæй дæр, не 'хсæн фæзындысты. Лæг йæ хъæддагæй куыд хæдзарондæр кодта, афтæ зындысты йемæ. Афтæмæй, дзæбæх ахъуыды кæн, уæд цас хæдзарондæр кодта нæ рагон фыдæл, уас кодта хъæддагдæр.

Даредзан цыдæр хъæццицц лæудæй лæууыди.

– Диссæгтæм хъусын хорз у, фæлæ æгæр диссæгтæм хъусын афтæ хорз нæу, æвæццæгæн, – загъта æмæ йæ цæнгтæ йæ дæлæрмтты бакодта. – Бæстыл æдзæсгом куы сыстад, цæсгомы хъæстæ ма кæуыл и, уый дæр ыл куы нæуал сæтты, уæд сымах та цæсгомджын агурут. Зын у, тынг зын ам исты зæгъын.

Æмæ йæм бадзырдта Æзнауыр:

– Нæ, раст нæ зæгъыс. Зын зæгъæн уæд у исты, æмæ дæм зæгъинаг куы ницы уа. Махæн та нæ зæгъинæгтæ зæххыл нæ цæуынц. Æмæ дæ цæсгомы бар бакæн дæ зæгъинаг æмæ йæ зæгъдзынæ, зын кæм уа зæгъын, уым дæр. Стæй, зын цы уа зæгъæн, уый дæр сфæраздзынæ зæгъын. Хъуамæ йæ сфæразай, кæннод ныл ахæм сау хъæрццыгъа айтыгъта йæ хæлынбыттыры базыртæ скæсæнæй ныгуылæнмæ æмæ ныгуылæнæй скæсæнмæ – йæ быны фæхуыдуг уыдзыстæм. – Æзнауырыл цыдæр уæлтæмæн бафтыд æмæ йæ йæ разæй ахаста. – Æмæ уал нæ хъæуы равзарæм цæсгомджын хъæуыхицау, стæй бон цæуы æмæ фарн хæссы.

Сабаз бадти диваныл рæбынæй, гуыбырæй бадт, хъуыста Æзнауырмæ æмæ хъуыды кодта: ныр ай цы кæны йæхæдæг, ацы ахуыргæнæг? Куыд æм хъусынц иннæтæ, уымæй бæрæг у, куыд æй нымайынц, уый. Æмæ æндæр цы хъæуы хицауы, цыфæнды хицауы дæр? А Даредзан дæр хыбар-хыбыр кæнид истытæ, фæлæ ацы Æзнауыр – цæттæ хъæуыхицау!

– Æз нæ базонин хъæуыхицауæй кусын. Куы зонин, уæддæр мæ цыма нæ уадзиккой, – райдыдта æнæнхъæлæджы Даредзан. – Афтæ мæм кæсы, цыма мын мæ былтæ цæвиккой – фæстæдæр лæуу! Уымæн æмæ кусгæ ничи кæны, уалæ уæле райдай æмæ далæ дæле фæу. Куысты мæт никæй и, æцæг куысты мæт, æцæг. Мæнæ-ма кæсут: фермертæ сæ къахыл куы слæууиккой, ууыл цыма тынг тыхсы нæ хицауад. Фæлæ афтæ нæу. Афтæ куы уаид, уæд уыныс, техникæ нæ фаг кæны, æмæ сын, МТС-тæ чи хуынди, ахæм куыстуæттæ бакæн. Фæлæ сын нæ кæны, сæхæдæг куы кæниккой, уæддæр сæ нæ уадзиккой.

– МТС – уый советон куыстуат у, – бахудти Æзнауыр. Æнкъард уыд йæ бахудт. Кæуылдæр худти, цæмæндæр ыл худти, æмæ уæд æндæр гæнæн нæ вæййы бахудтæн. – Советон куыстуат у, æмæ ныры хицауадæн советон цардыуаг къоппы доны ад кæны, нæ, къоппы дон ницы у – маргад!

– Цæмæн, цæмæн?! – йæ цæнгтæ фæхъил кодта Мосе. – Æз дæр æй хатын, фæлæ цæмæн афтæ у, уый нæ хатын.

– Цæмæн, цæ, – йæ бынаты размæ рабадæгау кодта Хаби, – советон цард чи уыд, алцы дæр йæ бынаты кæм уыди судзины онг дæр, уым сын зын уаид давын, фæлæ бæстæ хъуамæ æмтъеры уа, æмæ, дæхирдæм цы ласыс, уый мачи уына æмæ йæ кæм æвæрыс, уый дæр.

– Уый дæр дзы ис, – загъта Æзнауыр, – фæлæ йæм ахæм цæстæй уымæн кæсынц, æмæ дзы тæрсгæ кæнынц. – Куы раздæха фæстæмæ, уымæй тæрсынц. Уыцы тас сæ куынæ 'ргæвдид, уæд сагау сытæ суадзиккой. Фæлæ сæ туджджынау сæ фæдыл зилы уыцы тас, сæ разы бады сæ туджджынау, æмæ нæ дзæбæх æрбадын у сæ бон, нæ дзæбæх ацæуын.

– Хъуамæ цин кæниккой, Цæдис кæй ныккалд, ууыл, – загъта æнкъардæй Зæрисæр.

– Уыцы тасы бын нæ фæразынц цин кæнын. Æппындæр ницы фæразынц уыцы тасы бын.

– Давын дзæбæх фæразынц! – баппæрста йæ ныхас Хаби.

– Æмæ сайын, – баппæрста йæ ныхас Мосе дæр. – Афтæ куы ахæсса, уæд бæстыбындзар аныхъуырдзысты, аирвæздзæн сæ хъуыры бæстыбындзар.

– Афтæ куы ахæсса, – бахудти Зæрисæр, æвæццæгæн, Хабийы кæй фæзмыдта, ууыл бахудти, – уæд сайдвæстаг фæуыдзысты стыр хицауæй дæр æмæ гыццыл хицауæй дæр.

– Сайдвæстаг та куыд фæуыдзысты? – цыма дзы хылкъахæн кодта, уый дард бакодта йæ къух Цакъо Зæрисæрмæ.

– Исчи сæ исты æххуысмæ куы бацæуы искæмæ, уæд ын, куыд баххуыс кæна, ууыл нæ фæхъуыды кæны, фæлæ йæ куыд асайа, ууыл, – цыма Цакъойы фарст нæ фехъуыста, уыйау йæ ныхасы кой кодта Зæрисæр.

Æмæ фыццаг йæ иу къух фæхъил кодта Мосе, стæй – йе 'ннæ къух.

– Гъеныр ууыл арв йæ судзгæ нæмыг ма раскъæра, йæ сæры астæу куыд сæмбæла æмæ йæ зæвæтæй куыд агæпп кæна далæ!

Æмæ йæм фыццаг кæсгæ бакодта Цакъо, стæй та йæ фæрсгæ бакодта, тынг зæрдиагæй йæ бафарста:

– Йæ кæцы зæвæтæй?

Æмæ йæм кæсынтыл фæци Мосе, касти Цакъомæ, комкоммæ йæм касти, æмæ афтæ зынд, цыма йын, йæ цæсты гагуы иртæст кæй уыд йæ бынатæй, уый йæ зæрдыл æрлæууын кæнынмæ хъавыд.

– Уый та цы уæлдай у? – бафарста Цакъойы.

– Уæлдай нæу, фæлæ уæлдай дæр цæмæннæ у?! Гъеныр лæгæн иу зæвæт йеддæмæ куынæ уаид, уæд о! Фæлæ йын дыууæ зæвæты ис, æмæ дзы иуæй нæмыг агæпп кæна, æмæ йæм иннæ афтæ кæса! Афтæ гæнæн куы уаид, æмæ, нæмыг чи у, арвы нæмыг, уый дыууæ дихы куы фæуаид æмæ йæ дыууæ æрдæджы дыууæ зæвæтæй куы агæппытæ кæниккой, гъеуæд мын зæгъ, гъе!

Мосе касти Цакъомæ æмæ æнкъардæй-æнкъарддæр кодта. Æмæ та йæ бафарста Цакъо:

– Цымæ, æнæуи стыр у арвы нæмыг?

Мосе йæ сæр аратил-батил кодта, æвæццæгæн, йæ зæрдæмæ нæ цыдысты Цакъойы ныхæстæ, стæй загъта:

– Цы зонын, мæ уд, фæлæ гыццыл нæ уыдзæн, арв йæхæдæг уалæ цæйас у, бæстыл нæ цæуы, æмæ уымæн гыццыл нæмыг цæмæн хъуамæ уа!

– Æмæ йын, æвæццæгæн, искуы æвæрд вæййы, нæ?

– Æвæрд ын уыдзæн, уæдæ йæ къæхты бын кæм дардзæн!

– Æмæ йæм рагæй ис, цымæ, нæмыг арвмæ?

– Æвæццæгæн, хæйрæг куы фæзынд, уæдæй нырмæ. Фыццаг дзы хæйрæджыты мардта, куыд дзурынц, афтæмæй. Фæлæ дзы стæй адæмы дæр райдыдта цæвын.

– Цæмæн, цымæ?

– Цæмæн, Цакъо, цæ, адæмæй бирæтæ хæйрæджытæ фестадысты, æмæ уымæн, гъе!

Æмæ та бафарста Цакъо, цыма сывæллон уыди æмæ ахуыргæнæджы фарста, уый хуызæн:

– Æмæ адæм нал сты, хæйрæджытæ чи фестад, уыдон?

– Кæм ма сты!

Æмæ та загъта Хаби, – æвæццæгæн, Мосе æмæ Цакъо кæд фæуыдзысты, уымæ каст:

– Уæллаг сайы, бинаг сайы, астæуккаг сайы, лæг ма чердæм цы ми бакæна! Социалистон лозунг чи уыди, – чи нæ кусы уый нæ хæры – уый фæфæлдæхт иннæрдæм: чи нæ сайы, уый нæ хæры.

Лæгтæ бахудтысты. Иумæ нæ бахудтысты – чи раздæр бахудти гыццыл, чи фæстæдæр. Фæлæ сын уæддæр, мæрдадзы хъарæггæнæджы хъарæгмæ куыд байе-йе кæнынц иннæ сылгоймæгтæ, уый хуызæн рауади

сæ бахудт. Стæй сæ ныхас йæхæдæг дæр мæрдадзы бадджыты ныхас лæууын кодта зæрдыл. Афтæмæй диссаг куыд нæ уыди, стыр диссаг: фæндгæ сæ кодта уыцы ныхæстæ кæнын æмæ уыцы ныхæстæм хъусын.

Сабаз бадти. Æвæццæгæн, афтæ адджын бадт рагæй нал кодта. Хъуыста лæгтæм æмæ сын тæригъæд кодта: уæдæ ныр сæ цæрæнбонтæ сæ советон цардмæ дзыназгæйæ арвитдзысты? Ау, æппындæр ницы хос и, цæмæй сæ цард гыццыл истæмæй фæколхозон уа, уымæн? Исты иумæйаг куыст сын куыд уа, иу рæттæм куыд æфтой, исты мызды тæпп куыд исой. Цы æрхуым сыл ныббадт, уый сæ гыццыл куыд суадза йæ бынæй. Æмæ аздæхти Даредзанмæ:

– Ныр дæм дæ хъæубæстæн исты хорз равзарыны бар куы æрхауид, уæд цы равзарис?

– Колхоз! – æнæкъæрццæй загъта Даредзан.

– Æндæр ма?

– Æндæр ницы. Уым алцы дæр ис, – хъæуæн колхозон цард, йæ зонд зæххыл кæмæн нæ цыд, уыдон æрхъуыды кодтой, уымæ хуымæтæг лæджы зонд не ‘рцыдаид. – Даредзан сулæфыд æмæ хæкъуырцц рауади йæ улæфтæй. – Æмæ, дам, нал и раздахæн колхозон цардæн. Рæстæг, дам, рацыди, æмæ, дам, дуне бирæ ивдтытæ æрцыд. Уый бæстæйы хицæуттæ фæдзурынц афтæтæ-йедтæ, æмбырдты сæм фæрстытæ чи фæдæтты, уыдонæн. Уæдæ, чи сарæзта колхозтæ, уыдон сæ куыд сарæзтой! Уæд, колхоз, куыд фæзæгъынц, хæринаг у, нуазинаг у, уый дæр куы ничи зыдта. Æмæ нырма сæ бынæттæ хъарм куы сты, сæ гæрæнтæ бæрæг куы дарынц нырма. Уæд сын куыд нал и саразæн?!

– Æмæ ныр, зæгъæм, ныллæууыдысты дæ хъæубæстæ æмæ дæ равзæрстой, уæд сын сæ арм ницæмæй фæрогдæр кæнис? – бадзырдта та Сабаз Даредзанмæ.

– Никуы йыл ахъуыды кодтон æмæ дын, цы зæгъон, нæ зонын.

– Цæмæй адæм истытæ архайой, уымæн ницы æрхъуыды кæнæн ис?

– Нæ зонын. Ды йын цыма зоныс цыдæр?

– Зæгъæм, исты цехтæ.

– Зæгъæм, цы хуызæн цехтæ?

– Зæгъæм, хуыйæн цех, зæгъæм, хъæдыгуыстгæнæн цех, зæгъæм, хъуыныгуыстгæнæн цех.

– Уыдон тыхмитæ сты, æмæ, дам, тыхмийæ ми нæй, раджы алыг кодтой нæ фыдæлтæ. Хъæуæн Хуыцау загъта гутон.

Стæй фæсабыр сты, цыма фæугæ фæкодта сæ ныхас, уый хуызæн. Фæлæ фæугæ нæ фæкодта сæ ныхас. Куыд хъуамæ фæкодтаид фæугæ, кæд æмæ сæ дзуринæгтæн ныккæнæн нæ уыди! Æмæ дзырдтой, дзырдтой радгай. Фыццаг уал-иу иу дзырдта – куыд дзырдта, уый нæ зынди, цы дзырдта, уый нæ хъуысти, фæлæ дзырдта, куыд нæ дзырдтаид хъуамæ?! Стæй та иннæ дзырдта, æмæ та уымæн дæр нæ зынди, куыд дзырдта, уый, стæй та хъуысгæ дæр нæ кодта, цы дзырдта, уый. Æмæ йæм хъуыстой, афтæ лæмбынæг æм хъуыстой, æмæ-иу сын иу сым нæ зади æнæ фехъусгæ йæ ныхасæй. Афтæ лæмбынæг, æрмæст йæ ныхас кæмæн нæ фехъуысы, уымæ фæхъусынц. Хорз у, æвæццæгæн, афтæ хъусын, тынг хорз, æмæ арæх фæхъусынц адæм кæрæдзимæ афтæ. Тынг арæх.

Ныр Даредзанты хæдзары рæбинаг уат ныссабыр. Æмæ афтæ зынд, цыма цыдæр æрцæудзæн, æнæ æрцæугæ кæмæн нæй, ахæм цыдæр, æмæ уымæ æнхъæлмæ кæсынц.

Æмæ базмæлыд Сæрæби.

Уыцы къуыппыл хæдзар куы сарæзта, уæдæй фæстæмæ дзурынмæ фæуæзбындæр и, мæнæ цыма аргъуц кодта йæ хæдзарæй, уый хуызæн.

– Даредзаны ныхас мæ иннæрдæм ахызти, цыма, уый туас уыди, æмæ æз та дзабыры хъус уыдтæн. Уæдæ ныр гуыффæйыдзагæй нал фæцæйцæудзыстæм куыстмæ? Уæдæ нæ быдырон станы раз уыцы хъарм зæнгыл нал æруадздзыстæм нæхи фæскуыст?! Æмæ афтæмæй куыд цæрдзыстæм? Мыстытау нæ хуынчъыты ныллæсдзыстæм?! Æмæ уый цард у? Æмæ цы хуызæн цард у, уый ма мын исчи загъæд! Уæдæ нын æндæр гæнæн нал и? Мæ хъуыдымæ гæсгæ, бавдæлæм æмæ, Иры зæххыл цыдæриддæр хъарæггæнæг ус и, æрæмбырд сæ кæнæм, сау къабатæ æмæ сын сау кæлмæрзæнтæ балхæнæм, семæ сын иуцалдæр сæрæн лæппуйы бамбал кæнæм æмæ сæ Мæскуымæ арвитæм.

Лæгтæ се 'ргом аздæхтой Сæрæбимæ, кастысты йæм, æмæ йæм цыма нæ фæрæзтой кæсын, уыйау тыбар-тыбур кодтой сæ цæстытæ. Дзургæ йæм сæ ничи ницы кодта, æвæццæгæн æм, цы бадзурын хъуыд, уый никæй зонд ахста. Æмæ æнахуыр æдзæм æрæнцади лæгтыл æмæ, куыд улæфыд уыцы æдзæм, уый хъуысти лæгтæм. Æмæ базмæлыд æрæджиау кæддæр Мосе.

– Мæскуымæ, зæгъыс, Мæскуымæ?

– Мæскуымæ, зæгъын, уæдæ кæдæм зæгъын! Уым Кремльмæ хæс-

тæг иу цæхгæрмæ уынджы сæ къабатæ скæндзысты, сæ кæлмæрзæнтæ ныккæндзысты, стæй ныхъхъæрæг кæндзысты уыцы ран, афтæмæй сыл ахæцдзысты лæппутæ, Сырх фæзы сæ Ленины Мавзолейы рæзты бакæндзысты æмæ сæ Кремлы дуарыл фæмидæг кæндзысты.

– Фæлæуу, – загъта Хаби. – Æмæ дын чи уадзы Кремлы дуарыл мидæмæ дæ хъæрæггæнæг устыты?

– Фæлæуу, – загъта Сæрæби дæр. – Æмæ сæ чи бауромдзæн?! Ау, уый дæр ма искуы æрцыд, æмæ хъæрæггæнæг устыты мардмæ ма бауадзай! Уæдæ мæнмæ та куыд кæсы, уый зонут? – йæ цæстытæ æрхæстытæ кодта лæгтыл Сæрæби. – Мæнмæ афтæ кæсы, æмæ, цы уынджы фæцæйцæуой, уыцы уынджы устытæ сæ фæдыл ныххал уыдзысты. Æмæ, йе-йе кæнгæ, цæудзысты сæ фæдыл. Йе-йе кæнын, чи зоны, афтæ хорз нæ зоной, фæлæ комæй кургæ йейегæнджытæ кæм и! Стæй йе-йе йе-йе у, цыфæнды йе-йе куы фæуа, уæддæр. Рох уæ ма уæд, ма – махыл цы фыдбылыз æрцыди, уый уыдоныл дæр æрцыди. Æмæ афтæ ‘нхъæлут, уыдонмæ нæ цæуы хъæрæг кæнын?! Уыдонмæ, кæд мæ фæрсут, уæд, махæй тынгдæр цæуы хъæрæг кæнын, фæлæ сæм хъæрæг кæныны фæтк нæ баззад, æмæ сæ маст ныддур и сæ зæрдæты. Æмæ ныр, куы феной хъæрæггæнджытæ, уæд сæ фæдыл афтæ ныххал уыдзысты, афтæ, æмæ сæ кæрон зынгæ дæр нал кæндзæни, зынгæ!

Сабаз бадти, æмæ йæ цæстытыл уади: фæцæуынц дунейы устытæ, раззæгтыл – сау къабатæ, иннæтæй кæуыл – цы, кæуыл – цы! Ацæуынц, ацæуынц нымд хъæрæггæнгæ, стæй æрлæууынц æмæ сæ тъæпæн æрмттæй тъæпп-тъæппæй ралæууынц сæ уæрджыты къоппатыл. Уынгты цы сылгоймæгтæ цæуынц дыууæрдæм, уыдон æрлæууынц, бакæсынц ирон устытæм, стæй сæ фæстæ балæууынц æмæ йе-йе кæнгæ цæуын байдайынц сæ фæстæ. Кремльмæ куы бахæццæ сты, уæд се ‘нæнкъуысгæ цыдæй сæ размæ рацыдысты Кремлы кусджытæ усæй, лæгæй. Лæгтæ гæрзы уадздзæгтæй се уæхсчыты сæрты цъыччъытæ кæнынц сæ фæсонтæ, сылгоймæгтæ сæ даргъ аразгæ ныхтæй кæдæм февналынц сæ буарæй, уым та туг цыхцырæгæй ныллæууы.

Касти сæм Сабаз æмæ йæ хъуыды ахста: æмæ уый скифтæ куы кодтой афтæтæ! Сæ балхон-иу куы фæмард хæсты, уæд. Æмæ уый уартæ кæд уыди! Стæй адон цæмæй зонынц, скифтæ афтæ кодтой, уый? Зонгæ йæ, чи зоны, кæнынц, фæлæ сæ цæмæн бахъуыди уыцы митæ

кæныны сæр?! Æвæццæгæн, Цæдис кæй фехæлд, уый тыххæй. Цæдис кæй фехæлд, уый къаддæр зиан у балхоны фæмардæй?! Уæдæ, уæдæ!

Æмæ загъта Сæрæби хъæрæй:

– Æндæр хос нын нæй.

Æмæ загъта Сабаз дæр!

– Нæ зонын, уæллæй.

Стæй та æрсабыр сты, æмæ цыма уыцы сабырæй райгуырд, уыйау райхъуыст Даредзаны ныхас:

– Иу трактор нæ куы уаид, уæд æвæрæздæр хæдзæрттæн суг уæддæр ласиккам, кæннод, мит куы æруара, уæд цы уыдзысты миты сæр æнæ суджы къæцæл? Раздæр колхоз ласта суг, ныр колхоз нал и, æмæ сугласæг дæр нал и. Æмæ адæмы арт кæнын нал хъæуы?! Æмæ сæ хæринæгтæ хъуамæ хомæй хæрын байдайой, уартæ фыццаг адæймæгтæ куыд кодтой, афтæ?! Диссаджы дуг нæ ралæууыд?! Хицауад – сæхицæн, адæм – сæхицæн!

Сабазæн нырма дæр Кремлы кусджытæ уадысты йæ цæстытыл, æмæ та-иу тыбар-тыбур кæнынмæ фесты йæ цæстытæ.

– Æмæ кæм и трактор? Бæх уæддæр куы уаид. Дзоныгъ нæхæдæг саразиккам.

– Æмæ-иу дзоныгъæй цал хæдзары фаг æрласдзынæ?

– Æмæ иу дзоныгъæй дæр куынæ ласæм, уæд хуыздæр у?

Сабаз ницыуал загъта.

Раст уыцы рæстæг дуар йæ сæрыл бахаста Чъули:

– Мæнæ уын Митъо сæн сæрвыста! – загъта хъæрæй æмæ йæ сæнхæссæн чъыбыла стъолы астæу æртъæпп кодта.

– Æмæ йæ цæмæй базыдта, ам стæм, уый? – афарста Сабаз.

– Уымæй йын далæ йæхи бафæрс, – йæ цонг дуары ‘рдæм фæцарæзта Чъули.

Даредзан йæ сæр ныттылдта.

– Æмæ чи загъта Митъойæн, æмæ нын сæн сæрвита?!

– Уымæй дæр ын йæхи бафæрс далæ!

– Ныр ын æй фæстæмæ ма арвитон?

Æмæ фесхъиудта Чъули:

– О, фæстæмæ! Куыд нæ уын рантъæр-бантъæр кæндзынæн уæ сæны чъыбыла цыллахъмыллухъгæнгæ хъæуы уынгты!

Лæгтæй чи лæугæ кодта, чи – бадгæ, афтæмæй кастысты сæны чъыбыламæ стъолы астæумæ.

– Районы сæры хæдивæг, дам, уым и, цыма мæ цæсты рухс сты районы сæр æмæ йæ хæдивæг! Хъуамæ йын йæ чъыбыла зæххыл ныздыхтаин, фæлæ мæ федде кæндзæн, æмæ исчи амидæг уыдзæни мæ бынаты, алчи йæ мæрдты хъис куы хæры исты куыст ссарыны мондагæй. Гъа, равдæлон мын кæнут мæ мигæнæн æмæ мæ ауадзут.

Стæй ацыд Чъули. Йæ чъыбыла æддиæутты тылдта æмæ афтæ зынд, цыма, куыддæр уынгмæ ацæуа, афтæ йæ искæй кауы сæрты ныддыввытт кæндзæн искæй цæхæрадонмæ. Æмæ кастысты лæгтæ, сæн Чъулийы чъыбылайæ цы тымбыл авгмæ рауагътой, уый стъолы астæу уыцы тымбылæй куыд лæууыд, уымæ.

Цакъо гуыбырæй бадт, хъуыста лæгты ныхæстæм æмæ нæ хъуыста. Абондæргъы йе уæнгты цы тыхст рахæсс-бахæсс кодта, уый йæ æнцад нæ уагъта – цæмæннæ комы Тохти хъæуыхицауæй ныллæууын?! Гъеныр æй куы равзариккой, уæд уымæй раздæр кæй сæвæрид шофырæй?! Æмæ-иу райсом нæ сыстид æмæ-иу йæ куыстмæ нæ рацæйцæуид! Гъæ, цы амондджын уыди, райсом-иу йæ куыстмæ куы рацæйцыди, æмæ-иу сыхæгтæй дæр алчи куы рацæйцыди йæ куыстмæ!

Æрæджиау бахудти Зæрисæр. Афтæ уæлæнгай худт бакодта.

– Цымæ Митъо кæцы партийы лæуд у?

– Æмæ уыдонмæ дæр бирæ партитæ ис, цымæ? – бакасти Зæрисæрмæ Мосе.

– Уæдæ сæм нæ уыдзæн? – загъта Хаби. – Искæмæ уа, æмæ уыдонмæ ма уа! Æнæуи гуырдзымæ иунæг парти и, меньшевикты парти, иннæ партитæ сын фæдсафæнтæ сты.

– А Митъо чи у, уый ам йæ сæны чъыбылайы фæрцы «Иугонд Уæрæсе»-йы дуæрттæ байтындздзæн, стæй уырдыгæй «Дума»-мæ багæпп кæндзæн.

– Нæ фæлæ уыцы «Дума»-йы паддзахы заманы цы лæгтæ уыди! Уыцы нывылуагъд боцъо, уыцы фæтæнных, уыцы æмбаргæ цæстытæ! Лæг сын сæ къамтыл кæм бамбæлы, уым сæм кæсынæй нæ фефсæды, – йæ сæр æхсызгон тылд бакодта фæйнæрдæм Мосе.

– А «Дума»-йы фæтæнных лæгтæ ницæмæн хъæуы, – хъæрæй ныххудти Хаби. – Пуртийы фарсæн иу февæр, æмæ, кæд раст бацæуа, кæмæ йæ къуырыс, уымæ, уæд дæ бынат цæттæ у «Дума»-йы, дæ сынæг æм бахæсс æмæ дзы дæхи æруадз.

Лæгтæ бахудтытæ кодтой. Зæрдиаг худт сæ никæмæн рауади,

æвæццæгæн, хъуыддаг йæхæдæг æгæр худæг кæй уыди, уымæн афтæ ничердæм рауадысты сæ бахудтытæ.

Æмæ та уæд загъта Мосе дæр, цыма Хабийы фæзмыдта, уый хуызæн:

– Кæнæ иу даргъ хъил раскъæф искуыцæй, йæ фындз ын искуыдæм фæцараз æмæ дæхи йæ сæрты фехс, кæд уæлиау фæтæхай…

Хæсаби ныхасæй иуварс зад, бадгæ дæр иуварс кодта. Фæсдуар цы къæлæтджын уыди, уымæн йæ чъылдым размæ фæзылдта æмæ йыл бæхбадт кодта. Хаби æмæ Мосейы ныхæстыл къæцæлтæ кодта худæгæй, æмæ-иу йæ тъæпæн дæндæгтæ цыма æдде аззадысты. Иуафон æнæнхъæлæджы дзурынмæ фæци:

– Уый дæр хорз у, куыд нæ у хорз уый дæр, фæлæ искæй къахыл дæхи ныздух, рацахс æй æмæ йæ мауал суадз, йед куы феста, уæддæр. Сиваз æй, цыма йæ фадгæ кæныс, афтæ, – дзырдта Хæсаби тынг разæнгардæй, æмæ ма дзырдтаид ноджыдæр, мæнæ Бехъо нæ фæмидæг ныхасы, искæй гом дуары куыд фæмидæг уай, афтæ, уæд.

– Сæ габæзтæ куыд фидар сты, сæ гоппатæ дæр афтæ фидар куы уаиккой, гъеуæд уаид, гъе!

Стæй Бехъойæ Хаби айста ныхас:

– «Иугонд Уæрæсе»-йы гоппаджын депутаттæ цæмæн хъæуы. Цас æнæгоппатæ уой, уыйас – хуыздæр, уымæн æмæ уас коммæгæсдæр сты. Æмæ адоны мыггаг афтæ коммæгæс у, ацы æнæгоппаты мыггаг, æмæ сæм иунæг ахситт хъæуы, æндæр нæ.

Хæсаби исдуг Бехъомæ касти, стæй Хабимæ. Ныр Хаби дæр куы фæци дзырд, уæд, цыма сæкæры къæртт ахордта, афтæ ацъæм-цъæм кодта æмæ æрсабыр. Дзурын æй нæ бауагътой, уый дзы кæнæ рох фæци, кæнæ йæм фæстæмæ аздæха йæ ныхасмæ, уый йæ нал бафæндыд. Æнæуи дæр лæгты рæгъмæ æрæджы рацыд Хæсаби, стæй – бынтондæр æнæнхъæлæджы.

Цæвиттон, а уалдзæджы Фæрвджыны дон куы раивылди, уый фæстæ донбылæй иу бæлас куы сæнтъухид, æнæхъæн фæрв бæлас, йæ уидæгтæ дæр йæ уæлæ æмæ йæ къалиутæ дæр. Æвæццæгæн, кæмдæр доны был зади, æмæ-иу ын фыййæуттæ йæ быны арт бакодтой. Бæлас мидæгæй мæра уыди, æмæ, йæ фарс куы басыгъди, уæд йæ мæра фегом и. Афтæмæй йæ раласта дон. А Хæсаби йын йæ фæсонтæ йæ мæнгмæ бахаста, стæй йæ раккой кодта æмæ – бæлас фæцæуы. Æмæ дын хъæуккаг сывæллæттæ ахæм диссаг феной!

Ныххал сты хъæрахстгæнгæ йæ фæдыл. Уæд устытæ дæр ма фæфæдис уой. Устыты фæстæ цы æнæ базмæлгæ уыди лæгтæн дæр. Æмæ адаргъ уыцы даргъ уынджы уыцы адæмы алыгъæд гуылфæн: разæй – сывæллæттæ, сывæллæтты фæстæ – устытæ, устыты фæстæ – лæгтæ. Æмæ цыдысты, цыма уартæ разæй сæхи Хæсаби, зондæй гыццыл уæзбынгомау чи рахаста æрдзæй, уыцы Хæсаби бæлас нæ фæхæссы сæхимæ, фæлæ, цыма Чырысти тыгъд кæуыл уыд æмæ стæй, тыгъд кæуыл нал разынд, уыцы дзуарыл бамбæлд кæмдæр æмæ уый фæхæссы.

Дыккаг бон хъæуы Хæсабийы тыхы кой йеддæмæ ницыуал уыд, æмæ сномдзыд и Хæсаби. Хъæуы нымаддæр лæгтæм йæхи байсы, лæугæ дæр акæны семæ, бадгæ дæр æркæны, а Хæсаби чи у, уый.

– «Дума!» – загъта та уæдмæ Зæрисæр. «Дума» нæ, фæлæ «Дамдума!» Фыццаг иу фæдзуры, стæй иннæ дæр фæдзуры, стæй аннæ фæцæйцæуы дзурынмæ. Уæд æй йæ дысæй рацахс æмæ йæ бафæрс: алæ-ма, цы дзуринаг дæм и? Уæд дисæй амæлид. Ома цы дзуринаг мæм хъуамæ уа?! Æмæ дзы кæй федтай дзуринагимæ фæцæйцæугæ?! Уый мæнæ «Дам-дума» у, æмæ дзы куы ницы дзурай, уæд дын æй дæ цæстмæ дарынц. Хыл дæм кæнынц уæд. Сæ бон у, æмæ дын дæ депутаты бартæ дæр байсой æмæ уыйæппæт улупа! Æмæ дзæгъæлы бадынæн æмæ дам-дулитæ кæнынæн æвгъау не сты? Уæд та исты куыстытæ куы хæссиккой семæ. Сылгоймæгтæн æнцондæр у! Де ‘лвисинаг бахæсс, дзæбæх ныззил де ‘лхуый, йæ бырынкъ, дæ хъæбысы цы хъæдын къус уа, уый бынил куыд ныззыррытт кæна, стæй ахæц дæ пирæнгомыл, кæд дын дзæбæх даргъ цонг ис, уæд. Нæлгоймæгтæн зындæр у...

Лæгтæ худтысты. Ныхасы худæг сæ кæмæ бахъардта, уый дæр худти, кæмæ нæ бахъардта, уый дæр худти. Уæдæ цы ми кодтаид?! Мосе дæр худти. Худти, афтæмæй Зæрисæрмæ касти. Йæ иртæст гагуы-иу базмæлыд йæхимидæг, æмæ афтæ зынд, цыма йæ, кæцæй фæиртæст, уырдæм фæндыд фæстæмæ.

– Гъомæ дзы коммунистон партийæ дæр куы и, æнæхъæн æмбырдваг куы сты, уæд уыдон та цы бадынц?

– Коммуниcттæ! – загъта хъæрæй Зæрисæр. – Коммунистæн йæ цæсгомы сыгъдæгмæ хъуамæ иннæтæй уæлдай змæлд мачи фæразид. Аргъуц кæниккой хъуамæ уыцы сыгъдæгæй. Æмæ дзы ахæм сыгъдæг

цæсгом никæуыл разынди нырма. Уым æцæг коммунисттæ куы уаид, уæд мæгуыр нæ уаид Уæрæсе, акæс-ма, кæддæра ма уыцы дзæбæх хъæубынæтты хъæу баззади!

– Уæдæ! – хъæрæй загъта Мосе дæр. – Æмæ Уæрæсе йæ хъæутæй Уæрæсе уыд. Уыцы дзæбæх рæтты-иу куы батымбыл сты уыцы дзæбæх цардæмхиц хъæутæ! Ныр ма сæ кæм иу зæронд лæг рацæйцæуы йæ бызгъуыртæй разынразынгæнгæ, кæм – иу зæронд ус. Се 'ххормаджы тæф фæкæлы уырдыгæй ардæм. – Мосе Зæрисæрмæ бакаст. – Алæ, галиудзавд дæ Хуыцау ма фæкæнæд, мæ зæрдæ суынгæг и сæ тæригъæдæй. Ай диссаг нæу, цæрай, цæрай, стæй дын дæ цард фехалой æмæ дын æй афтæ хелдæй ныууадзой! Æмæ иунæгæй куы аззайын, уæд цæуыл фæхъуыды кæнын, уый зонут? Ныр, цымæ, «Дума» куынæ уаид а паддзахадæн, уæд нæ бафæразид цæрын? Æмæ æнæ паддзахæй куы фæрæзта, æмæ æмбисонд уый куы уыди. Уæд «Дума»-йыл цы æхца хардз кæнынц, уымæй фæндæгтæ бадзæбæхтæ кæн, æмæ хъæутæн сæ зынг ма ныцъцъынд уа. Кæннод, хъæуты зынг куы ныцъцъынд уа, уæд горæтты зынгыл дæр æртхутæг ма æрбада! Уымæн æмæ хъæуы цард æмæ горæты цард иу тæразæй барст цæуынц – хъæутæн хъуамæ сæхи уæз уа, горæттæн – сæхи. Æмæ куы схæцай тæразыл, уæд хъуамæ мачердæм фæуæзгæ уа. Кæннод, лæгæн йæ иу къахыл цæфхадджын дзабыр куыд уа, иннæ къах – багъæввад, афтæмæй кæрддзыхыл куыд цæуа, уымæй уæлдай нæу.

Æмæ йæ цæнгтæ фæхъил кодта Хаби.

– Фæндгæ сæ нæ кæны, фæндгæ, хъæуты ма цæрæг цæрджытæ уа, уый. Уымæн сæ нæ фæнды, æмæ, хъæу хъæуы хуызæн хъæу куы уа, уæд æй колхоз аразын ма 'рфæнда, ма! Æмæ колхоз советон у, советон та сын цæстысындз у.

Æзнауыр бадти, ницы дзырдта, æмæ афтæ зынд, цыма хъусгæ дæр нæ кæны, фæлæ, ныр Хаби куы æрлæууыд, уæд йæ цæстытæ базмæлыдысты, афтæмæй сæ ахаста лæгтыл.

– Лæг цы не 'мбара, уым куы фæрæдийа, уæд уый фыдгæнд нæу. Фыдгæнд у, лæг зонгæ-зонын цы æвзæры бацæуа, – иу адæймагæн уа, æгас адæмæн уа – уый. Ахæм лæг хъуамæ, дзыццайы загъдау, арвы цæф фæуа искуы иу дзæгъæл ран.

Цакъо бадти. Афтæ бадти, цыма йын чидæр йæ сæр истæмæй æрцæвынмæ хъавыд – йе уæхсчыты æртъыссæгау кодта йæ сæр. Æзнауырмæ бадзырдта:

– Иу дзæгъæл ран та цæмæн?

Æзнауыр æм бакаст, йæ фарстыл ын цыма бахудынмæ хъавыд, фæлæ уæдмæ Хаби бадзырдта Цакъомæ, цыма йæм Æзнауыры бæсты дзырдта, уыйау:

– Дзæгъæл ран уымæн, Цакъо, цæмæй йыл цоппайгæнджытæ макуыцæй æрбамбæла æмæ цъыбыртты сыгъд бакæна.

– Фæлæуу, æмæ арвы нæмыг куы судзы, уæд топпы нæмыг цæмæннæ судзы, уый нæмыг нæу?!

Æмæ ныр та Зæрисæр фæдзуапдæттæг кодта йæхи Цакъойæн:

– Гъæ дæ бонæй уай, мах Цакъо, уый дын топпы нæмыг æмæ Тоболайы нæмыг! Арвы нæмыг æмбисондæн баззад, æмæ æмбисондæн, адæм æмбисондæн кæй фæхæссынц, уый баззайы. Йæ ном дæр нæргæ куы кæны æмæ судзгæ куы кæны йæ ном дæр.

– Чи дын загъта?

– Æмæ мын æй кæй зæгъын хъæуа?!

– Æмæ йæ арвæй фехсы арв?

– Уæдæ йæ мæнæ Сæрæби фехсы сæ къуыппæй?!

Цакъо ныр та Сæрæбимæ бакаст, æмæ йæм Сæрæби йæ сæр банкъуыста: афтæ у, афтæ.

– Ницы уын бамбардзынæн уæ арвы нæмыгæн, алы бон мын куы кæнат йæ кой, уæддæр. Æмæ йын цы хъуамæ бамбарон, йе йæ цæстæй куынæ фена лæг, йе йæ къухæй куынæ 'рысгара!

Æмæ Сæрæби агуыбыр Цъакойы 'рдæм.

– Иу хабар мæ зæрдыл дарын, гыццыл ма куы уыдтæн, уæдæй нырмæ. Ферох мæ вæййы, йæ кой дæр мæм нал вæййы, стæй та мæм æрыздæхы. Уæд ма хæхты цардыстæм, æмæ лæгтæ уæзæгыл дуртыл бадтысты æмæ ныхæстæ кодтой. Æз гыццыл лæппу уыдтæн æмæ мæ дадайы хъæбысы хъармы бадтæн. Уыцы хабар афтæ раджы уыди, уартæ ма лæг арвмæ куы æфтыди, уыцы дугты. Уæд, иу фыййау чи уыд, уый арвы дуар гомæй федта æмæ дзы фæмидæг, йæ фысахсæн лæдзæг йæ къухы, афтæмæй. Арв йæ размæ рацыд, хъæуыйас худ йæ сæрыл афтæмæй. «Цы дæ хъæуы, мæнæ дзæбæх лæг?» – фæрсы фыййауы. «Ницы», – зæгъы фыййау. «Уæдæ ам цæмæн дæ?» – «Æрбауадтæн, дуар гом уыди 'мæ». Ныр фæсдуар арвы нæмгуытæ æнахуыр æрвон асыччыты кæрæдзийыл амад. Æмæ сæ фыййау йæ лæдзæгæй бахоста. «Адон та дын цы сты?» «Уыдон – нæмгуытæ», – йе стыр къухæй сæм ацамыдта арв. «Топпы нæмгуытæ?» – фæрсы та фыййау дæр. «Цæмæн

топпы нæмгуытæ, цæ, арвы нæмгуытæ». – «Æмæ дæ цæмæн хъæуынц?» – «Хъæуынц мæ». – «Уæддæр?» – «Фыййау лæг дæ, уынын дæ, æмæ йæ дæуæй цы сусæг кæнон! Далæ зæххыл фыдгæнджытæ фæзын-фæзын кæны, уыдон хæйрæгхæццæ уыдзысты, æмæ сын зæххон тых ницы тых кæны. Æмæ сæ æз хъуамæ æргæрæхтæ кæнон ардыгæй. Уæдæ! Æмæ сæ уæдмæ æвæрын». – «Иу-дыууæ мын дзы нæ раттис?» Арв бахудти, æмæ йæ даргъ рихитæ сæ хъеллауæй нал æнцадысты. «Дæ хуызæттæ дзы дæс дæр нæ фезмæлын кæндзысты иу йæ бынатæй». Уæдæй нырмæ ацæуы, ацæуы, ферох мæ вæййы æмæ та мæм æрæфты, цыма, цы фæдæн, уый базонынмæ фæхъавы.

– Фæлæуу-ма, Сæрæби, æмæ уыцы лæг цæмæй зыдта, фыййау арвы дуарыл куыд бамидæг и, арв йæ размæ куыд рацыди, уыдæттæ-йедтæ?

– Уый дæр сæ хъусгæ фæкодта, хъусгæ.

– Æмæ сæ, кæмæй фехъуыста, уый сæ цæмæй зыдта?

– Уый сæ зыдта. Уæд уыди, хæхты алцы дæр чи зыдта, ахæм лæгтæ. Раджы уыди, тынг раджы.

– Хорз хабар ракодтай. Фæлæ, кæд æцæг нæ уыд, уæд тæригъæд нæу уыцы дзæбæхæй.

– Фæлæуу-ма, Цакъо, æмæ дзы гуырысхо цæуыл кæныс?

– Æмæ-гъа! – йæ къух ауыгъта Цакъо.

– Уæдæ мæнмæ та афтæ кæсы, æмæ уыдаид. Цæмæннæ хъуамæ уыдаид? Æмæ æнæ ‘рцæугæ кæд цы баззади дунейы? Уæды дуне ныры дунейыл ма бар, ма. Уæд æндæр дуне уыди, бынтондæр æндæр дуне.

Æмæ ныхъхъуыды кодта Цакъо, æмæ ныхъхъуыды кодта Сæрæби дæр. Æмæ, Цакъо цæуыл ныхъхъуыды кодта, уымæн бамбарæн уыд, фæлæ, Сæрæби цæуыл ныхъхъуыды кодта, уымæн ницы бæрæг уыд.

– Уый дын лæг! Арвæй зæгъын, – бахудти Зæрисæр. – Цы цæсгомы дзæбæх равдыста уыцы фыййаумæ! Ныр арвы гом дуарыл куыд фæмидæг и, афтæ «Дума»-йы гом дуарыл куы фæмидæг уыдаид, уæд ын йе ‘нæгъдау æмæ йе ‘нæуаг фæндырты фæцагътаиккой. Чи зоны йæ ахæстонæй дæр ракæсын кодтаиккой. Уый дын арвы дуар, ай та дын «Дума»-йы дуар. Диссаг нæу, сау диссаг! Хъуамæ дзы иу æдзæсгом дæр ма уаид, уым та иу цæсгомджын дæр нæй.

Зæрисæр сыстад. Стъолы алыварс чи бадти, уыдоны рæзты азылд æмæ æрлæууыд.

– Ныр, цымæ, стыр хъæрнывтæй, депутаттæн сæ тæккæ стырдæр

чи у, уыйас хъæрнывтæй ныффысс «Цæсгом» æмæ йæ, агъуыстæн уынджы ‘рдæм цы къул и, уый фарсыл бакæн, уæд сæ йæ цæсгомыл йæ арм ничи æруадзид уыцы депутаттæй?!

– Куыд нæ стæй! – загъта тынг æнæматгъуызæй Хаби. – Æрæмбырд ыл уаиккой, æмæ-иу уартæ, немыц цы хъæу байстой, уый советы æгъуысты сæрæй сырх тырыса куыд æппæрстой, афтæ йæ раппариккой, æмæ йæ, чи раппарид, уымæн уартæ Кремлы хæрзиуджытæдæттæн галуаны йæ риуыл Александр Невскийы орден ныссадзиккой, афтæ къæрцхъус кæй разынд æмæ ахæм хъазуат кæй равдыста, уый тыххæй.

Стæй та абадтысты, афтæ абадтысты, дзырдæй æмæ дзырды ‘хсæн куыд абадынц, афтæ, æмæ та загъта Зæрисæр:

– Азыбег мын айразмæ иу лæджы кой кодта, стыр зонды хицау чи уыди, ахæм лæджы кой. Уартæ незаманты царди. Æмæ, дам æй бафарстой, адæмæй, дам, истæмæй хицæн кæныс, æмæ, дам, кæнын. Цæмæй, дам? Æмæ, дам, уыдон цæрынц, цæмæй хæрой, уый тыххæй, æз та, дам, хæрын, цæмæй цæрон, уый тыххæй. Æмæ мæм афтæ фæкасти, цыма мах «Дума»-йæ загъта, æмæ йæ цæмæй базыдта уырдыгæй ардæм, махæн ахæм «Дума» уыдзæни, уый?

Лæгтæ бахудтытæ кодтой, афтæ æхсæнмæ-‘хсæнты, кæрæдзимæ дæр бакæстытæ кодтой. Стæй æрсабыр сты. Æмæ уæд йе уæнгтыл ахæстытæ кодта Хæсаби æмæ загъта æнæнхъæлæджы хъæрæй:

– Гъæтт, уырдæм баирвæз искæуылты æмæ æрфæрс, уыцы депутаттæ сты, фыдмиæгтæ сты. Иумæ – нæ ‘ннæ! Иугай. Иуы та дзы ралас дуаргæронмæ æмæ йæ уым бафæрс: ам цы гæнæг дæ? Стæй йæ йæ дзых схæлиу кæнын дæр ма бауадз, афтæмæй йæ ныззил йе ‘фцæгготæй, дуары тæрвазыл йæ тъæпп куыд фæцæуа. Уый йын депутат æмæ хæрæджы дымæг!

*Уыдзæн ма*

ДЖУСОЙТЫ Нинæ

# ÆРÆДЖИАУЫ ФÆСМОН

*Радзырд-æцæг хабар*

Хур цыма йæ дард балцæй бафæллад, уыйау йæхи уæззауæй æруагъта Мтисдзирийы хохы фæстæ æмæ зæрæхсиды фæстаг тынтæ расæрфта Æнгузджыны хъæуыл. Изæры рухсмæ уæйгуытау разындысты Гомборы æфцæджыты гуылмыз тигътæ. Зауыры найæны ʻрдыгæй хæфсытæ ерысы бацыдысты уасынæй.

Зæронд кулдуары раз æрлæууыдысты дыууæ барæджы, сæ уæлæ – аив цухъхъатæ, сæ сæртæ – басылыхъхъытæй тыхт, сæ иуы уæхсчытыл – маузер, иннæйы фарсыл æрзæбул фæтæнком хъама. Æдде бакæсгæйæ афтæ зынд, цыма хæдзармæ тыхгæнæг æрбацыд. Сæ иу ныллæг кулдуар йæ ехсы хъæдæй бахоста.

– Данел, ам стут, цы, уазджытæ нæ уадзут?!

Стыр куыдз рæйгæ йæхи рауагъта зæронд быруйы ʻрдæм. Æмбонд афтæ ныллæг уыд, æмæ дзы кæрт æддæмæ армæвæрдау зынд. Куыдз уазджыты куы федта, уæд йæ уынæр нал райхъуыст, фæлæ йæ къæдзил цины тылд кодта.

Изæр уыд, æмæ фос сæ хизæнуатæй æрцыдысты. Уынг æмызмæлд сси. Кæрты йæ бæгъ-бæгъæй не ʻнцад цъынæр фыс, æвæццæгæн, йæ мард уæрыччы агуырдта. Алкæмæн йæ фос йæ кæртмæ бахизынмæ тырныдтой.

Цалынмæ фысым зынди, уæдмæ уазджытæ быруйы сæрты сæ цæст хастой сæ зонгæ кæртыл. Самандурæй агъуыст – зæхбын, хъæдкъул бæстыхай. Кæрты къуымы – егъау скъæт, хæдзаримæ се ʻхсæн каубыд гæрæн. Скъæты раз къомси бæласмæ нугай тахтысты кæрчытæ æхсæвбынат агурæг, æмæ-иу сæ хъуыдатт райхъуыст. Æнæхайуан галуæрдонæн йæ хъустæ – зæхмæ уагъд, йæ уæлæ амад æгъдæнцæйттæ, рæтæнагъд, тæбынгтæ æмæ æндæр лыстæг дзаумæттæ.

Хæдзар кæд мæгуыр фæлыст уыд, уæддæр уыд сыгъдæг, йæ тыргъ–чъырæй аив цагъд, йæ дыууæ рудзынджы райдзастæй кастысты дунемæ. Кæрты хæснагæн иу æнæхъуаджы къæцæл дæр не ссардтаис. Фыдæлтыккон æнгуз бæлас кæрты барджынæй йе ставд къабузтæ ауагъта. Цалазыккон уыдзæн, уый ничи зоны, фæлæ тынг зæронд у.

Данел ацы бынаты хæдзар куы сарæзта, уæд дæр рагон бæласыл нымад уыд. Йæ хъайваны йас уидæгтæ зæхх айгæрстой æмæ галы фæрсчытау зындысты уæлæмæ. Æнгуз бæласы бын фæйнæгæй арæзт тæрхæгыл сæхъис пæлæз æмбæрзт. Данел ыл арæх фæлладæй йæхи æруадзы.

Кулдуар та ногæй бахостой уазджытæ. Хæдзары хицау Данел, иу-фæндзай азы кæуыл цыдаид, ахæм уæздан лæг, æрбазынд цæхæрадоны ‘рдыгæй, йе ‘ккойы уæззауæн хаста сæнæфсирæй йедзаг тæскъ. Уазджыты куы суыдта, уæд йæ тæскъ зынтæй æрæвæрдта сæнæфсирты кæрийы фарсмæ æмæ, йæ разы дынджыр гарзы цы дон уыд, уымæй йæ къухтæ ахсадта.

– Уазджытæ æгас цæуæнт, зæронд лæг хъусæй хорз нал фæхъусы. Цæхæрадоны сæнæфсир тыдтон æмæ… Не ‘фсин дæр чызгимæ кæдæмдæр ауад, – йæ парахат мидбылхудт уазджытæм йæ разæй рахаста Данел; дзургæ рацыд, кулдуар байгом кодта æмæ сын сæ къухтæ райста. – Гормон, исчи нын куынæ стут. Хæдзары куы ничи уа, уæддæр макæмæ ‘нхъæлмæ кæсут, дуарыл, мыййаг, гуыдыр æвæрд нæй.

Æцæгдæр, Саукуыдз æмæ Хамби ацы хæдзары уазджытæ нæ уыдысты, рæбинагыл сæ нымадтой бинонтæ. Сæхæдæг дæр сыл сахуыр сты æмæ сæ хуыздæр фысым нæ хъæуы.

Уалынмæ фæзындысты Данелы бинойнаг Мæргъион æмæ сæ чызг Мæди. Сыхæгты чызг тагъд чындзы цæуы, æмæ йын хуыссæнгæрзтæ хуыйынмæ аххуыс кодтой. Уазджыты фенд сын æхсызгон уыд, æмæ сын зæрдиагæй сæ къухтæ райстой, уæлдайдæр Мæди. Саукуыдзимæ хо æмæ æфсымæр раджы загътой, æмæ йæм æцæг æфсымæры зæрдæ дардта. Аргъ кодта Саукуыдзы æфсымæр, йе ‘мбæлццон Хамбийæн дæр.

Уайтагъд тыргъæй сасиры тæпп-тæпп райхъуыст, æмæ æфсин чъиритæ кæнынмæ бавнæлдта. Данел дæр стуры цæхджын фыд бауæларт кодта. Мæди та изæры зылдтытæ райста йæхимæ, фос æфснайынмæ фæцис.

– Бауырнæд дæ, Данел, ацы цардæй мах дæр бафæлладыстæм. Æдзух цæугæцард кæнын æнцон нæу, фæлæ адæймаг хуыздæр дæсныйадыл цæуыл ныххæца, уый нæ зоны. Нæ бинонты мæйгæйтты нæ фенæм, – дзырдта Саукуыдз йæ фысымæн. – Ныр дæр та дунейы фос æртардтам хæххон гуырдзиаг хъæутæй æмæ сæ, зæгъын, ам, Къабалы базары ауæй кæнæм. Уæ хъæуы цæрджытæй дæр дзы кæд искæй хъæуа, уæд табуафси. Уæлæ сæ хъæумæ æрбацæуæны æрнæгыл ныууагътам, не ‘ххуысгæнæг лæппу семæ, афтæмæй.

Данел хъуыдыты ацыд. Ацы лæппутимæ рагæй хæлар у, æууæнды сыл, фæлæ хатт йæ зæрдæ цæмæдæрты фæкъæпп кæны. Сæхæдæг куыд зæгъынц, афтæмæй фос хæххон хъæуты асламæй фелхæнынц æмæ сæ æндæр рæтты зынаргъдæрæй ауæй кæнынц. Данелæн дзы дуцгæ хъуг дæр балæвар кодтой. Кæд сæ, мыййаг, давгæ кæнынц, бирæ хæттыты ахъуыды кодта, фæлæ рæстдзинад базонын йæ къухы не 'фты. Лæппутæ Уæллаг Къахетæй сты, Данел та Дæллаг Къахеты цæры. Ардыгæй уырдæм та цыбыр фæндаг нæу, æнæхъæн бонцау цыд у бæхыл. Стæй, сæрмагондæй уый базонынмæ ацæуа æмæ искæй фæрса, уый йæ цæсгом нæ хъæцы. Куы йæ фехъусой, уæд аив нæ уыдзæн. Æнæуи та сæ хъæу Дидигорийы Данелæн зонгæ ничи цæры, æмæ æнæзонгæ адæймаджы куыд бафæрсдзынæ, стæй дын цы зæгъдзæн? Куыдæй базондзынæ дард гуырдзиаг хъæуы цæрджыты афтæ хорз? Æмæ сæ исты ахæмæй куы базона, уæд æй сæ лæвар хъуг дæр нæ хъæуы æмæ сæхæдæг дæр. Данел раст лæг у æмæ фыдуагдзинад никæмæн ныббардзæн.

Зонгæ куыдæй баисты, уый та ногæй лæджы зæрдыл æрлæууыд.

Æнгузджыны хъæумæ хæстæг у Къабалы базар–æрдæгсахатмæ йæм къахæй бауайдзынæ. Базарæн йæ алфамбылай ииуылдæр тæтæры хъæутæ сты, æмæ йæм дзы хæстæгдæр чи ис, Къабал, зæгъгæ, уый номæй схуыдтой базар дæр. Хонгæ дæр æй тæтæры базар кæнынц, фæлæ ирон хъæу Понайы фæзилæнмæ хæрз хæстæг у. Кæцæй йæм нæ цæуынц, ахæм нæй. Æппынæдзух дзы хъуысы ирон, гуырдзиаг, уырыссаг, тæтæйраг, лекъаг ныхас. Данелмæ дæр йæ тыллæг кæнæ йæ фосæй исты уæлдæйттæ куы аззайы, уæд сæ уым балæууын кæны. Æнæуи дæр ирæтты хъæутæ сты алы адæмыхæттыты 'хсæн. Иуæрдыгæй айтыгъдысты гуырдзыйы хъæутæ, иннæрдыгæй – тæтæры, аннæрдыгæй – лечъы хъæутæ. Ацы адæмтæй сын ис хæлæрттæ дæр æмæ знæгтæ дæр.

Иухатт та, Данелæн йæ бæхуæрдон базары тигъæй куыд æрбазылди, афтæ фæтæссармæ кодта, æмæ дзы цы арф уæрм уыд, уым йæ фæстаг галиу цалх смидæг. Æхсæвы къæвда уарыд, æмæ дзыхъхъ донæй байдзаг, рæстмæ бавналæн æм ничердыгæй уыд. Бæх йæ быцъынæг тоны размæ. Нæрвæй æлдыгъдзыд цармæй тæбынгтæ æмæ рæхсæнуагъд æгъдæнцой бостæ бауымæл сты. Хайуан фыр фæлладæй йе згъæллаггæмттæ ауилæгау кæны, афтæмæй размæ хæцы. Данел дæр йæ хъарутыл нал ауæрды, афтæмæй йыл æнцайы, фæлæ сæ фыдæбонæй ницы уайы. Адæмæй йæм кæсгæ дæр ничи кæны, алчи йæ хъуыддаджы фæдыл

тындзы. Уалынмæ Данелы раз дыууæ барæджы æрлæууыдысты æмæ йæм исдуг кæсыныл фесты. Стæй сæ иу бæхы рагъæй æргæпп кодта, бауади, уæрдоны цалхмæ февнæлдта æмæ йæ иу сриуыгъдæн уæлбыл авæрдта. Данел сагъдауæй баззад, йæ къухтæ кæрæдзийыл ныццавта. Уæззау уæрдон иу адæймаг ахæм арф дзыхъхъæй куыд сæппæрста, уый йын исчи куы дзырдтаид, уæд æй нæ бауырныдтаид. Фыр дисæй йæ дзыхы ныхас нал бадт. Стæй арфæтæ кæнынмæ фæци:

– Æй, Хуыцау дын цардамонд æмæ æнæниздзинад ратта! Уый уæйыг куы дæ, уæд дæ мæ амондæн ардæм цы ‘рхаста?!

Уæрдон чи сæппæрста, уый, Саукуыдз, куыд радзырдта, афтæмæй цæрынц Уæллаг Къахеты, Ахметайы районы, Дидигорийы хъæуы. Йемæ чи уыд, уый та схуыдта йæ хойы лæппу Хамби. Кæнынц фосы куыст. Ныр дæр Къабалы базармæ уæймæ æртардтой ставд фос, ауæй сæ кодтой æмæ здæхынц сæ хæдзармæ.

– Æз уæ хъæуы никуы уыдтæн, фæлæ йæ зонын, дард у, æмæ уæ абон никуыдæмуал ауадздзынæн. Мæ хæдзар уын фæрныг фысым уыдзæн кæддæриддæр. Иунæг чызг мын ис, æмæ йын æфсымæр уыдзынæ, махæн та – фырты бынаты.  Ныр та уæ бæхтыл сбадут æмæ цæугæут мæ фæдыл. Уазæг – Хуыцауы уазæг.

Саукуыдз æмæ Хамби дæр уæлдай ницыуал загътой.

* * *

Кæд Гомборы æфцæджыты лæзгъæр фæхстыл мит æрхæцыд, уæддæр Къахеты фæззæг дæргъвæтин, стæй хъарм ахæссы, фæлæ уæддæр уæлдæф фæуымæлдзæф, бон дзæвгар фæцыбыр. Йе ‘мбисыл у кæфты мæй, æмæ бæлæстæ бæгънæг кæнын райдыдтой, сыфтæртæ къыбар-къыбургæнгæ згъæлынц зæхмæ. Арешы хъæды фæхстæ æгасæй дæр цъæх-бурбын адардтой. Тæрккъæвдатæ фесты, æмæ æрсабыр Арешы цæугæдон дæр, æнæбары ма йæ сыр-сыр хъуысы.

Адæм сæ куыстытыл тагъд кæнынц. Колхозы куыстытæй уæлдай ма алкæмæн дæр йæ хæдзары бирæ змæлд ис. Дæ тыллæг рæстæгыл дæ къæбицмæ хъуамæ æрбайсай. Данел дæр, Æнгузджынмæ æрбацæуæны йын Арешы ‘рдыгæй цы чысыл хуымзæхх ис, уый нартхор æмæ мæнæу раджы бафснайдта, ныр мæнæ йæ иннæ фæззыгон куыстытыл тагъд кæны. Йæ бур-бурид сæнæфсиртæ ныддыгъта быркуымæ, йæ дыргъ-тæ æмæ халсартæй æрæгвæззæджы чи сбæззыд, уыдон асыччыты

бафснайдта, нуры æмæ хъæдындз байтыдта уалдзæгмæ, йæ фосы бынат бадзæбæхтæ, бахъæрмттæ кодта. Мулкæй мæнæ арæзт нæ уыд Данел, зæхх – чъылыхдон. Фос дæр æм цас фос и, фæлæ… йæ дыууæ галы æмæ иу хъуг, фондз фысы æмæ кæрчытæй цæрæг хæдзарыл нымад у Данел. Афтæмæй цас фæллæйттæ сты.

Æнæуи та куыстуарзаг лæг у Данел. Иу ран æрбадт ын нæй. Хъæубæстæн дæр тынг уарзон у, никуы никæй хъыджы бацыд. Ныллæг, фæтæнтæ конд уæзбын лæг, æдзух – хъæлдзæгхуыз, йæ цæстытæй ахæм хъарм лæдæрсы, æмæ йыл тыхст адæймаджы уд банцой вæййы. Йæ фадат куыд амоны, афтæ алкæй къух дæр саразы. Æниу, удæгас адæймаг та æнæ маст кæд вæййы? Фæлæ, Данелы хъуыдымæ гæсгæ, чидæр та дæуæй тыхстдæр у. Йæ иунæг хъæбулы маст зындонмæ тæры лæджы. Куыд уыдзæн, цавæр амонд фæхæсдзæн йæ чызг? Цæуылнæуал ын радта Хуыцау ноджыдæр ма хъæбултæ?

Хуссар Ирыстонæй Къахетмæ куы ралыгъдысты, уæд ма æрыгон уыди. Бинонтæ бирæ уыдысты: мад æмæ фыдæн – æртæ лæппуйы æмæ æртæ чызджы. Чызджытæй дыууæйæ Хуссар Ирыстоны баззадысты, уым моймæ фæцыдысты. Данелы фыд, Суби, къухæй дæсны уыди. Къахеты æдзæрæг, æрнæг зæххытæй уал иу гæппæлыл æнæбары хæдзар ацъапп кодтой, цæмæй уал чысыл цæрын сфæразой. Уыцы дурджын зæххытæ æхсæдынып бирæ фыдæбæттæ фæкодтой хæдзарыдзагæй. Æниу, зæхкусæг адæймагæн та Хуыцау æнæ фыдæбонæй кæд цы радта? Фæлæ, цæттæ зæхх æмæ, йæ царды бонты белы бырынкъ цы зæххыл не ʻруад, æнгуз бæлæстæн сæ хъайванты стæвдæн уидæгтæ арф кæм ацыдысты, дуры цæндтæй йедзаг чи уыд, уыдон кæрæдзиимæ абарæн нæй. Гъе фæлæ уæддæр сæ царды кой кодтой куыддæртæй. Хъæугæндтæ фæзынди уыцы бынæтты амыты-уимыты хъуари æмæ хъæмпынсæр хъæдын хæдзæрттимæ. Алы сых, мыггаг цы хъæутæй ралыгъдысты, уыдоны нæмттæ æвæрдтой ног бынæттыл. Фæзынд дзы хъæутæ гуырдзиаг нæмттимæ дæр. Уартæ Алазаны цæугæдонæй суанг Азербайджаны арæнтæм æххæссы Къахетгом, æмæ дзы ирæттæ кæм не ʻрцарди, ахæм бынæттæ нал ис, фæлæ æрнæджытæ æмæ цъыфдзаст бынæттæ. Æрмæст дзы Арешперан æмæ йæ алфамбылай хъæуты куыд бирæ ʻрцард, афтæ никуы.

Арешпераны хъæуы ном йæ цæрджытæ семæ нæ рахастой. Хуссар Ирыстоны алы хъæутæй æрцыдысты уыцы бынатмæ, фæлæ цæугæдон

Арешы иу фарс кæй æрцардысты, уый тыххæй сæ хъæуы ном афтæ схуыдтой. Арешперан нысан кæны Арешы былгæрон. Æнгузджын дæр Арешперанæн йæ иу хай у, йæ кæроны ис, фæлæ дзы бирæ æнгуз бæлæстæ кæй зайы, уымæ гæсгæ йæ схуыдтой Æнгузджын.

Данелы зæрдыл арæх æрлæууынц сæ сыхаг Хъайтыхъойы ныхæстæ. Йæ фыд Суби кæд ссæдзæм æнусы тæккæ райдианы ралыгъд Къахетмæ, уæд Хъайтыхъо та дзæвгар раздæр ралыгъд æмæ æрцард Гиоргеты хъæуы, фæлæ, фæстæдæр куы базыдта, ирæттæ ныры Арешпераны дзыгуырæй æрцардысты, уæд уырдæм ралыгъд. Уый-иу арæх дзырдта, зæгъгæ, Æнгузджыны уыйас æнгуз бæлæстæ уыд, ахæм тархъæд дзы уыд, æмæ дзы цæуын ничи уæндыд. Хъæддаг сырдтæ æмæ лекъаг абырджытæй йæ тæккæ дзаг уыд. Адæм дзы арæх сæфтысты. Фæдзæгъæл-иу сты æмæ-иу абырджытæ æмæ сырдты амæттаг фесты. Хъæды-иу чи бацыд, уыдонæй бирæтæ бæлæстыл уыгæрдтæ æвæргæ цыдысты, цæмæй ма фæдзæгъæл уой æмæ уыдонмæ гæсгæ фæстæмæ фæндаг ссарой. Фæлæ ног цæрджытæн цы гæнæн уыди. Райдыдтой æнгуз бæлæстæ иугай-дыгай калын, хæдзæрттæ æмæ дзы хуымзæххытæ аразын, æмæ стæнæг хъæд. Фæлæ уæддæр хъæуы фарсмæ Æнгузджыны стыр хъæдæй иу уадздзаг баззадис, лæг æрдæгсахатмæ фистæгæй йæ иу кæронæй иннæмæ кæмæн ахæццæ уа, ахæм уадздзаг. Уымæ гæсгæ Æнгузджыны хъæуыл йæ ном фидыдта.

Данел цоты хистæр уыд, æмæ фылдæр уæз ууыл цыди. Афтæмæй йæ усгуры填мæ бахызт. Йæ къах æй сыхаг хъæумæ арæх хаста. Аминæты фендæй-иу йæ зæрдæ хурварс абадт, йæ цæстытæ-иу амонды стъæлфæнтæ аппæрстой. Афæдзы размæ йæ фыццаг хатт Хошатъаны дзуары бон федта, æмæ йын уæдæй фæстæмæ æнцой нал ис. Дардмæ йæ куы фены, уæд дæр йæхи тынг амондджынæй банкъары. Хаты йæ, Аминæт æм йæхæдæг дæр хъарм зæрдæ кæй дары. Данелтæн сæхиау Мæргъитæ дæр цалдæр азы йеддæмæ нæма цæрынц ам, æцæг æндæр æмæ æндæр хъæутæй ралыгъдысты æмæ раздæр кæрæдзи нæ зыдтой. Уыдонæн дæр – гæвзыкк, ихсыд къуымтæ. Æниу, ног цæрджытæй хъæздыг та чи уыд уæд?

Данел схæтæнхуаг, уарзондзинады арты сыгъди. Йæ зæрдæ куыстмæ нал рад, æбæрæгдзинад ын йæ зæрдæ æууылдта. Зыдта йæ, Аминæтыл дзурджытæ ис, æмæ йын æнцой нал уыд. Фæлæ куыд бадзырдтаид йæ фыдмæ – бинонтæ цы бахæрой, уый сын куынæ ис, уæд чындз цæмæй хъуамæ æрхæссой? Уæддæр, Хуыцау хорз, æмæ, Къахетмæ цы

адæм ралыгъд, уыдон ирæды æгъдау аивтой. Уымæн æмæ алчи дæр йæ мæгуыры бон зыдта, æмæ æмвæндæй ирæды ныхмæ рацыдысты. Фæлæ уæддæр чындз æрхæссынæн истытæ хъæуы…

Æппынфæстаг йæ уды утæхсæн йæ кæстæр æфсымæрæн раргом кодта Данел. Уый йæ мадæн бамбарын кодта, мад та – йæ сæрыхицау Субийæн…

Цалдæр лæгмæ фæдзырдтой æмæ сæ чындзы æрбакодтой Собатæ. Уæды заманы уый диссаг нæ уыд. Сæйрагдæр уыд амонд ссарын æмæ кæрæдзи бамбарын. Æрыгон бинонтæ амондджын уыдысты, хицæнæй иу чысыл къуым сарæзтой, æцæг сын Хуыцау иу цъæх чызг йеддæмæ нæ балæвар кодта…

* * *

Уæллаг Къахеты Сауаты Пираны чи нæ зыдта, ахæм нæ уыд. Зæрондæй дæр, Хуыцауы къахæргæвдæг кæй фæхонынц, уыдонæй уыд тæссаг абырæг. Æцæг, ныр йæ гæрзтæ æрæвæрдта, фæлæ бынтон нæ. Йæ фыртты дæр фæцалх кодта, йæхæдæг цы цардыл ахуыр уыд, ууыл. Йæ рæстæджы бирæ туджы зæйтæ фæуагъта адæмыл Пиран, сæ мæгуыр фосы муртæй сын йæхицæн кард скъобор кодта, æмæ йын батадысты йæ цæхджын хойраджы руаджы. Сауатæн сæ зæххытыл цæст не 'ххæссыд, кæм сæ лæвараæмхасæн фелхæдта тыхст адæмæй, кæм сæ хорыл фæивта, кæм сæ хаццоны лæвæрдта…

Йæ дыууæ фырты дæр рауадысты йæхи хуызæн æгъатыр, кодтой давыны куыст. Фыды ардыдæй дыууæ лæппуйы цы бырынцъаг фæндагыл ныллæууыдысты, уымæй æнцонæй рахизæн нал уыд. Суанг хæрз чысылæй фæстæмæ хъуыстой ахæм ныхæстæ: «Сæрæн чи нæ уа, цард амал кæнынмæ чи нæ арæхса, уый лæг дæр нæу, фæлтау амæлæд». Йæ фæлмæнтæ цардæмбал Сотион бирæ цæссыг фæкалдта, йæ мой сывæллæтты бырынцъаг фæндагыл кæй ардауы, уый тыххæй, фæлæ цы йæ бон уыд.

Дыууæ æфсымæры-иу балæууыдысты дард хæххон хъæуты æмæ-иу, хъæдты æмбæхсгæйæ, сбæрæг кодтой фосы хизæнуæттæ, сæ бацæуæнтæ-рацæуæнтæ æмæ та-иу сæ ратæлæт кодтой. Сæ ныхмæ-иу исчи кæд æрлæууыд, уæд-иу æй маргæ дæр акодтой. Давд фос сæ хъæумæ никуы æртардтой, фæлæ-иу сæ дард рæтты балæууын кодтой. Кæд-иу давын къухы нæ бафтыд, уæддæр хæрз асламæй æлхæдтой фос æмæ сæ зынаргъæй уæй кодтой æндæр рæтты. Кæй зæгъын æй хъæуы, бирæтæ сын зыдтой сæ фыдракæндтæ, фæлæ сæм ничи уæндыд. Уæдæ хицауадæн

та Пираны фæрныг хæдзары дуæрттæ кæддæриддæр уыдысты гом. Халон та халоны цæст нæ къахы.

Фæлæ сæ сæ бирæ тæригъæдты тыххæй иуафон уæддæр Хуыцау бафхæрдта. Йæ фырттæй иу, Мысырби, фæдисæтты къухæй фæцæф цалдæр азы размæ, Гомборы æфцæджытæй фос куы тæлæт кодтой, уæд. Куыддæр æгъдауæй ма раирвæзтысты, фæдисæттæ сæ нал раййæфтой, фæлæ Мысырбийæн йæ цæф схæрам кодта, æмæ бирæ нал ахаста… Мад уæдæй фæстæмæ йæ сæрæн нал сси, йæ цæсты бынтæ нал басур сты, фæлæ уæддæр Пиранæн уый зонд зонæн нæ уыд. Æгъатыр лæгæн ма цы иунæг фырт баззад, ууыл æрхæцыны бæсты йæ дарддæр ардыдта галиу, тæссаг фæндагыл. Лæппу æрбамбал кодта йæ хæрæфырт Хамбийы, æмæ иумæ дарддæр кодтой сæ фыдракæндтæ. Уый дæр сæхи хуызæн уыд, æмæ Саукуыдз æндæр никæуыл бауæндыд. Сауаты бинонтæй иунæг адæймаг дæр ногарæзт колхозы æмгæрæтты нæ ауад, уæды заманы та уый тыххæй кулак кодтой, уæлдайдæр, ахæм фæллой кæмæ уыд, уыдоны, фæлæ Сауатæн иу ныхас зæгъын дæр ничи бауæндыд…

* * *

Чи фæдзода, уыцы миты хъæпæнтæ зивæггæнгæ тадысты хуымгæнæны мæйы хуры лæмæгъ тынтæм. Хурдзæвæн бынæтты мит фæсæлæф ис æмæ чысыл цадтæй алы рæтты бамбырд. Уалдзæг сабыргай, фæлæ барджынæй æрфистæг Æнгузджыны хъæуы, æмæ æрдз райхъал. Уадымс зæрдæбын узæлд кодта бæлæсты ногтау сыфтæртыл æмæ сын рогæн хъазыди сæ къуыбар хихтыл. Сауийы суадоны ‘рдыгæй æнæрæнцайгæ хъуыст булæмæргъы хъæлдзæг зарæг. Цъæх арвы скъуыддзаг æрцауындзæг рудзынджы фæлгæтыл, æмæ дуне ноджы ирддæрæй разынди. Хæдзары фарсмæ пæлæхсар сирень бæлас йæ къабузтæ айтыгъта, æмæ йын мыдыбындзытæ хæдзардзинæй йæ адджын дон цъырдтой.

Данелы буц чызг Мæди хæдзары змæлдтытыл уыди. Райсомæй фосмæ куы базылд, уæд йæ гуымбыл бацахста, стæй зæхбын хæдзары дыууæ уаты æмæ кæрт аив бафснайдта. Уый фæстæ къонайы рæхысыл ауыгъд чысыл цуайнаджы дзидзайы хæйттæ ныппæрста æмæ сæ бауæларт кодта. Афтæ хъæлдзæг уыд, æмæ-иу хатт ныллæг хъæлæсæй базарыд. Абон сæм хъуамæ йæ кæнгæ æфсымæр Саукуыдз æрцæуа Хамбиимæ, æмæ сывæллонау цин кæны Мæди. Рæвдз кæны йæхи уазджыты æрцыдмæ.

Ӕрдз алы хорздзинæдтæй дæр фæхайджын кодта Мæдийы. Цы – йæ бакаст, цы – йæ зонд, цы – йе 'гъдау. Йæ урсцъар цæсгом афтæ рæсугъд уыд, æмæ дзы адæймаг йæ цæстæнгас зынтæй ратыдтаид. Фæлæ ноджы рæсугъддæр та йæ зæрдæйы конд уыд, æмæ йæ уый тыххæй бирæ уарзтой хъæубæстæ. Йæ ныййарджытау хæларзæрдæ уыд чызг дæр. Данел æмæ йæ бинойнаг сæ чызджы цинæй сæхи арвы милтыл сæрфтой, авгау ын æрхауынæй тарстысты. «Хуыцау сын иу радта æмæ нывыл», – арæх фехъусæн уыд адæмæй ахæм ныхæстæ. Сæрæн чызджы уарзтæй чи тади, ахæм лæппутæ хъæубæсты бирæ уыди. Алы хуызы архайдтой йæ зæрдæ йын балхæнынил, фæлæ æнæрцæф чызг йæ хæдзармæ минæвары номыл къахдзæф дæр никæй уагъта. Йæ зæрды уыд Арешпераны астазон скъолайы фæстæ Сталиниры дарддæр сахуыр кæнын, ахуыргæнæджы дæсныйад райсын. Уый уыд йæ ныййарджыты бæллиц дæр. Баххуысæй йын ныфс бавæрдта йæ кæнгæ æфсымæр Саукуыдз дæр.

Саукуыдз æмæ Хамби Собатæм æрбацыдысты изæрырдæм, базары сæ хабæрттæ конд куы фесты, уæд. Хатт-иу Саукуыдз иунæгæй дæр æрцыд, фæлæ-иу бирæ фос куы 'ртардта, уæд æй æххуыс æнæмæнг хъуыд, Хамбийы йеддæмæ та никæуыл æууæндыд. Уазджытæ семæ æрбахастой фысы агъд, стæй адджинæгтæ Мæдийæн.

– Уæ хорзæхæй, афтидæй уæ ничи уадзы? Алы хатт мæм хуынтæ цæмæн хæссут? Цал хатты уын загътон, мæ хæдзары стут рæбинаг æмæ мæ мацæмæй æфсæрмы кæнут. Хуыцауы фæрцы афтæ ихсыд не сты нæ къуымтæ, – йæ къухтæ æфсæрмыгæнгæ фæйнæрдæм аппæрста Данел.

– Бауырнæд дæ, Данел, цыбыркъух стут, зæгъгæ, ничи зæгъы, фæлæ нæ ды дæр бамбар. Нæ уарзон бинонтæн исты хорзы бацæуын, истæмæй аххуыс кæнын махæн дæр æхсызгон у. Ау, нæ хойæн йæ къухы адджинæгтæ авæрын цас диссаг у! – ныхас айста Саукуыдз.

– Хуыцау уын бирæ раттæт, мæ хуртæ, æмæ уæ базарамонд уæд кæддæриддæр, – арфæтæ кæнынмæ фæци Данел æмæ сын дзаджджын фынгмæ ацамыдта: – Табуафси, нæ хойрагæй нын саходут.

Фæлæ Хамби ныхæстæм нæ хъуыста. Уый зыдæй каст Мæдийы рæсугъд цæсгоммæ, æмæ йæ тызмæг зæрдæмæ лæдæрстысты æхсызгон æнкъарæнтæ. Ныр æй цалдæр хатты федта, æмæ дзы йæ уд баззад. Кæддæрты йæм дзырдæппарæнтæ бæргæ бакодта, фæлæ йæм чызг рæстмæ ныхасмæ никуы 'рлæууыд. Йе 'нкъарæнтæ Саукуыдзæн ской кодта,

фæлæ йын уый карзæй бафæдзæхста, йæ дзыхæй дæр сæ куыннæуал суадза. Кæд фыдгæнæг уыд, уæддæр æй йæ сæрмæ нæ хаста, æфсымæр дзы чи загъта, уымæ уый бадзурын. Æнæуи та йæ зыдта, чызг барвæндонæй кæй не сразы уыдзæн. Йæ хæрæфырты хъуыды зонгæйæ, кæддæр Саукуыдз хъазгæмхасæнты бакой кодта Мæдийæн, Хамбийæн дæ куы ачындз кæниккам, зæгъгæ. Уый чызгæн тынг фæхъыг:

– Саукуыдз, нæ зонын, хъазгæ кæныс æви æцæг дзурыс, фæлæ æз Хамбимæ дæр дæу тыххæй дарын æфсымæры зæрдæ, æмæ мæ ахæм ныхæстæм хъусын нæ фæнды. Уæдæ мæм мой кæныны фæнд та бынтондæр нæма ис. Æз ахуыр хъуамæ скæнон. Афтæ йæ нымайæм, æмæ ницы фехъуыстон, стæй ацы ныхас мæ фыды хъустыл дæр ма ‘руайæд. Уый сымахыл йæхицæй тынгдæр æууæнды, æмæ йын йе ‘ууæнкæн аргъ скæнут.

Уæдæй фæстæмæ йын Саукуыдз ницыуал загъта. Йæ хæрæфырты уавæр дæр уыдта, куыд утæхсæн кæны, уарзты арты кæй судзы, фæлæ йын йæ бон баххуыс кæнын ницæмæй уыд. Уæлдайдæр ма Мæди уый куы базонид, æмæ Хамби идæдз у, – куыд дзурынц, афтæмæй йæ бинойнаг уый аххосæй йæхимæ йæ къух систа – уæд æй сæ хæдзармæ уадзгæ дæр нал æрбакæниккой.

Саукуыдзæн йæ хо Фатъимæт æмæ йæ цардæмбал Гига иу азмæ кæрæдзи фæдыл амардысты. Сæ фæстæ ныууагътой лæппу æмæ чызг хæрз æвзонгæй. Чызг хистæр уыд æмæ йе ‘фсымæрмæ каст, æххуыс сын кодтой сыхæгтæ, Фатъимæты цæгат. Саукуыдз сæ арæх бæрæг кодта, ницы цух сæ уагъта. Фæлæ уæддæр лæппу фыдуаг рауад. Уæдмæ хо æмæ æфсымæр сæ амæндтæ ссардтой.

Хамбийы бинойнаг Сæлимæт уыд, комы аргъ чызг кæй фæхонынц, ахæм рæсугъд æмæ сæрæн. Бирæ дзурджытæ йыл уыд, фæлæ йæ абон дæр ничи зоны, уыдоны ‘хсæн абырæг æмæ галиу зондыл хæст Хамбийы цæмæн равзæрста, уый. Æдде бакæсгæйæ, бинонты цард зынд æнæлаз, фæлæ цыбыр рæстæгмæ чызджы цæсгом саумылазон афæлдæхт, йæ мидбыл никуыуал бахудт, йæ цæстыты ныццахст судзгæ маст. Фæлæ никæмæн ницы дзырдта. Саукуыдз хорз зыдта йæ хæрæфырты зондахаст, йæ усы туг дойныйæн кæй нуазы, æмæ-иу ын арæх уайдзæф кодта, фæлæ-иу уый йæ къух ауыгъта.

Хамби æмæ Сæлимæт цардысты стыр цæугæдоны был. Сæ хæдзармæ хæстæг ададжы дон бæзджындæрæй уади. Чызджытæ дзы сæхицæн ауазæн скъахтой æмæ дзы найæн бынат сарæзтой. Алчи дæр æй зыдта,

æмæ нæлгоймæгтæй уырдæм ничи цыдис. Раст уыцы ран иу райсом ссардтой Сæлимæты мард…

Хабар уайтагъд айхъуыст. Æнамонд чызгмæ цы рауад, уый ничи зоны абоны онг дæр. Фæстаг хатт ма йæ уыцы райсом найæны сæрмæ къуыппыл лæугæ федта сыхæгты чысыл лæппу, æндæр æй уынæг нæ фæцис. Йæхимæ йæ къух систа æви æнамонд цау уыд, уый не сбæрæг. Куыд дзырдтой, афтæмæй йæхи бар нæ уыд. Кæд Хамбимæ сæ зæрдæ ‘хсайдта, уæддæр ничи ницы суæндыд. Йæхæдæг куыд дзырдта, афтæмæй уыцы рæстæг хæдзары йæ фосмæ зылд.

Æцæг æм чызджы цæгат лæбурынтæ систой, уыцы уавæрмæ йæ ды æркодтай, зæгъгæ. Стражниктæ йæ акодтой. Бирæ рафæрс-бафæрсы фæстæ йæм куы ницы къухбакæнæн ссардтой, уæд æй рауагътой. Хамби, æгæрыстæмæй, йæхи хуызæн фыдгæнæг чи уыд, йæ уыцы абырæг мадыфсымæр Саукуыдзæн дæр ницы схъæр кодта. Афтæ æнамонд чызджы марды аххосаг абоны онг дæр æмбæхстæй баззад.

* * *

Чъизигъуыз, къæвдамхиц мигътæ ауыгъдæй лæууыдысты арвыл. Тæссаг уыд къæвдайæ. Хохы дæгътыл зын цæуæн у, фæлæ йыл дыууæ барæджы фæхæрд кодтой. Дæлдæрты æмраст, лæгъз фæндаг цæуы, фæлæ йыл иу бонцаумæ дæр амынд бынатмæ нæ бахæццæ уыдзынæ. Абырджытæ сæ давд фос дæр фылдæрхатт ауылты фескъæрынц.

Сау бæзджын хъæд айвæзти цалдæр версты бæрц. Дысоны тæрккъæвдайы фæстæ хъуысы Арешы знæт уынæр, ранæй-рæтты æрттивынц къæвдайæ баззайгæ култæ. Атагъайы кæцыдæр бынæтты айтыгъдысты дидинæгджын æрдузтæ. Хъæд сабыр у, æрмæст рæстæгæй-рæстæгмæ хъæды арфæй райхъуысы дудахъхъы ныллæг уаст.

Тындзынц барджытæ хъæды нарæг зæнграгъыл, цыма сæ исчи суры, уыйау. Ранæй-рæтты пыхс къалиутæй ахизæн нæй, æмæ бæхтæ фæоцани вæййынц. Фæфæсзæнг сты, æмæ сын уæрæх къахвæндагыл фенцондæр. Сæ балц ныр та Дасаулеты ‘рдæм у, бæрæггонд сын сты бынæттæ, æмæ та дзы фос ратæлæт кæнын ис сæ зæрды.

Дардæй æрбазынди Шамилы дзуар – абырджыты рæсæн бынат. Афтæ цæмæн хуыйны, уый бæлвырд ничи зоны. Куыд дзурынц, афтæмæй лекъаг хæстон разамонæг Шамил нудæсæм æнусы æртынæм азты Къахеты гæныстон бирæ хæттыты фæкодта йе ‘фсадимæ, æмæ, дам, йæ

фælладуадзæн бынат уым уыд. Ныр та къæвдатæ æмæ хурæй хъахъхъæны абырджыты, фыййæутты, цуанæтты. Саукуыдз æмæ Хамбийæн дæр се ‘рулæфæн бынат ам ис. Ныр дæр сæ бæхтæй æрхызтысты æмæ сæ иуварс бæласыл æрбастой. Саукуыдзмæ афтæ фæкаст, цыма дзуары бæстыхай ноджы кæлæддзагдæр фæцис. Æмæ диссаг дæр нæу, Шамилы æрбабырстыл æнусмæ ‘ввахс рацыд, æмæ уал азмæ бæстыхай ныззауыат. Йæ агъуысты æмбæрзæн дуртæ ранæй-рæтты рахаудтой, æмæ сæ хуынчъытæй арвы рухсы уадздзæгтæ уатмæ æрбырыдысты. Къултæ иуварс фæтæссармæ сты, æрбахизæны дуары бæсты чидæр дынджыр фæтæн фæйнæг сæвæрдта. Адæймагæн дзы баулæфынæн ницы уавæртæ ис, фæлæ уæддæр бæлццæттæ уым абадын уарзынц.

Лæппутæ дзуары рахизæны дынджыр тæгæр бæласы бын уæлдагъыл æрбадтысты. Хамби уайтагъд хордзенмæ февнæлдта æмæ фынгыл авæрдта, сæ фысымтæ сын кæй атыхтой, уыдон: арахъхъ, торнейы дзултæ, дзидзайы кæрстытæ, цыхт, цъæх хъæдындзтæ… Авджы дзыхæй къæрмæг сæлвæста, сыкъамæ нозт рауагъта æмæ йæ Саукуыдзы къухмæ авæрдта. Фæйнæ æртæ ануæзтой, фæлæ Хамби æнкъард уыд, æнæбары цæмæдæрты æвнæлдта. Саукуыдз æй цалдæр хатты бафарста, фæлæ-иу цыдæр афсæнттæ кодта. Æппынфæстаг йæ утæхсæн схауд:

– Саукуыдз, мæ хистæр дæ, мæ мадыфсымæр, æмæ мын дæ разы ме ‘нкъарæнтыл дзурын аив нæу, фæлæ дæу йеддæмæ мæнæн ничи баххуыс кæндзæн. Стæй æнæуый дæр иу хæрвы тыхт стæм. Мæ хорз дæр æмæ мын мæ ‘взæр дæр дæуæй хуыздæр ничи зоны. Кæд нæм æргомæй ничи уæнды, уæддæр нæ дыууæйы дæр фыдгæнджытыл нымайынц. Фæлæ фыдгæнæгæн дæр зæрдæ æмæ уд ис. Мæнæн æнæ Мæди цард ад нал кæны. Уарзын æй. Мæ хæдзар æнæ сылгоймагæй уазалы тæф кæны. Рухсаг уæд не ‘фсин, фæлæ ныр æртæ азы рацыд, цард йæхионтæ кæны. Дæуæй Данел фырт загъта, Мæди дæр дæ ‘фсымæрыл нымайы, фæлæ мæнæн цæуылнæ ис уый тыххæй уарзыны бар? – йæ дыууæ къухæй йæ сæрыл ныххæцыд Хамби, æмæ йæ нырдиаг кæнынмæ бирæ нал хъуыд.

Саукуыдз æм кæсгæйæ баззадис. Ныр сæм дыууæ азы цæуынц Собатæм, æмæ раджы фæхатыд лæппуйы æнкъарæнтæ. Зоны йæ, æгъдауыл куы сархайой æмæ минæвæрттæ куы барвитой, уæддæр дзы ницы рауайдзæн. Кæй зæгъын æй хъæуы, хъуыддаг æрмæст ууыл нæу, æмæ Саукуыдзæй сæхицæн лæппу загътой. Æмæ сын уæд йæ хæрæфырт цы

хион у? Зоны йæ, Хамби бинонты цардæн нæ райгуырд – нæ фæцæрдзæн йемæ, исты фыдбылызы та куы ныссадза зæды хуызæн чызджы, йæ бинойнаджы куыд аныхъуырдта, афтæ, уæд уый куыд æруадза Саукуыдз? Чызг та барвæндонæй никуы сразы уыдзæн. Кæд абырæг æмæ лæгмар у, уæддæр ма йæм уыйас адæймагдзинад баззад, æмæ йæ нæ фæнды, йæ фæрнджын фысымты фæхъыг кæна. Уæлдайдæр, уый куы базоной, бинойнаг ын уыд æмæ æбæрæг аххосæгтæм гæсгæ фæмард, уæд. Йæхæдæг дæр æй не 'мбары, Собатæ йыл афтæ тынг куыд бауæндыдысты, уый. Ныфс æй куы уаид йæ хæрæфыртæй, уæд хъуыддаг аразыны хæс иууылдæр йæхимæ райсид. Фæлæ Мæдийæн уый аххосæй йæ амонды фæндаг куы басудза, уæд сын канд уыцы хæдзармæ нæ, фæлæ Дæллаг Къахетмæ фæндаг дæр нал уыдзæн. Æмæ ма уæд сæ пайдайæ дæр æнæ хай хъуамæ фæуой. Цы у йæхи цард дæр Саукуыдзæн?.. Йæ бинойнаг æмæ æртæ сывæллоны цалдæргай мæйтæ нæ фены. Афонмæ раджы ныууагътаид ацы хъуыддаг, фæлæ йын йæ фыд æнцой нæ дæтты, æргомæй йæ фыдбылызы æппары. Æмбары йæ, куынæ æрлæууа, уæд рæхджы йæ мæгуыр æфсымæры фæдыл ацæудзæн, фæлæ фыды ныхасыл дыууæ зæгъын чи уæнды.

– Хамби, æз дын дæ уавæр æмбарын, фæлæ мын æй ды цæуылнæ æмбарыс? Мæ туг, ме стæг дæ, адджын мын дæ, фæлæ дын æргомæй зæгъын: уыцы чызг мах хуызæтты аккаг нæу. Адæймаг ыл йæхимидæг дæр нæ сæтты, фæлæ мах стæм фыдгæнджытæ. Фыдгæнæгæн та йæ фæндаг цыбыр у, абон уа, сом, искæй нæмыг ыл сæмбæлдзæн. Уæд цæмæн æппарæм ахæм чызджы цæхæры? Йæ зæрдæ ахуырмæ æхсайы, æмæ йæ цæмæн хъыгдарæм? Цы куыст кæнæм, уый куы базоной, зонгæ та йæ æнæмæнг бакæндзысты, уæд мæн дæр худинаджы цæмæн æппарыс? Йæ кæнгæ хойы дыккаг усæн фыдгæнæджы разæй скодта, зæгъгæ, ничи зæгъдзæн? – йæ ныхас сабыргай нывæста Саукуыдз.

Хамбийæн йæ мадыфсымæры ныхæстæм хъусгæйæ йæ цæстытæ туджы малы зылдысты. Æппындæр æм ницыуал хъардта. Мæди – æндæр ницыуал уыдта æмæ хъуыста. Æваст фæбадæг ис йæ бынаты, йæ хъама фелвæста æмæ йæ сæ дыууæйы 'хсæн зæххыл æртъыста:

– Сис мын мæнæ мæ хъама æмæ йæ мæ зæрдæйы ныссадз! Уæддæр мæ цард ницыуал у æнæ Мæди. Кæнæ мын баххуыс кæн, кæнæ мæ амар! Дзырд дын дæттын, ницæмæй йæ фæхъыг кæндзынæн, мæ хæдзары ницы хъуаг уыдзæн. Кæд мын минæварæй нæ комыс, уæд та

мын скъæфынмæ баххуыс кæн! – ныррыхыд фыдгæнæг æмæ йæ къухы фыдтæм дæндагæй фæлæбурдта.

Саукуыдз æдзæмæй бадгæйæ баззад. Цы ма бакæна, уымæн йæ сæрæн ницыуал зоны. Чызджы мæт æй куыд нæ ис, фæлæ йæ хæрæфырт дæр сæфы. Йæхицæн исты фыдбылыз сараздзæн – тæвдтуг у… Уæд та… Цы нæ вæййы. Кæд æрхæдзарон уаид Хамби. Чызг дæр иучысыл йемæ куы ацæра, уæд æй бауарздзæн. Арæх чызг æмæ лæппу кæрæдзи дæр никуы фенынц, афтæмæй сын сæ амонд хистæртæ балхынцъ кæнынц, æмæ сæ цард ацæуы.

Æмбæрста, ардæм йæ фæндаг æхгæд кæй æрцæудзæн æмæ йе стыр пайдайæ æнæ хай кæй фæуыдзæн. Уæддæр йæ зæрдæ дардта, хъуыддаг фидауынмæ кæй æрцæудзæн, æмæ ныффæнд кодта, цæрæнбонты фæсмойнаг цæмæй фæцис, ахæм фæнд: чызджы расайын æмæ йæ аскъæфын…

* * *

Мидхæстæй кæд цалдæр азы рацыд, уæддæр адæм сæ мæгуыры лæдзæг нæма æрæвæрдтой. Къахеты цæрджытæн дæр хæсты уылæнтæ сæ быны-бындуртæ æмæ сæ нæлгоймаг фæсивæды стыр хай аныхъуырдтой. Кæд революцийы уæлахизы фæстæ цард уабæрæг ницæмæй фæхуыздæр, уæддæр сындæггай æндидзын райдыдта. Хæсты хъæдгæмттæ сабыргай æгас кодтой. Рахъомыл ног фæлтæр, бирæтæ дзы ахуыры фæндагыл æрлæууыдысты. Мæдийæн дæр йæ фæнд конд уыд: ацы аз каст фæцис Арешпераны астазон скъола æмæ йæ зæрды ис Сталиниры педагогон институтмæ бацæуын. Йæ рагон бæллиц у ахуыргæнæг суæвын. Фæлæ фæлварæнтæ раттынмæ нырма мæйæ фылдæр хъæуы. Уымæ гæсгæ цингæнгæ сразы, йæ кæнгæ æфсымæр Саукуыдз æй сæхимæ куы фæхуыдта, уæд ууыл.

Мæ хо дæ æмæ нын нæ хæдзар, стæй нæ бинонты никуыма федтай. Иу къуырийы бæрц дæ акæндзынæн, дæхи аирхæфсдзынæ, фендзынæ нын нæ цард, нæ хъæубæсты. Мæн рæхджы фæстæмæ ардæм хъæуы, æмæ иумæ раздæхдзыстæм. Мæ бинойнаджы та фæнды, цæмæй дæ мад æмæ фыдимæ базонгæ уа æмæ, уæвæн ис, уый дæр ракæнæм, – афæлывта Саукуыдз, стæй йын йæ ныййарджытæм баздæхт: – Ацы чызджы æз хонын мæ туг, ме стæг. Уый æз фæхъыг кæнын никæмæн бауадздзынæн. Рауадзут æй мемæ, æмæ исты фена. Тæригъæд у, нырма уæхи хъæуæй

дарддæр никуыма уыд. Ахуырмæ куы бацæуа, уæд ын рæстæг нал уыдзæн. Мæ бинонтæ йæ фæсауууонмæ зонынц, æмæ сын йæ фенд тынг æхсызгон уыдзæн. – Цæмæй йыл тынгдæр бауæндой, уый тыххæй ма йæ ныхæстæм бафтыдта: – Тынг зæрдиагæй мæ фæнды, сымах дæр нæм куы рацæуиккат, мæ ныййарджытимæ уæ базонгæ кæнин…

Данел æмæ Аминæт дызæрдыджы хай фесты. Цæугæ, кæй зæгъын æй хъæуы, нæ акæндзысты, тæккæ хуымгæрдæн афон у, сæ къухтæм æмхасæнтæ кæнынц. Исты сæ бирæ лæппутæ æрлæудзысты сæ уæлхъус?! Сæ чызг сын бæргæ хорз аххуыс кæны, фæлæ йæ ныр уазæгуаты ацæуын бафæндыд, æмæ, цы кæной, уый нæ зонынц. Нæ сæ фæнды, сæ чындздзон чызджы æбæрæг ранмæ арвитой, кæд Саукуыдзыл сæ зæрдæ мисхалы бæрц дæр никуы ницæмæй фæхудт, уæддæр. Æууæндынц ыл сæхи фыртау, æмæ сæ йæ фæхъыг кæнын дæр нæ фæнды, кæд йæ хæрæфырт сæ зæрдæмæ уыйас нæ цæуы, уæддæр. Раджы йæ фæхатыдысты, Мæдийæ йæ цæстытæ кæй нал фæисы, уый, фæлæ Саукуыдзы ‘фсæрмæй никуы ницы загътой. Тынгдæр ын уымæй тæрсынц, фæлæ сæ уæддæр сæ кæнгæ лæппуйæ ныфс ис, уый йæ, æгæрыстæмæй, Хамбийæн дæр фæхъыг кæнын нæ бауадздзæн.

– Баба, – йæ ныййарджыты дызæрдыг хъуыдытæ бамбаргæйæ, йæ фыды хъуырыл ацауындзæг Мæди, – æдзух мын афтæ куы дзурут, Саукуыдзимæ дын тархъæды дæр нæ тæрсæм, уæд цæуыл мæт кæнут? Уæдæ ахуырмæ дæр мемæ цæудзыстут? Ме ‘фсымæры бинонты нырмæ кæй нæма зонæм, уый дæр цас раст у? Нæ хъæуæй дарддæр никуы ахызтæн, æмæ мæ фæнды, исты фенон. Раст къуырибонмæ ам уыдзынæн, фæлварæнтæм мæ бацæттæ кæнын хъæуы, æмæ мын уыйас рæстæг нæй.

Данел æмæ Аминæт сæ хъæбулы ныхасыл дыууæ нал загътой.

* * *

Саукуыдз æмæ Хамби сæ давд фосы Къабалы базары тагъд-тагъд лæварæмхасæнты æрбауæйтæ кодтой æмæ цæуыныл ныллæууыдысты. Тарстысты, сæ фысымтæ сæ фæнд куы аивой æмæ чызджы куы нæуал рауадзой. Мæди дæр уæдмæ йæхи срæвдз кодта. Йæ дзаумæтты хызыны ма йын йæ мад нывæрдта дыууæ цыхты, дыргътæ, Саукуыдзы мадæн сæрбæттæн æмæ цъындатæ.

– Хъусыс! – фæдзæхста мад чызгæн, – кæд Саукуыдз нæ кæнгæ фырт у, уæд ды та йæ ныййарджытæн сæ чызг дæ æмæ дæхи æцæгæлонхуызæй

ма ‘вдис. Чызгæн кæмфæнды дæр уазæджы бадт кæнын аив нæу, æмæ-иу фезмæл. Кæм-иу æфснайгæ акæн, кæм хæринаг скæндзынæ, кæм сывæллæттæм фæкæс… Иу ныхасæй, амонын дын ницы хъæуы.

Уыцы рæстæг Саукуыдз та Хамбийæн амыдта зонд:

— Ды ацæудзынæ махæй иу сахат раздæр, цыма дæ кæмдæр хъуыддæгтæ ис, афтæ. Мах куыддæр Мтисдзирийы æфцæгæй хъæдмæ бахизæм, афтæ æз фехситт кæндзынæн, æмæ-иу мын ды дæр æхситтæй дзуапп ратт. Дарддæр хъуыддаг йæхи амондзæн…

Мæди цинæй ради. Саукуыдзы фæсарц бадти æмæ алырдæм зыдæй ракæс-бакæс кодта. Сæхицæй кæд дард нæма рацыдысты, уæддæр ацы бынæттæ фыццаг хатт уыдта æмæ сыл цин кодта. Йæ цæстытыл уади, йæ фысымты сабиты куыд рæвдаудзæн, куыд сæ ирхæфсдзæн. Чызджы лæггад кæй кæндзæн Саукуыдзы фæлмæн, хæларзæрдæ мадæн, уый дæр дзы рох нæ уыд.

Бæлццæттæ Мтисдзирийы хохрæбынмæ куы бахæццæ сты, уæд фæхæрд кодтой тæссар-мæссар фæндæгтыл хæрдмæ. Бæхæн йæ уæргъ-тимæ цæуын фæзын, æмæ тыхæнцад кодта размæ. Иу райдзаст æрдузмæ куы бахæццæ сты, уæд Саукуыдз фехситт кодта, æмæ йын чидæр æхситтæй дзуапп радта.

– Мæди, ам мæ зонгæ хъæдгæс ис, æмæ мæ уымæ иу чысыл цыдæр хъуыддаг ис. Ам фæлæуу, æз ныртæккæ фездæхдзынæн.

Мæди æрхызт бæхы фæсарцæй æмæ бæласы ставд зæнгыл æрбадт. Иудзæвгар абадыны фæстæ йæ хъустыл ауад бæхы къæхты уынæр. Чызг цингæнгæ фæгæпп кодта, Саукуыдз æрбацыд, зæгъгæ, фæлæ уæдмæ йæ фарсмæ æрбалæууыд Хамби. Мæди йæ куы ауыдта, уæд йæ зæрдæ ныссæххæтт кодта, фыр тæссæй йæхи бæласы зæнгмæ нылхъывта æмæ, цыма Хамбийы Саукуыдзæй фætæрсын кæнынмæ хъавыд, уыйау зынтæй ралæмæрста:

– Ныртæккæ Саукуыдзы ардæм хъæуы, йæ зонгæ фыййаумæ ауад. Æвæццæгæн æй зондзынæ, æз дæр уыдонмæ цæуын…

– Мæди, мæ хур, Саукуыдз афардæг, мах та иумæ ацæудзыстæм Белоканмæ. Уым мын хæлар ис, æмæ уал нæ уый бавæрдзæн, цалынмæ дæ ныййарджытæн сæ маст æрцæуа æмæ бафидауæм, уæдмæ. Дæ кæнгæ æфсымæр Саукуыдз дæр афтæ уымæн бакодта, цæмæй ды амонддзын уай, æмæ йæм ма мæсты кæн. Сбад мæнæ бæхы рагъыл, æмæ нæхи ардыгæй айсæм.

Чызгыл цыма исчи фыцгæ дон бакалдта, афтæ фæцис. Йæ хиуарзондзинады æнкъарæнтæ цъæх арт, цъæх пиллон скалдтой. Цæсгом саумылазон афæлдæхт. Нæ йæ уырныдта, сайдæй йыл разылдысты, уый. Куы йæ бамбæрста, Хамби хъазгæ нæ кæны, уæд нырдиаг кодта æмæ йæ сæрыхилмæ фæлæбурдта, йæ тæригъæд хъарын райдыдта сæ дыууæйæн дæр.

– Дæхи мауал хæр. Хуыцау нæ кæрæдзийæн снывонд кодта, æмæ Йын табу кæнын хъæуы, – хæстæг æм бацыд Хамби. – Мæнæн æнæ дæу цард нæй, уарзын дæ, Мæди, уарзын, – йæ разы йæ зонгуытыл æрхауд лæппу.

– Хæстæг мæм ма цу, æдзæсгом! – фыр мæстæй ныррызт чызг. – Ды мæн уарзгæ куы кæнис, уæд ахæм ми нæ бакодтаис. Мæ тæригъæд мын фæхæссут уæ дыууæ дæр!

– Мæ сæрæн æндæр ницыуал зыдтон. Ныр мын кæдæй нырмæ мæ риу маст баууылдта. Курын дæ, сразы у мæ фæндоныл. Сбадæм уæртæ мæ бæхыл æмæ нæхи баауууон кæнæм. Æз дæу æвæндонæй нæ бафхæрдзынæн, æмæ мæ ныфс ис, бауарздзынæ мæ.

– Кæд мын ардыгæй мæ мард аласай, æндæр æз демæ никуыдæм цæуинаг дæн, – фидарæй загъта чызг.

Бирæ ма йын фæлæгъстæ кодта Хамби, фæлæ чызг йæ фæндыл фидарæй лæууыд. Лæппу ахъуыды кодта тыхми йын бакæнынил дæр, фæлæ уыцы бынат Мтисдзирийы хъæуы сæрмæ уыд, адæм-иу дзы арæх фæзынд, æмæ йæ ныфс нæ бахаста, фæлæ афæлвæрдта чызджы тыххæй бæхы рагъмæ сисыныл. Фæстагмæ лæппуйы ныхас карзæй-карздæр кодта, фæлæ йæ фæндонæй ницы уади, афтæмæй сихорафон ссис.

Ныр уал раздæхæм, Хамби чызджы цурмæ куы бацыд, уыцы рæстæгмæ. Раст уыцы афон мтисдзирийыхъæуккаг, лекъаг Махмуд, уым хæстæг йæ хъуджы агуырдта, æмæ, йæ хъустыл тыхныхас куы ауад, уæд ыл йæ цымыдис фæуæлахиз, йæ бæх уым хæстæг арбаста æмæ аивæй хæстæг бахъуызыд. Лекъаг уайтагъд Хамбийы базыдта, – Къабалы базары сыл арæх æмбæлд. Уæдæ сын сæ фысимы дæр хорз зыдта. Мтисдзири æмæ Æнгузджыны хъæутæ кæрæдзимæ хæстæг сты, æмæ цæрджытæ кæрæдзи зонынц. Лæг хъуыддаг бамбæрста: Данелы чызджы скъæфынмæ хъавы. Махмуд æй æмбæрста, Хамбимæ хæцæнгарз кæй уыдзæн, йæхимæ та лæдзæгæй дарддæр ницы уыд. Фæстæмæ аивæй раздæхт, йæ бæхыл йæхи баппæрста æмæ Æнгузджынмæ ныффæдис кодта.

Хамби бафæллад, йæ маст йæ былтæй акалд. Æнæбон чызгимæ æнæхъæн æртæ сахаты тох кæны æмæ йын ницы фæразы. Нал ын ис фæстæмæ фæндаг, фæлтау – йæ мæлæт. Уæдæ нал басæттай, зæгъгæ, бауад æмæ, кæд æдас нæ уыд, уæддæр чызджы къаба æрфарин кодта æмæ йæ асхуыста зæхмæ. Æнамонд чызг ахауд. Фæлæ уый циу? Æваст æрбайхъуыст бæхты къæхты хъæр æмæ фæдисæтты хъæлæба. Абырæг бамбæрста хъуыддаг. Æррайау фæци. Ау, йæ амонд йæ къухæй ахауд, йæ фыдæбон æнæхъуаджы фæцис, æмæ ма ахæстоны хай дæр бауыдзæн? «Нæ, нæ уыдзæн уый. Хуыцау æй мæнæн нæ радта, уæд æндæры дæр хъуамæ ма фæуа!» Туг сæрмæ ныццавта. Цалдæр уысммæ йæ сæры ферттывта æбуалгъ хъуыды. Фелвæста хъама æмæ йæ чызджы риуы йæ фистонмæ ныссагъта. Уый ма иу богъ фæкодта æмæ, бæласы бындзæфхад хырхæй куыд акъуырай, уыйау зæххыл адæргъ, йæ рæсугъд сау цæстытæ хъоппæгæй аззадысты.

– Мæ тæригъæд дæр – дæу æмæ дæхи тæригъæд дæр – дæхи! – знæтæй сдзырдта фыдгæнæг, йæ бæхмæ йæхи баппæрста æмæ тархъæды фæауон. Фæдисæттæ чызджы йæ туджы мæцгæ баййæфтой – йæ хуры хай аныгуылд. Бæстæ хъæр æмæ æрдиаг сси. Чидæртæ ма афæлвæрдтой лæгмары асурын, фæлæ уый уæдмæ æгæрон хъæды æрбатар.

* * *

Сусæны мæйы зынг хур арвы астæуæй нымдзаст зæхмæ æмæ йæ судзгæ тынтæй зæххы уæлцъар дзæгæрæг кодта. Нæууыл цыма исчи арт бандзæрста, уыйау бахус, сбур. Афтæ тæвд уыд, æмæ аууоны дæр фæлæууæн нæ уыд. Æнусон бæлæстæ æнгузцæгъдæн лæдзæджы дæргъæн аууæттæ аппæрстой, æмæ уыцы чысыл сатæг бынæтты фос ривæд кæнынмæ бадзыгуыртæ сты.

Фыдох æркодта абон Æнгузджыны цæрджытыл. Данелы хæдзар арв йæ судзгæ рæхысæй æрцавта. Йæ кæрты хъæубæстæ æмхузонæй саумылазонæй зæхмæ ныккастысты. Лæгтæ сæ худтæ сæ цæстытыл æрфæлдæхтой, æмæ мæстæй сæ цæсгæмттæ ныссау сты.

Данел иуварс лæууыд æмæ, йæ алыварс цытæ цыди, уый рæстмæ не ‘мбæрста. Афтæ йæм каст, цыма фынтæ уыны. Йæ рæсугъд цардбæллон чызг йæ размæ никуыуал рауайдзæн, уыцы хъуыды йæхимæ æввахс нæ уадзы. Æваст æм райхъуыст йæ цардæмбал Мæргъионы судзгæ хъарæг:

*О, мæ мæгуыр цардбæллон хъæбул,*
*Кæдæм уадзыс дæ мæгуыр бинонты?!*
*Дæ уындæй дæр дын куынæ бафсæстыстæм,*
*Уæд нæ æнæ ныгæдæй куыд ныууагътай?!*
*Оу, змæлæг мауал рацæуа дæ марджытæй,*
*Оу, мæнау æнæ ныгæдæй баззайой!*

Æнамонд мады мароймæ адæм зæрдæдихтæ кодтой, æмæ-иу сæ йе-йе райхъуыст.

Сыхаг Митъо бацыд, Данелы уæхскыл йæ къух æрæвæрдта æмæ сдзырдта:

– Данел, мæ хур, цы нæ бон у, алцыдæр Хуыцауæй аразгæ у! Бауырнæд дæ, зæрдæхæлд фестæм иууылдæр, нæ хъæубæстыл ахæм фыдох рагæй нал ныккодта. Рухсаг уæд йæ чысыл уд, фæлæ нын нæ фыдæлты æгъдæуттæ ничима аивта. Зиан райсом æфснаинаг у, цæуылдæрты ауынаффæ хъæуы, æмæ дæм ничи уæнды уый æрбадзурын.

Данел йæ сæрыл схæцыд æмæ Митъомæ бакаст. Лæгæн йæ сау дудгæбон йæ цæстыты ныццахст æмæ цæссыджы хуызы лæдæрсти уырдыгæй. Митъо нæ бафæрæзта уыцы цæстæнгасæн æмæ йæ сæр æруагъта.

– Митъо, Хуыцауы аххос æй цы кæнæм, уыцы фыдох тынгдæр мæхи аххосæй кæй æрцыд, уый мæ мары, – йæ утæхсæн схауд Данелæн. – Цæмæн бабын кодтон мæ худгæ хуры мæхи къухæй, цæмæн бауæндыдтæн уыцы абырджытыл, цæмæн арвыстон мæ хъæбулы уыцы сырдтимæ? – йæхи нал баурæдта Данел, æргом нырдиаг кодта æмæ йæ сæрыл тымбылкъухтæй ралæууыд.

– Мах не 'ппæт дæр Хуыцауы раз тæригъæдджын стæм, æнæ аипп ничи у, – Данелы къухыл æрхæцыд Митъо. – Адæймаг-иу уый куы зонид, райсом цы уыдзæн, уæд фыдбылыз никуы æрцæуид. Дæхиуыл фæхæц, мæ хур, адæмы æфсарм тыхджын у. Фыдгæнджытæ та сæ бынат ссардзысты. Стражниктæ, дам, сæ фæдыл зилынц. Адæмы ræст-тæрхонæй куы аирвæзой, уæддæр Хуыцауы фыдæхæй нæ аирвæздзысты.

– Кæм ис, кæм, Хуыцау?! Кæд ис, уæд мæ мæ иунæг хъæбулæй æнæ хай цæмæн фæкодта? – йæ ризгæ æрмттæй йæ цæсгом бамбæрзта Данел. – Ахæм фыдгæнджытæн Хуыцауы бон дæр ницы у. Мæхæдæг зилдзынæн сæ фæдыл, цалынмæ мæ къахыл лæууынхъом уон, уæдмæ. Кæнæ мæ туг райсдзынæн, кæнæ мæ амарæнт, уæддæр мæ цард фæцис!

Митъо ницыуал сдзырдта. Алыхуызон хæццæ хъуыдытæ йæ сæры фæлхъæзæнтæ систой. Йæ лæдзæг йæ роцъомæ сбыцæу кодта æмæ афтæмæй джихгастæй баззад. «Кæм ма ис ирон лæг, кæм ма ис æхсар?! Ацы фæрныг бинонтæн сæ маст чи райса, ахæм бынтон æввахс сын ничи ис. Кæд Данелæн йе 'фсымæры цот кæнæ Мæргъионы цæгатæй исчи. Æмæ уыдон исты бакæной уыцы абырджытæн, уый зын бауырнæн у. Нæ фыдæлтау уазæгуарзон æмæ къæбæрдæттон кæй стæм, уый фесæфта Данелы дæр. Фæлæ не 'гъдæуттæ куынæуал нымайæм, уæд ма цавæр ирон адæм стæм!» – æнкъардæй хъуыдытæ кодта Митъо, стæй арф ныуулæфыд æмæ сыхæгтæм адзырдта, цæмæй райсоммæ зиан æвæрынмæ сæхи бацæттæ кæной.

* * *

Æрталынг. Мæй къулыл ауыгъд æхсырфау арвыл æрцауындзæг. Стæм рæтты дзы хæрæмигъты фæскъаутæ фæзынд, раст дзы цыма исчи ногæхсад къуымбилтæ байтыдта, уый хуызæн.

Саукуыдз æмæ Хамби Сауатæм тагъд-тагъд къæбæр ахордтой, хордзенты цыдæр хæринæгтæ авæрдтой æмæ, ахизынмæ куыд хъавыдысты, афтæ кæрты стражниктæ æрбалæууыдысты. Сæхи хъæуы стражниктæй уæлдай ма семæ уыдысты Æнгузджыны хъæуæй дæр – æдæппæт иу-æхсæз лæджы. Фыдгæнджытæ, кæй зæгъын æй хъæуы, зыдтой, кæй сæ агурдзысты, фæлæ афтæ тагъд, уый æнхъæл нæ уыдысты æмæ фæтыхстысты. Сæ зæрды уыд Кæсæгмæ сæхи айсын, цалынмæ хъуыддаг æрсабыр уа, уæдмæ. Пиран, зæронд абырæг, йæ къухмæ райста хъуыддаг бабæстон кæнын, лæппутæн ацамыдта, уатæй скъæтмæ цы фæрссаг уыд, уымæ. Скъæтæй та фæндаг цыд цæхæрадонмæ, уырдыгæй – хъæдмæ. Бинонтæн бафæдзæхста, цæмæй фынг æвæрынмæ бавналой, йæхæдæг ахызт стражникты размæ.

– О, мæнæ ма мæ хæлæртты федтон! – йæ гæды митæ йæ разæй фесты Сауайы-фыртæн æмæ, йæ къухтæ фæйнæрдæм феппаргæйæ, сæ размæ ахызт. – Ахæм цыты уазджытæ мæ кæрты рагæй нал уыд. Уазæг – Хуыцауы уазæг, мидæмæ нæм саккаг кæнут.

Стражникты хистæр, фыдзыкъуыр, гуыбынджын Тъатъо – йæ уæрæх æнкъырдтæ цæсгомыл стыр кæлдымау нытътъæпæн æнæвгъау стыр фындз – хъуыддагхуызæй балæууыд Пираны раз.

– Нæ, Пиран, мидæмæ нæ не 'вдæлы, дæ фырт æмæ дæ хæрæфырт сарæзтой стыр фыдракæнд. Саукуыдзы æххуысæй Хамби амардта кæйдæр чызджы, æмæ сæ дыууæ дæр нымад сты фыдгæнджытыл.

Ардæм кæй æрбацыдисты, уый уынæг фæцис, æмæ æнæ уæлдай ракæ-бакæйæ сæхи раттæнт.

– Оу-уа, уый мын цы загътай!? – йæ сæрыл ныххæцыд хинæйдзаг лæг. – Умæн уæвæн нæй! Сæ дыууæ дæр сæрæн кæй сты, кусын кæй уарзынц æмæ кæй ницы хъуаг сты, уый тыххæй сæм бирæ хæлæггæнджытæ ис æмæ сыл мысынц алы хъылма. Уыдон рагæй дæр Кæсæджы сты, æмæ сæ дæллаг Къахетмæ цы ныххастаид? Кæд уæ нæ уырны, уæд рахизут æмæ фенут, стæй мын хъуыддаг дæр бæлвырддæр бамбарын кæнут.

Стражникты хоныны сæр ницæмæн хъуыд, æнæуый дæр сæ зæрды баджигул кæнын уыд, æмæ хæдзары фæмидæг сты. Азылдысты къуымты, скъæты, цæхæрадоны, уæлхæдзæртты, фæлæ никуы ницы ссардтой. Уæд Тъатъо Пираны раз æрлæууыд æмæ мæстыйæ сдзырдта:

– Пиран, дæ абырæг фырт æмæ хæрæфырт рæсттæрхонæй куы аирвæзой, уæддæр сæ сæ туг исæг уыдзæн. Хуыздæр сын у ахæстонмæ. Уыдон хордтой Данелы хуызæн фæрнджын лæджы цæхджын хойраг. Уый сæ æнхъæлдта йæхи хуызæн рæстуд, бауæндыд сыл, æмæ йын йæ хъæбулы мæрдтæм барвыстой. Хамбийы комкоммæ уынæг фæцис, ды та ма сæ раст кæныс.

– Цы дын зæгъон, нæ зонын. Хуыцауæй ард хæрын, кæд æз лæпputы федтон, – йæ къухтæ фæйнæрдæм фæфæлдæхта мæнгард лæг. – Цалынмæ хъуыддаг сбæлвырд уа, уæдмæ фидарæй ницы зæгъæн ис. Куыддæр фæзыной, афтæ уæм сæ мæхæдæг бакæндзынæн. Ныр та уал хæдзармæ æрбахизут. Пираны къæсæрæй æнæ йæ цæхджын хойраг ацаходгæйæ ничима аздæхт.

– Сауайы-фырт, мах ардæм минас кæнынмæ не ʻрбацыдыстæм. Бæлвырд æй зонæм, фыдгæнæг чи у, уый, æмæ дæ абырджыты рæстæгыл бацагур…

– Мæ урс сæр мын ма фæхудинаг кæнут, мæ къæсæрæй афтæмæй ма аздæхут! Уыдон дæр искуы зындзысты, æмæ сæ рæстдзинад рабæрæг уыдзæн. Ныр та уал мын мæ хойрагæй ацаходут. Нæ фыдæлтæй цы баззад, уый кæнын хъæуы.

Хæдзарæй калд цæхджын фыд æмæ хæбизджынты тæф. Тъатъо йæхи нал баурæдта æмæ мидæмæ араст. Йæ фæдыл бахызтысты иннæтæ дæр. Хæдзары æфсин Пираны амындмæ гæсгæ фæсте ницæуыл фæхæцыд. Йæ чындзимæ ахæм фынг ацæттæ кодтой, æмæ йæм мард дæр рабадтаид. Уæливыхтæ царвы ленк кодтой, сойцæст дзыкка, цæхджын фыд, физонæг, карз арахъхъ æмæ цы нæ уыд фынгыл. Ахæм минас фенгæйæ, уазджытæй сæ цыды сæр айрох, æмæ зæрдиагæй бавнæлдой. Æхсæв-бон-

мæ гаджидæуттæ фæуагътой стражниктæ. Райсомæй сæ бæхтыл куы сбадтысты, уæд ма Тъатъо, фыр расыгæй йе 'взаг йæ дзыхы нал арæхст, афтæмæй Пиранмæ радзырдта:

– Æнхъæлмæ дæм кæсдзынæн дæ фырт æмæ хæрæфыртимæ. Æмбæхсыны фæнд ма скæнæнт, уæддæр сæ ссардзыстæм.

Йæхинымæры та ахъуыды кодта: «Адоны хуызæн абырджыты мæхиуыл цæмæн ардауын? Цы мын фæуыдзæн Дæллаг Къахеты цæрæг Данел? Пираны хуызæттимæ лымæнæй цæрын хъæуы. Хъуыддаг исты хуызы хъуамæ бамынæг уа».

– Тъатъо, мах нæхимæ цæуæм, фæлæ мæ ныфс ис, ацы абырджытæ къухы куы бафтой, уæд нæм сæ Æнгузджынмæ кæй æркæндзыстут. Фыдракæнд уым æрцыд, æмæ сыл тæрхон дæр уым хъуамæ кæнæм. Уæ хъус дарут, мыййаг, кæд фæзыной, уæд сæ сæ бинонтæ ма бамбæхсæнт, – Тъатъомæ баздæхт Æнгузджыны стражникты хистæр Ладемыр.

– Ау, уæдæ нæ куыст æндæр цы у! – йæ рихиты бын хинхудт бакодта Тъатъо. – Ацы бинонтыл хъæстытæ рагæй цæуы, фæлæ сæм æргом ничи уæнды. Исты сæрфат сын æрхъуыды кæндзыстæм…

* * *

Саукуыдз æмæ Хамби уæлбыл хохы фахсыл бирæ фæбадтысты æмæ уырдыгæй æнкъардæй кастысты, сæрибарæй æрцæуыны фадат сын кæдæм нал ис, уыцы хъæумæ. Саукуыдз æй зоны, йæ фыд та сæ ацы цъысымæй дæр сласдзæн, фæлæ йæ зæрдæйы фыдох æрцард. Афтæ куы загъта, ныр æрбæстон уон мæ хауæггаг цардæй æмæ мæ бинонты фарсмæ æрбадон, уæд та йæ йæ хæрæфырт фыдбылызы нытътъыста. Уый æнхъæл куы уыдаид, уæд чызджы цæуыл сæфта? Ныфс æй уыд, чызг кæй æруарздзæн Хамбийы. Фæхудинаг æй кодта йæ хæрæфырт.

Йæ зæрдыл æрбалæууыдысты уыцы боны цаутæ. Уæд Саукуыдз уыцы иу цыдæй ацыд йæ хæдзармæ, Хамби та чызджы хъуамæ ахастаид Азербайджаны хъæу Белоканмæ. Уый ис тæккæ Гуырдзыстоны арæныл, Къабалы базармæ хæстæг, æмæ сын дзы бирæ æрдхæрттæ ис. Уалынмæ Хамби къæсæрыл тугæй ахуырст дзаумætты куы 'рбалæууыд, уæд ма йын хъуыддаг цы базонын хъуыди. Æррайау фæци. Фæлæбурдта йæ хъамамæ æмæ йæ хæрæфырты йæ быны æрæфсæрста, марынæй йыл нæ бацауæрстаид, фæлæ, йæ мады цъæхахст куы айхъуыста, уæд йæхимæ æрцыд. Уæддæр ма йыл тымбылкъухæй ралæууыд. Уалынмæ

фæзынд Пиран дæр æмæ сæ кæрæдзийæ фæхицæн кодта. Хабар куы базыдта, уæд ын æхсызгон кæцæй уыдаид, фæлæ, суанг райдайæнæй йæхи аххостæ кæй сты, уый æмбаргæйæ, алыг кодта:

– Ныртæккæ къæбæр ахæрут, уæ дзаумæттæ амбырд кæнут, боны рухсæй Кæсæджы арæнæй хъуамæ ахизат. Уым уын бирæ зонгæтæ ис, æмæ цалдæр мæйы искæмæ ацæрдзыстут, цæлынмæ æрсабыр уой, уæдмæ. Бæргæ мæ нæ фæндыд, æмæ лæг амардтаиккат, фæлæ ма ныр цы…

Стæй баздæхт йæ фæлмæнтæ бинойнаг Сотионмæ:

– Мæнæ нæ хæдзарæй исты ныхас айхъуыст, уæд мын дæхимæ кæс, – бартхъиræн кодта æнаккаг лæг æмæ æддæмæ ахызт.

Сылгоймаг марды хуызæнæй бадт æмæ йæ цæссыгтæ йæ мæллæг уадултыл згъордтой. Йæ æнæзæрдæ фыдгæнæг лæг æй йæ царды бонты бахордта, маст æмæ дзы цæссыг йеддæмæ ницы федта. Æмæ йæхи цардыл йæ къух раджы ауыгъта, фæлæ, сæ лæппуты йæхи фæндагыл кæй акодта, уый йæ мардта. Афтæ сын никуы загъта, сыгъдæгуд фæллойæ хуыздæр ницы ис царды, цæмæй æнæматæй дæ бинонтимæ цæрай, фæлæ сæ ардауы æрмæстдæр æвзæрдзинадыл, искæй цæттæ фæллой байсыныл. Фыдгæнæгæн та, абон уа – райсом, йæ царды фæндаг цыбыр у. Æмæ уал йæ фырттæй иу байсæфт. Саукуыдзæн уæддæр йæ зæрдæ йæ мадау фæлмæндæр у, фæлæ йын фыд æнцой нæ дæтты, ардауы йæ фыдбылызы фæндагыл. Сæ чызджы фырты дæр ма йын йемæ сбаста. Адоныл ма йын исты куы ’рцæуа, уæд ма йæ цард цы у? Æмæ та мæнæ ног маст. Бабын кодтой кæйдæр хъæбулы. Йæ зæрдæ скъуыдтæ кæны Сотионæн, фæлæ йæ бон ницы у, нæ уæнды йæ бирæгъ лæгæй. Ныхас зæгъыны бон нæй сæ чындз, Саукуыдзы бинойнаг Сæлимæты дæр. Уымæн дæр Пиран йæ дзыхыл цъутта раджы сæвæрын кодта. Сотион йæ абырæг лæджы стражникты къухмæ раджы радтаид, йæ фыдгæндтæ йын раргом кæнгæйæ, фæлæ – халон халоны цæст нæ къахы. Йæ цæхджын хойраджы руаджы семæ хæларæй цæры. Стæй, Пираны куы ’рцахсой, уæд ракъахдзысты иннæ фыдракæндтæ дæр, æмæ кæстæрты дæр йæ фæдыл аласдзæн.

Дзадджын минасы фæстæ дыккаг бон изæрæй Пиран йæ галты сифтыгъта, уæрдоны сæвæрдта дынджыр гарз цыхтæй йедзагæй, дыууæ къæртайы царв, мыд, фысы цæхджын фыд æмæ араст Тъатъойы хæдзармæ. Стражникты хистæр ахæм хуын куы федта, уæд æхсызгон худт бакодта æмæ Сауайы-фырты мидæмæ бахуыдта.

– Тъатъо, мæхимæ мæсты кæнын, нырмæ афтæ æввахс кæрæдзи

цæуылнæ зыдтам. Мæ уд дæр дын нæ бахæлæг кæндзынæн. Ацы уæрдоныл цы ис, уымæй дарддæр ма галтæ дæр уадзын дæуæн. Фæнды мæ, дæ кæстæртæй дын искæй натлиа скæнон.

Хинæйдзаг Тъатъо куыд нæ бамбæрста, абырæг дзы цы домы, уый, фæлæ ахæм фæллæйттæ дæр фæстæмæ куыд аздæхтаид.

– Мæ зынаргъ Пиран! Цалынмæ æз æгас уон, уæдмæ тæрсгæ ма кæн. Æз сараздзынæн мæнг документтæ, ссардзынæн мæнг æвдисæнтæ, цыма чызджы фæмарды рæстæг лæппутæ Дагъыстаны уыдысты. Æрмæст дын фæдзæхсын: нæхицæй дарддæр ацы ныхас хъуамæ мачи зона.

Æхсæв-бонмæ ныр та Тъатъойы хæдзары фæминас кодтой дыууæ фыдгæнæджы. Райсомæй Пиран æфсæст æмæ хъæлдзæгзæрдæйæ ацыд йæ хæдзармæ.

## ФÆСНЫХАС

Мæргъион йæ мæгуыр хъæбулы фæстæ йæ уат нал систа. Кастысты йæм йе 'фсымæры цот. Сыхæгтæ дæр æй рохуаты нæ уагътой. Куыд амыдта сæ рæстæг, афтæ-иу æй абæрæг кодтой. Фæлæ сылгоймаг бонæй-бонмæ тади æмæ дыууæ мæймæ йæ чызджы баййæфта.

Данел ма райдианты бæргæ арауай-бауай кодта, йæ зæрды фыдгæнджыты ссарын уыд. Агуырдтой сæ хъæубæсты лæппутæ æмæ хиуæттæ дæр, фæлæ уыдон зæххы скъуыды аирвæзæгау фесæфтысты. Данел сæхи стражниктæй йæ бон куы базыдта, уæд фæцыд уыцы хъæумæ, ссардта Тъатъойы, ныхас кодта иннæтимæ дæр, фæлæ сæ ныхас уыд: «Чызджы Хамби амардта, уымæн ницы бындур ис. Хæстæгмæ йæ ничи федта. Лæппу Æнгузджыны хъæуæй комкоммæ Кæсæгмæ ацыд. Саукуыдз та чызджы рæстæгмæ фæуагъта æмæ йæ хъуыддаджы фæдыл кæдæмдæр ауад, куы 'рбаздæхт, уæд æй уым нал æрбаййæфта».

Ахæм æргом сайæн ныхæстæ Данелы зæрдæ кæрдихтæ кодтой. Мастæй-иу йæ къухы фыдтæм дæндагæй фæлæбурдта, йæ туг æнæ истæй кæй зайдзæн, уый йæ мардта. Мысыд йæ хъæбулы æмæ-иу богъ-богъæй фæкуыдта. Бынтон йæ хъару асаст, Мæргъион дæр ма йæ иунæгæй куы ныууагъта, уæд. Лæг йæ къух ауыгъта алцæуыл дæр, хæдзарæй æддæмæ нал хызт. Райдианы-иу цæхæрадоны куыстытæ хиуæттæ акодтой, фосмæ кастысты, стæй дзы сæ бон куы базыдтой, уæд фос Данелы æфсымæр Мырзæ йæ хæдзармæ аскъæрдта. Лæг ма цалдæр мæйы фæудхар кодта, йæ зондæй дæр чысыл фæиртæст, афтæ-

мæй афæдзмæ йæ хъæбул æмæ бинойнаджы баййæфта. «Уыд фæрныг бинонтæ æмæ нал сты, фыдгæнджытæ сын сæ цард байстой», – сæ цæссыг нæ урæдтой сыхæгтæ, къабæзтæ.

Кæд Сауаты Пираны бинонтæ рæсттæрхонæй аирвæзтысты, уæддæр сæ Хуыцауы тæрхон баййæфта. Уалдзæджы, уæд ма Данел дæр ӕгас уыд, быдыры хуым кæнгæйæ Пиран, нæмыгдзæфæй йæ туджы мæцгæ, зæххыл ахауд. Нæмыг ратахт хъæды ʻрдыгæй. Адæм ыл æрæмбырд сты. Лæппутæй чидæртæ ауад, æхст чердыгæй фæцыд, уыцырдæм, фæлæ никæйуал ссардтой. Зæронд абырæджы банығæдтой, фæлæ йæ мардмæ иугай адæймæгтæй дарддæр ничи æрцыд. Уый фæстæ хъус-хъус дзырдтой, цыма, дам, уый уыд Данелы æфсымæры лæппу Таймураз.

Хамбийæн дæр Гуырдзыстонмæ цæуæн нал уыд, æрбынат кодта Кæсæджы. Фæлæ уым дæр йæ давыны куыст нæ ныуагъта. Йæхицæн иу цæдисæмбал ссардта, æмæ тæлæт кодтой адæмы фос. Ныр та сæ скъæрдтой Хуссар Ирыстоны, стæй Дасаулеты ʻрдæм æмæ-иу сæ уым æрбауæй кодтой. Иухатт та Мæхъхъæлы ʻрдыгæй Хамби æмæ йе ʻмбал ратардтой цалдæр хъуджы. Уыдон фæфæдис сты æмæ сæ æрбаййæфтой. Лæпппутæ нал фæцарæхстысты сæхи баауон кæнынмæ, æмæ сæ сæ кæрдтыл систой, лыстæг кæрдæнтæ сæ скодтой.

Саукуыдз ноджы дарддæр айста йæхи. Дагъыстаны æрбынат кодта, фæлæ ам дæр æнцой не ссардта. Йæ зæрдæ йын æхсыдта судзгæ фæсмон, йæ цæстытыл уади Мæдийы æнæлаз сурæт, Данел æмæ йæ бинойнаджы стыр лæггæдтæ, æмæ-иу зæрдæхæлдæй ныххаудта. Бинонты кæй бабын кодта, æрмæст ууыл нæ фæсмон кодта, фæлæ, йæ фыды коммæ кæй касти æмæ абырæджы фæндаг кæй равзæрста, ууыл. Нал ахаста Саукуыдз йæ ныфс йæ мад æмæ йæ фыды мардмæ дæр. Йæ бинойнаг æй йæхæдæг ссардта æмæ йæм æрцыд йæ сывæллæттимæ, фæлæ уымæй дæр йæ зæрдæйы маст нал байсыст. Кæд йæ абырæджы цард дæр ныуагъта, уæддæр æй мæгуыр чызджы тæригъæд баййæфта. Уыцы цауæй цалдæр мæйы рацыд, афтæ æбæлвырд аххосæгтæм гæсгæ йæ хистæр фырт Бечыр йæхи æрцауыгъта. Уый бынтондæр ныззылдта абырæджы бындур.

Ацы мæстыты фæстæ тынг фæцудыдта. Кæддæры цæхæрцæст лæппу баруад, йæ цæстытæ ма мынæг æрттывд кодтой. Афтæмæй ма, фæсмоны арты судзгæйæ, кæйдæр зæххыл æгад æмæ сæрныллæгæй фæцард цалдæр азы. Йæ мард æрласæг дæр ын нал фæцис…

*ЦХУЫРБАТЫ Жаннæ,*
*Хуссар Ирыстоны Колыты Аксойы номыл*
*паддзахадон аивадон лицейы*
*музыкалон хайады сæргълæууæг*

# ГАЛАТЫ БАРИС – ФЫЦЦАГ ИРОН ПРОФЕССИОНАЛОН КОМПОЗИТОР

*Уац*



2024 азы 10 мартъийы фыццаг ирон профессионалон композитор, Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон премийы лауреат Галаты Барисы райгуырдыл сæххæст 135 азы. Дирижер, музыкæиртасæг, ирон музыкалон фольклор æмбырдгæнæджы сфæлдыстад у бирæвæрсыг. Ирон музыкалон культурæйæн лæггадгæнгæйæ, уый бахъахъхъæдта зарæджы хъæздыг æвæрæнтæ сомбоны фæлтæрæн.

Галаты Барис райгуырд 1889 азы Цæгат Ирыстоны Мæздæджы районы Черноярскы станицæйы. Чысылæй баззад сидзæрæй, æмæ йæ йæхимæ Бетъырбухмæ аласта йæ фыдыфсымæр, булкъон Галаты Бечыр. Ахуырмæ йæ радта реалон училищемæ.

Ам лæппу æрмæст ахуыры нæ фесгуыхт, фæлæ ма равдыста йе стыр музыкалон курдиат дæр: кларнетыл, фортепианойыл æмæ виолончелыл цагъта, зарыд æмзардгæнджыты къорды. Æрхæцыд ыл номдзыд композитор Римский-Корсаковы цæст, æмæ йæ бахаста консерваторимæ кандидатты номхыгъмæ.

Бечырæн уыцы хабар хъыг уыд – йæ хъуыдымæ гæсгæ, ирон лæг музыкант нæ, фæлæ æфсæддон хъуамæ уа. Уый домæнмæ гæсгæ Барис 1909 азы бацыдис ахуыр кæнынмæ Тифлисы юнкерты училищемæ. Каст æй куы фæцис, уæд 1913 – 1917 азты службæ кодта куыд æфсæддон барæг Кавказаг æфсады, кæцы хæцыд Ираны. Архайдта Фыццаг дунеон хæсты Кавказаг фронты Турчы ныхмæ тохты. Йæхи равдыста иттæг цæттæйæ, алы хатт дæр уыд фыццаг рæнхъыты, фæлæ уæззау

цæф фæцис. Йе сгуыхтдзинæдты тыххæй йын есаулы ном радтой, æртæ хатты хорзæхджынгонд æрцыд хæстон ордентæй. 1921 – 1923 азты уыд Сырх Æфсады рæнхъыты, уый фæстæ ахуырмæ бацыд Бетъырбухы консерваторимæ.

1931 азы рухстауæг, зындгонд ахуыргонд æмæ æхсæнадон архайæг Тыбылты Алыксандры курдиатмæ гæсгæ Галайы-фырт рацыди цæрынмæ Хуссар Ирыстонмæ, Цхинвалмæ. Педагогон уæлдæр ахуыргæнæндоны сарæзта уадынгарз æмæ тæнимæ инструментты оркестр æмæ ма цыппархъæлæсон æмзардгæнджыты къорд. Уыцы аз ма байгом кодта фыццаг музыкалон скъола дæр. Йæ ахуыргæнинæгтæ Гæбæраты Илья, Плиты Христофор, Хаханты Дудар, Æлборты Феликс, Хæбæлаты Зинæ систы зындгонд композитортæ. Йæ иннæ фæдон Гаглойты Зауыр бацыдис Ленинграды консерваторимæ ахуыр кæнынмæ, фæлæ фæмард Фыдыбæстæйы Стыр хæсты.

Галаты Барис ма у Хуссар Ирыстоны зард æмæ кафты паддзахадон ансамбль «Симд»-ы бындурæвæрæг. 1952 азмæ уыд йæ æнæивгæ аивадон къухдариуæггæнæг. Ансамблы архайдтой сæдæ адæймагæй фылдæр. Паддзахадон ансамбль уыд æвæджиауы ахъазгæнæг ирон адæмон музыкалон аивад апарахат кæныны хъуыддаджы.

1951 – 1959 азты Галаты Барис куыста Хуссар Ирыстоны Уанеты Захары номыл зонадон-иртасæн институты. Ирыстоны алы рæтты фыста адæмон зарджытæ, нотæтыл сæ æвæргæйæ. Фæстæдæр уыцы фыстытæй равзæрдис композиторы бындурон монографи «Осетинские народные песни», кæцы мыхуыры рацыд 1964 азы Мæскуыйы. Монографийы автор ма иртасы рагон ирон адæмон кæфтытæ, музыкалон инструменттæ.

Адæмон зарджытæ Галайы-фырт дих кæны историон, революцион, хъайтарон, таурæгъон, фæллойадон, чындзæхсæвы фæткы, минасы æмæ фынджы, кафты, лирикон æмæ юмористон хуызтыл.

«Симд»-ы кафты миниуджытæ æвдисгæйæ, бахахх кодта: «Йæ рæсугъд æмæ разагъддзинадæй ахсы фыццаг бынат ирон адæмон кæфтыты ‘хсæн». Бабæстон кодта хор æмæ оркестрæн иумæ зарджытæ «Додой», «Хъуыбады», «Чермены зарæг», «Чепена», «Софиайы зарæг», «Хазбийы зарæг» дæр.

Куыд композитор, афтæ йæ курдиат ирддæрæй равдыста 1941 азы фыццаг музыкалон комеди «Усгур»-ы. Галайы-фырт ма у оперæ-драмæ

«Нарты Батрадз»-ы автор. Уацмыс хаст ӕрцыд музыкалон бӕрӕггуат «Оперӕты фыццаг равдыстытӕ XX ӕнусы»-йы номхыгъдмӕ. Фортепианойӕн ныффыста «Ирон кӕфтытӕ» ӕмӕ «Ханты цагъд». Паддзахадон ирон театрӕн сарӕзта музыкалон зӕлты иудзинад 30 спектаклӕн. 1942 азы газет «Заря Востока» Галаты Барисы тыххӕй фыста: «Орденхӕссӕг ӕмӕ аивады сгуыхт архайӕг Галайы-фырты музыкӕ хицӕн кӕны тыхджын ӕнкъарӕнтӕй. Ам ис ирон националон зӕлты миниуӕг, уыимӕ ӕмткӕй у ӕввахс европӕйаг музыкалон зӕлтӕм».

Хуыздӕр музыкалон уацмыстӕм ма хаст ӕрцыд музыкӕ кинонывӕ «Фатимӕ»-мӕ. Композитор ӕй ныффыста Къостайы ӕмдзӕвгӕтыл («Я смерти не боюсь», «Догорела заря», «Додой», «У могилы», «А-лол-лай») куыд адӕмон инструментты оркестрӕй, афтӕ симфонион оркестр ӕмӕ фӕндырӕй дӕр спайдагӕнгӕйӕ.

1976 азы Галаты Барис йӕ цардӕй ахицӕн. Ныгӕд ӕрцыд Цхинвалы. Стыр курдиаты хицау, йӕ ном бӕрзонд систа куыд ирон этномузыкологийы бындурӕвӕрӕг-классик. Йӕ архайд фӕахъаз ирон музыкалон аивады райрӕзтӕн композиторты, дирижерты ӕмӕ педагогон къордты куысты.

Цхинвалы Пушкины уынджы, композитор кӕм цардис, уым арӕзт ӕрцыд йӕ Хӕдзар-музей. Ам базонгӕ уӕвӕн ис ӕфсӕддон ӕмӕ композиторы цард ӕмӕ сфӕлдыстадимӕ, фенӕн дзы ис ирон музыкалон ифтонггӕрзтӕ. Чи ӕрбацӕуа, уыдон ма байхъусдзысты, 40 азы дӕргъы йӕ адӕмы иузӕрдион хъӕбул кӕй фембырд кодта, уыцы зарджытӕ ӕмӕ мелодитӕм (ӕдӕппӕт сты 700 фылдӕр). Ӕфснайд уыдысты Зонӕдты академийы Бетъырбухы зӕлфыссӕн архивы, ӕмӕ сӕ фондз азы размӕ балӕвар кодтой музейӕн.

Рухстауӕг ӕмӕ композиторы фӕдонтӕ Гӕбӕраты Андрей ӕмӕ Гаглойты Лианӕ сарӕзтой Галаты Барисы номыл культурӕйы фонд, алы цыппӕрӕмы та сӕм вӕййы сфӕлдыстадон фембӕлдтытӕ. Композиторы номыл арӕзт ӕрцыд дунеон конференци дӕр.

Галаты Барисы сфӕлдыстадон бынтӕ ахъаззаджы хуынӕй баззайдзысты нӕ культурӕйы, ӕмӕ сӕ пайда кӕндзысты фидӕны фӕлтӕртӕ дӕр.

# УД ÆМÆ ЗОНДÆЙ ЙÆ ФЫДÆЛТЫ УИДÆГТИМÆ БАСТ НЫВГÆНÆГ-ФИЛОСОФ

Тынг арæх кæм Интернеты, кæм нæ республикæйы равдыстыты залты æвдыст æрцæуынц нывгæнæг-символист Еленæ Кизиловайы нывтæ. Аивадуарзджытæн зонгæ у йе сфæлдыстадон псевдоним Свати Фарнæ-йæ (SwatiFarnæ).

*Мæнмæ афтæ кæсы, цыма дуне иу егъау ныв у, кæцыйы уыцы иу рæстæг баиу сты царды хуымæтæгдзинад æмæ йæ зынтæ, ис дзы уæларвон фарн æмæ æцæгдзинады уысмтæ, уарзт æмæ гармони.*

Еленæ ныв кæны кæттагыл, ис æм графикон куыстытæ дæр. Уынмæ дæсны у дизайнерон куыстытæм дæр. Сæ фылдæр сты национ темæтыл. Нарты кадджыты хъайтартæ, кадæггæнджытæ, таурæгътæ, аргъæуттæ, æмбисæндтæ, фыдæлты символикон нысантæ, геральдикæ... ацы мотивтæ райгуырдысты авторы æгæрон уарзондзинадæй æмæ ссардтой сæхи сæрмагонд бынат аивадуарзджыты зæрдæты, стыр аргъ сын кæнынц аивадиртасджытæ дæр. Зынгæ æнтыстытæ равдыста натюрморт æмæ пейзажы жанрты, чысыл скульптурæйы. 2019 азы фæзынд авторы аивадæй фæлыст уæлæдарæс. Каст фæцис Дзæуджыхъæуы Дзанайты Азанбеджы номыл нывкæнынады училище. Йæ ахуыргæнджытæ уыдысты Бедойты Шалва, Челæхсаты Магрез, Басаты Олег, Цъæхилты Эльбрус. Уымæй размæ та каст фæцис Дзæуджыхъæуы Тауаситы Сослæнбеджы номыл сывæллæтты нывкæнынады скъола. 1999 азæй у УФ-йы Дизайнерты цæдисы уæнг.

Йæ нывты фыццаг сæрмагонд равдыст арæзт æрцыд 1997 азы. Уæдæй абонмæ уыдон свæййынц, нæ республикæйы æмæ æндæр горæтты цы равдыстыты фæархайы, уыдоны фидыц. Бирæты фæфæнды Еленæйы






# «МАХ ДУГ»-Ы РАВДЫСТ













Фæндырдзæгъдæг æмæ кадæггæнæг Таутиаты Дрис



Уацырухс



Уæрхæг и Уæрхтæнæг сагтыл



Сæрмæтты дæсныфæрсæг ус-паддзах



Батрадзы байсæрст



Ацæмæзы мелоди



Куывд



Агуындæ



Уацамонгæ



Бонвæрнон



Космосон саг



Аллон Мад



Гал



Айсана фæткъуытæ давгæйæ



Кадæггæнæг Цæгæраты Елмырзæ



Кадæггæнæг Андиаты Забейы фырт Теба



Кадæггæнæг Цорæты Шамил. Джимара




Кадæггæнæг Уарзиаты Инарыхъо. Джимара



Нарт Дзылæу сагтыл



Кадæггæнæг

нывтæй саив кæнын йæ цæрæн бынат кæнæ йæ куыстуат. Цы ма уа лæварæн хуыздæр!

*Йæ фыдæлты зæххы традицитæм йе ‘ргом цы нывгæнæг здахы, стыр аргъ сын чи кæны æмæ сæ цæсты гагуыйау чи хъахъхъæны, уый кæддæриддæр йемыдзаг уыдзæн æнæбайсысгæ удцырын, уæлкурдиатæй. Архайын, цæмæй мæ нывты æвдыст цæуой Ирыстон-Аланийы историон æцæгдзинады сойтæ, мæ адæмы  уидæгты сакралондзинад æмæ нын сæ фæстæ цы æнæивзигæ хъæздыгдзинæдтæ ныууагътой, уыдон – нысантæ æмæ символтæ, фæсномыг сурæттæ æмæ таурæгъон хъæбатырты фæлгонцтæ.*

Абон Еленæ у, царды цы фæндаг равзæрста, ууыл фидар æмæ ныфсджын къахдзæфтæй размæ чи цæуы, уыцы курдиатджын æмæ фæлтæрдджын нывгæнæг. Уыимæ ныфсхаст сылгоймаг, уд æмæ зондæй йæ фыдæлты уидæгтимæ баст чи у, ахæм нывгæнæг-философ.

*УАНИОН*

*ÆЛБОРТЫ Беллæ*

# МАДЫ ФАРН

*Арын дзы мæ дзæнæтыбадинаг мад*
*Санахъоты Цирæйы рухс ном*

## КЪОЛАЙЫ САПОН

*Хæсты азæлд*

– Аланæ, мæ къона, сапондоны сапон куы нæуал ис, мæ къухтæ цæмæй ныхсон? – бадзырдта хихсæны цурæй мидæггаг уатмæ Плион.

– Ныртæккæ, нана, – сапон нæм нæй æви цы!

Чысыл фæстæдæр зæронд усы къухы урс фынк скалдта хæрздæфгæнаг сапон.

– Раздæр ахæмтæ кæм уыди, – дзуры мидбылхудгæ Плион, – уæлдайдæр, хæсты рæстæг. – Ныр та алцыдæр – хæрх, цы дæ хъæуы, æмæ цы нæй. Раздæр-иу сæрдыгон нæ пысултæ цæугæдонмæ ныскъæфтам æмæ-иу сæ уым ахсадтам. Иухатт мæ тæнæг къаба ныддавтон æхсынмæ, æмæ мын мæ сапон дон аласта. Хæдзармæ кæугæ ссыдтæн, фæлæ мæм мæ мад нæ фæхыл кодта, аирвæзтæн.

Ацы цау мæ зæрдыл дзæгъæлы не 'рлæууыди. Гуырдзыстоны мидрайонты цардис мингай ирæттæ, фæлæ сæ 90-æм азты лидзын бахъуыд. Мæ мадæн йæ мад æмæ йæ фыд цардысты Берджаны районы Мачъарцъхълийы хъæуы. Куыстой ахуыргæнджытæй. Иубон мæ дадайы бахъуыдис районмæ рацæуын цыдæр хъуыддаджы фæдыл.

– Къола, сапон дæ-иу ма ферох уæд, сапон нæм нал ис, – адзырдта йæ фæдыл мæ нана Тамарæ.

Изæры куы 'рбацыди, уæд æрбахаста иу сапон, дуканитыл азилынмæ мæ нал равдæлди, зæгъгæ.

– Ацы сапон мæ зонгæ дзуттаг лæгæй балхæдтон, æндæр æм нал уыди.

Райсомæй дзы бинонтæ сæхи ныхсадтой. Уый уыди 1941 азы июны, мæ мадыл уæд афæдз цыди.

Уæдмæ æрбайхъуысти фыдохы хабар: Германы лæгсырдтæ нæ бæстæмæ æрбабырстой – райдыдта хæст. Фæцыди мæ дада дæр хæсты быдырмæ, кæд æм «бронь» уыдис, уæддæр, адæм афтæ ма зæгъой,

бамбæхсти, зæгъгæ. Сапонæй йæхи ничиуал ныхсадта, мæ нана йæ батыхта æмæ йæ бафснайдта, фæстæмæ куы æрыздæха, уæд уыцы бон æрымысдзæн æмæ йын æхсызгон уыдзæн. Фæлæ нал сæмбæлд йæ къонайыл, æбæрæгæй фесæфти комыаргъ лæг. Фенхъæлмæ касти нана йæ дарæгмæ, фæлæ кæрæдзийыл нал бацин кодтой.

Схъомыл кодта йæ иунæг чызджы – мæ мады. Царди йе 'фсинимæ. Сапонмæ бавналын йæ цæст никæмæнуал бауарзта, æмæ æрхæццæ ис абоны бонмæ, стайæртæазыккон сапон – мæ мады цæхъхъæн!

Диссаг та куыд нæу лæджы цард? Раст цыма йæ йæ ном æрымысынæн балхæдта, афтæ рауади йæ хъысмæт. Уадз æмæ йæ нæ кæстæртæ дæр зоной, лæууæд æвæрдæй зынаргъ хæзнайау.

Арæх æй райсын, æркæсын æм æмæ мæ мады сурæт мæ цæстытыл ауайы. Мæ хъарм цæссыгтæ мæ рустыл æрлæдæрсынц…

*17.06. 2024 аз*

## УАЛДЗÆДЖЫ МИНÆВАР

*Цардæй ист ныв*

Рагуалдзæг йæ тæмæны бацыди. Хæрæмигътæ сæхи арвы цъæх тыгъдадæй айстой. Хур йæ зынг цæстæй ныккасти, цыма зæххы уындæй нал æфсæды, уыйау дардыл нывæнды йæ зæлдаг тынтæ. Быдыртæ æмæ фæзтæ гæзæмæ фæцъæх сты. Ранæй-рæтты сæ сæртæ сдардтой æрвгъуыз, сырхбын дидинджытæ. Тæрфыты æмæ къудзиты бынты тыгуырæй скалдысты малусæгтæ, цин кæнынц уалдзæджы æрцыдыл. Кæмттæй æрбадымы сатæг уддзæф æмæ адæймаджы уæнгты æвдадзы хосау ахизы.

Уый уалдзæджы комулæфт у, уалдзæджы!.. Дыргъдонæй райхъуысти мæргъты хъæлдзæг зарын – æрхастой нын уалдзæджы цины цау. Лæууын нæ кæрты æмæ кæсын сырхмæтæджы бæгънæг зæнгмæ – тагъд та дæ къуыбар дидинæг ракалдзæн, æмæ та дæ буц уындæй, дæ хæрздæфæй адæймаджы зæрдæскъæфт кæндзынæ.

Мæнæ кæцæйдæр æрбатахти цъæхбазыр гæлæбу, – абон фыццаг хатт федтон гæлæбу. Мæнæ цы рæсугъд у! Мæ алыварс æрзилдух кодта, стæй стъолыл, мæ мады æлхæд хъулон æмбæрзæныл æрбадти. Кæсын æм æдзынæг, мæ цæст дзы атонын нал комы. Уый йæхи хæрдмæ систа æмæ пæрпæргæнгæ атахти быруйы сæрты.

Раздæр-иу хистæртæй фехъуыстон: адæймаг, дам, куы амæлы, уæд йæ уд бацæуы маргъы кæнæ æндæр цæрæгойы хуызы. Уый кæд дæ уд уыди, мæ мад, æмæ нæ фенынмæ æрбатахти. Мæ алыварс дæр уымæн æрзилдух кодта... Мæ цæссыг мæ фындзы хъæлæй мæ къухмæ æркалди æмæ æрттивы сæууон æртæхау хуры зæлдаг тынтæм. Чи зоны та æрбатæха райсом кæнæ… фидæнмæ.

Фæзын та-иу, цъæхбазыр гæлæбу, æнхъæлмæ дæм кæсдзынæн…

*12.06.2024 аз*

# ЦЪÆХ КÆЛМÆРЗÆН

*Нанайы цæссыгтæ*

Таугазонил азтæ сæ уæз æруагътой. Фæлæ нырма æвзонг чызгау рæвдз у йæ фезмæлд, цæрдæг – йæ къахайст. Йæ цæхæрадоны цынæхуызон хæрздæфгæнаг цъæх хал æрзайын кæны, – цæст сæм кæсынæй не ʻфсæды. Æниу цы сæн æрдуцы, уый та! Сыхы лæгтæм æндæр дзырд нæ вæйййы: «Цæй æмæ та Таугазоны уардихуыз сæнæй бануазæм». Уый дæр сын сæ мæнгагъуысты буц фынг авæры, хорз сæ суазæг кæны.

Куыд æрвылбон, афтæ абон дæр сæумæцъæхæй systади Таугазон – хæдзары бирæ куыст и. Йæ хъуг радыгъта æмæ йæ рæгъаумæ ауагъта, йе ʻхсыр æрфæрсыгъта, ахсæн ыл акодта – æхсырæн, йæхи хъармæй куы бацахсы, уæд йæ цыхт хæрзаддæр вæйййы, фæзæгъы Таугазон. Стæй кæрдо бæласы бын фæхсбандоныл æрбадти, æмæ йæ цæстытыл ауадысты йе ʻвзонгад, йæ амондджын царды бонтæ.

Æртын фондз азы фæкуыста сæ хъæуы амбулаторийы медицинон хойæ, цал Кады гæххæтты, цал бузныджы ныхасы райста, чи сæ фæуыдзæн нымад! Раздæр æй ахуыргæнæг суæвын фæндыди, фæлæ, скъолайы ма ахуыр кодта, афтæ иубон йæ фыд цæвæг цыргъгæнгæйæ йæ къух алыг кодта, чызг ын æй урс хæцъилæй бабаста, куыд арæхсти, афтæ. Уыцы бонæй фæстæмæ медицинон дæсныйад Залиханы зæрдæмæ тынгдæр цæуын райдыдта.

Йæ фидæны цардæмбалимæ та афтæ базонгæ ис. Ахуыр куы фæци, уæд йæхи цæттæ кодта «рауагъдон» изæрмæ. Сæ цурты æндæрхъæуккаг Уасил йæ фыдымад Зоретимæ фæцæйцыд Зореты цæгатмæ. Зæронд усæн куыддæр йæ зæрдæ бавзæр и, æмæ Залиханты бандоныл

ærбадтысты. Залихан æй суыдта, рауади, йæ дадзины цавд ын басгæрста, стæй йын зæрдæйы хос бадардта. Ус йæхимæ ‘рцыди. Уасил хæрзконд чызгыл йæ цæст æрæвæрдта. Æмæ та сæ кæстæр чызгæн дæр ныззылдтой нæртон чындзæхсæв Таугазтæ.

Афтæ у, мæ хур, царды алцы дæр амондæй у. Фæлæ сæ амонд бирæ нæ ахаста – райдыдта хæст. Фæцыди Уасил дæр тохы быдырмæ Таугазоны æртæ ‘фсымæримæ. Иу дæр сæ нал раздæхти йæ къонамæ.

Схаста Таугазон йæ иунæг чызджы буцæй. Ныр йæ цот, уыдоны цот æртынæй фылдæр сты, нæ рох кæнынц сæ нанайы, радгай йæ бæрæг кæнынц.

* * *

Силæм быруйы сæрты æрбагæпп кодта, Таугазоны къæхты бын æрхуыссыди, йе ‘взаг æддæмæ раппæрста.

– Кæм та уыдтæ, дзæгъæлкъах? – хæцы йæм ус.

Ныр сæм аст азы цæры. Æмæ сæм куыдæй æрбафтыди? Иухатт Аринæимæ æдде бандоныл бадтысты. Уалынмæ сæ цуры уæзласæн машинæ сивгъуыдта, йæ гуыффæйы – адæм. Сæ фæдыл куыдз фæлидзы, æвæццæгæн, се ‘хсæн йæ хицау уыд. Ныр кæйонг хъуамæ фæлидза сæ фæстæ? Хъæуы кæрон æрлæууыди, – æвæццæгæн, бафæллади, фæстæмæ ракасти. Аринæ йæ размæ азгъордта, æрсæрфтытæ йæ кодта, уый дæр йæ кæдзил цины тылд бакодта æмæ чызджы фæдыл рацыд.

Таугазоны куы бафæрсынц, Силæм ыл цæмæн сæвæрдтай, уæд иу худæджы хабар æрымысы.

Уæд ма сæхимæ царди, иу цуанон куыдз сæм уыди, уый дæр Силæм хуынди. Йæ хистæр хо Таузан чындзы цыди, чындзæхсæв йæ тæмæны бацыди, фæсивæд фæзы хъазт сарæзтой. Чындзхонтæй кæмæдæр кафыны рад æрхауди. Йæ къахфындзтæ æрсагъта æмæ кафынмæ рахуыдта сæ астæуккаг хо Азауы. Уый доны хъазау раленк кодта. Силæм уым æввахс кæмдæр уыди, æвæццæгæн, афтæ фенхъæлдта, æфхæргæ кæны чызджы, æмæ лæппуйыл йæхи андзæрста, йæ быны йæ скодта. Адæм схъомпал сты. «Гъæйтт, Таугазонтæ, ивар фидын уæ бахъуыдис, ныр уæ чызджы раттут уазæг лæппуйæн», – худынц фæйнæрдыгæй фæсивæд. Æмæ, æцæгдæр, иу мæйы фæстæ минæвæрттæ æрбарвыстой.

– Цон, мæ кæрчытæн нартхор æркалон, мæ хыссæ дæр сæнхъызтаид.

Афонмæ Сæрмæтитæ дæр æрбацæуынц æмæ та йæ бакъуымы

кæндзысты: нана, зымæгмæ нын цъындатæ сбидзынæ, æхсæв та нын рагон хабæрттæ радзурдзынæ?

Сыстынмæ куыд хъавыди, афтæ дуар чидæр æрбахоста. Сыхæгты чызг Зæрæда æртæсæдæ сомы æрбахаста: «Мæ мад мын сæ рарвыста, Таугазонæн, дам, йæ хæс бахæсс». Фæлæ сæ уый нæ бакуымдта: «Цу, мæ хур, мæ номæй дзы дæхицæн къаффеттæ балхæн».

* * *

– Нана, æцæг иухатт рувасы йæ къæдзилæй не 'рцахстай? Минтæйы та нæ уырны, – нал уадзы Сæрмæт йæ нанайы.

– Æцæг уыди, æцæг, мæ хур. Мæ фыдæн хосгæрдæнмæ сихор ахастон. Фæстæмæ куы æрцæйздæхтæн, уæд кæсын, æмæ æхсæр бæласы бын иу бур рувас бады, йæ къæдзил хæрдмæ схъил кодта. Æз æм бахъуызыдтæн, йæ къæдзил ын рацахстон. Уый фесхъиудта, мæ къæхтæм мын фæлæбурдта. Хорз уыди, Сæпурейы сæрмæ не 'рвадæлты лæг Отар йæ фыртимæ фос хызта, æмæ мæм фæфæдис сты. Отар ын йæ хурх лæдзæгæй зæхмæ æрæлхъывта, стæй йын йæ хъустæ æрцахста æмæ мæм æй радта. Æз ын иу къухæй йæ къæдзилыл хæцыдтæн, иннæмæй та – йæ хъустыл, афтæмæй йæ æрхастон. Нæ сыхæгтæ æрбамбырд сты, чи дис кодта, чи та – худгæ. Æнæхъæн Дзамагонил айхъуысти, Залихан рувас æрцахста, зæгъгæ. Æфсæйнаг хызы йæ бакодтон, цæмæй йын уырдæм хæринаг хæссæм. Райсомæй кæсæм, æмæ йæ дуар – гом, æвæццæгæн æй æхсæвы нæ мад сусæгæй ауагъта, – фæтæригъæд ын кодта. Иухатт та, уæд ног чындз уыдтæн, ме 'фсинимæ дыууæйæ уыдыстæм хæдзары. Сæрдыгон-иу нæ фос æдде уыдысты. Сæумæцъæхæй мыл цыдæр хъæлæба ссыд. Фæгæпп кодтон, акастæн рудзынгæй: иу цъæх бирæгъ куы иу фысы хурх ацахсы, куы – иннæйы. Æз бауадтæн, хæцæнгарз аифтыгътон æмæ йæ рудзынгæй рагæрах кодтон.

– Нана, æмæ стæй цы фæци?

– Уæдмæ уæ дада фæзынди йе 'фсымæримæ æмæ йæ аластой. Иу цау мæ зæрдыл бадардтон, æмæ мæ цæрæнбонты никуы ферох уыдзæни. Уæд æртыккаг къласы уыдтæн. Нæ фале уыдис хуымзæхх, Тулойты хай. Фæззæджы йæм арс фæцахуыр нартхор хæрынмæ. Иуæхсæв æй цуанæттæ амардтой, райсомæй машинæ 'рбацыди, фæсте йыл гуыффæ бабастой æмæ йæ уым сбадын кодтой; мæнæ дзы цыма лæг бады, афтæ зынди. Нæ цуры баурæдтой, адæм æм уынынмæ цыдысты. Мæ дада

бацыди æмæ йын йæ дзæмбыйыл схæцыди: «Ехх, æрсой, дæ хæрд дæ фарсæй фæци, искæй фæллой хæрын хорз нæу». Абон дæр мæ цæстытыл уайы, нæ цурты йæ куыд фæцæйластой, уый.

– Раздæр æцæг уыдис уæйгуытæ, нана?

– Æз мæхæдæг никуы федтон, фæлæ-иу зæронд адæмæй хъуыстон сæ кой. Нæ хъæуы кæрон уыдис тулдз бæлас, йæ быны – фондз дуры, раст бандæтты хуызæн. Раздæр уым нæ уыдысты, æнæнхъæлæджы дзы фæзындысты иу æхсæвыгон. Райсомæй адæм æддæмæ куы ракастысты, уæд сæ раййæфтой. Уæйгуытæ, дам сæ æрхастой. Чидæр та сæ æхсæвы уым бадгæ федта, цыдæр æнахъинонтæ, дам, уыдысты.

– Нана, Хуыцау дæ уырны?

– Уый та мын цы загътай? Ис Хуыцау дæр, дзуар дæр, – ацы дуне æнæ хицау нæу. Æз мæхæдæг федтон тæхгæ зæд. Кæцы къласы уыдтæн, нал æй хъуыды кæнын. Изæрыгон кæрты бадтæн, æмæ æваст мæ сæрмæ цыдæр ферттывта; æз скастæн – саби-зæд мæ сæрмæ фæтæхы цæхæртæ калгæ. Бандзыггомау дæн, афтæмæй йæ фæдыл кæсын. Нæ фале Æхслебайы дзуар ис, æмæ уыцырдæм атахти. Нæ фыдымад Гасситы хъæуккаг уыди. Иухатт йæ хойы уынынмæ цыди, мах дæр йемæ акодта – мæн, мæ хистæр хо æмæ мæ хистæр æфсымæр Лексойы. Дыууæ боны сæм фестæм, æртыккаг бон, хур акъул и, афтæ рараст стæм. Æрдæгфæндагыл ныл æризæр и. Иу ран бафиппайдтам, нæ фæдыл цыдæр кæй цæуы. Тас нæ бацыди, фæлæ ницы дзурæм. Уæд Лексо нал фæлæууыди æмæ йæ афарста: «Æна, ницы уыныс?» «Уынын æй, уынын, рацæут», – сабырæй загъта уый. Æваст нæ сæрмæ цыдæр ферттывта, не ‘мдзугæнæг æрбадæлдзæх и. Мах куыд цыдыстæм, уый дæр афтæ цыди нæ сæрмæ цæхæртæ калгæ. Хъæумæ куы ‘рбаввахс стæм, уæд атахти, Æхслебайы дзуар кæй хонæм, уыцырдæм.

Мæ нанайæ фехъуыстон ахæм хабар. Нæ дыккаг хæдзæрттæ Есетæ уыдысты. Уыдонмæ уæйыг æргомæй цыди, сæ цуры-иу фæбадти æнæдзургæйæ, стæй-иу æрдæгæхсæв ацыди. Иухатт, æвæццæгæн, лæгтæй хæдзары ничи уыди, дуар ын нал бакодтой, уый фæстæ нал фæзынди.

– Нана, айразмæ нын, дæ дада арсимæ куыд фæныхæй-ныхмæ ис, уый куынæ радзырдтай.

Таугазон куыддæр кæрдзын пецы бавæрдта, афтæ дуары хъæр фæцыди.

– Ӕрбахæццæ стут, нанайы хуртæ? Цыдæр тарстхуыз стут, исты хабар æрцыди?

– Нæ, нана, ницы ‘рцыди. Сордиты фæзилæнæй куы рахызтыстæм, уæд нæ рæзты иу дынджыр сау калм ацъыввытт ласта.

– Гъемæ йæ кой фесæфæд. Хорз у, æмæ уæ никæуыл фæхæцыди. Абадут уал, ацы кæрдзын ма райсон, æмæ исты ахæрæм.

– Нана, куадзæн та кæд уыдзæни?

– Тагъд уыдзæни, тагъд. Дæс боны фæстæ та нæм йæ къуылых бæхыл куы ‘рцæуа!.. Ӕйчытæ та уын сфыцдзынæн, æмæ та къуырцц кæндзыстут, – загъта мидбылхудгæ, кæрдзын пецæй райста, стæй йæхи уæззау уагъд æркодта бандоныл. Абон цыдæр йæ уагыл нæу, тыхулæфт кæны.

– Нана, исты дæ риссы? – афарста йæ Минтæ. – Сынтæгыл дæхи æруадз. Миланæ, нана цыдæр кæны, йæ цуры-ма æрбад, æз дохтырма ауайон.

Чысыл фæстæдæр æрбацыдисты дохтыр æмæ медицинон хо. Йæ туджы æлхъывдад ын сбарстой, йæ зæрдæмæ йын байхъуыстой, стæй кæрæдзимæ ацамыдтой. Фæстаг хатт ма ракасти йæ цотмæ нана йæ рæсугъд цъæх цæстытæй æмæ сæ æнусбонтæм æрæхгæдта.

– Ӕвæццæгæн, пецы фарсмæ бирæ фæархайдта, æмæ йæ сæры тугдадзин аскъуыди, – загъта дохтыр.

* * *

– Бабу, мæнæ уый ахæссæм нанайæн?

– Уый та цы у?

– Кæлмæрзæ-æ-æн, цъæх кæлмæрзæ-æ-æн, нана цъæх хуыз уарзта, йæ гуырæнбонмæ йын æй балхæдтон, – кæуынхъæлæсæй загъта Миланæ.

– Уæдæ, уæдæ, бабу дын цард феста, ахæссæм ын æй, уый нанайæн æппæты зынаргъдæр лæвар уыдзæни.

– Бабу, зоныс, знон Минтæ дохтырмæ куы ацыди, уæд æз нанайы фарсмæ бадтæн сынтæгыл, мæ къух мын йæ риумæ нылхъывта, стæй йæ цæссыг йæ русыл æртылди æмæ мæ къухыл æркалди, никуы мæ ферох уыдзæни.

Бабу йæ йæ хъæбысы æрбакодта, æмæ сæ дыууæ дæр ныккуыдтой.

Цæуынц Уасилы хæдзармæ хионæй, зонгæйæ. Къухбакæнæн нал ис мæрддзыгой адæмæй. Абон Гæрæмы хизынмæ нал ауагътой, æр-

гæвдгæ йæ кæнынц нанайы хистæн, фæстаг хатт ма йын радыгътой йе 'хсыры цъыртт. Цыма йæ адзал базыдта, уыйау кауы сæрты ракæсы æмæ зæрдæхалæн уаст ныккæны.

Æваст фæхъус и фыдохы музыкæ, æмæ райхъуыстысты Симды рæсугъд зæлтæ. Уый нана йæ цотæн бафæдзæхста, куы амæлон, уæддиу мын Симд ацæгъдут, зæгъгæ. «Скæнут-иу мыл, иухатт мын мæ сæрыхицау цы цымгъуыз къаба балхæдта лыстæг сау тæппытимæ, уый». Иу къуырийы фæстæ ацыди хæстмæ, æмæ йæ йæ цæст скæнын нал бауарзта, фæстæмæ куы æрыздæха, уæд æй скæндзынæн, зæгъгæ, фæлæ... Æхсай азæй йæ фылдæр фæдардта шифанеры æфснайдæй, ныр ыл æй мæрддзагæн скодтой. Куыд хорз дыл фидауы, куыд, афонмæ дæр æй куыд никуы скодтай, гормон...

Систой бæрзонд дидинвæлыст чырын, йæ рæсугъд цæсгом ын раздæхтой хæдзары 'рдæм, стæй йæ рахастой æддæмæ. «На-на-а, ма нæ ныууадз!» – æмбу кæнынц йæ бирæ цот йæ фæдыл.

Фæцæуы нана, æвзонгæй сæрыстырæй кæуыл цыди, зæрондæй – фосы фæдыл, дуканимæ йе та мæрддзыгой, уыцы фæндагыл фæстаг хатт. Кæлынц йæ мæрдвæндагыл æнкъард сырх дидинджытæ.

– Нанайы фæстæ Силæм хæдзармæ нал фæзынди, гæды та æхсæв йæ уаты схуыссы, райсомæй та цыдæр фæвæййы, – дзуры йæ чызг Асиат постхæссæг Аминæтимæ. Абон ын йæ фæстаг пенси æрбахаста.

– Куыд хъыг мын уыди, мæ бонылæй, алкæд дæр-иу мæ размæ мидбылхудгæ рауади, лыстæг æхца никуы бакуымдта, дæхицæн, дам сæ уадз, – йæ зæрдæ æрбауынгæг Аминæтæн.

Асиат къамоды чырынæй систа, нана фæстаг хатт цы рæсугъд нывæфтыд цъындатæ сбыдта, уыдон, фæлæ сæ ничиуал бакуымдта йæхицæн, – уадз æмæ 'вæрд уой йæ номыл.

– Бабу, дысон нанайы фыны федтон, цыма йæ хæдзары уыдтæн. Кулдуарæй мидæмæ æрбахызти, йæ сæрыл, кæй йын балхæдтон, уыцы цъæх кæлмæрзæн. Йæ мидбыл мæм бахудти æмæ кæрдо бæласы бын æрбадти. Æз дæр йæ фарсмæ æрбадтæн. Мæ къух мын йæ хъæбысы æрæвæрдта æмæ мæ бафарста: «Мурат куыд у?» Дзæбæх у, зæгъын. Уый размæ йын загътон, операци йын кæй кæндзысты, уый. Стæй сыстади. Æз æм дзурын: «Нана, ма ацу». – «Нæ, нæ, мæн цæуын хъæуы, уæлæ-ма скæс, хур фæныгуылы, æмæ бынаты хъуамæ уон». Гæрæм цыма скъæты 'рдыгæй рацыди, нæ цуры æрлæууыди, æмæ

йæ цæссыг калди. Нана йæ къухæй æрсæрфтытæ кодта, уый ныббогъ кодта, æз фыр тæссæй фехъал дæн. Рухсаг у, нана, мæрдтæй дæр дæ цотмæ æхсайы дæ зæрдæ.

Айразмæ та йæ Земфирæ федта йæ фыны: «Цыма цыдæр æнахуыр фæндагыл фæцæйцыдтæн. Мæ разæй иу ус фæцæуы. Æз æй базыдтон, уый нана кæй у æмæ йæ баййæфтон. Уый мæм æрбакасти æмæ мын афтæ: «Зифæ, куыд бафæлладтæн ацы фæндагыл». Æз ын мæ къух йæ дæлармы акодтон, æмæ фæцæуæм. Иу ран нæ размæ цæхгæрмæ фæндаг æрцыди, уый мын афтæ: «Ды мауал рацу, ныр мæхæдæг ацæудзынæн». Æз йæ фæдыл кæсын æмæ тыхсын, гыццыл ма мæм зыны дардæй. Куыддæр ныхъхъæр кодтон «на-на-а», афтæ фехъал дæн. Абон сабат у, уæлмæрдмæ куы ацæуиккам...»

Рæсугъд, хæрздæфгæнаг мæтæгтæ æрхуыссыдысты нанайы мæрдон сыджытыл, кæсы мидбылхудгæ йæ цотмæ сау къæйдурæй, цыма сын афтæ зæгъы: «Бузныг, мæ хуртæ, мæнæй дæр рох не стут Мæрдты бæсты».

Фæлæ мæнæ царциаты диссаг: æваст арвыл фæзынд урс мигъы бындзыг, рацыди лыстæг уарын. Нанайы цæстыты бын дыуæ æртахы сæрттывтой раст дзындзы фæрдгуытау. Цыма йæ цины цæссыгтæ уыдысты, уыйау…

*20.06.2024 аз*

# ЗОНДЫ НЫХÆСТÆ ЧЫРЫСТОН ЦАРДÆЙ

## ХЪÆЗДЫГДЗИНАД

Зæронд чырыстон кувæг лæгмæ бацыдысты дыууæ магуса лæппуйы æмæ йæ бафарстой:

– Нæ хорз хистæр, цæмæй схъæздыг уæм, уый тыххæй нын цы кæнгæ у?

Зæронд лæг загъта:

– Мæнмæ байхъусут, æмæ уæ хъуыддаг фæрæстмæ уыдзæн. Афæдзы дæргъы иу сæрмагонд бон вæййы, æмæ уæ уæд Хуыцау кусгæ фенæд, æндæр уын æнæ схъæздыг уæвгæ нæй. Æнæ уый та гæвзыккæй хæтдзыстут.

– Зæгъ нын, кæцы бон у! – цингæнгæ æрхатыдысты лæппутæ.

– Бæргæ уын æй зæгъин, мæ хуртæ, фæлæ фæзæронд дæн, æмæ мæ ферох, – бахудт зæронд лæг, – уымæ гæсгæ иу бон дæр æгуыстæй ма бадут!

## ДЫУУÆ ГУТОНЫ

Куырд дыууæ гутоны сцалцæг кодта. Иу дзы дыккаг бон зæхкусæг быдырмæ аласта, иннæ сарайы къуымы лæзæргæйæ баззад.

Цасдæры фæстæ та дыууæ гутоны сарайы сæмбæлдысты. Æгуыст гутон нызгæ, быдыры кæмæй хуым кодтой, уый та йæ хуыз скалдта.

– Ахæм рæсугъд куыдæй сдæ? – хæлæггæнгæ бафарста йæ хæлары къуымы æппæрст гутон.

– Æз рæсугъд фæллойгæнгæйæ сдæн, ды та зауууатмæ æрцыдтæ, кæй ницы кусыс, уый фыдæй.

## ÆХХУЫС АЛЫХУЫЗОН ВÆЙЙЫ…

Зæронд лæг йæ хъæбулы хъæбулимæ уынгты æрцæйцыд. Кæсынц, æмæ лæппу быруйыл фæйнæг бахойыныл архайы. Йæ фыд æй бафтыдта, æмæ йын æндæр гæнæн нæ уыд, фæлæ йæ зæрдæ йе ʻмбæлттæм æхсайдта. Талф-тулф митæй дзæбуг йæ коммæ нæ каст, фæйнæг дæр-иу йæ бынатæй фæхауд. Уалынмæ цæф «цалцæггæнæгæн» йе ʻнгуылдзыл æруад, æмæ уый дæр йæ кусæнгарз мæстæй зæххыл ныццавта.

Бæлццон лæппу фæцырд æмæ уайтагъд быру ампъызта.

Зæронд лæг фæйнæг фæстæмæ рафтыдта.

– Дада, ӕдзух мӕ хӕларзӕрдӕ уӕвынил куы ахуыр кӕныс, уӕд мӕ ацы лӕппуйӕн баххуыс кӕнын цӕуылнӕ уадзыс?

– Ды йӕ бӕсты бакуыстай, ӕмӕ быру аразын нал базыдта. Сӕйрагдӕр та йӕ нӕ бауагътай зындзинӕдтӕн фӕразон суӕвын. Ӕнӕ уыцы миниуӕгӕй иу хъуыддагыл дӕр фӕцалх уӕвӕн нӕй. Дӕ «хорздзинадӕй» йын йӕ цард хъуамӕ фехӕлдтаис…

## ХИ ДУНЕ

Сахармӕ ӕрбацӕуӕны бадт зӕронд лӕг. Дардбӕстаг лӕппу йӕм йӕхи байста ӕмӕ йӕ фӕрсы:

– Никӕд уыдтӕн ам. Зӕгъ-ма мын, дада, цавӕр адӕм уӕм цӕры?

– Ӕмӕ, кӕцӕй ӕрцыдтӕ, уым адӕм цы хъӕд уыдысты? – бафарста зӕронд лӕг.

– Фыдзӕрдӕ ӕмӕ хиуарзон, ӕгайтма сӕ нал уынын.

– Гъе лӕппу, ӕмӕ ам дӕр ахӕмтыл сӕмбӕлдзынӕ.

Цасдӕры фӕстӕ та иннӕ бӕлццон дӕр фӕрсы:

– Дада, зӕгъ-ма мын, дӕ хорзӕхӕй, цавӕр адӕм цӕры уӕ сахары? Нырма ныр ӕрцыдтӕн, ӕмӕ бынӕттон ӕгъдӕуттӕн ницыма зонын.

Зӕронд лӕг дӕр та фӕрсы:

– Мӕ хур, кӕцӕй ӕрцыдтӕ, уым цавӕр адӕм цард?

– Хӕларзӕрдӕ ӕмӕ уазӕгуарзон адӕм! Бирӕтӕ дзы мӕ хӕлӕрттӕ систы, ӕмӕ мӕ нӕ фӕндыд, кӕрӕдзийӕ фӕиппӕрд уӕм, уый.

– Ам дӕр уӕдӕ ахӕм адӕм ис.

Къупецаг дыууӕ ныхасы дӕр фехъуыста ӕмӕ зӕронд лӕгмӕ дисгӕнгӕ дзуры:

– Уый та куыд у? Дыууӕ бӕлццонӕн уыцы иу фарстӕн бынтон алыхуызон дзуаппытӕ куы радтай…

– Алкӕмӕн дӕр йӕ зӕрдӕйы йӕхи дуне ис. Кӕд ӕмӕ исчи, кӕцӕй ӕрцыд, уым хорзӕй ницы ссардта, уӕд ам дӕр не ссардзӕн. Хӕлӕрттӕ кӕмӕн уыд, уый та ам дӕр йӕхи хорз адӕмимӕ сбӕтдзӕн. Нӕ алыварс адӕмы мах уынӕм ӕрмӕстдӕр, нӕхи мидӕг цы ис, уый.

## ЦЫ ФӔУӔЛАХИЗ УЫДЗӔН?

Кӕддӕр раджы зӕронд лӕг йӕ хъӕбулы хъӕбулӕн загъта:

– Алы адӕймаджы мидӕг дӕр цӕуы тох, уыимӕ вӕййы дыууӕ би-

рæгъы тохы æнгæс. Иу бирæгъ – хæлæг, хиуарзондзинад, сайд. Иннæ бирæгъ – уарзондзинад, раст зонд, ныхасæн хицау уæвын.

Лæппу иуцасдæр фæхъуыды кодта æмæ бафарста:

– Æмæ кæцы бирæгъ фæуæлахиз вæййы?

Зæронд лæг бахудт:

– Хæринаг дзы кæмæн дæттай, уый.

## АЛЦЫ ДÆР ДÆ КЪУХТЫ ИС

Райхъуыст, зæгъгæ, дам, иу хъæуы цæры æппæт фæрстытæн дæр дзуапп зонæг куырыхон лæг. Æрыгон лæппу йæ бафæлварын сфæнд кодта. Йе 'рмтты гæлæбу бамбæхста, куырыхон лæгмæ бацыд æмæ йæ фæрсы:

– Удæгас исты у æви нæ?

Йæхимидæг та хъуыды кæны, зæгъгæ йæ удæгас куы схона, уæд гæлæбуйы амардзынæн, мард – уæд та йæ суадздзынæн, æмæ атæхдзæн.

Куырыхон лæг лæппумæ нымдзаст æмæ загъта:

– Алцы дæр дæ къухты ис.

## ЦЫ У СÆЙРАГДÆР?

Фæндагыл иумæ фæцæйцыдысты Амонд, Уарзондзинад æмæ Æнæниздзинад. Æхсæвиуатмæ цы хæдзармæ бацыдысты, уым бынат иуæн йеддæмæ нæ уыд, æмæ фысымтæ загътой, сæйрагдæр Амонд кæй у. Уый бауагътой хæдзармæ, иннæтæ сенæйы баззадысты.

Фыццаг хæдзарæй ацыд Уарзондзинад, уый фæстæ Æнæниздзинад, стæй Амонд дæр…

Цæуынц та бæлццонтæ æмæ мæнæ хъуамæ дыккаг хæдзары æрфысым кæной. Ацы хатт йæ хицæуттæ мидæмæ бауагътой Æнæниздзинады, иннæтæ сенæйы баззадысты.

Ацыд та Уарзондзинад, йæ фæстæ – Амонд æмæ Æнæниздзинад дæр…

Æртыккаг хæдзары скарстой, сæйрагдæр Уарзондзинад кæй у. Уый хæдзары баззад, æмæ йемæ уым æрцардысты Амонд æмæ Æнæниздзинад дæр.

## ПАДДЗАХЫ ДЫРГЪДОНЫ

Иухатт паддзах йæ дыргъдонмæ рацыд æмæ федта, бæлæстæ, къутæртæ æмæ дидинджытæ хус кæй кæнынц. Тулдз загъта, нæзыйы

хуызæн бæрзонд кæй нæу, уымæ гæсгæ кæй мæлы. Нæзыйы хордта, сæнæфсир ыл кæй нæ зайы, уый маст. Сæнæфсиры хъару басаст, уардиау ракалыны хъару йæ кæй нæ уыд, уый азарæй.

Æрмæстдæр сæгъысыф рæсугъдæй хæрздæф лæвæрдта.

– Дæу æндæр искæй хуызæн уæвын нæ фæнды? – бафарста йæ паддзах.

Æмæ райста ахæм дзуапп:

– Куы мæ байтыдтай, уæд дæ фæндыд, цæмæй мыггæгтæй сæгъысыф сæвзæра. Тулдз, сæнæфсир кæнæ уарди дæ куы хъуыдаиккой, уæд садзгæ дæр уыдон ныккодтаис. Гъемæ загътон: иугæр мæ бон у æрмæстдæр сæгъысыф уæвын, уæд тырндзынæн дунейы æппæтæй хуыздæр сæгъысыф басгуыхынмæ.

## ÆЗ УЫНЫН АРВ…

Рынчындоны иу агъуысты сæ мæгуыры бонтæ æвзæрстой дыууæ уæззау рынчыны. Сæ иу рудзынджы цур хуыссыд, иннæ – дуары раз.

– Цы дæм зыны рудзынгæй? – иуафон хъæрзгæ афарста дуары раз хуыссæг лæг.

– Æз уынын арв, мигътæ, цад æмæ хъæд…

Афтæ алы бон дæр нывæста райдзаст нывтæ: аив фæлыст адæм тезгъо кæнынц цады былтыл, кæсагахсджыты бæлæгъ байдзаг кæсагæй, хъазынц сывæллæттæ, дыууæ уарзæгой уды сæ кæрæдзимæ кæсынæй не ʻфсæдынц.

«Уыцы амонд дæр дæ ма фæуæд, – мæсты кодта дуары цур рынчын, – уый рудзынгæй диссаджы рæсугъд цыдæртæ уыны, æз та хъуамæ, ахорæн дæр кæуыл нал хæцы, ахæм зæронд дуармæ нымдзаст уон».

Фæлæ иухатт рудзынджы цур рынчын йæ сынтæджы мæрдон фынæй баци… Куы йæ ахастой, уæд йе ʻнамонд æмбал медицинон хомæ æрхатыд, цæмæй йæ рудзынджы цурмæ баива. Йæ курдиат ын куы сæххæст кодта, уæд агъуыстæй рацæйцыд, фæлæ йæ рынчыны æрдиаг баурæдта:

– Уый та куыд? Рудзынгæй бæрзонд сис йеддæмæ куы ницы зыны! Мæ сыхаг та мын дзырдта, кæй уыны хъæд, цад, мигътæ, адæмы… Куыд сæ уыдта уый ацы рудзынгæй?

Медицинон хо æнкъардæй бахудт:

– Уый æппындæр ницы уыдта – дæ сыхаг саугуырм уыд…

– Æмæ уæдæ цæмæн…

– Мæнмæ гæсгæ, уый фæндыд дæу фæныфсджындæр кæнын.

## ХИЛДАСÆНЫ

Лæг хилдасæнмæ бацыд йæхимæ базилынмæ. Ныхас бацайдагъ, æмæ дын хилдасæг афтæ куы зæгъид:

– Уæддæр мæ нæ уырны, Хуыцау ис, уый.

– Цæуылнæ?

– Хуыцау ис, уæд дунейы утæппæт рис æмæ хъизæмар, рынчын æмæ мæгуыр адæм уаид?

Уыцы рæстæг уынгты æрцæйцыд хæмпæлсæр æмæ æнæдаст бæлццон.

– Мæн нæ уырны, хилдасджытæ вæййы, уый, – загъта лæг.

– Ау, æз хилдасæг нæ дæн? – бадис кодта йæ куысты дæсны.

– Хилдасджытæ куы уаид, уæд уæртæ ахæм хæмпæлсæр æмæ æнæдаст бæлццæтты нæ уыниккам.

– Омæ мæм сæхæдæг нæ цæуынц!

– Адæм дæр Хуыцауы ферох кодтой æмæ йæм нæ цæуынц. Уымæ гæсгæ ис дунейы уыйбæрц рис æмæ хъизæмар.

## НАУЫ СÆФТ

Нау фæдæлдон, æмæ ма фервæзт иунæг адæймаг. Уылæнтæ йæ æдзæрæг сакъадахы раппæрстой. Науы сæстæгтæ æмæ цыдæр æнæбары дзауматæ ма йæ къухы бафтыд, æмæ сæ цыдæр æнæбары къæс саразта.

Тухæнтæгæнгæ цард æмæ алы бон Хуыцаумæ куывта, цæмæй йæ фервæзын кæна. Дардмæ фæлгæсыд иставæр нау фенын æнхъæл, фæлæ – никуы æмæ ницы.

Иухатт лæг сакъадахы дæрддзæф ранмæ хæринаг агурæг араст, фæлæ æвиппайды тыхдымгæ сыстад, къæвда ныккалдта, æмæ фæстæмæ раздæхт. Кæсы, æмæ йæ къæс басыгъд – арв æй æрцавта. Ныр бынтон æнæ ницæмæй баззад.

Йæ фыр тыхстæй ныккæрзыдта:

– Хуыцау, цæй тыххæй мæ æфхæрыс? Æххуыс нæй, афтæмæй ма мын мæ фæстаг муртæ дæр куы айстай!

Райсомæй райхъал æмæ уыны – йæ сакъадахмæ нау æрбахæстæг.

– Ам дæн, уый куыд базыдтат? – бафарста лæг йæ ирвæзынгæнджыты.

– Дæ фæдисы арт нæм дардмæ дæр хорз зынд, – загътой уыдон.

# АЗАТ БÆХ

Кæд ма Дадокка Цъамады ныхасмæ адæмы астæумæ рацæуын уæндыд: «Дадокка, уыцы бæх ма уæхимæ ис? Цы кæнынмæ хъавыс?! Уæд та йын авджын чырын скæн æмæ йæ Хъæриуы хохы фахсыл æрцауындз».

Æмæ та ныхасы ацы изæр дæр Дадоккайы бæхы кой рауад:

– Фыдæлтæй баззад: бæх куынæуал фæбæззы, куы ныззæронд вæййы, уæд нын йе 'рчъиаг ратты, йæхæдæг та – бирæгъты амæттаг, халæтты холы. Йæ хъысмæт ахæм у.

– Цæй æрчъиаг ма дзы ис?! Царм æмæ стджытæ.

– Мæнмæ гæсгæ йæ дард искуыдæм аскъæрын хъæуы, æмæ йæ уым дзæгъæл ныууадз. Азат бæх хуыйны уый.

«Кæй зæгъын æй хъæуы, раст уыдысты ныхасы бадджыты уайдзæфтæ, – хъуыды кодта Дадокка. – Базæронд Мастакк. Ныр цалдæр азы лæууы кæвдæсы уæлхъус æнæбастæй. Нал хæрынæн у, нал кусынæн. Фæлæ... Фæлæ кæй зæрдæйæ!.. Адæймаг ма лæдзæгыл дæр куы сахуыр вæййы».

Цынæ таурæгътæ ракодтой уыцы изæр ныхасы азат бæхы тыххæй. Иу та дзы æрхаста цавæрдæр сæгъы æмбисонд. Раджы кæддæр, дам, иу сæгъ базæронд, нал хæссынæн бæззыд, нал æргæвдынæн, фыр мæллæгæй мард, æмæ йæ иу сæрд йæ хицау комы дзæгъæл ныууагъта. Сæгъ цасдæр рæстæджы фæстæ дзыхъхъынног фестад. Хъазгæ, чъыллиппытæгæнгæ æрцыд сæхимæ: кæмдæр æлутон кæрдæг бахордта.

«Адæймаг цы нæ фехъусдзæн! Искуыдæр ма уымæн уæвæн ис? Аргъауы ма вæййы афтæ», – цыдис хъуыдытæгæнгæ сæхимæ Дадокка, фæлæ цæмæндæр йæ цæстытыл ауад сæгъ, стæй та йæ бæх...

Хæхты тагъд изæр кæны. Дадокка йæ фосæн холлаг нывæрдта æмæ йæ кæддæры саулохы цур афæстиат. Бæх æм ракаст, цыма йæ цæстæнгас фарста: «Цы 'рцыд мæ хицауыл, ацафонмæ цæмæн и мæ цуры? Æви мæ уынд, мæ конд нал цæуынц йæ зæрдæмæ? Фыццагау мын никуыуал алæгъз кæны мæ барц. Арæх йæ цæстæнгас– сагъæсхуыз...»

Хæдзары фосæй бæхæй æмбаргæдæр æмæ уæздандæр нæй. Куы йæ нæмай, уæд, гæды бæлас куыд риза, афтæ ризы æмæ æрсабыр вæййы. Уый зæгъæн нæй стурвосæй. Стуры фæнадтай, зæгъгæ, уæд ын бауромæн нал вæййы. Бæх мигъæмдзу æмæ уадæмдзу у. Саулох

бæх йе ‘мгъуыд нæ сайы, стæй хорз бæх йæхи æлгъитын нæ уадзы, ехс исын æм нæ хъæуы. Бæх лæджы бынатмæ фæхæццæ кæндзæн. Бæхыл бирæ æмбисæндтæ ис. Куыдз ма у афтæ æнувыд, иузæрдион бинонтыл, хионтыл. Æцæгæлон лæг æм куы ‘взида, уæд æм лæбуры, йæ бæттæнтæ тоны. Хион æм æвзиды, уæд къуыммæ йæхи нылхъивы, ныхъхъус вæййы, аххосджынхуызæй йæм кæсы. Нæмы йæ, уæд тъизгæ лидзы, тæригъæддаг хъыллист кæны. Ноджы диссагдæр та уый, æмæ йæ йæ хицау цыфæнды над куы скæна, уæддæр æм йæхи ласы, цинтæ кæнынмæ йыл хъавы, стæй абыры йæ быны, лæгъз æм куы сдзуры, уæд. Мæнгæй нæ фæзæгъынц: «Куыдз зæрдæ зоны». Йæ хицау æй цыфæнды над куы фæкæна, уæддæр ын хæринаг уый дæтты. Уый йæ дары.

Бæхы койæ куыдзы коймæ уымæн рахызтæн, æмæ нæ чысыл радзырды иуцалдæр раны фæзындзæн Дадоккайæн йæ куыдз Силæм дæр. Уый мæнæ ныр дæр бæхы цур кæвдæсрæбын батымбыл. Ахуыр ыл уыд уый дæр.

Бады иуварс дурыл Дадокка. Бады æмæ ныхасы бадджыты ныхæстæ хъустыл уайынц...

Æхсæв йæ сау нымæты дымджытæ чысыл хохаг хъæуы сæрмæ байтыгъта, æмæ алфамбылай æрталынг. Дадокка Мастакмæ каст æмæ каст. Талынджы йæм афтæ тынг нæ зындысты бæхæн нæдæр йæ мидæмæ хауд фæрстæ, нæдæр, сойджын цъæх кæрдæг куыд æдыхæй, æнæбары хæры, уый. Цæлхыдзаг мæй фыдæнæнгæнæгау Хъæриуы хохы къахырæй сзынд, сленк кодта стъалыджын арвмæ æмæ та фæстæмæ сзындысты хæхтæ æмæ рæгътæ, хæдзæрттæ, хъæу... Цардвæллад бæх æрхуыссыд, цыма йæ мидæмæ хауд фæрстæ æмбæхста...

* * *

Райсомæй тынг раджы Дадокка, куыд ничи йæ федтаид, афтæ, йæ бæхы йæ дзыларæй ласгæ, хъæуы сæрæй фæуæле, йе уæхскыл – хордзентæ. Бирæ йын фæлæггад кодта бæх, ныр та йын уый лæггад кæны: хордзентæй иуы – цæхх, иннæйы – сысджы къуыриваг... Уый куыд хæры, афтæмæй йын, чи зоны, фылдæр фаг дæр уа. Уæлдайдæр, фæсал – астæумæ, зыны ма ранæй-рæтты кæрдæг дæр цъæхæй. Цæуынц. Сæ фæстæ рæвдз уайы йæ куыдз Силæм дæр. Дадокка куыдзы йæ фæдыл нæ уагъта, фæлæ йын аздæхын нæ бакуымдта. Асырдта-иу æй,

фæлæ уый цыди æмæ цыди. Стæй йыл нал фехста дур, æмæ-иу уый дæр, йæ къæдзил цины тылд кæнгæйæ, куы разæй фæци, куы та-иу фæсте аззад.

Аходæныл уæллаг фæндагыл адагмæ бахæццæ сты. Бæх донмæ æргуыбыр кодта, фæлæ дзы нæ бануæзта. Куыдз дзы йе 'взагæй иуцалдæр цъæппы скодта æмæ фаллаг фарсмæ бахызт, кæсы сæм уырдыгæй.

Лæууы Дадокка чысыл доны астæу дыууæ дойнаг дурыл... Бæхæн, дам, йæ къæхтæ доны стул, æмæ йæ кæд хъæуы, уæд бануаздзæн. Бæх куынæ нуæзта, уæд ын Дадокка йæ рохыл ахæцыд. Схызтысты ададжы фаллаг фарс Уæлбылмæ. Фæхæрд кодтой. Цæуынц сабыргай, бæх бастад, арæх æрлæуу-æрлæуу кæны, æниу кæдæм тагъд кæна! Йæ хæд фæстæ цæуы Силæм дæр. Бæх куы 'рлæууы, уæд иуварс йæхи æруадзы уый дæр, æрбакæсы йæм, цыма хъуыддаг æмбары. Стæй та лæг дзыларыл куы ахæцы, æмæ бæх уæззау санчъех куы акæны, уæд куыдз дæр фесты, фæраст вæййы. Мæнæ къудзийы сæрæй цъиу атахт, æмæ Силæм фæтарст, йæ хъустæ фæкъуыбыр кодта, стæй йæ фæдыл ныккаст. «Фæлæуу, æрбадай». Фæлæ цъиу арвы цъæхы æрбайсæфт.

Цæуынц æртæйæ дæр, сæ балцыл сын дисгæнæг нæй. Чи сæ уыны? Хатгай æрыхъуысы Æхсæрты рагъæй булæмæргъы зарæг, фæлæ йæм ничи хъусы. Дадоккайы хъуыдытæ – тар. Фæндаг къæдзтæ-мæдзтæ сæ разæй згъоры Бибийы хуымыл, фахсæй фæуæле, рагъмæ сфардæг, куы ныллæг къудзиты ауон амбæхсы, куы та фæзыны æрдузы, къуыппыл. Нæ фæллад бæлццæттæ йыл сабыргай цæуынц. Мæнæ Сау суадонмæ схæццæ сты. Æртæйæ дæр дзы бануæзтой. Фыццаг Дадокка, уый фæстæ бæх, стæй та куыдз.

Бонрæфты рагъмæ схæццæ сты. Ам фæндаг фæтæссармæ. Сзындысты Цъæззиуы хохы ихын цъупп, Бæрчы фæз, Джимийы 'фцæг, æмæ... Рæгъаударæн – сæ балцы кæроны фæзуат, уырдæм нымраст тæссармæ фæндаг.

Дадокка æрлæууыд, дзылары кæрон – йæ къухы. Æрбадт иуварс йæ фæстæгтыл фыййау куыдзау Силæм...

Бон-сауизæрмæ тыххæй схæццæ сты ардæм, афтæмæй фыццаг уырдæм суайын Мастаккæн цы уыд? Æрыгоны æмæ зæронды хъару иу не сты.

Бахæццæ сты фæзмæ. Уæлхох быдыр, æвæджиауы рæсугъд ран...

Кæрдæг астæумæ. Ис дзы донгуырæн дæр уартæ, ноджы – хъил дур, йæ быны – лæгæтау байбын, дыууæ бæхы дæр дзы бацæудзæн къæвда бон. Мит бон... Азат бæхæн хуыздæр бынат скæнæн нæй. Дадокка ныххуылыдз кодта ам дæр йæ бæхы къæхтæ, уадз æмæ зона, доннуазæн кæм и, уый. Бакодта бæхы хъилдуры бынмæ, æрæвæрдта хордзентæ. Стыр цæххы къæрттæй систа æмæ йæ иуварс къæйдурыл æрæвæрдта, иу къæртт ын дзы йæ былтæм схаста, стæй йæ æрæвæрдта фæстæмæ, стæр-иу, зæгъгæ. Йæ фарсмæ йын сысджыйы хордзен дæр æрæвæрдта, байгом æй кодта.

Силæм фæзы цъиуты расур-басур кæны, цыма атæппæт хъуыддæгтæ æппын уымæ ницы бар дарынц. Дадокка йæ бæхы дзылар раппæрста, февзыста йæм дзы, фæлæ уый фыццагау нæ нычъчъыллиппытæ кодта. Йæ сæрæн ныццæвынæй тæрсгæйæ йæ бæрзонд систа æмæ сабыргай, хизгæ иуварс ацыд. Лæг йæ тых-йæ бонæй дзылар дард фехста (йæ уынд – зæрдæрисы хос!), нал хæссы хордзентæ дæр фæстæмæ хъæумæ. Уæлкъуыпмæ схызт, æрбадт, йæ бæх æм дзæбæх куыд зындаид, ахæм ран. Бæрчы къуылдымæй æрбайхъуыст гугукгæнаджы уаст. Лæджы хъуыдытæ уый хай фесты: «Цас ма фæцæрдзæн мæ бæх, цас – мæхæдæг»? (Афтæ-иу фарстой нæ фыдæлтæ уыцы æнахуыр цъиуы уастмæ). Гугукгæнаг уасы æмæ уасы, Дадокка нымайы æмæ нымайы...

Царды алцæмæн дæр ис райдайæн, кæрон. Ис уалдзæг, сæрд, фæззæг, зымæг. Æрмæстдæр цард у йæхæдæг æнæмæлгæ, æгæрон. Нырма никуыма ничи бафсæст царддæй. Зæронддзинад та, æвæццæгæн, у фæндаг цардæй мæлæтмæ. Кæм къæдзтæ-мæдзтæ, гуыргъахъхъ, кæм та – дидинæгджын фæзты, бæрзонд ирд рæгътыл.

Хур ныгуылæнырдæм акъул, уæддæр ма Дадокка хæдзармæ цæуынвæнд нæ кæны, йæ хъуыдытимæ иунæгæй баззад, æмæ йæ уыдон дæр сæ фæдыл раскъæф-баскъæф кæнынц. Йæ зæрдыл æрбалæууыд, ныхасы цы сæгъы кой кодтой, уый. Цыма бауæндыд уыцы диссаджы таурæгъыл. Ныр йæ бæх дæр искуы уыцы æлутонæй куы фæхъæстæ уаид æмæ чъыллиппытæгæнгæ, хъазгæ иу бон Дзуарзæнгæй куы ныззынид хъæумæ! Кæнæ та уартæ Джимийы ‘фцæгæй Куырттатæм куы ныййарц уаид æвзыгъд æфсургъау, кæддæр æй байрагæй кæцæй ракодта, уырдæм!

Раджы йын æй хæрæфырты лæвараен радтой йæ мадырвадæлтæ, Мырзагантæ.

Рагзаман мысынæн у, ивгъуыд бонил хур нæ кæсы... Æмæ Дадоккайæн йæ саулохаджы рагбонтæ суанг æрæджыйы онг дзыхъхъынногæй йæ цæстытыл ауадысты...

Лæппуйыл цыдаид фынддæс-æхсæрдæс азы, йæ мад æй фыццаг хатт йæ цæгатмæ йемæ куы акодта, уæд. Ам æй йæ мадырвадæлтæ тынг сбуц кодтой. Фæстæмæ куы цыдысты, уæд ын хурæнгас бур байраг балæвар кодтой, зыгъаркъах, зыгъарных. Лæппу фыр цинæй уæлæрвты тахти. Йæ фарсмæ згъордта, байраджы хъуырыл цы бæндæн уыд, уыыл фидар хæцыд. Мидбылхудт, зæрдæрухсæй цыд æнцадгай сæ фæстæ Мырзагон дæр, йæ лæппуйы цинил цин кодта, йæ цæгатæй рæвдыдæй рацыд. Цæгат зынаргъ у... Диссаг! Байраг Куырттаты æфцæгмæ куы схæццæ, уæд фæстæмæ атындзыдта, ныууасыд. Æвæццæгæн, йæ мад æрбалæууыд йæ зæрдыл. Куы сæ хицæн кодтой, уæд сæ кæрæдзимæ нæ равдыстой. Байраг уасыд, цыма, никуыуал сæмбæлдзысты, уый æмбæрста. Йæ бæттæн тоны, фæлæ æхсæрдæсаздзыд лæппу – хохаг, хъæддых, йæ цæвæджы рариуыгъдыл нæ хæцыд цæст, лæгау домбай уæнгты конд. Уымæн байраг бауромынæн цы хъуыд?!

Цыдысты бонтæ, къуыритæ, мæйтæ. Байраг рахъомыл, лæппуйыл фæцахуыр. Æрмахуыр уæрыккау йæ фæдыл уад. Сахуыр æй кодта Дадокка йæ иу уæрагыл, иннæ уæрагыл хи зæхмæ æруадзын, фæстæггыл слæууын, сæрæй кувын. Адæм-иу сын сæ хъазтыл æрæвæрдтой сæ цæст.

Байраг бæх кодта. Ралæг Дадокка йæхæдæг. Хæдзардар сæвæрдта йæ бæхыл ном Мастакк. Хохаг лæгæн йæ саргъы бæх æмæ уæрдоны бæх – иу. Хор ласы, хос ласы, кæны най. Хамутмæ уæндонæй йæ сæр бадары. Уæрдоны ифтындзгæйæ, рæтæнæгъдты астæумæ йæхæдæг базилы. Бадæн саргъ ыл æвæргæйæ, æнцад лæууы. Фæлæ куыд схъазы йæ мидбынаты, барæг æм куы схизы, уæд!

«Дæ бæх хорз уа, уый дæ кæд фæнды, уæд æй ехсæй ма нæм, фæлæ хоры нæмыгæй, – зыдта лæппу. – Ехсæй йæ ма скъæр, сысджыйæ йæ скъæр».

Иухатт та æнафон быдырæй нартхор æрбацæйласта. Уыди мæйрухс æхсæв. Цъыфджын. Акимы обауæй æрбафале сты. Цæмæндæр Тотиты Акимы хъысмæт сæрæй бынмæ цæстытыл ауад. Абырджытимæ куыд схæцыд, стæй йæ йæ кæнгæ æфсымæр мæнгардæй куыд амардта... Уæрдоны цæлхыты иудадзыг къуырцц-къуырцмæ лæппу, нартхорыл куыд афынæй, уый зонгæ дæр нал бакодта. Ласы уыцы нарæг кæмт-

ты ӕнӕ тӕрӕгӕй йӕ дзаг уӕрдон Мастакк. Фӕсте аззад Быз. Мӕнӕ Зынцъармӕ фӕзилӕн. Бӕх фӕсабырдӕр кодта йӕ цыд, арӕхстгай ныздӕхт стыр фӕндагӕй Зынцъары ‘рдӕм. Нарӕг фӕндагӕн йӕ тӕккӕ бӕрӕгастӕуыты цӕуы. Уӕрдоны цӕлхытӕ зылын-мылын цӕлхнадыл тулынц. Ныххӕццӕ хидмӕ. Бӕрзонд хиды фӕйнӕджытӕ – зыхъхъыртӕ. Могортӕ зынынц. Бынӕй дӕлиау Ӕрыдоны дон урс фынк калы, йӕхи дуртыл хойы... Иу мӕнг санчъех, ӕмӕ дӕ балгъитӕг – афтӕ: бӕх ӕд хицау, ӕд уӕрдон йӕ амӕттаг фӕуыдзӕн. Ацы хидыл цӕугӕйӕ, Дадокка фынӕй нӕ, фӕлӕ уӕрдоны дӕр никуы бадт, бӕхы фарсмӕ-иу, йӕ рохтыл ын ӕнгом хӕцгӕ, цыди. О, фӕлӕ, хуыссӕг аргъауы гуыппырсар уӕйгуыты дӕр афӕлдахы. Чи зоны, лӕппу йӕ фыны искуы хъазты кӕрон лӕууы, йе та кафы... Фӕлӕ мӕнӕ цӕлхытӕ иу фӕйнӕгӕй аннӕмӕ гӕппытӕ кӕнын байдыдтой...

Дадокка фехъал: «Ӕтт, мӕ хӕсгӕ мӕрдтӕ!» Ӕрцӕйгӕпп кодта уӕрдонӕй, фӕлӕ йӕ къухы нал бафтыд... Бӕх ӕд уӕрдон нарӕг хидӕй фӕфале. Дадокка цырд ӕргӕпп кодта зӕхмӕ, базгъордта бӕхы размӕ, фӕурӕдта йӕ. Бӕх ӕм фӕкаст, цыма зӕгъынмӕ хъавыд: «Федтай? Арӕхсын ӕви нӕ? Афтӕ гъе», – ӕмӕ йын йӕ зыгъар ныхӕй йӕ риуыл бандзӕвыд.

...Ӕфцӕг. Дадокка кӕсы йӕ азат бӕхмӕ. Силӕм цъиутӕ сурын ныууагъта, Мастаччы цурмӕ бацыд, иуварс слӕууыд, цыма гӕс у. Йӕ ком айвӕзта, ныззӕмбыдта ӕмӕ та йӕхи ӕруагъта. Бӕх сӕм скаст. Дадокка ӕрымысыд Мастаччы фыццаг дугъ хъӕугӕрон. Нӕ фӕразӕй сты. Уыдис дыккаг. Бӕх йӕ фарсмӕ цыд фӕсдугъ, цыма йӕ аххос зыдта, йӕ хицауы ‘рдӕм иу хатт дӕр не ‘рбакаст, йӕ урс фынк йӕ хурхуыз цармыл ӕрттывта... Фӕлӕ мӕнӕ дыккаг бон ногӕй – дугътӕ, уый дӕр ам, зӕрватыкмӕ дӕр ма бакӕс ӕмӕ уымӕ дӕр. Се ‘ппӕты разӕй фӕци, уӕддӕр ма згъоры, ныр та сӕппӕй, цӕмӕй ӕруазал уа. Ӕрсабыр, барӕг ӕрхызт, дугъон рӕвдз цӕуы йӕ фарсмӕ, фындзыхуынчъытӕ ныппака кодта, сӕр уӕлиау хӕссы, стӕй та йӕ суанг зӕхмӕ ӕруадзы, футтытӕ кӕны.

Дадокка дзы у сӕрыстыр, зына-нӕзына мидбыл худы хистӕрты ӕппӕлӕн ныхӕстӕм. Йӕ саулохы барцмӕ ӕвналы. Лӕгъзытӕ йӕ кӕны...

О, фӕлӕ уыцы хистӕр дысонизӕр ныхасы бадджытӕй иу уыд... Зӕронд Мастаччы хъысмӕт лыг кодтой уым.

* * *

Бæх хизгæ адард. Кæсы йæм Дадокка. Иу хатт Мады Майрæмы бæрæгбоны чызджыты цæстмæ йæ бæхыл куыд хъазыд... Æвæдза, æвзонг бонтæ, æвзонг бонтæ! Уæддæр дзы сымахæн æмбал нæй. Нæй уын раздахæн дæр фæстæмæ...

Чындзыты донмæ ракодтой. Устыты хистæр чъиритæ кувы, ног чындзæн арфæтæ кæны:

*Ног чындзы цъылын – сыгъдæг мæрзаг.*
*Йæ гуырыконд – хъæуы фидауц!*
*Йæ цæстæнгас – цъæх-цъæхид арв!*

Стынг и хъазт. Чъирикувæг йæ замантау къахфындзтыл æркафыд. Хъастинæйы цагъд уæларвмæ хъуысы, зæлдаг тынтæ уафы. Акафын кодтой чындз æмæ чындзæмбалы ногæй. Хъазты нæй нæлгоймæгтæ. Сылгоймæгты бæрæгбон у – Майрæмтæ. Лæппутæ фæзы бæхтыл хъазынц, фæндыры зæлтæ сæм хъуысынц, фæнды сæ уырдæм. Æрвитынц сылгоймæгты хистæрмæ минæвар. Хъазтмæ бацæуыны бар курынц. Минæвар – Дадокка. Лæппу йæ сирагыл цыппæрвадæй ныййарц, чъирикувæджы цур æргæпп кодта йæ бæхæй, йе 'мгæртты фæндон дзуры. Сылгоймаг амоны хъазтмæ: ракæн се 'ппæты дæр. Минæвар цырд сгæпп кодта бæхмæ, цæттæ у цины хабар скъæфынмæ. Мастакк йæ быны схъазыд, гъа ныр адугъ кæнон, зæгъгæ, афтæ хуыцауылгъыст Хъастинæ барæджы цагъд æркодта. Чызджытæ схор-хор кодтой, чындзытæ æфсæрмдзастæй кæсынц. Хистæр æм амоны къухæй: «Кафгæ дæ бæхыл, чызг дзæгъæлы фæцагъта, куырой ривадæй фæзылди...»

Дадокка иуцъус Хъастинæмæ фæкаст... Æдзух кæй уындмæ фæбæллы, æхсæв фыны йæ сæнтты хай кæй тыххæй бавæййы, уый йын фæндырæй цæгъды. Чи зоны, йæхæдæг йæхицæн йæ уарзондзинадыл басаст. Ныцъцъыччытæ кодта лæппу ехсæй бæхы. Уый æнæуи дæр саргъы бын сонт уыд, йæ фæстæгтыл слæууыд. Æвæццæгæн, не смæсты йæ барæгмæ: искуыдæр ма æнæ ехс бaрæг уыд! Кафы йæ быны бæх, зиллæччытæ кæны, хатгай йын лæппу ехсы бырынкъæй йæ раззаг къахмæ бандзæвы, æрмахуыр бæх æрзоныг кæны. «Æмбаргæ хайуан», – хъуысы æппæлæн ныхас. Цырд фесты, сцырен, йæ сæфтджытæй зæххы къуыбæрттæ æд нæуу фæйнæрдæм тарст сырддонцъиутау тæхынц.

Хурæнгæс Мастакк. Чи йыл не 'рæвæрдтаид йæ цæст!.. Лæппу йæ саулохаджы фæндырдзæгъдæджы размæ фæцарæзта, фæурæдта йæ æваст. Диссаг – бæх йæхæдæг æрзоныг кодта. Чызг æриста йæ цæстæнгас барæгæй бæхмæ...

Бæх дзурын куы зыдтаид, уæд загътаид: «Баком ын, хæрзконд, нæ дæ ныууадздзæн уæддæр... Æниу дзы цы зæгъдзынæ? Бакæс-ма йæм – саджы фисынтыл амад лæппу, цæугæ мæсыг, амайгæ хох...»

Ногæй та бæхы рохтæ – æлвæст, пуртийау фесхъиудта æмæ уартæ фæзмæ фатау ныййарц, фæхæссы æхсызгон хабар йе 'мбæлттæм йæ барæг... Барæг фæхæссы ноджы чызджы мидбылхудт йемæ. Хи мидбылхудт зæрдæйы арф нымбæхста. Фыр цинæй йыл базыртæ базад, æнахуыр æхсызгондзинад уæнгты рог уддзæфау анхъæвзта...

* * *

Бады Дадокка уæлкъуыпп... Бæх йæ хизынæй фенцад, лæууы, дард кæдæмдæр кæсы. Цыма уымæн дæр уыцы бон йæ цæстытыл ауад, цыма йæм уыцы фæз бирæ азты ауузонæй зыны... Дадокка фæсрагъмæ кæсы, уым – йæ хъæу, ардæм нæ зыны. Гæнахы фарсмæ – сæ хæдзар. Хъастинæ нæ зоны йæ лæджы балцы сæр ардæм. Афонмæ йын йе 'рцыдмæ кæрдзын кæны. Кæддæры сауæрфыг Хъастинæ... Хъуымбыл дзыккутыл халас фæхæцыд. Уæды уарзон ныхæстæ Дадокка куы суадзы, уæд Хъастинæ фефсæрмы вæййы, йæ къух ауигъы. «Ныр цытæ дзурыс, худинаг дын нæу? Дæ фырт – сугдзау, дæ чызг – дондзау, – хъазæн уайдзæф бакæны уый. – Ацу уæртæ фæлтау сугтæ асæтт. Скъолайы сты, кæд ма скæндзынæн хæринаг...»

Лæг уæззау сысты. Зына-нæзына мидбыл бахуды, ацæуы кæртмæ, исдуг къодах æмæ фæрæты раз алæууы хъуырхъуыргæнæгау, цыма йын атæппæт уыдоны аххос сты.

Цыма азты кар нæ, фæлæ йæ уыдон нал уадзынц хъæзтмæ. Уарзæттæ царды арæх нæ баиу вæййынц. Хатгай дыууæ гæлæбуйы иумæ фæтæхынц, стæй сæ дымгæ кæрæдзийæ атоны, фæйнæрдæм сæ фæхæссы. Афтæ уарзæттæ дæр. Фæлæ Хъастинæ æмæ Дадокка уыцы дымгæйыл фæтых сты иумæ...

* * *

Бæх нал хизы. Сусæны бæхау æрхы был слæууыд. Хатгай къахæй риу ныццæвы, асуры æнæхайыры дыдыны, æмбисонды хъæхъхъаг

вæййынц фæззыгон уыдон. Сабыргай донгуырæны ‘рдæм бараст, бануæзта дзы, æрхмæ ныххызт, стæй хæрды рæвдз суад, къуыппæй йæм чи каст, уый цæстмæ цыма... Мæнæ хæрдмæ схизæны фæлæууыд... Æрмæстдæр цалдæр фæлтæрæнæн схызт. Фæлæ ацы хатт Дадокка уымæ нал каст...

Изæрмæ бирæ нал уыд, æрхæццæ хæдзармæ цæуын афон. Дадокка сыстад, арф ныуулæфыд, ныццыд, йæ бæх кæм лæууыд, уырдæм æмæ йæ разы тæфæрфæсгæнæгау слæууыд. Бирæ фæкаст йæ кæддæры саулохмæ. Уый та йын кæд йæ былтæй бандзæвид йæ къухыл. Бæхæн йæ раззаг къæхтæй иу сындзытæй байдзаг, раст сæфтæджы сæрмæ тæккæ зыгъарыл нынныхæстысты. Дадокка зæнгмæ уисы кæронæй æвналы, æппары сæ. Уисы баныдзæвдæй бæх æрзоныг кодта фыццагау, ныууынæргъыдта.

Дадокка фæкуыддæр – нæ дзы домдта афтæ... Йæ сындзытæ йын æппæрста æрмæст. Бæх йæ ахуыр нæ уадзы, йæ уæрджытыл лæууы. Æцæг фыццагау хъæддых нæ. Слæууын æй кодта. Дадокка дзуры, Дадокка зоны, фæстаг хатт æй кæй уыны.

– Хæрзбон, Мастакк, – адæймагимæ ныхасгæнæгау загъта. – Рæстæг йæ кæнон кæны. Уый æмгъуыд нæ зоны. Æрцыд рæстæг... Ныххатыр кæн... Ныббар мын ноджы, кæд дæм искуы мæ тæвдæй уис систон... Дæ лæггадæй та бузныг...

Лæг йæ худ систа, бæхы барцыл бандзæвыд ныхæй, æфцæгыл ныттыхст, стæй алæууыд иуварс. Бæх æнцад лæууы. Лæг æм кæсы... Дадоккайы уырны: бæх æмбары. Уæлæмæ нæ дзуры, чи зоны, зæгъы: «Æниу мæм цы фау æрхæссинаг дæ? Оцани бæх дын нæ уыдтæн. Оцани бæх нæ саргъæн бæззы, нæ уаргъæн. Хъал бæхау мæ ауонæй нæ тарстæн. Уæвгæ дыл нæ худын – мæ азты кары раууатмæ æрцыдтæн, мæ царм ме стджытыл бахус, барц мын барцыл нал баззад, дымæг дымæгыл. Хорз бæх йæ мард хъæугæронмæ хæссы...»

Цыма уайынц утæппæт ныхæстæ Дадоккайы хъустыл... Зæрдæ нал кæсы коммæ, хурхы уадындзты ахгæнынмæ бирæ нал хъæуы, цырд фæзылд, хъæумæ ныххизæн рагъмæ тындзы. Куыдз йæ фæстæ сдыууæрдæм, скатай, куы бæхмæ базгъоры, куы та йæ хицауы разæй фæвæййы, цыма искæй сурынц. Дадокка лидзы, рæсугъд уæлвæз ын æнæуынон фестад. Нæ уыны йæ къæхты бын зæхх, фæндаг... Афтæ йæм кæсы, цыма йыл Мастакк фæсте худы: «Иу каст ма, гормон... Тæппуд... Ахæмæй дæ нæ зыдтон...»

* * *

Бирæ азтæ рацыд уæдæй.

Мырзагон кæд æмæ кæд амард... Дадоккайы бинонтæ горæтмæ раджы ралыгъдысты. Кæддæры хъæу æдзæргæй баззад. Мастакк ма дзы рох дæр фæци... Фæлæ иу хуыцаубон... Йæ фыртыфырт Тимур æй нал æмæ нал ныууагъта, цалынмæ йæ циркмæ нæ акодта, уæдмæ.

Худти Дадокка дæр быдзæуы цыргъзонд ныхæстыл, йæ митыл. Цымыдисæй каст чысыл къæбылатæм, æрсыты хъазтмæ...

...Фæлæ мæнæ хъазæн фæзмæ уаддымгæйау расæррæтт кодта барджыты къорд, се 'хсæн иу хурæмхуыз, зыгъаркъах бæх... Размæ фатау тæхы. Зæронд Дадоккайы риуы фæллад зæрдæ æнахуыр гуыпп-гуыпп скодта. Йæ кæддæры Мастаччы йын цæрмыстыгъд бакодта. Бадгæ та йыл кæд кодта чызг. Нæ хæцыд йæ фезмæлдыл цæст, дзыкку иу уæхскыл – хуры тын, иннæйыл – мæйрухс... Нæ каст уымæ Дадокка. Нал каст иннæ 'взыгъд бæхтæ æмæ барджытæм дæр. Бæх-иу згъоргæ-згъорын уыйырдæм куы разылд, уæд-иу Дадоккамæ афтæ каст: базыдта йæ æмæ йæм кæсы...

Чи зоны, йæ азат бæх æлутон кæрдæгæй фæхъæстæ кæддæр...

*ХЪАЙТТАТЫ Сергейы чиныг «Ирон хабæрттæ»-йæ ист*



# ЦЫРГЪЗОНД ФАРСТÆН – ЦЫРГЪЗОНД ДЗУАПП

– Хабос, кæм кусыс?
– Никуы.
– Уæдæ цы фæархайыс?
– Ницы.
– Замманай куыст!
– О, фæлæ конкуренци стыр у!

* * *

– Мæ чызг, цы кусыс, цы?
– Писмо фыссын.
– Æмæ гыццыл куы дæ, фыссын куы нæма зоныс.
– Æмæ цы? Нæ сыхæгты чызг дæр гыццыл у, кæсын нæ зоны.

* * *

– Ахæм диссаг ма уа – нæ ахуыргæнæг куыдз никуы федта!
– Цæмæн дæм афтæ кæсы?
– Куыдз сныв кодтон, æмæ мæ фæрсы, уый, дам, цы у!

* * *

Иу сывæллон иннæмæн дзуры:
– Нæ нанаты нанатæ телевизор, компьютер, дзыппыдаргæ телефон цы у, уый нæ зыдтой.
– Æмæ уæд куыд цардысты?
– Уый тыххæй амардысты!

* * *

– Дохтыр, изæры æмдзæвгæтæ куы фæфыссын, уæд мæм æнæхъæн æхсæв хуыссæг æмгæрон нал фæцæуы.
– Цы ныффыссыс, уый-иу кæс, æмæ дæ хъуыддаг – раст.

* * *

Лæг изæры куыстæй хæдзармæ æрбацыд. Йæ бинойнаг ын æппæлы:
– Нæ лæппу абон йæ фыццаг ныхас загъта! Æмæ цы уыд, уый зоныс? «Папæ»!

– Тынг хорз! Ӕмæ кæм уыдыстут?

– Сырддоны. Уым маймули федта.

* * *

– Хорз лæг, бæгæны дын рахæссон? – фæрсы официант.

– Нæ, машинæйыл дæн, уазал дон мын рахæсс.

Официант бæгæны æрбахаста æмæ загъта:

– Дæ бон у бæгæны бануазын, дæ машинæ дын чидæр адавта.

* * *

– Дæ хъæрмхуыпп куынæ бахæрай, уæд пъæлицæйагмæ фæдзурдзынæн.

– Мамæ, афтæ дæм кæсы, æмæ йæ уый бахæрдзæн?!

* * *

– Алан, абон скъолайы цы куыстат?

– Динамит цы у, уый иртæстам.

– Райсом та скъолайы цы уыдзæн?

– Цавæр скъолайы?!

* * *

– Ӕртæмæ цыппар куы бафтауай, уæд цас уыдзæн?

– Авд.

– Авдмæ цыппар та?

– Нæ зонын. Иуæндæсмæ нымайын нæ нæма ахуыр кодтой.

* * *

Лæппутæ уынджы бадынц. Сосе сæм бацыд æмæ сæ фæрсы:

– Физонæг хæрдзыстут?

– Уæдæ!

– Гъемæ, куы хæрат, уæд-иу мæнмæ дæр бадзурут.

* * *

– Дада, бахæр-ма ацы къафетт!

– Бузныг, мæ хур.

– Адджын у?

– Тынг.

– Диссаг, уæдæ йæ нæ къæбыла æмæ гæды цæуылнæ бахордтой?

* * *

– Михал, цæй æнкъард дæ?
– Райсом мæ уарзон чындзы цæуы.
– Уый дын гъе! Чи йæ куры?
– Мæнæ мæхæдæг…

* * *

– Симæ, чындзы цæуылнæ цæуыс?
– Мæ уарзон депутат у. Ныхасæй хъуыддагмæ рахизын йæ бон нæу.

* * *

Сæрмæт, рацу иумæ ахъазæм!
– Мæ фыд тынг тызмæг у æмæ мæ нæ ауадздзæн. Мæ уроктæ мын куы фæкæны, уæд æнæмæнг хъуамæ йæ разы уон.

* * *

Мæгуыр лæппу уарзта хъæздыг чызджы.
– Цы хъæздыг дæ, – загъта чызгæн.
– О, мæнмæ ис милуан доллæры.
– Чындзы мæм ацæудзынæ?
– Ницы хуызы.
– Афтæ дæр æй зыдтон.
– Уæдæ ма мæ цæмæ фарстай?
– Милуан доллæры кæй къухæй ацъыввытт ласынц, уый, зæгъын, йæхи куыд фенкъары…

* * *

– Папæ, гуымсæг-ма мын балхæн!
– Уый хъуаг ма стæм! Куысты æнæуи дæр хъæр-хъæлæбайæ бафæллайын.
– Балхæн мын! Æз-иу ыл цæгъддзынæн, æрмæстдæр фынæй куы кæнай, уæд.

* * *

Фыд йæ лæппумæ дзуры:
– Мæ хур, тагъд дын уыдзæн чысыл хо!
– Папæ, сайгæ цæмæн кæныс? Тутийæ мын зæрдæ куы бавæрдтай!

* * *

– Нæ лæппу та мын мæ чыссæйæ æхца систа! – мæстыйæ загъы лæг.
– Уый аххос æй цæмæн кæныс? Уæд та сæ æз систон? – фæрсы ус.
– Нæ, чыссæ бынтон афтид нæу.

* * *

– Савели, кæм уыдтæ, кæ?
– Дохтырмæ. Мæ дæндаг срыст.
– Æмæ дын нал риссы?
– Нæ зонын, дохтырмæ йæ ныууагътон.

* * *

Дохтыр рынчыны фæрсы:
– Чындзыцыд дæ?
– О, дыккаг хатт.
– Сывæллæттæ дын ис?
– Æхсæз. Дыууæ – фыццаг лæгæй, дыууæ – дыккагæй, иннæтæ æрмæстдæр мæхи сты.

* * *

Ус поликлиникæйæ æрбацыд:
– Дохтыр мын загъта, ацы аз мæ денджызы был баулæфын кæй хъæуы. Цы равзарон, Сочи æви Ялтæ?
– Равзар æндæр дохтыры!

* * *

Дыууæ горæтаджы фыццаг хатт хъæумæ æрцыдысты. Кæсынц, æмæ дыргъдоны æппæт бæлæстыл фæткъуытæ зайы, æрмæст сæ иуыл – нæ. Сæ рæзты цы сывæллон фæцæйцыд, уый фæрсынц:
– Мыййаг, ацы бæласыл фæткъуытæ цæуылнæ зайы, уый нæ зоныс?
– Зонын. Тулдз бæлас у, æмæ уымæн.

* * *

– Гæлæу, дæ мад æмæ фыдæй фылдæр кæй уарзыс?
– Мæ фыды.
– Цæмæн?
– Хæдзары никуы вæййы, æмæ уымæн.

* * *

– Мæ зынаргъ, ахæстоны бакомкоммæ цы Иванов цæры, уый зоныс?

– Зонын, æмæ цы?

– Ныр йæ хæдзары бакомкоммæ цæры.

* * *

– Мæ хъæбул, цæй, куыд уыд дæ фыццаг бон скъолайы?

– Тынг хорз. Æрмæст ахуыргæнæг цыдæр æнахуыр рауад: æппындæр ницы зоны, алцæмæй дæр мæн фарста.

* * *

Фыд сывæллоны фæрсы:

– Дæ фаззон ноггуырд хотæ дæ зæрдæмæ фæцыдисты?

– О. Фæлæ йæ не 'мбарын, иууылдæр ам цæрдзысты æви дзы равзарæн ис?

* * *

Ахуыргæнæг фæрсы скъоладзауы:

– Руслан, сæдæ сомы дæм куы уа, æмæ ма де 'фсымæрæй иу уыйбæрц куы ракурай, уæд дæм цас æхца уыдзæн?

– Сæдæ сомы.

– Ымайын нæ зоныс?

– Уый ды ме 'фсымæры нæ зоныс. Зымæгон дзы миты къуыбар нæ рантысдзæн…

* * *

Поезд станцæйы цалдæр минуты йеддæмæ нæ лæууыд, æмæ бæлццон иу сывæллонмæ æхца авæрдта, дуканийæ мын рæвдз дыууæ чысыл адджын гуылы æрбадав, зæгъгæ. Лæппу фæзынд иу гуылимæ.

– Æмæ дыккаг та кæм ис?

– Ахордтон æй!

– Куыд æй ахордтай?

– Мæнæ афтæ! – æмæ та лæппу иннæ гуыл дæр фæдæле кодта.

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***24 июны*** Цæгат Ирыстоны адæмон артист Æлбегаты Алан сси Паддзахадон преми «Сызгъæрин маскæ»-йы лауреат нæлгоймаджы хуыздæр роль ахъазæджы номинацийы. Премимæ æвдыст æрцыд Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон академион театры спектакль «Паддзах Лир». Сценæйы йæ сæвæрдта РЦИ-Аланийы æмæ Кæсæг-Балхъары сгуыхт артист, режиссер, театры аивадон разамонæг Уалыты Гиви. Нывгæнæг – Уалыты Ларисæ.

► ***25 июны*** Кæсæг-Балхъары адæмон фыссæг Алим Кешоковы райгуырдыл ацы аз 110 азы кæй æххæст кæны, уый фæдыл Налцыччы уыд йæ номыл литературон фестиваль. Архайдтой дзы фысджытæ сыхаг республикæтæй æмæ интеллигенцийы минæвæрттæ. Цæгат Ирыстонæй фестивальмæ ацыд сæрмагонд делегаци. Аргъ скодтой классикы сфæлдыстадæн, бакастысты йын йæ уацмыстæ ирон æвзагыл, архайджыты базонгæ кодтой ирон литературæйы абоны уавæр æмæ сæхи сфæлдыстадимæ, æрымысыдысты алы республикæты хистæр фысджыты ‘хсæн хæлардзинады бастдзинæдтæ. Архайдтой дзы РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы сæрдары хæстæ æххæстгæнæг Хозиты Барис, «Мах дуг»-ы редактор Хетæгкаты Оксанæ, «Мах дуг»-ы критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор Тъехты Тамерлан, поэт, тæлмацгæнæг Баситы Зæлинæ æмæ Ирон театры режиссер Цæриаты Валери.

► ***26 июны*** Дзанайты Азанбеджы номыл аивадон училищейы къулыл байгом кодтой ЦИ АССР-ы культурæйы министр Узегаты Солтаны номарæн фæйнæг. Училищейы разамынд æмæ ахуырдзаутæ уымæй сæнусон кодтой, училищейæн 51 азы размæ бындур чи сæвæрдта, уый ном.

► ***18 июлы*** Ирон театры уыд спектакль «Гæздæнтæ»-йы премьерæ. Æвæрд у Кокайты Тотрадзы пьесæ «Гæздæнты æфсымæртæ»-йы бындурыл театралон фестиваль «Вахтангов. Путь домой»-ы фæлгæты. Режиссер – Уалыты Гиви, нывгæнæг-æвæрæг – Уалыты Ларисæ, композитор – Берозты Таму.

*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ»

Главный редактор: ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций
по Республике Северная Осетия-Алания.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций
Республики Северная Осетия-Алания
Адрес учредителя: 362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2, офис 202.

Порядковый номер выпуска: №7, 2024 г.
Подписано в печать 16.07.2024 г. Выход в свет: 25.07.2024 г.
Индекс: 732447. Тираж 1000 экз. Заказ №335. Цена свободная.

Формат 60x90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м$^2$. Вклейка 1 печ. л. мелованная.

Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14, 88.

Адрес редакции и издателя: 362008, г. Владикавказ, пр. Коста, 11.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Адрес типографии: ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

# «МАХ ДУГ»-Ы КОНКУРС «ФЫСТÆГ КЪОСТАМÆ»




Хетæгкаты Къостайы райгуырды 165 азы бонмæ журнал «Мах дуг» расидт конкурс «Фыстæг Къостамæ».

Бафæлвар ды дæр дæхи, рахæсс дæ хъуыдытæ гæххæтмæ, зæгъ дæ зæгъинæгтæ ирон адæмы фæтæгæн, радзур ын дæ цинтæ æмæ дæ хъыгтæ, байгом кæн дæ зæрдæйы дуæрттæ…

Архайджытæ кармæ гæсгæ дихгонд цæудзысты дыууæ къордыл:

- ✓ 14 азæй 35 азмæ;
- ✓ 36 азæй уæлæмæ.

Конкурсы домæнтæ:

Фыстæг хъуамæ фыст уа ирон æвзагыл. Текст мыхуыргондæй – 1 – 3 сыфы. Æнæмæнг дзы фæбæлвырд кæнын хъæуы авторы тыххæй æрмæг: мыггаг æмæ ном, кæд райгуырд, кæм цæры æмæ, цы кусæг у, уый. Скъоладзауты фæбæрæг кæнын хъæуы, кæцы скъолайы ахуыр кæнынц, уый æмæ ахуыргæнæджы ном æмæ мыггаг.

Конкурсы къæпхæнтæ:

1-æм июлæй 15-æм сентябрьмæ фыстæг æрбарвитын хъæуы нæ электрон адрисмæ: mahdug@mail.ru, «КОСТА-165» дзы фæнысан кæнгæйæ;

16 – 20-æм сентябры къамисы уæнгтæ сбæрæг кæндзысты уæлахиздзауты;

Уæлахиздзаутæ хорзæхджынгонд æрцæудзысты октябры мæйы Къостайы номыл литературон-поэтикон изæр «Весь мир мой храм»-ы Дипломтæ æмæ зæрдылдарæн лæвæрттæй. Фыстæджытæ мыхуыргонд æрцæудзысты журналы 11-æм номыры – Къостайы номыл сæрмагонд рауагъды;

Къамисы уæнгтæ хуыздæртыл цы фыстæджытæ банымайой, уыдон уагъд æрцæудзысты хицæн къаннæг чиныгæй.

Бæлвырддæр æрмæг базонæн ис журналы сайты, нæ сæрмагонд фæрстыл социалон хызæгты Телеграм-канал æмæ ВК-йы.




Индекс 73247
12+